МАХ ДУГ



Æнæцаг литæн сæ тæккæ фыццæг ч, ацы хæрæдаг нæ зоныс, цый кæныын.

Наполеон I

9

2001



НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ

Редакция:

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет:

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2001

МАХ ДУГ

9/'01

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци:

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2001

НОМЫРЫ ИС:

БОЦИТЫ Алыксандр. Налхъуыт-налмасæй диссагдæр. Æмдзæвгæтæ 5

ДЗАСОХТЫ Музафер. Урс мæнæргъы. Повесть. Кæрон 15

ДЖУСОЙТЫ Марат. Арты фарсмæ. Æмдзæвгæтæ 67

ГУЫЦМÆЗТЫ АЛЕШ: 50 АЗЫ

ГУЫЦМÆЗТЫ Алеш. Дæ чъызгæ уарзт. Радзырд 77

ТÆЛМАЦТÆ

Борис КАГЕРМАЗОВ. Зæрдæтæ аваæрын мæхицæн. Æмдзæвгæтæ 100

БАЙРОН, ПЕТЕФИ, ХИКМЕТ,АПОЛЛИНЕР, ЛОРКА. Æмдзæвгæтæ 102

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

АГЪНИАН. Хъарджытæ. 108

Цагъайраг 111

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХЪАЗИТЫ Мелитон. Ирон хæзна. Дарддæр 113

УИДÆГТÆ

ДЗИДЗОЙТЫ Валери. Ирыстоны гербы тыххæй 137

ДЗИЦЦОЙТЫ Юри. Скифаг-сæрмæттаг-ирон этнографион æмæ фольклорон параллельтæ 140

МЫСИНÆГТÆ

СЕЧЪЫНАТЫ Нинæ. Зæрдæйы хъæдгæмттæ 150

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ТАУТИАТЫ Индирæ. Æнæниздзинад — æппæтæн сæрæвæрæн 155

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 160

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

ДЖЫККАЙТЫ Зæринæ. Ремаркæты аивадон нысан Елбыздыхъойы драмæты 168

ХЪОДЗАТЫ Æхсар. Цы фæцис нæ цæдис? 176

ISSN-02-06-41-62

© Мах дуг № 9, 2001

БОЦИТЫ Алыксандр

НАЛХЪУЫТ-НАЛМАСÆЙ ДИССАГДÆР

ПОЭТЫ ÆНХЪÆЛÆН

Æз ахуысдзынæн иуискæд? — Уæдæ! —
Æз худгæ Хурау фестдзынæн зæрдæ!
Мæхи уæларвмæ хъæлдзæгæй нывзилдзынæн, —
Уым, Хуримæ æмдзугæнæгæй, зилдзынæн.

Йæхицæй Хур нæ ассондзæни мæн:
«Мæ сыгъдæг хъæбул!» — афтæ мæ зæгъдзæн.
Нæ Ирыл-иу æрвылсæумæ ыскæсдзынæн,
Æгас бон-иу æм уарзонау фæкæсдзынæн.

Уыдзынæн кæд зынгау чысыл, уæддæр
Нæртон цæстытæй Ир уындзæн мæн дæр,
Поэтау мæ йæ «боны стъалы» хондзæни,
Дзыццайау мæ, мæ номæй дæр ма, — зондзæни.

2001

КЪОСТАЙЫ ФÆЗМГÆЙÆ

Мæ фыстытæй æз бирæты æнхъæлдтон
Поэзийы æцæг нæртон хæзнатæ.
Нæ уыдтæн раст. Ныр, мидæфсармæй судзгæ,
Мæ номы къæмтау, судзын уыдон арты.

Цæсты 'фтауджытæн «рухсаг» дæр нæ зæгъын —
Фæтары уæнт, — мæ къухтæ сæ ныхсдзынæн.
Æз уыйхыгъд райсом цъус бынтыл поэтау
Ирыстонмæ сыгъдæгдæрæй зындзынæн.

2001

ГИМН ÆФСАРМÆН

Бамбæрстон æй фæстаджырдæм бæстондæрæй:
Мах фæкæнæм æфсармы цард æхцондæрæй.

Рагæй-нырмæ нæ Фарны сæр æфсарм уыдис,
Неппæт хæрзтæн сæ Цыкура йæ армы ис!

Уæлæ арвыл ыстъалытæ — уæздан буцы —
Уыдоны дæр адджын зынгæй æфсарм судзы.

Хур йæ разæй сæуæхсидыл æфсарм хæссы —
Уый хуызы нæм йæ удбынтæй æфсарм кæсы.

Уарзтæн уырдыг, æрвон тыхау, æфсарм лæууы
Рухс чызгæй нæ фыццаг хорзæн æфсарм хъæуы!

Фос у æмæ хъæддаг сырд у æфсармæй цух!
Хорз хъуыддæгтæм нæ иу хонæг — æфсармы къух.

Адæймаджы рæсугъдгæнæг — æфсармы тых! —
Уымæн цæры нæ туджы дæр æфсармы сырх!
2001

* * *

Хæлæг дæм кæнын, гæлæбу,
Мæхиуыл худын дæ цуры:
Куыд тагъд рахатыс уæвгæ та
Дæ уды къæртты — дæ хуры!

Авд хохы фæстæ æмбæхсæд,
Уæддæр æй фындзæй нынкъарыс.
Романтикау æм фæтæхыс,
Йæ сусæг ран æй ыссарыс.

Ныццин ыл кæныс, ныззилут
Зынг фæзты сæрмæ цырынтæй.
Мондæгтæ уадзын куы сисут
Адджын амонды цæрынтæй.

Æз та, ныммæлон, æдзухæй
Чызджыты зылдмæ æмдзастæй,
Ыстыр диссагæн, ныры онг
Нæма базыдтон мæ цæсты!

2000 — 2001

СЫХАГ ЛÆППУ ЙÆ ЧЫНДЗЫЦÆУÆГ УАРЗОНÆН

Сонт чызгæй мын аскъæфтай мæ худ,
Бирæ дзы фæхъазыдтæ «садистау»,
Аскъæфтай чындздзонæй та мæ уд, —
Ам дæр та мæ фаг дæ «маст» фæистай.

Гъеныр ды чындзы, мæ бон, цæуыс: —
Рахонынц дæ чындзхæсджытæ, гъемæ
Хызы бын хæкъуырцгæнгæ кæуыс —
Кæд мыййаг «хæрзбоны» куыдæй — мемæ!

1997

* * *

Куыд байрæджы кодтон
Дæ иунæг фæкастмæ,
Дæ сау дыууæ цæсты
Уысммæйон нымдзастмæ!

Дæ уыцы фæкастæй
«Цы кæнон?» — ыстыхстæн.
Æнахуыр фæндоны
Мæ хъуырмæ нынныхстæн.

Нæу дуне хуымæтæг, —
У, тæккæдæр аргъау! —
Дæ сау дыууæ цæстæй
Куы тайын цырагъау.

Бын бауон, æнæрхъæц
Æнхъæлцауæй — уарзтмæ,
Куыд байрæджы кодтон
Дæ иунæг фæкастмæ!

2001

ХУРМÆ КÆСЫН УАРЗЫ...

Нæхи гыццыл Людæйæн

Ме 'нахуыр гыгыйыл
Æз мæхи ысцагътон:
«Арæх ма кæс Хурмæ!..
Цал хатты дын загътон!»

Уый мæм цырд фæзылди,
Худтæй дзуапп мын радта.
Æмæ та йæ цæсгом
Арвы цъæхмæ сдардта.

Дзурын æм лæгъзæй дæр:
«Хивæнд ма у, ма кæн,
Де 'нахъом дзæццыты
Хуры зынгæй хъахъхъæн.

Кæннæуæд дын райсом
Рисдзысты, кæудзынæ...
Нал лæудзæн сæ цæссыг,
Бакуырм мын уыдзынæ...»

...Мисхал мæм нæ хъусы —
Хурмæ кæсын уарзы.
Ноджы ма мыл худы,
Ноджы ма мæ хъазы...

2001

КЪУПРИ ДЗИУ ÆМÆ АРАХЪНУАЗÆН СЫКЪА

Дзæгъæлы ма хæц ностимæ хъæбысæй! —
Фæрæдидзынæ ацы ран дæ ныфсæй.
Фæнды дæ уый — тыхджындæр уай сыкъайæ, —
Арахъхъы ныхмæ макуы цу «фыркъайæ».

Сыкъаимæ хъæбысæй хæцыд Дзиу æмæ
Сæ тъæпп фæцыди фынджы рæбын иумæ.
Фырцинæй сыкъа — «Абырстон дæ!» — загъта
Нæ Дзиу ыл басаст — сыкъайы ысуагъта.

1999

МӘ ХУРОН ХӘСИМӘ

Нӕ нывӕндын ныфсызгъӕлд хъарӕг дудгӕйӕ,
Зынджытыл дӕр мӕхи ӕвдисын худгӕйӕ.
Ӕмӕ кӕнын сырх арты зарӕг амондджын —
Ӕз ахӕм дӕн — фыдӕнахуыр ӕрра-зондджын!

Бӕрзӕндты ад, сӕ нывондау ӕнкъаргӕйӕ,
Гуыр-гуыргӕнгӕ, мӕ судзгӕ цардӕй заргӕйӕ,
Хъӕбулау ӕз нана-Хурмӕ фӕтӕхдзынӕн,
Ӕрмӕст цинтӕ, — мӕ хъыгтӕ йын нӕ зӕгъдзынӕн.

Уӕддӕр мӕ Хур, ныййарӕг мадау, бамбардзӕн:
Мӕ хъыгтӕ дзы цӕмӕн ӕмбӕхсын — банкъардзӕн,
Тӕригъӕд мын нӕ фӕкӕндзӕни, — райдзӕни.
Зынг цӕссыгтӕ йӕ цӕсгомыл ӕруайдзӕни.

Ӕмӕ зӕгъдзӕн: «Мӕн аккаг ӕнтыст равдыстай,
Дӕ хурон хӕс дӕ адӕмы цур бафыстай:
Зын тохты сын ӕууӕнчы хъӕлдзӕг заргӕйӕ,
Сӕ сӕрмӕ сын ныфсы тырыса даргӕйӕ!»

2001

ЧИ НӘМА РАЙГУЫРДИС, УЫДОНӘН

Ног та мӕ иу хион баййардта:
«Уаих уай, сонт дӕ, Алыксандр! —
Зонд дӕм ныры онг нӕма 'рцыди!..
Хихор ӕнамонд! Цӕргӕ та ма,
Кардзыд уӕвгӕйӕ, кӕд кӕндзынӕ?!
Бабын дӕ кодтой, ӕрра низау,
Уыцы ӕлгъысты ӕмдзӕвгӕтӕ!
Хъоды сыл бакӕ! Нӕ дӕ хъӕуынц! —
Алчи ӕхцайыл куы бафтыди,
Де стихтыл адӕм куы нал ысты,
Чи ма дӕ кӕсы?! Кӕмӕн фыссыс?!»
Загътон ын мидбылты худгӕйӕ:
«Тынг хорз ӕй зонын — кӕмӕн фыссын —
Чи нӕма райгуырдис, уыдонӕн!»

2001

НАЛХЪУЫТ-НАЛМАСÆЙ ДИССАГДÆР ХÆЗНА

Цыкура-фæрдыг уымæн циу йæ разы! —
Æмбулы диссагæй налхъуыт-налмасы: —
Уый тары дæр кæны тыбар-тыбуртæ,
Цынæ тигъæй зæрдæмæ калы хуртæ!..

Йæ фæцагайд — хъыдзыгæнæг — æхсызгон,
Зæронд дæр дзы æрбавæййы æрыгон.
Нæ а хæзнайы бирæтæ нæ зонынц,
Æнæуи та йæ «уарзондзинад» хонынц.

2001

КУЫРМ УСГУР ЛÆППУ ШТЫБЫ ФÆЗЫ

Æцæгдзинад

Æз а куырмы зæрдæ мæхæдæг дæн зонæг:
Æмбал æй нæ хъæуы, йæ лæдзæг — йæ хонæг,
Уый куырмыты хæдзарæй ардæм æрцæуы,
Ам адæмджын тигъыл йæхицæн ыслæууы.

Цæуджыты ныхæстæм, цымыдис-къæрцхъусæй,
Йæ мидбылты худгæ, æгас бон фæхъусы.
Сæ хъулондзинадæй йæ цæсгом фæивы:
Куы сагъæсы бафты, куы 'хцоны ныртти вы.

Уæлдай монц ын раттынц чызджыты хъæлæстæ,
Ныхъхъыдзы йæ кæны сæ уддзæфон хъæстæ,
Йæ бæллиц ныббады йæ хъуыры, йæ уды.
Æгас буарæй ризгæ, ныккæны: «Тæх-худы!» —

Куырмæджы хъысмæтæй йæхицæн фæкуры
Йæ амонды хайы — йæ сылыстæг хуры...
Æз иуварсæй уымæ сахатгай фæкæсын,
Тæригъæд ын кæнгæ, æдзæмæй ныккæрзын.

11.03.2001.

ÆФСÆРМЫГÆНАГ ЛÆППУ

Хъазхъуыр чызгай, мæ дуду,
Æнæ дæу мын æнуд у,
Сты кæрæдзи нæ хæйттæ,
Мах сыл цыма — тæргæйттæ.

Уарзты бæллиц рæгъæд у —
Йе 'мбæхсынæн æгъгъæд у,
Фæлæ оххай, мæ дуду,
Де 'взæр «цæргæс» тæппуд у.

Сусæг мæты тыхсгæйæ,
Ракæсыс мæм хъызгæйæ.
Акъуырыс мыл дæхи дæр,
Нал фæуарзын мæхи дæр.

Ма мæ фæлидз тæргайæ —
Бастъæлдзынæн æррайæ,
Уæлмæрдтæм ма цæудзынæ,
Сусæгæй мыл кæудзынæ...

Цæй уæд та дæм, мæ хурон,
Баныфс кæнон ысдзурын,
Бакъæзон дæм мæ фæндон,
Бахудай мæм: «Нæуæндон...»

2000 — 2001

СЫЗГЪÆРИНЦЪАР ЛАЛЫМЫ «СУСÆГ»[1]

Æмбисонды бæсты

Сызгъæринцъар лалым, фыдрæсугъд, хыццаг —
Зынд алыбон махмæ, цæмæйдæр — фырдзаг.
Уыд боцкъайæ стырдæр. Йæ мидæг цы уыдис,
Æнæрхъæцæй кодтам мах уымæ цымыдис.

---

[1] Уый лалым нæ уыди, фæлæ ахуыргондæнгæс хæрзарæзт стæвдтæ стыр лæг. Райсомæй-иу газеттæ ‘лхæнынмæ киоскмæ рады слæууыди. Бирæ газеттæ-иу балхæдта æмæ та-иу сабыр-уæзданæй уырдыгæй ацыди. Фæлæ йæм иу бон иу лæппулæг æнæбары фæныхылдта: куыстмæ æрæджы кодта æмæ газет алхæнын йæ разæй бафæлвæрдта. Уымæй йæм нæ «лалымлæг» цы знæт æрбаци! Цы æдзæсгом æвзаг æм феуæгъд кодта! Ахæм фырцъаммар æлгъыстытæ дзы сирвæзт, æмæ йæ цурæй сылгоймаг æлхæнджытæ лидзæг фесты. Мах та йæ сызгъæрин адæймаг æнхъæлдтам...

Æнхъæлдтам, йæ мидæг уыдзæни æмбæхст,
Дзæбæхгæнæг ронгау, æлутон æрмæст,
Æнхъæлдтам, æрвон у — æрхаудта Хуыцауæй...
Стæй фегом йæ «диссаг» æмбисонды цауæй:

Хæрзчысыл рæхуыстæй нæ лалым фæкъæртт.
Æмбыды хуызæнау ныл айхъуыст йæ пъæртт.
Нып̆ъæгъгъæст дзы кодта ызнæт хъылма 'лгъагæй
Фæйнæрдæм лыгъдыстæм йæ тæссаг ысмагæй.

* * *

Ма фæрсут, цы кары дæн —
Рахатут æй мæ зарджыты, —
Урссæртыл дæр æвзонг тыхæй
Уарзты уалдзæг æндзарджыты.

Сонты азты мæ Урсдоны
Æз бæллицæй фæцæстдзыд дæн,
Цараæфтыдау уæдæй нырмæ
Æз мæхимæ нæма 'рцыдтæн.

Цардæмхицад, æфсармæвдылд
Рагæй-нырмæ — мæ кад, мæ ис,
Ме 'намонд дæр, мæ амонд дæр,
Судзгæ низау, æфсармы ис.

Æз нырма дæн тынг æнахуыр,
Сонтау худæг — мæ кæстытæй:
Чызджытæ 'мæ дидинджыты
Ивддзаг кæнын мæ цæстытæй.

Тынг бирæ ма мæ уалдзæгтыл
Хур-къæвдатæй фæкæудзынæн,
Уарзонæн ма, Ацæмæзау,
Уарзты рындзыл фæлæудзынæн.

Æз уыдзынæн кæддæриддæр
Рæзгæ поэт, æнæкæрон,
Тæккæ рухсдæр романтикау,
Цард чи уарзы æнæкæрон!

1998

ЦАРДÆГАС ÆРФÆНЫ ФÆД

Æцæг цардæн йæ сыгъдæгдæр æвдисæн
Ис судзыны! У судзын та цæрын!
Нæ хатыдтон нæ зæххыл уыцы диссаг,
Ныр та ма йæ уæлæрвтæм дæр уынын:

Уæрæх Æрфæны фæд ыстъалыдзагæй,
Уæлмонцтæй ризгæ, фидæнтæм тæхы
Æмæ мын йе 'хсидгæ цæхæрты 'взагæй,
«Уыныс? — æз цард дæн, судзгæ цард!» зæгъы.

Æрфæны фæд, мæ зæрдæ дæ ныххур и —
Æцæгæй куы дæ цардæгас, мæ бон!
Фæлæ куы дæн рыджы мурау дæ цуры,
Уæд дын, зæгъ-ма, куыд ахъæбыс кæнон?

1998

* * *

Нæма хатын, нæма ахсын мæ зондæй,
«Ысфæлдыстадон хъизæмар» цы хонынц.
Æмæ дзырдæй нывгæнджытæ сæ бонтæ,
Зындоны хаудау, удхарæй куыд тонынц.

Æз та уæдæ, куы фæфыссын æмдзæвгæ,
Цыма гъеуæд дзæнæты цъупмæ схизын,
Æгас буарæй поэзийыл ныдзæвгæ,
Уæлдунейæ налхъуыт-налмастæ исын.

ÆГАСÆЙ ДÆР КЪÆМ У

— Нæ иу «хæрзхъæд», нæ Али
Къæмæй бæрæг кæм у?
— Къæм агурæн ыл нал и —
Æгасæй дæр къæм у.

РОГ МИТÆМ ÆМХИЦ ЧЫЗГÆН

Хъал чызг, сонт митæ нæ хъæуы —
Дæу дæ хæйрæг макуы асайа, —
Йе сæфт стъалыйæн куы 'рцæуы,
Базыртæ йыл гъеуæд базайы!

ÆНÆСÆРФАТ МИТÆЙ МАЙМУЛИЙАУ ЧИ ФЕСТАД, УЫДОНМÆ КÆСГÆЙÆ

Размæ лæг милуан азы цæуы —
Адæймаг уæлдæр хуызы ысуынмæ.
Уый хыгъд та йæ иу къахдзæф хъæуы,
Маймули та ногæй феста, — уымæ.

ÆМБИСОНД ИУ ФЫДДЗЫХÆН

Нæ зыдта сонт — цы калм вæйиы дзырды бын,
Йæ фæстиуæг — хуыссы гъеныр цырты бын!..

ДЗАСОХТЫ Музафер

УРС МÆНÆРГЪЫ*

Повесть

Дзенаго телеуынынады кæй куыста, уый ма мæнæй рох дæр фæци. Раст зæгъын хъæуы, бирæ дзы нæ бафæстиат, фæлæ хорз равдыстытæ кæй арæзта, уый мæ зæрдыл бадардтон. Мæн æххуысмæ дæр-иу фæдзырдта. Исты колхоз кæнæ совхозæй-иу хуызисæгæн фæндзгайæхсæзгай къамтæ сисын кодта æмæ-иу мын, уыдон кæрæдзиуыл чи бабастаид, ахæм ныхæстæ ныффыссын кодта. Æз телеуынынады куыстæн ницы ‘мбарын, зæгъгæ-иу ын бæргæ загътон, фæлæ мæм никуы байхъуыста. Къамтæ-иу мæм æрæрвыста æмæ ма-иу мæнæн дæр цы гæнæн уыд. Куыд зыдтон, афтæ ныффыссыныл-иу бацархайдтон, кæд-иу дзы фæстæдæр бирæ ивддзинæдтæ раиртæстон, уæддæр. Мæ фæллойы тыххæй-иу æхца куы райстон — исгæ та-иу ракодтон, цасмæ æнхъæлмæгæсæн уыд, уымæй фылдæр, — уæд-иу фырæфсæрмæй цы фæуыдаин, уый нал зыдтон. Цыма искæмæй лæвар æхца истон, афтæ мæм каст. Мæ хъуыдытæ-иу Дзенагойæн бамбарын кодтон, фæндыди мæ, къамтæ мæм куынæуал æрвыстаид, уый, фæлæ мæ сдзырд никуы бауагъта. Æрвыста æмæ мæм сæ æрвыста...

---

* Кæрон. Райдайæн кæс «Мах дуджы» 2000 азы 2 — 3-æм æмæ 2001 азы 8-æм чингуыты.

— Хорз лæппу у.

— Ма мын æй амон. Æз æй дæуæй æвзæрдæр нæ зонын.

— Институты йæ куыст ахæм хъуыддæгтимæ баст у, æмæ хъуамæ фысгæ дæр исты ныккæна.

— Уымæй раст зæгъыс. Немæ йæ рахоныны зонд дæм кæй æрцыд, уымæй мын цыма цыдæр хорзы бацыдтæ, афтæ мæм кæсы. Генæимæ мах хæххон фæндæгтыл дæр ауадыстæм. Суанг ма йын Куырттаты комы цы хæдзар ис, уым дæр бахсæвиуат кодтон. Æз та кæй рахонынмæ хъавын, уый зонынс? — фæрсæджы каст мæм æрбакодта Дзенаго æмæ йæхæдæг мæ бæсты, бæлвырд нæ, фæлæ уæддæр дзуапп радта: — Ницы хуызы йæ базондзынæ æмæ дын æй мæхæдæг зæгъын: Дзыбыны. Уадз æмæ йæхи цæстытæй фена, нæ фыдæлтæ кæм цардысты æмæ цы зæдтæн куывтой, уыдоны кувæндæттæ. Кæннод æм хъус, уæд æдзух «мæ хъæу, мæ хъæу» кæны, цыма иннæтæй иу дæр хъæуæй дæр нæ рацыди æмæ къуылдым дæр нæ федта.

— Ахæм дард ранмæ ацæуын æй бафæнддзæн?

— Фæнды йæ. Айфыццаг ын дæс æмæ ссæдз азы размæйы хабæрттæ кодтон æмæ, дам, æз дæр ацæуин уæ фыдæлты кувæндон фенынмæ.

— Нæ зонын, искуы-иу хатт нæ колхозæн феххуыс кæнынмæ куы фæхонынц, уæд ын йæ низтæ нымайынæн иу къухы æнгуылдзтæ нал фæфаг кæнынц.

— Хин æмæ кæлæн кæй у, уый нæма базыдтай? Дзæбидырæй æнæниздæр у. Уæдæ ма-иу æм кæс, кæддæра хохыл хæрдмæ лæппуйæ цæрдæгдæр не згъорид...

Дзенагомæ бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд. Уыцы изæр мæм нæхимæ телефонæй æрбадзырдта æмæ мын загъта, йæ кайыс нæм хуыцаубон райсомы фараст сахатыл Мызурыбын кæй æнхъæлмæ кæсы. Æз дæр хъуыддæгтæ дардмæ нал аргъæвтон, Генæйæн фехъусын кодтон, цæмæй йæм Хуыцаубонмæ мацы фæндтæ уа.

Майрæмбоны ма Дзенагоимæ ноджыдæр иу хатт фембæлдыстæм. Дзыбынмæ дæр фæдзырдтон, æмæ нæ балцы хабæрттыл бæстон æрныхас кодтам.

— Дзуары бынмæ кæй цæуæм, уый нæ хъуамæ рох ма уа, — загътон æз.

— Æнæмæнг афтæ, — мæ ныхас фæцыд Дзенагойы зæрдæмæ. — Йæ боны куы ацыдаиккам, уæд бæргæ хуыздæр уыдаид, фæлæ ницы кæны. Дзуармæ сыгъдæгзæрдæйæ куы кувай, уæд æм дæ ныхæстæ кæдфæндыдæр фехъуысдзысты. Хуыцауы фæндæй ардыгæй иннæбонмæ рæстæг нæ фехæл-

дзæн. Ахæм рæстæджы та хæхтæм абалц кæнын удыбæстæ у.

— Кувинæгтæ нæхимæ сцæттæ кæндзысты, — Дзенагойы ныхас фæудыл банымайгæйæ сдзырдтон æз. — Æртæ уæлибæхы, æртæ æртæдзыхоны æмæ æртæ фæрсчы... Æрмæст нæм ирон арахъхъ дзаг у, водкæ нæм ис, фæлæ...

— Ирон арахъхъ дæр ссардзыстæм, — ныхас йæхимæ айста Дзенаго. — Ницæуыл стыхсдзыстæм. Суанг ма нæм ирон сыкъатæ дæр уыдзæн.

Дзенагойы ныхæстæ мæ хъуыдытыл бафтыдтой. Сыкъатæ рахæссын йæ зæрды кæй æрæфтыд, уый мын æхсызгон уыд, уæлдайдæр, йæхæдæг куыд зæгъы, кæд ахæмтæ сты, уæд. Уæвгæ мæм хъуамæ йæ ныхæстæ дызæрдыгдзинад ма 'взæрын кæной, уымæн æмæ йыл мæнг дзуры, зæгъгæ, никуыма фæгуырысхо дæн. Иуæй-иу хатт ма æгæр æргомдзырд дæр вæйиы — цыфæнды чысыл рæдыд йæхицæн дæр чи нæ бары, уый ма йæ иннæтæн куыд хъуамæ ныббара?!

— Дзыбын, хъуыддæгтæ дын иууылæр æмбæрстгонд сты?

Дзыбын, æвæццæгæн, ахæм фарстмæ не 'нхъæлмæ каст æмæ, мæнмæ гæсгæ, йæ бынаты чысыл фестъæлфæгау кодта.

— Хуыцаубоны авд сахатыл мæнæй-уый нæ куысты дуармæ цæттæйæ лæудзæн, — дзуапп раттыныл зына-нæ-зына афæстиаты фæстæ хъæрдæрæй загъта Дзыбын.

— Генæйæн дæр ма иу хатт куы зæгъис, — мæнырдæм разилгæйæ сдзырдта Дзенаго.

— Изæры-ма йæм бадзурдзынæн.

Хуыцаубоны куы райхъал дæн, уæд балкъонмæ рауадтæн æмæ арвмæ скастæн. Иу мигъы цъуппыл дæр дзы мæ цæст куы не 'рхæцыд, уæд мæ риуыдзаг сулæфыдтæн æмæ мæхи рæвдз кæнынмæ фæдæн. Уæвгæ мæ уыйас рæвдз кæнын дæр ницы хъуыд. Мæ сæйраг хъуыддæгтæ аразæг Тимæ уыд æмæ дысон бонмæ мæ куыст кодта. Хуыны тæбæгътæ урс хæцъилты тыхтæй фынгыл цæттæйæ лæууыдысты. Мæ дзаумæттæ дæр мæм хызыны æвæрдæй къæсæргæрон æнхъæлмæ кастысты.

Авд сахаты фынддæс минуты хъуаг уыд, афтæ мæ куысты дуармæ лæууыдтæн. Мæн йеддæмæ дзы куы ничима уыд, уæд фæтарстæн, кæд, зæгъын, æгæр раджы цыд фæдæн. Кæд мæ сахат ныллæууыд, зæгъгæ, йæ мæ хъусыл авæрдтон: йæ цъыккцъыкк уыцы зæллангæй цыд. Уалынмæ тигъæй æрбазындысты Дзенаго æмæ Дзыбын. Сæ фæстæ уæлæрдыгæй æрцæйцыд Генæ. Æппæты разæй кæй фæдæн, уымæй мæхицæй разыйæ баззадтæн.

— Дыууæ машинæйы нæ истæмæн хъæуы? — бафарста мæ Дзенаго, цыппар йеддæмæ куы нæ уыдыстæм, уæд.

— Фалæ дæр нæ бахъæудзæн машинæтæ. Дæ кайысимæ-ма исчи куы уа, уæд та?

Дзенагойы зæрдæмæ мæ ныхæстæ фæцыдысты.

— Уымæй раст зæгъыс.

Цыдæр лыстæг хъуыддæгты тыххæй ма горæты иуцалдæр ранмæ бауадыстæм, стæй, срæвдз стæм, зæгъгæ, куы загътам, уæд Дзыбыны зæрдыл æрлæууыд, йæ резинæ цырыхъхъытæ рахæссын æй кæй ферох æмæ та уырдæм дæр базылдыстæм. Цæвиттон, Мызурыбынмæ фараст сахатыл бахæццæйы бæсты Дзенагойы кайысы дуармæ æрлæууыдыстæм дыууадæсæм сахатыл. Лæг сæхимæ нæ разынд. Йæ бинойнаг куыд радзырдта, афтæмæй, дам, уæм фенхъæлмæ каст æмæ куы нæ зындыстут, уæд уæллаг сыхмæ чызгæрвыстмæ ацыд.

Дзенагойæн хъыг уыд ахæм ныхæстæ фехъусын, фæлæ дзургæ ницы скодта. Чызг чи ‘рвыста, уыдон ын зонгæ уыдысты æмæ шофырæн, кæдæм цæуын хъæуы, уый бацамыдта. Æрыдоны доны сæрты стыр хиды галиу фарс бауромын кодта, йæхæдæг фаллаг фарсмæ бахызт æмæ рахизырдæм фæзылд. Мах Генæимæ машинæйæ рахызтыстæм, доны рахизфарс бæрзонд къуыбыргондыл æрлæууыдыстæм. Бынæй Æрыдоны æрра уылæнтæ размæ абухгæ бырстой, æмæ сæ уынæрæй кæрæдзийы ныхас дзæбæх нал хъуыстам. Нæ фарсмæ йæ пæлæхсар къалиутæ фæйнæрдæм уæрæх айтыгъта дынджыр æнгузбæлас. Йæ къалиуты фылдæр хай доны сæрмæ æрзæбул.

— Цымæ ацы æнгузæй исты пайда ис? — дзурын Генæмæ.

Уый, бæласыл йæ цæст ахæсгæйæ, загъта:

— Æвæццæгæн æй чи сагъта, уый йын сыстыр æнхъæл нæ уыд.

— Хъазыбег нæ дæ, Хуыцауы тыххæй?

Фæстæмæ фæкастæн æмæ дзы дыууæ сылгоймаджы лæугæ ауыдтон. Сæ дыууæйы дæр къахæй сæрмæ сбарстон æмæ сæ цыма никуы федтон, афтæ мæм фæкаст.

— Нал та мæ зоныс?

Ахæм хабæрттæ мыл арæх æрцæуы. Мæ хæстæджытæй искæимæ зианы кæнæ цины хъуыддаджы базонгæ вæййын, стæй йæ цалдæр азы нал фенын æмæ та уый фæстæ æнæнхъæлæджы куы фембæлæм, уæд æй нал базонын. Адæм се ‘ппæт иухуызон не сты. Иутæ, цы феной, уый сæ никуыуал ферох вæййы. Иннæтæн та, иу хатт нæ, фæлæ цалдæр хатты фенын дæр фаг

нæ вæййы. Иу адæймагæй æз ахæм дæн. Мæ цæстæй цы фенон — уæлдайдæр иу хатт — уый сæры нæ ныффидар вæййы, йæ хуыз уайтагъд æрбайсæфы æмæ бирæтæм, цыма барæй фæкæнын, афтæ фæкæсы.

Сылгоймæгтæй иу мæ чындз разынди, иннæ та — йæ хо. Дыууæйыл дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, фембæлдтæн, фæлæ мæм сæхæдæг куы нæ сдзырдтаиккой æмæ мын сæхи куы нæ бацамыдтаиккой, уæд сæ нал базыдтаин.

Уыдон хиды фале фесты, афтæ, Дзенаго цы уынгыл фæхæрдмæ кодта, уырдыгæй æрзынд бæрзондгомау læппулæг, йæ сæрыл хъæзын къусы хуызæн тымбыл къуырф гуырдзиаг худ. Хуымæтæджы бæлццон кæй нæ уыд, уый бамбæрстон, уымæн æмæ комкоммæ махмæ æрцæйцыд. Дзæвгар нæм куы 'рбаввахс, уæд æй базыдтон: не 'рвадæлты læппу. Нæ къухтæ нын райста. Нæ дарæсмæ нын бæстондæр куы 'ркаст, уæд нæ бафарста:

— Кæдæмдæр сфæнд кодтат...

Нæ хабæрттæ йын радзырдтам. Цыма, чи 'мбæлы, ахæм хъуыддаг кæнæм, афтæ йæм фæкаст æмæ мын æхсызгон уыд.

— Æмæ æгæр æрæджиау нæ цæут? — йæ сахатмæ æркæсгæйæ, бафарста ме 'рвад.

Æз дæр мæ сахатмæ 'ркастæн. Дыууадæс сахатмæ бирæ нал хъуыд.

— Бæргæ раджы рацæуинаг уыдыстæм, фæлæ фæндагыл ныкъкъуылымпытæ стæм. Цас рæстæг бахъæудзæн Сидæнмæ схизынæн? Æви дзы никуы уыдтæ? — бафарстон ме 'рвады.

— Бирæ хæттыты.

— Абон ма йæм схæццæ уыдзыстæм?

— Цæуыннæ?! Сахат-сахат æмæ йæм æрдæджы цыдæй фылдæр нæй.

— Уæдæ йæм æнæсхизгæ нæй.

— Æмæ ам цæмæ лæууат? Цомут уал нæхимæ.

— Дзенаго дæр немæ ис. Æви Дзенагойы нæ зоныс?

— Кæй Дзенагойы?

Бацамыдтон ын æй.

— Куыннæ йæ зонын. Æрдæбон чысыл раздæр йæ кайыс ам уæлæмæ фæцæйцыд.

— Дзенаго дæр уый агурæг ацыд.

— Чызгæрвысты уыдзæн.

— Чызгæрвысты ис. Йæ бинойнаг нын загъта.

— Цы нæ ферох, уый зоныс? — мæ хъусы мын æрбадзырдта Генæ. — Донгарз. Куы сдойны уæм, уæд стыхсдзыстæм.

Генæйы ныхæстæ ме ‘рвад дæр фехъуыста æмæ уый дæр загъта, дон цæм ныккæнат, ахæм исты гарз, дам, уæ бахъæудзæн.

— Æз уын ныртæккæ исты фендзынæн.

Не ‘рвадæлтæ, кæм лæууыдыстæм, уымæй галиуырдыгæй — уæвгæ уынгæн йæ рахизырдыгæй гаражтæ йеддæмæ хæдзæрттæ нæ уыди — æртæ хæдзары уæлдæр цардысты æмæ уайтагъд, дæс литры кæм цæуы, ахæм боцкъагонд нæ цуры лæууыд.

— Мæнæ ацы боцкъа уæ машинæйы сæвæрут, — дзуры мæм. — Хорз дон у, знон æй Тибæй раластон.

Æз дæр æмæ Генæ дæр боцкъа ласыныл не сразы стæм: хæххон фæндæгтыл æй чи хастаид?! Махæн фаг уыдысты хуымæтæджы пластикон донгæрзтæ æмæ нæ хъуыды ме ‘рвадæн бамбарын кодтон.

— Ныртæккæ уын ахæмтæ дæр фендзынæн, — æмæ та, чысыл раздæр цы фæндагыл ацыд, ууыл фæраст.

Хур дзæбæх æндавын райдыдта, æмæ дыууæуæладзыгон хæдзары чъылдыммæ ауунмæ бацыдыстæм. Иуцалдæр уысмы алæууыдыстæм, афтæ иумæйаг бацæуæнæй рахызт ныллæггомау саулагъз тынг тыппыртæ лæппулæг. Чи нæ йæ зыдта, ахæм æм доны иннæ фарсæй, чи зоны, ноджы хæстæгдæрæй дæр, куы ‘рбакастаид, уæд загъта, иу æртиссæдз азæй йыл къаддæр нæ цæуы, зæгъгæ, афтæмæй та æввахсмæ тынг æрыгонхуыз зынди. Куыд бамбæрстон, афтæмæй дыккаг уæладзыгæй каст æмæ мæ куы ауыдта, уæд æрхызт.

— Дæ бон хорз, Хъазыбег! — дзуры мæм мæ номæй.

Уымæ дæр та кæсыныл фæдæн. Мæ номæй мæм кæй сдзырдта, уый дæр мæм афтæ диссаг нæ фæкаст, иронау кæй сдзырдта, уый мæм куыд диссаг фæкаст. Сомихаг æй фенхъæлдтон. Сомихаг куы нæ разындаид, уæд та йæ æнæмæнг схуыдтаин азербайджайнаг.

Цалынмæ кæрæдзимæ ракæс-бакæс кодтам, уæдмæ ме ‘рвад нæ уæлхъус алæууыд æмæ мæ ме ‘нæзонгæ зонгæмæ æцæгæлон кастгæнгæ куы федта, уæд афарста:

— Нæ йæ зоныс?

Æз ме уæхсчытæ базмæлын кодтон.

— Де ‘мхæрæфырт дæн, стæй дæ кайыс, — лæппу йæхи амонынмæ фæраздæр.

Ног та æфсæрмыйы уаваæры бахаудтæн. Цыфæндыйæ дæр хъуамæ адæймаджы чи зоны, уыдоны йæхæдæг дæр зона, уæлдайдæр кæрæдзийæн хæстæг-хион куы ‘ййафой, уæд, кæннод æй адæм æнæрвæссоныл банымайдзысты. Мæнмæ æнæрвæссондзинадæй кæй ницы ис, уый иннæтæ дæр мæхи хуызæн куы зониккой, уæд мыл, æвæццæгæн, никæй зæрдæ фæхудид. Уæвгæ, иу хаттæй иннæ хатмæ кæй нал фæзонын, уыдонæй уайдзæфы ныхас никæмæй-ма фехъуыстон. Ууылдæр мыл бауæндынц, æцæг сæ кæй нал фæзоны, фæлæ-иу сæ, куы базонин, уый мæ кæй фæфæнды. Нæ мæм фæхæрам и мæ кайыс æмæ ме ‘мхæрæфырт дæр. Уый нæ, фæлæ дзуары бынмæ цæуæм, уый куы базыдта, уæд уæллаг уæладзыгмæ цыдæр æнахуыр номæй сдзырдта, æмæ уайсахат рудзынгæй ракаст, иу-фынддæсæхсæрдæс азы кæуыл цыдаид, ахæм чызг æмæ йын бардзырды хъæлæсæй загъта:

— Иу-æртæ авджы-ма водкæ радав.

Уысмы бæрцæй бирæ фылдæр нæ рацыд, афтæ бæрзондгомау саулагъз саудзыкку чызг дзæкъулыл хæцгæ нæ уæлхъус алæууыд.

Алцыдæр нæм ис, зæгъгæ, йын загътон, фæлæ мæ сдзырд дæр нæ бауагъта.

Уæдмæ машинæ нæ цуры æрлæууыд. Шофыры бынаты чи бадт, уый рæвдзгомау рагæпп кодта, нæ къухтæ нын райста æмæ нын машинæмæ амоны, сбадут, зæгъгæ. Машинæмæ бакастæн æмæ дзы фæстаг бадæны бадгæ ауыдтон Дзенагойы. Йæ фарсмæ ма чидæр кæй бадт, уый не ‘рхъуыды кодтон, цалынмæ рахызт, уæдмæ. Дзенагойæн дæр-ма цы ‘нæрахизгæ уыд, æмæ ууылдæр ме ‘рвад æмæ ме ‘мхæрæфырт æмæ мæ кайысы къухтæ райстой. Генæ чысыл дарддæр лæууыд æмæ фæстæдæр та уымæ бацыдысты.

Мæ хæстæджытæн хæрзбон загътам æмæ, шофырæй фæстæмæ, ууылдæр фаллаг фарсмæ фистæгæй бацыдыстæм.

Дзыбын æнхъæлмæ кæсынæй бафæллад. Кæд ма цæудзыстæм, зæгъгæ, бахъуыр-хъуыр кодта, фæлæ уый дæр нæ балц фæтагъддæр кæнынæн ницы феххуыс.

Дзенаго цы машинæйы æрцыд, уым шофыры бынаты чи бадт, уый разынд йæ кайыс, не ‘рцыдмæ нын сычъи амаринаг чи уыд, уый. Йæ фарсмæ чи бадт, уый, куыд рабæрæг, афтæмæй æз дæр зыдтон. Дзенагоимæ хæрзæрвадæлтæ уыдысты æмæ хъуамæ махимæ ацыдаид. Доны иннæ фарс дæр та иуцасдæр ба-

фæстиат стæм. Æппынфæстаг машинæты сбадтыстæм æмæ араст стæм. Нузалы та æрлæууыдыстæм. Бирæ радзур-бадзуры фæстæ мæ машинæ рынчындоны кæрты ныууагътам, нæхæдæг дыууæ машинæйы — иу ма, Дзенагойы æрвад йæ зонгæйыл уынджы фембæлд æмæ уымæй ракуырдта, — бабадтыстæм æмæ дарддæр нæ фæндаг дардтам.

Æнхъæлдтон Цъуалыйы дæр та бафæстиат уыдзыстæм, зæгъгæ, фæлæ уæдмæ арæнтæм цæстдарджытæ сæ бынат Ручъы æфцæджы бынмæ баивтой æмæ нæ иу уромæг дæр нæ фæци. Иу æртæ-цыппар километры-ма бауадаиккам, афтæ, Дзенаго цы машинæйы бадт, уый æрлæууыд, йæ фæдыл мах дæр. Иууылдæр рахызтысты æмæ Æрыдоныдоны сæрты цы дыууæ æфсæн бæндæны айтынг, уый цурмæ бацыдыстæм. Дыууæ адæймаджы кæм цæуы, ахæм æфсæн уæрдонгонд фалæрдыгæй разынд. Куыд бамбæрстон, афтæмæй хъуамæ гуыдыræвæрдæй æдзухдæр доны рахизфарсырдыгæй уыдаид.

— Адон мæ зæххытæ не сты, — йæхи раст кæнынмæ фæци Дзенагойы кайыс.

Куыддæр æй федтон, афтæ дæр мæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты йæ митæ. Дзенаго йæхæдæг ахæм нæу æмæ мæм цæмæдæр гæсгæ мæ хъæуккаджы аккаг кайыс нæ фæкаст. Æрбацæудзыстæм, уый зыдта æмæ нæм хъуамæ банхъæлмæ кастаид. Уæд та, Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ исты фыдбылызы бахауд-там. Чызгæрвыстмæ цæмæн фæтагъд кодта? Стæй зæрдæ куы бавæрдта, уе 'рцыдмæ уын исты сырд амардзынæн, зæгъгæ. Дзенагойы æрымысгæ ныхæстæ нæ уыдысты уыдон. Æнæмæнг йæхицæй рацыдаиккой. Ныр та рацæй-рабон, æмæ фаллаг фарсмæ цæуыл бахизæм, уый дæр нæ разынд.

Лæг амалæн конд у, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Цал уыдыстæм, уалæй хъуыды кодтам, авдæнхуыз чысыл вагон ацырдыгæй цы 'гъдауæй фæкæнæм, ууыл. Роликты æххуысæй æфсæн бæндæнтыл æнцонæй тылди, фæлæ йæ фæндаг фалæрдæм къул уыд æмæ иннæ фарс дæр уымæн ныллæууыд. Рæхыстæ цы дынджыр дурмæ фидаргонд уыдысты, уый фæйнæфарс Генæ æмæ Дзенагойы æрвад бацыдысты æмæ бæндæнтыл сæ уæз æруагътой. Фалæрдыгæй вагонгонд йæ бынатæй фезмæлыд æмæ иу-æртæ метры бæрц ацырдæм æрбатылд.

Æз куыддæр машинæйæ рахызтæн æмæ вагонгонд фаллаг фарс ауыдтон, афтæ мæ ныфс асаст. Уыцы бон Сидæнмæ кæй нал схæццæ уыдзыстæм, уый мæ бауырныдта æмæ, уавæрæй

фервæзыныл чи архайдта, уыдонмæ хæстæг нал цыдтæн. Ахæм зондыл хæст уыд Дзыбын дæр. Уый фæндаджы был лæууыд æмæ цыма йæ алыварс цытæ цыд, уыдонмæ æппындæр ницы бар дардта, уый хуызæн къæдзæхтæм каст æмæ, йæ цæсгомы хуыз куыд раив-баив кодта, уымæ гæсгæ зæгъæн уыд, æрдзы рæсугъддзинад æм кæй хъары, алыхуызон æнкъарæнтæ йæм кæй æвзæрын кæны.

— Хæстæгдæр-ма æрбалæуут, — дзуры нæм Дзенагойы æрвад. — Рæхыстыл фылдæрæй куы 'руæз кæнæм, уæд вагонгонд ацырдæм æрбатулдзæн.

Генæ нарæг æмуырдыг къахвæндагыл дуры рахизфæрсты доны былмæ ныххызт æмæ дзы лыстæг синаг фанеры гæбазыл тыхтæй ссардта. Цыма хæзнайыл фæхæст, уый хуызæн æй цингæнгæйæ сдавта æмæ фæндаджы был разил-базилыл фæци.

— Цы агурыс? — фæрсын æй.

— Æфсæйнаджы гæбаз куы ссарин, уæд æй синаджы кæроныл бабæттин, вагонгондмæ йæ баппарин, уым истæуыл фæхæцид æмæ йæ афтæмæй ацырдæм раласиккам.

Генæйы ныхæстæ мын цыдæр ныфсы хос фесты æмæ йæ æз дæр бафæзмыдтон. Мæ алыфарс афæлгæсыдтæн. Иу къудзийы бынæй мæм ферттывта цыдæр æфсæйнаджы гæбаз. Хæстæгдæр æм бауадтæн æмæ дзæбæх уæззаугомау лæсгæр разынд. Цингæнгæ йæ фелвæстон æмæ Генæмæ дзурын:

— Мæнæ ма ацы æфсæйнаг фен.

Генæ йæм æркаст æмæ йыл уый дæр бацин кодта. Тагъдтагъд синаг æфсæйнаджы кæрон абаста æмæ йæ кæм ссардта, фæстæмæ уырдæм ныххызт. Уырдыгæй донмæ иу-æртæ метры хæстæгдæр уыд æмæ вагонгонд Æрыдоны доны астæумæ уæддæр куы 'рбахæццæ уыдаид, уæд æм лæсгæр сæппæрстæ-уыдаид.

— Хæстæгдæр-ма 'рбацæут! — фæхъæр нæм кодта Дзенагойы 'рвад.

Дзыбынæн, цыма йæ адджын фынæй фехъал, уый хуызæн йæ хъуыдытæ æрдæгыл аскъуыдысты. Æз иуырдыгæй бацыдтæн, уый — иннæрдыгæй æмæ æмхуызонæй нæ тых-нæ бонæй куы 'руæз кодтам, уæд вагонгонд фезмæлыд æмæ уырдыгмæ дугъ кæныныл фæци. Æнхъæлдтон, цалынмæ æрбахæццæ уа, уæдмæ йæ цæуынæй нал банцайдзæн, фæлæ-ма иу-æхсæз-авд метры куы хъуыд, уæд зивæггæнгæ æрлæууыд, иучысыл «ахъуыды кодта» æмæ сындæггай фæстæмæ араст. Генæ вагонгондмæ

ныхъхъавыд æмæ, синаджы кæрон цы лæсгæр баст уыд, уый йæ тых-йæ бонæй фехста æмæ вагонгонды цæуылдæр фæфидар. Синаг аивæй райвæзта æмæ, фидар хæцы, уый куы бамбæрста, уæд æй йæхимæ ласын райдыдта. Вагонгонд йæ коммæ бакаст. Мах уый куы ауыдтам, уæд та æмхуызонæй рæхыстыл нæ уæз æруагътам. Вагонгонды цыдыл бафтыд æмæ куыддæртæй Дзенагойы æрвады цурмæ æрхæццæ æмæ йæ уый тыххæйфыдæй рацахста. Цыма Хъарсы фидар басастам, уый хуызæн æмхуызонæй дæр æхсызгонæн сулæфыдыстæм.

Адæм иууылдæр цин кодтой, цин кодтон æз дæр, фæлæ уыцы-иу рæстæг мæхицæн кодтон уайдзæфтæ дæр. Мæ ныфс кæй асаст æмæ уыцы бон доны фаллаг фарсмæ бахизыныл мæ зæрдæ кæй нал дардтон, уый тыххæй. Цыфæндыйæ дæр гæрзтæ рагацау æвæрын нæ хъæуы. Кæронмæ тох кæнын чи сахуыр, уæлахиз дæр уый къухы бафты. Æз та хатгай тохы бацæуынмæ дæр мæ ныфс нæ бахæссын, рагацау мæхи састыл банымайын. Ахæм адæймагæн та царды бирæ нæ бантысдзæн.

Цалынмæ Генæ дæлбылæй цыди, уæдмæ мах, цал уыдыстæм, уалæй фидар хæцыдыстæм вагонгондыл, афтæмæй та йын иунæг дæр фаг уыд. Генæ цæугæ-цæуын лæсгæр синагæй фæхицæн кодта æмæ Дзенагойы 'рвады 'мбуар æрбалæууыд. Уый вагонгондмæ хæстæгдæр лæууыд, стæй йæ фарсмæ сæрибар бынат дæр уыйбæрц никæмæн уыд.

— Æри ма дæ синаджы кæрон ардæм, — дзуры йæм Дзенагойы 'рвад.

Генæйы, æвæццæгæн, хъуыддаг кæронмæ йæхæдæг куы ахæццæ кодтаид, уый фæндыд æмæ æнæдзургæйæ Дзенагойы 'рвады иуфæрсты йæхи баивæзта æмæ синаг вагонгонды хæцæны астæу фидар бабаста, йæхæдæг тыхтон халгæ суанг фæндаджы былгæронмæ ацыд. Мах ма уæддæр вагонгондыл фыццагау хæцæм.

— Суадзут æй, — нæ уавæрæй нæ фервæзын кодтой Генæйы ныхæстæ.

Уæддæр æй æваст суадзын нæ бауæндыдыстæм. Æппæты фæстагмæ ма йыл æз æмæ Дзыбын хæцгæйæ баззадыстæм. Цæмæдæр гæсгæ нæм Генæйы ныхæстæ æгъгъæд нæ кастысты. Æппынæрæджиау нæ уæддæр бауырныдта, вагонгондæн алидзынæй тас кæй нал у æмæ йæ суадзæн кæй ис. Генæ ма вагонгондыл йæхирдæм рахæцыд. Уый æнцонæй йæ коммæ бакаст æмæ ма дурмæ цы чысыл дæрддзæг уыд, ууыл æнцонæй æрбатылд, йæ æмыр гуыпп фæцыд æмæ æрлæууыд.

Æппæты разæй вагонгондмæ бахызт Дзенагойы æрвад, дыуæ бадæнæй иуыл æрбадт æмæ былгæронмæ дзуры:

— Мауал лæуут, исчи уæ сбадæд.

Кæрæдзимæ æгæр куы ракæс-бакæс кодтой, уæд мæхæдæг фæразæй дæн. Куыддæртæй бахызтæн æмæ кæлæхы гал ихы сæр куы скатай уа, уый хуызæн нæ лæууын мæ бон уыд, нæ бадынмæ нал арæхстæн. Мæ бынмæ мæм зæхх афтæ дæлæуæз фæкаст, доны уылæнтæ та афтæ хæстæг, æмæ иуцасдæр цы гæнгæ у, уый мæ сæр нал ахста. Æххуысмæ мæм фæзынд Дзенагойы ‘рвад:

— Æрбад, цæмæ лæууыс?!

Расыг лæгау цудтытæгæнгæ æрбадтæн.

— Уым ма хæц, — фæхъæр мыл кодта Дзенагойы 'рвад. — Вагонгонд куы феуæгъд уа, уæд дын дæ къухтæ роликтæ сæ разæй ахæсдзысты.

Æз рæхыстæ феуæгъд кодтон æмæ, вагонгонды фæрстыл цы хæцæнтæ уыд, уыдон фидар нылхъывтон.

— Цæттæ стут? — фæндаджы былæй æрбахъæр кодта Генæ.

О, зæгъгæ, йын Дзенагойы ‘рвад дзуапп куы радта, уæд Генæ сындæггай бæттæн уæгъдгæнгæ цыд. Вагонгонд уырдыгмæ фæндагыл згъорынмæ фæци. Уайтагъд знæт уылæнты æрра хъæр фæтынгдæр. Астæумæ æввахс уыдаиккам, афтæ донæй æппындæр ницыуал зынд. Иууылдæр æхсырхуыз фынк æмæ æвзист æртæхтæ фестад. Ноджы йæ хъæр хъустæ къуырма кодта. Фæлæ уый цалдæр уысмæй фылдæр нæ ахаста. Нæ «бæх» фаллаг былгæрон дуры рæбын куыд балæууыд, уый зонгæ дæр нæ бакодтам. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй Дзенагойы ‘рвад хæхбæсты схъомыл, цуаны уæвгæйæ цы фæндæгтыл н ‘ауад, ахæм нал баззад. Æрыдоны доны сæрты дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ бахызт æмæ йын, кæй зæгъын æй хъæуы, амонын ницы хъуыд. Вагонгонд куы 'рлæууыд, уæд рæхыстыл хæцынæй ницыуал тас уыд, Дзенагойы ‘рвад сæм æдæрсгæйæ фæлæбурдта æмæ уайтагъд тъæпæн дуры сæр февзæрд. Æз дæр æй бафæзмыдтон æмæ вагон афтидæй аззад. Фаллаг фарсмæ цыфæнды хъæр ныхас дæр нæ фехъуыстаид, уæддæр Дзенагойы ‘рвад йæ тых-йæ бонæй ныццарыдта:

— Алас æй!

Вагонгонд йæ бынаты лæууыд. Дзенагойы ‘рвад къухæй амонынмæ рахызт æмæ йæ уæд Генæ дæр бамбæрста. Бæттæн базмæлыд, ныттынг, стæй вагон æнæбары йæ бынатæй фенкъуыст.

Генæ йыл тынгдæр ахæцыдаид, цы! — æваст йæ цыдыл бафтыд. Астæумæ ‘ввахс ын згъорынмæ рахызт, фæлæ та уайтагъд йæ зонгæ бынаты æрлæууыд.

Иууылдæр фæфале стæм. Дзенагойы кайыс æмæ иннæ машинæйы шофырæй фæстæмæ. Уыдон фæстæмæ аздæхтысты. Æнæзонгæ шофыр ныл æнæнхъæлæджы æрбамбæлд æмæ уымæн, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæцæугæ нæ уыд, фæлæ мæ дисы Дзенагойы кайыс бафтыдта. Бирæ цæмæйдæрты нын зæрдæтæ чи ‘вæрдта æмæ нæ ныфс кæуыл дардтам, уый нæ æрдæгфæндагыл ныууагъта. Дзенаго уæлæмæ ницы дзырдта, фæлæ æмбæрстон, йæ митæй йын разы кæй нæу. Йæхицæй йын уæздандзинад йеддæмæ ничи ницы зоны. Йæ кайысæн дæр чысыл лæггæдтæ нæ бакодтаид, фæлæ йын сæ цыма уый бафидын нæ бафæраздзæн, афтæ мæм фæкаст.

Нæ дзаумæттæ пæлæхсаркъалиу нæзы бæласы бын æрæвæрдтам. Сахатмæ æркастæн, æмæ æмбисбонæй чысыл фæфылдæр. Дзенагойы ‘рвад дæр мæн бафæзмыдта æмæ, фæсмонгæнæгау йæ сæр батилгæйæ, загъта:

— Сидæны бынмæ нал схæццæ уыдзыстæм. Ардыгæй бакувæм, нæхи йыл бафæдзæхсæм...

Нæ фæцыдысты йæ ныхæстæ мæ зæрдæмæ. Уыцы хуызæнæй йын нæхимæ дæр скуывтаиккам. Арвы кæронмæ та ма цæмæн цыдыстæм?!

— Уый та куыннæуал схæццæ уыдзыстæм? — йæ ныхæстæ йын кæронмæ нæ бамбæрстон.

— Æрæджы у.

— Куыд æрæджы у? Афтæ куы зæгъынц, сахат-сахат æмæ йæм æрдæджы цыд йеддæмæ нæй...

— Чи дын загъта?

— Ме ‘рвад, Мызурыбын кæимæ лæууыдтæн, уый.

— Нæ дæ бамбæрста, æвæццæгæн. Мыкалгабыртæм хъæуы уый бæрц цæуын.

— Нæ зонын, — загътон дызæрдыггæнгæйæ æз. — Мæнмæ гæсгæ, иугæр сфæнд кодтам, уæд нын цæугæ у.

Иннæтæ дæр сагъæсы бахаудысты. Куыд бамбæрстон, афтæмæй Дзенагойы зæрдыл дæс æмæ ссæдз азы размæйы хабæрттæ бынтон хорз нал лæууыдысты, æндæр кувæндонмæ схизынæн цас рæстæг хъуыд, уый зæрдаивæй зæгъын йæ бон уæд та куыннæ уыд! Бæлвырд ныхас зæгъынмæ йæ ныфс нæ хаста йе ‘рвад дæр æмæ не ‘ппæт дæр дызæрдыджы ахæсты бахаудыстæм.

— Кæм ис, уый куы зонин, уæд æз иунæгæй дæр ацæуин, — æргомæй загъытон мæ хъуыды. — Ахæм фадат ма мын кæд фæуыдзæн?!

— Куыд зæгъай, афтæ бакæндзыстæм, — ардыгон кæй у, уымæ гæсгæ, фысымы бартæ йæхимæ райсгæйæ, загъта Дзенагойы 'рвад.

— Æрдæгфæндагæй фæстæмæ аздæхын аив нæ уыдзæн, — загъта Дзенаго дæр.

— Уæдæ мауал фæстиат кæнæм, — загъта Дзенагойы 'рвад æмæ йæ дзаумæттæ ивынмæ фæци.

Дзенаго адæмыл йæ цæст ахаста æмæ цыма стыр рæдыд æруагъта, æмæ йе сраст кæнынæн хуыздæр фадат нал фæуыдзæн, уый хуызæн сдзырдта:

— Хатыр уæ курын, абондæргъы уæ ме 'рвадимæ кæй нæ базонгæ кодтон, уый тыххæй.

Дзенагойы 'рвад мæнмæ хæстæгдæр уыд æмæ мын мæ къух райсгæйæ, мæ ном Майрæм хуыйны, зæгъгæ, загъта. Бацамыдтон ын æз дæр мæхи. Афтæ бакодтой Генæ æмæ Дзыбын дæр.

Иууылдæр фæндаггон дарæс скодтам, æмæ Майрæм йæ хуын халынмæ фæци.

— Æртæ 'ртæдзыхоны, æвæццæгæн, Сидæны бын кувгæ сты, — загъта Майрæм æмæ ныл радыгай йæ цæст ахаста.

— Мæнмæ гæсгæ дæр афтæ растдæр уыдзæн, — йæ хъуыды бамбарын кодта Дзенаго.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, уæлибæхтæ тыхт кæм уыдысты, уыцы баст райхæлдтон æмæ йæ иннæ хæринæгты цур — уæдмæ Генæ цы фынг ацарæзта, уым фæзынд алыхуызон халсартæ æмæ дыргътæ — æрæвæрдтон.

— Водкæ дæр дзы ис, — загъытон, Дзенаго йæ хызынæй ирон арахъхъ куы систа, уæд.

Арахъхъæй скувын се 'ппæтмæ дæр хуыздæр фæкаст æмæ мын ме 'мхæрæфырт æмæ мæ кайыс цы хуын сæвæрдта, уый фæстæмæ нæзы бæласы къалиуыл æрцауыгътон.

— Сыкъатæ рахæссынæй чидæр зæрдæ куы 'вæрдта... — дæлгоммæ ныхасæй бамбарын кодтон мæ хъуыды.

— Ис сыкъатæ, — фестъæлфæгау кодта Дзенаго æмæ йæ дыууæ уæхскыл хæсгæ хызын сгарынмæ фæци. Æртæ æмхуызон сыкъайы дзы систа æмæ мæм сæ дæтты.

Сыкъаты кой айхъусгæйæ, Майрæм йæ хызын радавта æмæ дзы систа, Дзенагойы сыкъатæй дзæвгар къаддæр чи уыд, ахæм сау сыкъа.

— Хуымæтæджы сыкъа нæу, — не ‘ппæт дæр æй куыд уынæм, афтæ йæ хæрдмæ сисгæйæ загъта Майрæм. — Сидæнæн нывонд кусæрттаджы сыкъа у.

Не ‘ппæты хистæр Дзенаго уыд æмæ дзы уымæн рауагътон.

Дзенаго алы хъуыддаджы дæр йæхи уæзданæй февдисы. Фыццаг нуазæн уымæ куы радтон, уæд цыма не ‘хсæн йæхицæй хистæр агуырдта, уый хуызæн ныл йæ цæст ахаста, стæй йæ хъуыды æргомæй дæр загъта:.

— Мæнæй хистæр дзы ничи ис?

Куы зæгъын, Дзенагойæн й ‘алы уæнджы алы ‘гъдау ис, æндæр æй йæхæдæг дæр зыдта, нæ хистæр кæй у, уый, фæлæ ма ноджыдæр иу хатт йæ уæздандзинад равдыста. Йæ сыкъайыл уæлдæр схæцыд, йе ‘ргом Сидæнырдæм аздæхта æмæ кувын райдыдта. Мах алы куывды фæстæ дæр, цас æмбæлд, уымæй хъæрдæрæй «аммен» кодтам, уымæн æмæ доны уынæрыл фæуæлахиз уæвын хъуыд. Хуыцауы номыл сидт иууылдæр банызтам.

— Ныр ахуыйæн акæнут, — дзуры нæм Дзенаго, — æмæ нæ фæндаг дарæм.

Чи куыд арæхст, афтæ тагъдгомау февнæлдта æмæ уайтагъд фынджы уæлдæйттæ тухынмæ фæдæн.

— Бæрзонддæр ран сæ æрцауындз, кæннод исты сырд фæзынынæй тæссаг у, — дзуры мæм Майрæм.

Мæнæн мæхи зæрды дæр афтæ уыд, æмæ, бæрзонддæр цы къалиумæ æххæссыдтæн, ууыл сæ æрцауыгътон.

— Хуыцау, фæндараст нæ фæкæн, — нæ разæй ацæугæйæ загъта Дзенаго.

Мах дæр æй бафæзмыдтам. Майрæм Сидæны дон кæй хуыдта, уый сæрты бахызтыстæм æмæ йæ галиу былгæрæтты дынджыр дурты сæрты хизгæ фæуæлæмæ кодтам. Дон калди цæссыджы хуызæн сыгъдæгæй. Мæ къух дзы атъыстон æмæ цыма ихдон уыд, афтæ мæм фæкаст. Иуцасдæр куы ауадыстæм, уæд нæ алчи йæ бынат æрцахста. Æппæты разæй фæци Майрæм. Сидæнмæ фæндаг кæй зыдта, уый, йæхимæ фæндагамонæджы ныфс кæй ссардта, уымæй дæр бæрæг уыд. Йæ фæстæ — мæхицæн дæр æнæнхъæлæджы уыд, афтæмæй — æрлæууыдтæн æз.

Хохы бирæ хæттыты уыдтæн. Мæ мадырвадæлтæм-иу мæйгæйттæ дæр фæдæн æмæ-иу къæдзæхтæм арæх схызтæн. Мæ мадырвадæлты лæппутимæ дæр, сæ сыхæгтимæ дæр. Фадат-иу мын куы фæци, уæд та-иу иунæгæй дæр абалц кодтон. Куы ничи-иу мæ хъыгдардтаид, уый-иу мæ фæндыд æмæ-иу

арæх иунæгæй, уымæй размæ лæппутимæ дæр кæдæм никуы схызтæн, уыцы бæрзæндтæй дæр ракастæн. Æмæ мæхимæ иу ахæм миниуæг раиртæстон. Улæфгæ-улæфгæ-иу куы цыдтæн, уæд-иу тагъддæр бафæлладтæн, фæлæ-иу сабыргай, æнæулæфгæйæ куы цыдтæн, уæд мын-иу уæлдæрмæ схизын бантыст, бæрзонддæр рындзæй-иу ракастæн.

Майрæмы баййафыныл нæ архайдтон, искæй разæй фæуынмæ нæ тырныдтон, афтæмæй дыккаг бынаты ныффидар дæн æмæ, куы фæхæрдмæ кодтам, уæдæй сахатæй фылдæр рацыд, уæддæр мæ разæй дæр ничи фæци, йæ разæй дæр никæмæн ма фæдæн. Искуы-иу хатт-иу Майрæм æрлæууыд, йæ алыварс-иу акæстытæ кодта, фæлæ йæ сæйййафыныл никуы бафæлвæрдтон. Чысыл дæлдæр-иу æз дæр æрлæууыдтæн æмæ-иу мæ фæллад иунæгæй уагътон. Мæн-иу бафæзмыдтой иннæтæ дæр.

Ноджы ма иу сахат фæцыдыстæм. Сидæны донæн-иу куы йæ иу фарсмæ бахызтыстæм, куы йæ иннæмæ. Иуцалдæр цæхгæр фæхæрдгæнæны дæр бынæй фæуагътам, уæддæр цыма дæле цы æхсæрдзæны æвзаг æрттывта, уымæ нæма фæхæстæгдæр стæм, афтæ мæм фæкаст. Майрæмы ныхæстæм гæсгæ хъуамæ уыцы æхсæрдзæны сæрты рахизырдæм бахызтаиккам, стæй йæ сæрмæ цы къæдзæх зынди — уымæй бæрзонддæр йæ фæстæ хох нал уыд — уый фæстæты æрзылдаиккам æмæ рæгътыл фæбынмæ кодтаиккам.

Куыддæр фыццаг хатт Сидæны доны сæрты æрбахызтыстæм, афтæ нæм дзæбæх разындысты æхсæрдзæнтæ. Чи дзы стырдæр уыд, чи — къаддæр, фæлæ мæм дзы æппæты уæллагæй даргъдæр никæцы фæкаст. Цыма кæм фæбынмæ кодта, уырдыгæй фалæмæ фæз уыди, афтæ зынди. Куыд уæлдæр цыдыстæм, афтæ мæм раздæры хуызæн бæрзонд нал каст, хатгай та-иу мæм зынгæ дæр нал кодта. Ахæм заман-иу нæ, зæгъæн ис, æмæ æмхæрд къултыл хилын бахъуыд. Хуыцау хорз, æмæ дзы бæрзонд æмæ уидагджын кæрдæг зад, æмæ-иу адæймаг уыдон æххуысæй куы йæ иу къах, куы йæ иннæ къах зæххæй фæхицæн кодта. Цыфæндыйæ дæр кæрдæг кæрдæг у, стæй алы кæрдæг мæрыл иухуызон уидæгтæй баст нæу æмæ куы стыдтаид, уæд мæ зывзыв сæрсæфæны ссыдаид. Æмхæрд къæдзæхы фахсыл быргæйæ-иу мæ размæ исты къудзи кæнæ бæласы тала куы фæци, уæд ыл-иу æдæрсгæйæ фæхæцыдтæн. Æрмæстдæр-иу уæд сулæфыдтæн мæ риуы дзаг, æрмæстдæр-иу мæм уæд æрцыд иучысыл мæ улæфт суадзыны зонд.

Майræм дзæвгар адард. Фадат мын-иу кæм фæци, уым-иу фæстæмæ ракастæн. Уæлдайдæр та-иу тæссагдæр рæттæй куы раирвæзтæн, уæд. Ме ‘мбæлццæттæм мæ зæрдæ ‘хсайдта. Мæхицæн ахауынæй кæм тарстæн, уырдыгæй-иу куы аирвæзтысты, уæд та-иу мын иуцасдæр фенцондæр, мæ лæф-лæф-иу фæсабырдæр æмæ та-иу дарддæр мæ цæуыны куыст кодтон.

Къæдзæхтыл дзæвгар фæхилыны фæстæ та ногæй доны былмæ рахызтыстæм. Майræмы дынджыр тъæпæн дурыл йæ фарсыл хуысгæ сæййæфтон. Йæ бинокль бæрзонд къæдзæхы хъæбысмæ сарæзта æмæ æнæзмæлгæйæ иудзæвгар фæкасти. Уæдмæ нæ иннæтæ дæр сæййæфтой.

— Исты дзы зыны? — фæрсы йæ Дзенаго.

Майræм ницы дзуапп радта. Рацыд ма иучысыл рæстæг, æмæ Майræмы дзурын райхъуыст:

— Уалæ йер фæзынди. Нæл дзæбидыр...

Кæм, кæм, зæгъгæ, йæ алыварс амбырд стæм.

— Ацырдæм æрбацæуы.

Мах иууылдæр, бинокль кæдæм арæзт уыд, уыцырдæм азылдыстæм, фæлæ нæ никæй цæст ницæуыл æрхæцыд.

— Æмбал дæр ма йын фæзынд, — нæ цымыдисдзинадыл бафтыдтой Майræмы ныхæстæ.

— Скæс ма сæм, куыд дзæбæх зынынц, уымæ, — æмæ мæм йæ бинокль æрбадардта.

Майræм кæдæм каст, уырдæм æй фæцарæзтон, фæлæ дзы къæдзæхтæ йеддæмæ ницы федтон. Майræм мæм хæстæгдæр æрбацыд æмæ мын мæ бинокль дзæвгар рахизырдæмдæр азылдта æмæ та мæм æй радта. Фæракæс-бакæс та кодтон, фæлæ дзы змæлæджы мыггагæй ницы раиртæстон æмæ йæ Генæмæ радтон. Уый сæ уайтæккæ дæр ауыдта.

— Иу дзы къæдзæхдуры фæстæмæ бацыд, — цыма нын йæ ныхæстæ дзæбидырты фенынæн исты æххуыс фæуыдаиккой, уый хуызæн дзырдта Генæ. — Иннæ дæр æй бафæзмыдта... Фæстæмæ та рацыдысты.

Куыддæр уыцы ныхæстæ загъта, афтæ бинокль Дзенагомæ аæрдта. Куыд бамбæрстон, афтæмæй сæ Дзенаго æмæ Дзыбын куынæуал феной, уымæй фæтарст. Дзенагойæн амонын ницы хъæуы. Биноклæй кæдæм кастысты, уыцы бынат уайтæккæ дæр райардта. Куы ницы дзырдта, уæд æй Генæ афарста:

— Уыныс сæ?

— Тынг хорз.

Дзыбын дæр сæ куы федта, уæд ма æз дæр иу хатт акæсыныл бафæлвæрдтон. Цал уыдысты, уалæй мын фæцамыдтой, кæдæм кæсын хъæуы, уый, фæлæ марадз-зæгъай, кæд дзы дзæбидыры хуызæн къæдзæх дæр федтон. Нæ сæ уыныс, нæ сæ уыныс, зæгъгæ, мæ баййардтой, фæлæ, кæд мысгæ исты æркодтаин, æндæр мæ бон ницы зæгъын уыд...

Мæ зæрдыл, партион газеты куы куыстон, уыцы рæстæджы хабар æрлæууыд. Иу уаты кæимæ бадтæн, уый ностыл æнувыдгомау уыд. Иу хатт та йæм редактор бауырдыг, куысты рæстæг цæмæн банызтай, зæгъгæ. Уый ныллæууыд: нæ банызтон. Редактор æй куынæуал уагъта, уæд ын афтæ зæгъы: «Кæд мæхиуыл мысгæ æркæнон, æндæр нæ банызтон!» Уыйау, кæд сын гæды ныхæстæ ракодтаин, æндæр ницы федтон æмæ, куыд уыди, афтæ кæронмæ дæр дзырдтон...

Æппæты бæрзонддæр æхсæрдзæн дæр бынæй аззад. Куыддæр йæ уæлеты æрзылдыстæм, афтæ арвы нæрын райхъуыст. Майрæм, уалæ ууылты Цъæймæ ныххизæн ис, зæгъгæ, цы хохæй загъта, уый сæрмæ сау мигътæ æрбацыдысты. Арвы цъæхыл ныфсджынæй лæгæрстой æмæ лæгæрстой. Гæрæхтæ фæтыхджындæр сты. Комæй дымгæ ныффутт кодта. Рæстæг бæрæггæнджытæ хорз боныхъæдæй зæрдæ 'вæрдтой, стæй абон райсомæй фæстæмæ дæр хур йæ кæсынæй нæ банцад æмæ уæлæфтауæй, пæлæзæй мемæ ницы рахастон. Иннæтæй кæмæ пæлæз уыд, кæмæ — цы. Дзенаго æмæ Дзыбын та ма суанг резинæ цырыхъхъыты дæр рацыдысты.

Фыццаг æртах мыл æрхауд. Уый фæстæ — дыккаг, æртыккаг... Æваст къæртайæ калæгау ныккалдта. Генæ ахæм балцыты иу æмæ дыууæ хатты нæ ацыд æмæ дзаумайæ не 'ппæтæй дæр ифтонгдæр уыд. Мæ гуырыл цыбырдыс цъында хæдон йеддæмæ ницы уыд æмæ рагацау мæхи алцæмæ дæр æрцæттæ кодтон, фæлæ Генæмæ уæлдай пæлæз куы разынд, уæд мæхи амондджыныл банымадтон. Мæ хид къоппæй калд, мæ хæдонæй иу гæбаз хус нал уыд, афтæмæй мæ тæрккъæвдатæн сæ тыхджындæр æрцахста. Кæй фæрынчын уыдзынæн, ууыл мисхал дæр дызæрдыг нал кодтон.

Иу ссæдз минуты бæрц арв æмæ зæхх кæрæдзийы фæхостой. Сидæны дон уыцы змæстæй бынмæ лæбурдта. Æхсæрдзæнты уынæр фæтынгдæр. Уарын æнцайын райдыдта. Дымгæ дæр фæсабырдæр. Мигъты скъуыдтæй хур разынд. Ставд æртæхтæ лыстæгтæй раивтой æмæ хуры тынтæм æрттывдтытæ

калдтой. Рацыд ма иуцасдæр рæстæг, æмæ къæвда бынтондæр банцад.

Ног та сагъæсты бахаудыстæм. Дывæндтæ кодтам, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд раст нæ уыдзæн, уымæн æмæ нæм фæндтæ дыууæйæ фылдæр уыд. Цал уыдыстæм, уалырдæм хæцыдыстæм. Мæн фæндыди цыфæндыйæ дæр дзуары бынмæ бацæуын. Майрæмы коммæ куы бакастаиккам, уæд хъуамæ фæстæмæ аздæхтаиккам. Генæ иу къæдзæхы бынмæ бацамыдта, уым, дам, лæгæты хуызæн зыны æмæ кæд æцæг афтæ у, уæд не 'хсæв уырдæм бахæссæм, бон цъæхтæ кæнын куы байдайа, уæд та дзуары бынмæ ныццæудзыстæм.

— Мæнмæ гæсгæ та, куыд цыдыстæм, афтæ цæуæм, — бамбарын кодта йæ хъуыды Дзенаго, — кæм ныл баталынг уа, уым бахсæвиуат кæндзыстæм, арт скæнæн кæмфæнды дæр ис, стæй, Генæ куыд зæгъы, афтæ сæумæцъæхтыл дзуары бынмæ араст уыдзыстæм.

Дзыбынæй æнцондæр фæндагыл нæ ничи 'рлæууыд. Ацы донластæй, дам, кæдæм цæуæм, хъæд нæ быны, арт скæнæм, нæ дзаумæттæ схус уыдзысты, уæдмæ изæр дæр кæндзæн, æмæ æхсæв бонмæ арты фарсмæ фæбаддзыстæм.

Фæндæттæ иууылдæр куы сбæрæг сты, уæд дзы æз æмæ Дзенагойæ хæстæгдæр кæрæдзимæ ничи бацыд. Æрмæст мæ фæндоны уыдис иу хицæндзинад. Дзенаго æмæ Майрæмы ныхæстæм гæсгæ дзуары бынмæ ацæуæн уыди дыууæ фæндагыл: иу къæдзæхы фæстæты æрзилгæйæ, иннæ та — хъæдыл комкоммæ рагъмæ схизгæйæ, фæлæ, дам, хæстæгдæр фæндагыл зындæр цæуæн у, уæлдайдæр къæвдайы фæстæ. Мæ нымадмæ гæсгæ та къæвдайы фæстæ æнцондæр цæуæн иу ран дæр нæ фæци æмæ иууылдæр хъæдыл ацæуыныл сразы сты. Уыцы фæндаг та — фæндагæн дзы йæ кой дæр нæ уыди, фæлæ уæддæр — Генæ лæгæт æнхъæл кæм уыди, уыйræзты цыд æмæ æххæст уый дæр фенæм, зæгъгæ, дынджыр дурмæ нæ ных сарæзтам. Иу афон куы уыд, уæд æм æрхæццæ стæм. Лæгæтæн дзы йæ кой дæр нæ разынд, дынджыр дур цы уа, уый уыди. Дыууæуæладзыгон хæдзары йас дуры — кæцы къæдзæхæй рахауд æмæ кæд — Хуыцау йæ зонæг — лæгæт нæ, фæлæ, лæг йæ къах кæм атъыстаид, ахæм байбын дæр нæ уыд. Æз ма йæ алывæрсты дæр æрзылдтæн, кæд дзы æндæрырдыгæй, лæг дзы йæхи кæм бафæсвæд кæна, ахæм бынат ис, зæгъгæ, фæлæ никуы æмæ ницы. Дарддæр ацыдыстæм. Æнахъи-

нондæр фæндæгтæ зын æрхъуыдыгæнæн уыд. Иу къахдзæф æдæрсгæйæ нæ акодтаис. Къæвдайы фæстæ лæгбæрзæндæн хъамылы цæугæйæ цы тухитæ кæнын хъуыд, уый алчидæр бамбардзæн, фæлæ кæуылты цыдыстæм, уым къæдзæхдурæй азмæлæн нæ уыди æмæ-иу кæм дæ къах дыууæ дуры æхсæн фæуыдаид, кæм-иу дзыхъхъы ныххаудаис, кæм та-иу цъымарайы аныгъуылдаис — уыдис дзы ахæм рæттæ дæр.

Æппынæрæджиау, бæрзонд къæдзæхы фæстæты æрзилгæйæ, цы рæгътæм бахызтаиккам, уырдæм схæццæ стæм, фæлæ дзы ницы уæлдай æнцондзинад федтам. Уæддæр цыдыстæм æмæ цыдыстæм. Нæ раздзæуæджы хъуыдымæ гæсгæ нын дзуары бынмæ схæццæ афон уыди. Ахæм заман куыд вæйиы, афтæ та махæй дæр алчи алы ныхас кодта. Чи загъта, æгæр уæлиæутты æмæ дард ацыдыстæм, чи загъта, комырдæм æгæр раджы фæзылдыстæм, æмæ доны хъæр афтæ хæстæгæй уымæн хъуысын райдыдта, чи — цы. Бынтон æндæр зондыл хæст уыдис Дзенаго. Уый хъуыдымæ гæсгæ коммæ раздæр фæзилын хъуыд, фæлæ йæм хъусæг нæ фæци. Майрæм размæ цæуыныл нæ ауæрста. Дзенаго айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ, йæ къалиутæ зæххы æмбуарæй цы нæзыйæн райдыдтой, уый сæрмæ асинтыл хизæгау æнцонæй схызт æмæ дæлæмæ акаст. Кувæндоны тъæпæн фæз æм дзæбæх разынд æмæ нын бамбарын кодта, иуцасдæр нæ фæстæмæ раздæхын кæй бахъæудзæн.

Уæдмæ Майрæм агуринаг фæци. Радыгай йæм хъæр кæнын райдыдтам, фæлæ нын дзуапдæттæг нæ уыд. Дзенаго цы бæласæй æрхызт, уырдæм мæ бырын бахъуыд. Ацы хатт мæ хъæрæн дзуапп æрбайхъуыст. Фæстæмæ раздæхын кæй хъæуы, уый йын бамбарын кодтон, æмæ иуцасдæры фæстæ хæмпæлты æхсæнæй разынди. Ацы хатт разæй ацыд Дзенаго, æмæ æппынфæстаг дзуары быны фæзмæ рахызтыстæм. Дзенагойы ныхæстæм гæсгæ дзы иу дзуарæн нæ куывтой, фæлæ цалдæрæн. Иу дынджыр пæлæхсар нæзыбæласы бын та, дам-иу дзы Мадымайрæмы ном ссардтой.

Сидæны фæзмæ куы бацыдыстæм, уæд дзы фыццагдæр фенынæнхъæл цы уыдтæн, уый — цардахъхъытæ. Цардахъхъытæ æмæ Мадымайрæмы бæлас, стæй стыр цавддур. Цæвиттон, ацы кувæндонмæ сылгоймагæн цæуæн нæ уыд, фæлæ, дам, иухатт иу ус æгъдау фехæлдта æмæ Сидæны бынмæ ссыди. Дзуар ын æй нæ ныххатыр кодта, æмæ цавддур фестад.

Уыцы диссæгтæ фенынмæ дардæй дæр бæллыдтæн, кæм

уыдысты, уырдæм куы ссыдтæн, уæд та мæ цымыдисдзинадыл бынтондæр базыртæ базад æмæ алырдæм цыппæрдзæстæй кастæн. Стыр дуртæ æмæ дзы пæлæхсар нæзы бæлæстæ уыдис цалдæргæйттæ, цавддур æмæ дзы Мадымайрæмы кувæндоныл кæцы нымадтой, уый бацамонынмæ Майрæм æмæ Дзенагомæ æнхъæлмæ кастыстæм, фæлæ йæ бæлвырд ничи зыдта. Цардахъхъытæ та рæстæджы амæддаг баисты. Ранæй рæтты ма бæрзонд хæмпæлтæй сæ хæлд бындуртæ зындысты. Бæрзонддæр цы дур уыд, уый сæрмæ обаугондырдыгæй æнцонæй бацыдыстæм. Нæ фынг уым æрæвæрынмæ хъавыдыстæм, фæлæ нæ Дзенаго нæ бауагъта. Æппæты стырдæр бæласы бын æцæг фынджы хуызæн цы тъæпæн дур уыд, уый уæлхъус æрлæууыдыстæм. Йæ кувинæгтæ систа Майрæм. Райхæлдтон æз дæр ме ‘ртæ ‘ртæдзыхоны æмæ æртæ фæрсчы. Иннæтæ дæр сæ хызынтæ ‘вдæлон кæнынмæ фесты. Ацы хатт кæстæриуæг кæнынмæ Дзыбын фæраздæр æмæ, цы сыкъайæ скуывтам, уым арахъхъ рауагъта æмæ йæ Дзенагомæ радта. Дыккаг сыкъа та Майрæммæ дæттынмæ хъавыд, фæлæ йæ нæ райста, дыууæ ‘фсымæрæй, дам, фæрсæй-фæрстæм læууын аив нæу, æмæ йæ уæд Генæ райста. Æртыккаг та мæнæн исгæ æрцыд. Дзыбын мæнæй цалдæр мæйы кæстæр уыд, стæй ма уымæй уæлдай йæхимæ уырдыгыстæджы хæстæ дæр райста æмæ йæм куы ‘рхатыдаин, уæддæр нуазæн нæ райстаид.

Дзенаго йе ‘ргом скæсæнырдæм раздæхта æмæ кувын райдыдта:

— Хуыцау, табу дæхицæн уæд! Зæхх дæр ды сфæлдыстай, арв дæр ды сфæлдыстай æмæ, арвæй зæххы ‘хсæн цы бирæ хорздзинæдтæ ис, уыдонæй нын хай бакæн. Нæ фыдæлтæ дæр дæм æртыгай чъиритæй куывтой, æртæ чъирийы нæ разы ис, æмæ дын барст фæуæнт! Хуыцау, де сконд зæдтæ æмæ нæ дауджытæн се ‘ппæты хорзæх дæр уæд! Чи ацахода, уымæн та уæлдай хæрзтæ ракæн!

Мах алы куывды фæстæ дæр, куыд æмбæлд, афтæ «аммен!» кодтам. Дзенаго аходæггаг цæмæдæр гæсгæ мæнмæ æрбадардта, фæлæ йын æз Дзыбынмæ ацамыдтон. Ацахуыста дзы, цалдæр æртахы ма дзы рауагъта æмæ йæ фæстæмæ хистæрмæ радта.

— Æртæдзыхон æмæ фыдæй дæр ацаход, — дзуры йæм Майрæм.

Дзыбын уыдонæй дæр ацахуыста. Хуыцауы тыххæй не ‘ппæт дæр баныстам. Дыккаг сидт Сидæны номыл рауагъта.

— О сыгъдæг Сидæны дзуар! — загъта Дзенаго æмæ, цы бæласы цур лæууыдыстæм, раздæр уырдæм скаст, стæй разылд, цардахъхъты хæлддзæгтыл йæ цæст ахаста æмæ дарддæр дзырдта: — Табу дæхицæн уæд! Нæ фыдæлтæн бирæ хорздзинæдты бацыдтæ æмæ мах дæр — де уазæг! Стырæй-чысылæй дыл нæхи фæдзæхсæм. Фыдбылыз æмæ нæ æнамондæй бахиз. Дæ бынмæ кæй нал æфтæм, уый тыххæй та нын хатыр бакæн. Дæ номыл куывдтæ аразæм, нывæндтæ кæнæм. Алы аз дæр дæ æрымысæм. О Сидæны Мыкалгабыртæ, рæсугъддæр æмæ дæм сыгъдæгдæрæй кæй куывд фæхæццæ, уый æмбал мæ ныхæстæ дæр фæуæнт!

Æртыккаг сидт бæркады тыххæй зæгъын бахъуыд, уымæн æмæ ныл ихæнриз бахæцыд, хуры та æрныгуылынмæ бирæ нал хъуыд, стæй ныл къæвда куы нæ ‘рцыдаид æмæ сæумæрайсом куы уыдаид, уæддæр ахæм фæндагыл лæгæн йæхи нозтæй хъахъхъæнын хъуыд.

Тагъдгомау нæ хæринæгтæ æрбамбырд кодтам æмæ нæ фæндагыл адардтам. Цалынмæ нæ цæст уыдтаид, уæдмæ нæ цæуынæй банцайынмæ нæ хъавыдыстæм. Æхсæвиуат та хъуамæ бакодтаиккам, куыд бадзырдтам, афтæ: кæм ныл æрталынг уыдаид, уым.

Хæрдмæ хилын нæ нал хъуыд, фæхстыл дæр нал цыдыстæм, фæлæ нын уырдыгмæ цæуын къаддæр зын нæ уыд. Уыцы хъæды хæмпæлтæ æмæ къудзиты æхсæнты, къæдзæхдуртыл къуырдтытæгæнгæ бабызы цъиутау кæрæдзийы фæдыл ныххал стæм, афтæмæй æнæрлæугæйæ цыдыстæм æмæ цыдыстæм. Хур бæрзонддæр хохы фæстæмæ ныттылд, фæлæ йæ тынтæ скæсæнырдыгæй хохы фахсыл сæрттывтой, æмæ нын уый нæ ныфсыл бафтыдта. Æрлæууæм æмæ иучысыл уæддæр аулæфæм, зæгъгæ, ахæм кой нæ иумæ дæр нæ уыд, уымæн æмæ нæм Æрыдоны дон, иуæй, зынгæ ракодта, иннæмæй та нæм йæ хъæр дæр хъуысын райдыдта. Цæстытæ цы уыдтой æмæ хъустæ цы хъуыстой, уый фæрцы нæ тыхыл тых бафтыд, нæ ныфсыл — ныфс æмæ кæд тынг фæллад уыдыстæм æмæ æндæр уавæрты иу къахдзæф акæнынхъом дæр нал уыдаиккам, уæд ныр тырныдтам æрмæстдæр размæ. Цыфæнды зынæй дæр, цалынмæ цæст уыдта, уæдмæ ныйирвæзын хъуыд доны былмæ, кæннод нæ хъуыддаг сæ хæрзтæй нæ уыдаид. Арвыл æмбæлæг арт куы скодтаиккам, уæддæр нæ æнæфæрынчынæй иу дæр нæ баззадаид. Ме ‘мбæлттæй мæнæй бæгънæгдæр ничи уыд. Мæ цыбырдыс цъында хæдон цалдæр хатты — куы хидæй, куы къæвдайæ — мæ уæлæ бахус æмæ та-иу фæстæмæ схуы-

лыдз. Нæ амонд уыд, æмæ иу ран бирæ никуы бафæстиат стæм. Змæлгæйæ та адæймагмæ уазал къаддæр хъары.

Æрыдоны доны хъæр ноджы тынгдæр хъуысын райдыдта, стæй йæм цыма бирæ цæуын дæр нал хъуыд, не ‘ппæтмæ дæр афтæ каст æмæ нæ цыд иучысыл дæр нæ фæсындæгдæр кодтам. Фæлæ йæ бæллæх цы уыд: нæ алыварс талынгæй-талынгдæр кодта. Скæсæнырдыгæй хуры тынтæ ахуыссыдысты. Арвыл иугай стъалытæ фæзынд. Иу сахатырдæг ма талынг уæддæр куы бафæстиат уыдаид, уæд, чи зоны, фаллаг фарсмæ бахызтаиккам...

Бынтондæр æрталынг. Арв, цыма стъалыйæ цыдæриддæр ис, уыдон иууылдæр ссыгъдысты, уыйау цæхæртæ скалдта. Уыимæ нæ сæрмæ афтæ сыгъдæг æмæ цъæх уыд, æмæ цæст рæвдыдта. Æнхъæлдтон, мæйы скæсынмæ бирæ нал ис, æмæ нæ хъуыддаг цæуы: нæ развæндаг уынын райдыдтаиккам æмæ нæ цыдыл дæр бафтыдаид, фæдзæгъæлæй дæр нын тас нал уыдаид, фæлæ мæ хъуыды æргомæй куы загътон, уæд дзы мæ хуызæн зондыл хæст иу дæр нæ разынд, мæй, дам, зæронд у æмæ йын арвыл фæзынынæй тас нæу.

Нæ мæ бауырныдтой уыцы ныхæстæ. Цыма мæйы фæзындмæ бирæ нал баззад, афтæ мæм каст æмæ арвмæ арæхæй-арæхдæр кæсын райдыдтон, куыддæр фæзына, афтæ сæм хæрзæггурæггаг фæуыдзынæн, зæгъгæ. Иу хаттæй мæм-иу иннæ хатмæ арв цъæхдæр æмæ рухсдæр фæкаст, фæлæ рæстæг цыд, мæй та никæцæй зынд. Цыфæндыйæ дæр доны хъæрыл æфтыди. Уый та, хæстæгæй йæм хæстæгдæр кæй цæуæм, ууыл дзырдта æмæ, кæд куырмæджы лæгæрстам, уæддæр нæ «хъыбыллæйыл» æууæндыдыстæм æмæ йæ коммæ кастыстæм.

Майрæм фæндагамонæджы бынат никæмæн радта, стæй йын æй исынмæ дæр ничи хъавыд. Æрмæст-иу чысыл куы фæраздæр — ныр бирæ раздæр цæуæн нал уыд, уымæн æмæ йæ уынгæ дæр нæ кодтам, йæ уынæр дæр нæ хъуыст — уæд-иу æм фæхъæр кодтам, цы фæдæ, зæгъгæ. Уый дæр-иу нын дзуапп радта, æмæ та-иу мах дæр йæ фæдыл куырм галтау пыхсытæ æмæ бæлæсты къалиутæй нæ цæстытæ хъахъхъæнгæйæ, хъæр кæцæй райхъуыст, уыцырдæм азылдыстæм. Майрæмæн, цал уыдыстæм, уалæй бæргæ дзырдтам, дыууæ-æртæ къахдзæфы раздæр йеддæмæ ма цу, зæгъгæ, фæлæ нæм иу хатт дæр нæ байхъуыста. Æз Майрæмы фæстæ дыккаг уыдтæн æмæ-иу мæ размæ цавæрфæнды цæлхдур куы фæци, уæддæр-иу æй мæ фæстæцæуæгæн

— мæ фæстæ та-иу куы иу цыди, куы — иннæ — бамбарын кодтон. Дзурыны сæр та-иу мæ, зæгъæн ис, æмæ алы къахдзæфæн дæр бахъуыд, уымæн æмæ-иу кæм фæлдæхт бæлас февзæрд, кæм сындз къутæр, кæм дурты æхсæн ныххауæн.

Иу заман та Майрæм, æвæццæгæн, дзæвгар аразæй æмæ нæ хъæртæн дзуапп нал лæвæрдта. Æз уæддæр куырмæджы, кæм ын æнхъæл уыдтæн, уыцырдæм зæрдаивæй цыдтæн. Иуфынддæс санчъехы акодтаин, афтæ та йæм дзурын, фæлæ та мын дзуапп нæ радта. Уæддæр цæуын æмæ цæуын. Мæхинымæр æм мæсты кæнын райдыдтон. Цал æмæ йын цалæй загътам, æгæр тагъд ма цу, стæй дæм куы дзурæм, уæд дзуапп дæтт, зæгъгæ, уæддæр æм ныхас нæ хъардта. Ногæй та йæм — ацы хатт ноджы хъæрдæрæй — фæдзырдтон. Йæ уынæр мæм дæлæуæзæй сыхъуыст.

— Майрæм! — сдзырдтон æм æз.

— Былæй ахаудтæн, — уæрмæй дзурæгау райхъуыстысты йæ æнæбон ныхæстæ. — Хуыцау хорз, æмæ ма бæласы къалиуыл фæхæцыдтæн, æндæр къуыбылеццытæгæнгæ сæрсæфæны балæууыдаин.

Махæй йæ никæй æххуыс бахъуыд. Иу-æртæ метры бæрц йеддæмæ нæ ныххауд æмæ тыхтæ-амæлттæй фæстæмæ схылд.

— Ницы ныццавтай? — бафарста йæ Дзенаго.

— Хистæр куы нæ уаис, уæд дын æй зæгъин, кæм ныццавтон, уый, фæлæ мын, æнхъæлдæн, æмæ ницы уыди...

— Бæргæ дын дзырдтам, куыд дæ æййафæм, афтæ цу, зæгъгæ...

Майрæм рахизырдæм ссæндгæ ацыд.

— Былгæронмæ ныххизæн ссарын хъæуы, — загъта Майрæм æмæ та иуцалдæр къахдзæфы махæй аразæй. Арвыл стъалытæ кæд цыфæнды æрттывд кодтой, уæддæр дзы махæн ницы пайда уыд. Нæ фæндагæй нæм иу къахдзæфы бæрц дæр нæ зынди. Мæйæн та, ме ‘мбæлттæ куыд загътой, афтæ йæ был дæр никæцæй разынд. Нæ амонд уыд, æмæ доны хъæр хъуысти æмæ цыфæнды дзæгъæл куы фæуыдаиккам, уæддæр нæ Æрыдоны доны уынæр йæхицæй дард нæ ауагътаид æмæ раджы уаæрæджы — йæ былмæ фæндаг ссардтаиккам. Нæ хурхы нарæгмæ та ма нæ цы скодта: нæ дон нызт фæци æмæ не ‘взæгтæй нæ былтæ ахуылыдз кæнын дæр нæ бон нал уыд.

Цас ма фæцыдаиккам, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ иуахæмы Сидæны донмæ æрбахæццæ стæм. Иууылдæр дон нуазынмæ

фестæм. Иу лæгæй æз мæ дойныйæн басæттын æнхъæл нал уыдтæн æмæ мæ дыууæ армытъæпæнæй нызтон æмæ нызтон. Мæхицæн амæлынæй куынæуал тарстæн, уæд мæ астæу сраст кодтон æмæ æхсызгонæн сулæфыдтæн. Иннæтæй алкæмæ дæр сыкъа уыд æмæ, нызт куы фесты, уæд ма сыкъайæ дæр цалдæр банызтон.

Сидæны донмæ бæргæ ‘рбахæццæ стæм, фæлæ та йæ сæрты бахизæн нæ разынд: æгæр арф æмæ фæтæн уыд. Хæрдмæ цæуын нæ бахъуыд. Ссардтам стыр дурты сæрты фаллаг фарсмæ бахизæн. Бæлæсты æхсæнты къæдзæхдуртыл, æмдзæхгæр тæссæрттыл тыхтæ æмæ амæлттæй Æрыдоны доны былмæ ныйирвæзтыстæм. Иу-фондзыссæдз сардзины ма уæрджытæм бæрзæндæн кæрдæджы фæцыдыстæм æмæ нæ зонгæ нæзыбæласы цур æрлæууыдыстæм. Спичкæ ссыгътон æмæ сахатмæ æркастæн. Бонæй куы фæхæрдмæ кодтам, уæд дæр уыди ссæдз минуты фыццæгæмæй, ныр дæр фатæгтæ амыдтой уыцы нымæцтæ, æрмæст æхсæвы рæстæг. Афтæмæй фæндагыл уыдыстæм æнæхъæн дыууадæс сахаты. Уыдонæй фылдæрфылдæр бафæстиат стæм иу сахат: къæвдайы бын — иу-фондз æмæ ссæдз минуты, дзуары бын та — иу-фынддæс æмæ ссæдз минуты. Ме ‘рвад та афтæ загъта, Сидæнмæ, дам, сахат-сахат æмæ ‘рдæджы цыдæй фылдæр нæй. Цыфæндыйæ дæр кæрæдзийы нæ бамбæрстам, стæй, Майрæм афтæ куы загъта, уымæй йæм бирæ фылдæр цæуын хъæуы, зæгъгæ, уæд нæ рæдыди.

Нæ дзаумæттæ раивтам. Мæ хуылыдз уæлæдарæс æмæ дзабырты бæсты хустæ куы скодтон, стæй мæ гуырыл цъында хæдоны хъарм куы банкъардтон, уæд цыма ног райгуырдтæн, афтæ мæм фæкаст. Мæ зæнгты дыз-дыз фæцыдæр, мæ фæллад дæр мæм раздæрау нал хъардта. Нал мын рыстысты мæ цæфтæ дæр. Мæ сæйраг мæт ма уыди дзæбæхæй фаллаг фарсмæ бахизын. Боныгон дæр æдас куы нæ уыдтæн — стæй, мæнмæ гæсгæ, иннæтæ дæр — уæд æхсæвы талынджы тынгдæр куыннæ хъуамæ стъæлфыдаин?! Фæстæмæ цæугæйæ иунæгæй баззадтæн, фæлæ мæ Майрæм иунæг нæ ныууагъта. Иу хатт ма ацырдæм æрбацыд, вагоны мæ сбадын кодта æмæ дыууæйæ дæр фæфале стæм.

Мæ къæхтæ зæххыл куы андзæвыдысты, уæд мæ риуы дзаг сулæфыдтæн æмæ Хуыцаумæ скуывтон: «Табу дæхицæн, сæрæгасæй кæй æрбаздæхтыстæм, уый тыххæй!» Кæд иууылдæр нæ къæхтыл лæууыдыстæм, уæддæр мæ нæ уырныдта, дыууадæс сахаты ахæм тæссаг фæндæгтыл фæцу, цъитийы тæккæ рæбын дæ — æхсæрдзæнæй куы фæуæле стæм,

уæд доны былгæрæтты иу-æртæ метры бæрзæндæн миты хъæпæнтæ сусæны мæйы тæвдæн дæр тайын нæ бакуымдтой, афтæмæй цæхгæр лыгауæй урс-урсид æрттывтой — тæрк къæвда фæхойæд, хуыдалынджы, адæймаг бонæй дæр æдæрсгæйæ кæм нæ ацæудзæн, ахæм уырдгуыты фæцу æмæ мацы фыдбылызы бахаугæйæ ныхы хуызæн лæгъз фæндагмæ раирвæз. Æрмæст та нæ лæгъз фæндагыл дæр сагъæстæ иу ран нæ ныууагътой. Нæ машинæ нæм æд шофыр Нузалы рынчындоны кæрты æнхъæлмæ каст. Æвæццæгæн, нын Сидæны дзуар кæрæйкæронмæ дæр æххуыс кодта æмæ, фыццагдæр нæ къух цы машинæмæ фæдардтам, уый нæм фæурæдта. Майрæм дзы абадт æмæ, æнхъæл куыннæ уыдыстæм, фæстæмæ афтæ тагъд фездæхт, æрмæст нæхи машинæйы нæ, фæлæ, йæ сæр æхгæд кæмæн уыд æмæ мидæгæй бандæттæ кæм разынд, ахæм уæзласæн машинæйы. Майрæмæн Цъуалыйы милицæйы посты зонгæ разынд æмæ уый машинæйы фæстæмæ фæзылд. Мах тагъдгомау гуыффæмæ сгæппытæ кодтам æмæ цыбыр рæстæгмæ Нузалы балæууыдыстæм. Мæ куысты «Волгæ»-йы Мызурыбынмæ фондзæй абадтыстæм. Уым Майрæмæн хæрзæхсæв загътам — сæхимæ нæ зæрдиагæй хуыдта, фæлæ махæй иу дæр,стæй, мæнмæ гæсгæ, йæхæдæг дæр — хæрынæн дæр æмæ нуазынæн дæр нал уыд æмæ уырдыгмæ фæцагайдтам.

Фæсæмбисæхсæв нæ хæдзары дзæнгæрæджы цæппæрмæ рог æвнæлд фæкодтон. Тимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, мæнмæ ‘нхъæлмæ каст æмæ куыддæр дзæнгæрæджы мæллæг дзинг райхъуыст, афтæ дуар фегом кодта. Дзæбæхæй æрбацыдтæн, уый йæ куы бауырныдта, уæд мæ бафарста:

— Куыд уыди уæ балц?

— Ахсæв мæ мацæмæй фæрс. Мæ къæхтæ мæ быны дыдæгътæ кæнынц. Райсом дын æппæт хабæрттæ дæр радзурдзынæн...

Тæвд дон та нæм нæ разынди. Æндæр уавæрты мын тынг зын уыдаид, фæлæ мыл ныр цыма стыр хорздзинад æрцыд, уый хуызæн мæхи æфсоны æхсæдтытæ акодтон æмæ мæ хуыссæн тыххæй-фыдæй ссардтон...

XII

Мæ фыны, горæты сæрмæ мын цы цæхæрадон ис, уым февзæрдтæн. Цыма сæрд йæ тæккæ тæмæны уыди. Фæткъуыбæласы бын, къуыри раздæр æхсырфæй цы кæрдæг фæкарстон,

уымæй чысыл мæкъуылгонд самадтон æмæ уый рæбын мæхи фæстæдзæг ауагътон. Арвыл цæргæс йæ базыртæ ныппака кодта æмæ сындæггай мæ сæрмæ зилдух систа. Хатгай-иу йæ базыртæ батылдта, цыма-иу афтæ куы нæ бакодтаид, уæд ын æрхауынæй тас уыд, уый хуызæн. Кæсынæй йæм бафæлладтæн, æмæ мæ цæстытæ æрцъынд сты. Куыддæр æррæдзæ-мæдзæ кодтон, афтæ уынгæй мæ хуыздæр æмбал Темырхъаны хъæрæй дзурын æрбайхъуыст: «Дæхи уæлгоммæ цы ауагътай? Æви дын дæ зæхх кæй бацахстой, уый нæма фехъуыстай?!» Цавæр зæхх кой кодта, уый æваст нæ бамбæрстон æмæ йæ бафарстон: «Цавæр зæхх?» — «Куыд цавæр зæхх? Хъæуы дын бирæ зæхх ытæ ис?» — «Цавæрдæр ног æрлидзæг. Æз дæр æй нæ зонын». — «Æмæ цавæрдæр æрлидзæджы мæ зæхх имæ цы хъуыддаг ис?» — «Мауал мæ рафæрс-бафæрс кæн. Хæдзар аразынмæ, дам, дзы хъавы. Дыууæ машинæйы, дам, æм дур баласта... Дæхи арæвдз кæн æмæ цом! Æдде саргъы бæх цæттæйæ лæууы...»

Йæ фæсарц абадтæн, æмæ цыппæрвадæй хъæумæ фæцагайдтам. Иу ран нæ размæ арф, фæлæ нарæг дон февзæрд. Темырхъан бæхы фæрстæ æрцавта, йæ къухæй йæм февзыста, æмæ бæрзонд былгæронæй фаллаг фарсмæ багæпп кæныны бæсты доны бæрæгастæу нæ тъæпп фæцыд...

Æваст фехъал дæн æмæ мæ цæстытæ фегом кодтон: исты тæссаг фын куы фенын, уæд, цæмæй ме ‘нахъинон уаварæй тагъддæр фервæзон, уый тыхæй æдзухдæр афтæ фæкæнын. Мæ буар тæфсæгæй рынчынау рызти. Мæ ныхыл мæ къух авæрдтон, æмæ мæ армытъæпæн хидæй ныхæуылыдз.

Сахатмæ æркастæн, æмæ авд дæр нæма уыд, фæлæ боны цъæхтæ фæсте аззадысты. Фæззæг йæ тæмæны бацыд. Нæ фатеры бынмæ, æхсæз азы размæ цы сусхъæд бæлæстæ ныссагътам, уыдоны къалиутæ дыккаг уæладзыгмæ схæццæ сты. Бонæйбонмæ дæр сæ бур сыфтыл æфтгæ цыд. Дыууæ-æртæ къуырийы-ма рацæудзæн, æмæ иууылдæр бур-буридæй агæпп ласдзысты, бирæтæ та дзы сæ къалиутæн хæрзбон зæгъдзысты æмæ зæхх хай бауыдзысты.

Мæ фынæй фервæзыныл архайын, фæлæ уæддæр мæ сæрæй нæ хицæн кæны. Цавæр æрлидзæг мын бацахсынмæ хъавы мæ зæхх? Хæдзар аразынмæ, дам, дзы хъавы... Мæ зæрдæ мын судзинæй рæхойæгау кодтой уыцы ныхæстæ. Æмæ, кæд фыны цы федтон, уый æцæгдзинад у, уæд та? Ногæй та сахатмæ ‘ркастæн. Цыма кæдæмдæр тагъд кæнын хъуыд, уый

хуызæн зæрдæйы æбæрæг катай йæ базыртæ тылдта...

Æдзух та мæ фыны мæ цæстытыл ахæм нывтæ ауайы. Æмæ-иу кæд уый размæ алы хатт дæр нæхи хæдзары февзæрдтæн, уæд ныр та, иу белгом дæр кæм нæма скалдтон, иу хоры нæмыг дæр кæм нæма ныппæрстон, фæлæ æрæгæй нырмæ мæхиуыл нымад чи у, уыцы зæххимæ баст хабæрттæй мæ зæрдæ ныр-рызти. Кæд стын афон нæма уыди, уæддæр, иннæ бинонтæй куыд никæй бахъыгдарон, афтæ æнæуынæрæй сыстадтæн æмæ стыр уатмæ рацыдтæн.

Хъуыдытæ сæры схъомпал сты, Дзагко мын йæ зæххы хайы æмбис куы радта, уæдæй нырмæ тыллæг сисын афон дæр бæргæ уыд, фæлæ мæ ауалдзæджы ничердæм равдæлд, æмæ зæрæстонæй баззад. Бæлæстæ дзы уæддæр куы ныссагътаин, зæгъгæ-ма иу хуыцаубон Чырыстонхъæумæ дæр ацыдтæн — уым сæрмагонд талайыкуыстгæнæг хæдзарад ис — уæддæр та нæ хъæумæ хæстæг у æмæ, иу мæры хорз чи зайы, уый йе ‘мхуызон мæры дæр хорз æрзайдзæн, зæгъгæ, фæлæ, сæ талатæ æфснайд кæм уыдысты, уыцы скълады хицау бынаты нæ разынд. Дыккаг хатт ацæуын та мæ къухы нал бафтыд, æмæ мæ фæндтæй ницыуал рауад. Цы фын федтон, уый фæстæ мæ фæсмон ноджыдæр фæфылдæр. Цыма дзы бæлæстæ куы ныссагътаин, уæд зæххæн хицау ис æви нæй, уый дызæрдыггаг нал уыдаид, цæмæдæр гæсгæ афтæ нымадтон.

Хуыцаубон кæй уыд, уый мæ ‘рцардта. Сагъæстæй фервæзынæн хъæумæ ацæуынæй хуыздæр хос нæ уыд, æмæ æвæстиатæй мæхи рæвдз кæнынмæ февнæлдтон.

— Афтæ раджы цæмæн сыстадтæ? — хуыссæгхъæлдзæгæй мæ уæлхъус алæууыд Тимæ.

Хабæрттæ йын куы радзырдтон, уæд мыл сбустæ кодта:

— Ды та æдзух дæ фынтæй дæхицæн уæлдай сæрнистæ саразыс!..

Фынтыл æууæндын мæ нæ фæнды, стæй сæ дзураг дæр нæ дæн. Æдзухдæр бацархайын, цæмæй мæ тагъддæр ферох уой æмæ, уыдысты нæ уыдысты, уый дæр мауал зонон, ууыл, фæлæ дзы иуæй-иуты асурын мæ бон нæ бавæййы. Асурын нæ, фæлæ сæ цæрæнбонты мæ зæрдыл бадарын. Куы зæгъын, фынтыл æууæндын мæ никуы фæндыд, афтæмæй та дзы иуæй-иутыл æнæууæндгæ нæ вæййы. Кæмдæр æй бакастæн æви йæ искæмæй фехъуыстон, уый дзæбæх нал хъуыды кæнын, фæлæ, дам, Ломоносов фæсарæнты уыдис, афтæмæй ам, Уæрæсейы, йæ фыд

амард æмæ йæ йæ фырт кæнæ йæ фыны федта, кæнæ йæ кæцыдæр æнкъарæнæй бамбæрста. Йæ балцæй куы ‘рбаздæхт, уæд, дам, йæ фыды æгасæй нал æрбайййæфта. Уæвгæ æрыхъусæггаг ныхæстæ цы дзурын, мæхæдæг мæ фыны цы федтон, уый мыл мæ хъалæй куы ‘рцыдис, уæд?! Мæ худы кой кæнын. Мæскуыйы ахуыр кæнгæйæ мын æмдзæрæнæй цы хъусджын худ адавтой, уыцы худы кой. Уый хæдразмæ æхсæв мын фыны фесæфт, хъалæй та мын æй давгæ акодтой...

Уыцы хабæрттæ æрымысгæйæ мæ зæххы хайы сагъæс дæр зæрдæйы карздæрæй-карздæр кодта æмæ, æгæр сындæггай кæй архайдтон, уый мæм хардзау æркаст. Куы срæвдз дæн, уæд мæм Тимæ дзуры:

— Хæргæ та?

— Мæ зæрдæ ницы зæгъы.

— Цай уæддæр бацым...

Цæй цай æмæ цæй цыдæр! Æппындæр зæрдæ ницы агуырдта. Автобусы дæр мæ равг нæ фæхуыздæр. Кæд шофыр, куыд æмбæлд, уымæй тагъддæр йеддæмæ сындæгдæр не скъæрдта, уæддæр мæ фæндыди, цæмæй тагъддæр згъордтаид. Цас тагъддæр ныххæццæ уыдаиккам, уыйас уавæримæ тагъддæр базонгæ уыдаин.

Ме ‘взонджы бонтæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты. Институты куы ахуыр кодтон, уæд алы хуыцаубон дæр хъæумæ цыдтæн. Горæты æнæ худæй цæуын фæцахуыр дæн æмæ-иу хаттæй-хатт хъæумæ гомсæрæй æрцыдтæн. Фæндагыл-иу æй æрхъуыды кодтон, фæлæ ма-иу фæстæмæ куыд аздæхтаин. Цæмæй-иу мыл ме ‘гъдауылхæст хъæуккæгты зæрдæ ма фæхудтаид, горæты дыууæ боны йеддæмæ нæма ис, афтæмæй æгъдæуттæ ницæмæуал дары, зæгъгæ, ма загътаиккой, уый тыххæй-иу уынгты æрцæуыны бæсты автобусæй хъæуысæр рахызтæн æмæ-иу цæхæрадæтты чъылдымты хъуызгæ-ныгъуылгæ æрцыдтæн. Быдыры-иу мæ æнæхудæй куы федтаиккой, уымæй дæр тарстæн.

Ныр дæр мæ цæмæдæр гæсгæ хъæуы уынгты суанг автобусы æрцæуын дæр нæ бафæндыд æмæ кæддæры хуызæн хъæуысæр рахызтæн æмæ комкоммæ Дзагкойы зæххы хаймæ мæ ных сарæзтон. Фыны мын мæ зæхх цы æрлидзæг бацахста, уый хæдзар æрдæгамад фæци, æмæ йæ бирæ æххуысгæнджытæ сæ тæккæ кусгæйæ ныййафдзынæн, зæгъгæ, ахæм ныв фенынмæ дæр мæхи цæттæ дардтон. Нæхи цæхæрадоны чъылдыммæ ныххæццæ дæн. Нæ хæдзармæ иуцасдæр фæкастæн æмæ суа-

доны былты фæдæлæмæ кодтон. Цæхæрадон, мæгуыр, айфыц-цаг куыдæй ныууагътон, афтæмæй лæууыд. Æрмæст хæмпæлгæрдæг йæ куыст бакодта. Цыма йæм, хуыздæр хъацæн нæй, ахæмæй базылдысты, уый хуызæн дымгæмæ йæ сæрæй хъазыд. Мæ сыхæгтæй иу цъиуызмæлæг дæр уынджы нæ уыд. Уæвгæ мæлæты бирæ сыхæгтæ дæр нæ уыдысты. Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр — дыууæ. Иу — мæ дæллагфарс, иннæ — уыдоны хæдбакомкоммæ. Мæ фарсмæ зæронд ус цæры. Æргом дзургæйæ йæ «зæронд» рахонын дæр мæ цæст нæ уарзы. Фузæйыл цасфæнды азтæ куы рацæуа, уæддæр зæронд кæнын нæ бакомдзæн. Йæ хъæлдзæгдзинады фæрцы, йе 'взонг зонд æмæ хæлар зæрдæйы руаджы. Цал æмæ йæ цал азы зонын, фæлæ куыд уыди, афтæмæй лæууы. Йæ цардуарзондзинад нæ фæкъаддæр, йæ цыргъзонддзинадæй нæ ахауд, йæ цæстыты æрттывд нæ фæмынæгдæр. Азтæ йын йе 'ддаг хуыз кæй аивтой, йæ цыд кæй фæуæзбындæр, йæ къæхтæ раздæры хуызæн йæ коммæ кæй нал кæсынц, уый нымады нæу. Сæйрагдæр зæрдæйы хорзæх æмæ зонды сыгъдæгдзинад у, æмæ дзы Фузæйы дзадджын хай фæци. Уæдæ цы æртæ чызджы схъомыл кодта, уыдонæй иу йемæ кæй нæ цæры, уый дæр цæстмæ бадаринаг нæу, уымæн æмæ Фузæйы хуызæн сылгоймаджы къухæй æвзæр чызгæн рацæуæн нæ уыд. Хорз чызджы та йæ райгуырæн хæдзары бирæ нæ уадзынц, уайтагъд æй йæ цæрæн хæдзармæ афардæг кæнынц. Фæцыдысты Фузæйы чызджытæ дæр сæ амонды фæндæгтыл. Цæугæ кæд иугæйттæй фæкодтой, уæддæр дзы йæ цæгатмæ иунæгæй ничиуал æрцæуы. Сæ мадæлтимæ сæ мадымады бæрæггæнæг æрцæуынц Фузæйы бирæ хæрæфырттæ, æмæ уæд бинонты хистæр йæ азты уæз ницæмæуал фæдары. Йæ сæйраг мæт вæййы, уазджыты — кæд ахæм адæмæн «уазджытæ» схонæн ис, уæд — куыд тынгдæр сбуц кæна, ууыл.

Ногбонты мæ тæккæ сойгæнæны кары куы уыдтæн, Фузæ чындзы уæд æрцыди. Мах æндæр сыхыл нымад уыдыстæм, фæлæ-иу ардæм дæр æрхæццæ стæм, уымæн æмæ зыдтам, иуæй-иуты хуызæн нæм æнæракæсгæ кæй нæ фæуыдзысты, куы нæм ракæсой, уæд та нæ кæй барæвдаудзысты. Йæ лæг дæр йæхи хуызæн хæларзæрдæ æмæ адæмимæ цæрæг уыди.

Гъе æмæ та иу ногбонты Фузæты дуар дæр схостам. Йæ лæг нæм ракаст æмæ ныл йæхи хъæртæгæнæг скодта, афтæмæй йæ цæсгомыл тызмæгдзинады фæд нæ уыди. Нæ фæлæ цас

йæхи тызмæгдæрæй æвдисыныл архайдта, уыйбæрц йæхиуыл тынгдæр комдзог цыд, уымæн æмæ йæ мидбылхудт бамбæхсын дæр йæ бон нæ уыд. Æппынфæстаг хъæрæй ныххудт, хæйрæг уæ макуы бахæрæд, зæгъгæ, æмæ нын æртæ сомы радта. Уыцы рæстæджы уыдон стыр æхцатæ уыдысты. Стæй нын хъæуы дуканигæс йеддæмæ æхца чи хъуамæ радтаид!

Мæ зæххы хайыл хæдзар аразæг куы нæ федтон, уæд мæ уд ме ‘муд æрцыд. Тимæйы ныхæстæ та мæ зæрдыл æрлæууыдысты. Алкæд ницæйы тыххæй мæхицæн сæрнистæ кæй скæнын, уымæй мын раст фæзæгъы. Стæй мын, цы фæзæгъы, уый та мæнг никуы рауайы, афтæмæй та мæ йæ ныхæстæ, куы сæ фæдзуры, уæд нæ фæуырнынц. Райсомæй нæхицæй куы цыдтæн, уæд мын цытæ дзырдта — цытæ дзырдта, уыдон та иууылдæр раст рауадысты — уыдонмæ мæ фыртыхстæй хъусгæ дæр дзæбæх нæ кодтон. Ныр сæ радыгай куы мысыдтæн, уæд сыл бар-æнæбары æууæндын райдыдтон æмæ тæбæгъы доны уад кæй сыстын кодтон, уымæй разы нал уыдтæн.

Цæхæрадоны фыццаг рæстæджы гуыдыр æрцауыгътон, фæлæ йæ Фузæ куы федта, уæд мын бамбарын кодта, ам гуыдыр æвæрын ницæмæн хъæуы, зæгъгæ. Æз уыцы хъуыддаг дызæрдыггæнгæ кодтон, уымæн æмæ, цы хъæуы схъомыл дæн, уым цæхæрадон нæ, фæлæ хæдзары дуарыл дæр гуыдыр никуы ‘вæрдтой, стæй дзы сæфгæ дæр никæмæй ницы кодта. Æз дæр хæмпæлгæрдæгæн, мыййаг, нæ тарстæн, фæлæ, зæгъын, сывæллæттæй исчи дуар куы бакæна æмæ йæ гомæй куы ныууадза, фос мидæмæ куы бацæуой æмæ мæ сыхæгты цæхæрадæттæм куы баирвæзой. Фузæйæн дæр æй загътон æмæ, дам, мах æдзухæй дæр ам вæййæм æмæ, чи цы кæны, уый æнæуынгæ не стæм. Уæдæй фæстæмæ цæхæрадоны дуарыл гуыдыр нал сæвæрдтон.

Цæхæрадоны дуары гуыдырауындзæныл къæдз æфсæйнаджы гæбаз тъыст уыд, иуфарс æй фæзылдтон, æмæ дуар йæхæдæг æддæрдæм байгом. Хæмпæлгæрдæгæй дзы базмæлæн нæ уыд. Æнæкуыстгондæй кæй баззад, уый мæм тæригъæд хъуыддаг фæкаст. Иу бæлас, иу къудзи дзы уæд та куы нысгæтаин, уæд дзы цæуыл мæ цæст æрхæцыдаид, уый уæддæр уыдаид. Ныр та дзы цæмæй мæ зæрдæ барухс уа! Быруйы рæбын цалдæр балбæласæй? Æмæ сын, бæлæстæ сты, уый равзарæн дæр куынæуал ис. Фæдæгъды къудзиты æхсæнæй зынгæ дæр нал кæнынц. Дыууæ хатты бæрзонддæр бæргæ фæцыдысты, фæлæ

уæле дæр хъæддаг хуыз райстой. Æвæццæгæн, сæ куы нысcагъдæуыд — кæд хæдæвзæрд нæ уыдысты, уæд — уæдæй фæстæмæ æхсæст никуы ‘рцыдысты æмæ сæ уæлдай къалиутæ хæмпæлтæй арæзт уисæйтты хуызæн уыдысты. Фузæтæй мах арæнтыл чылауи æмæ балы хæдæвзæрд талатæ ауалдзæджы дидинæгæй мæлæты зад уыдысты, фæлæ мын Фузæ куыд радзырдта, афтæмæй апджын бæлæстæй иуыл дæр дыргъ нæ уыди. Чылауийæ, æхсынцъыйæ, балæй, курагайæ — сæ дидинæг, дам, сын уазал бахъыгдардта æмæ иууылдæр афонæй раздæр æрызгъæлд.

Фæстæмæ уынгмæ раздæхтæн. Нырма ныр бафиппайдтон, мæ зæххы ракомкоммæ кæрæй-кæронмæ дæр куыд сыгъдæг уыд, уый. Фыццаг куы ‘рбацыдтæн, уæд та дзы стуры фаджыс æмæ æнæуи быронæй адæймаджы цæст цæуыл не ‘рхæцыдаид, ахæм нæ уыд.

— Уазæг, алы бон æгас цу! — мæ хъустыл ауадысты Фузæйы ныхæстæ. Сæ дуармæ бадт, афтæмæй йæ æз не ‘рхъуыды кодтон. Æвæццæгæн, мидæмæ куы фæдæн, уый та уæд рацыди. Йæ бынатæй сыстад æмæ мæ цурмæ сцæйцыд. Æз дæр йæ ныхмæ араст дæн.

— Чысыл раздæр æрцыдтæн æз дæр æмæ куы никæцæй зындтæ, уæд мæхинымæр загътон, æвæццæгæн, зæгъын, сæхимæ нæй.

— Кæдæм ма цæуын æз та! — йæхи бынтондæр амæгуыр кодта Фузæ, афтæмæй йæ цы зианы нæ фендзынæ, ахæм нæй. — Уæртæ цæхæрадоны цыдæртæ архайдтон.

— Цæхæрадон дзы мæнæ ахæм куы нæ уа! — ацамыдтон, хæмпæлæй чи нал зынди, уыцы зæхмæ.

— Бакусдзыстут æй, — фæлмæн хъæлæсыуагæй ныфсæвæрæгау бакодта Фузæ. — Нырма дын нæма байрæджы. Æрмæст æй ацы фæззæг æнæхуымгондæй мауал ныууадз. Фæлдæхт мæр зымæджы миты бын куы фæлæууа, уæд уалдзæджы куыд æрфæлмæн уыдзæн, уый зоныс...

— Бацархайын хъæуы.

— Бацархай, бацархай. Хорз зæхх у. Иу-дыууæ машинæйы йæм фаджыс куы баласис, уæд æвзæр нæ уаид бæргæ.

— Иу къуым скæнын дзы мæ къухы куы бафтид æмæ—гъа...

— Скæндзынæ дзы, — æрдæбонæй ноджы фæлмæндæр æмæ лæгъздæр æвзагæй загъта Фузæ.

Йæ алы ныхас дæр адæймагæн цыдæр ныфсы хос фæвæййы.

Цыма, цæуыл тыхсын, уыдонæй иу дæр тыхсты аккаг нæу, Фузæйы ныхæсты фæстæ мæм цæмæдæр гæсгæ афтæ кæсын райдайы. Уыимæ йæ алы дзырдæй дæр цыдæр хъарм ракæлы, цы фæзæгъы, ууыл та лæгæн æнæбауæндгæ нæ вæйиы, уымæн æмæ йæ æвзаг æмæ былты æххуысæй нæ фæзæгъы, фæлæ зæрдæйæ.

Фузæимæ дзæвгар фæныхæстæ кодтам, афтæ йæ хистæр чызг æд сывæллæттæ фæзынд æмæ мидæмæ бацыдысты. Мæн дæр хуыдтой, фæлæ нæ бакуымдтон.

Ирон æфсармæн уæддæр ныммæлæн ма уæд! Фузæйы бакъуымы кодтон, уынг чи ныссыгъдæг кодта, зæгъгæ, фæлæ мын æргомæй ницы загъта. Дынджыр гæдыбæлæсты астæу стыр арт кæй уыд, уый дæр йæ бирæ фæныкмæ гæсгæ базыдтон. Æвæццæгæн, мæ хæдæфсарм сыхæгтæ сæхимидæг скарстой, ардыгæй фæстæмæ, ныронг нæ фарсмæ цы зæхх уыд, уымæн ног хицау фæзынд æмæ, нæ фос сæ фæстæ цы фæд уадзой, уый æфснаинаг у, стæй дзы æндæр бырон дæр хъуамæ мауал уа, зæгъгæ. Фосы фаджысы фæд дзы нал уыд, бырæттæ басыгътой, уынг ныммарзтой...

Фузæты бакомкоммæ чи цæры, уыдон дæлæсыхæй слыгъдысты. Æргом дзургæйæ, æз, цалынмæ ацы зæхх райстон, уæдмæ сæ бинонтæй иуы дæр нæ зыдтон: сæ хæдзары хицау ус, æз горæтмæ куы рацыдтæн, уæд ракуырдта. Чындзы кæм нæ зыдтон, уым нæ зыдтон йæ дыууæ лæппу æмæ чызджы дæр, афтæмæй та лæппутæ сæ лæджы кары бацыдысты, уæлдæр скъолатæ каст фесты, чызг та институты ахуыр кодта. Фыды, кæй зæгъын æй хъæуы, зыдтон, уымæн æмæ æмгæрттæ уыдыстæм, кæддæр иу къласы дæр ахуыр кодтам. Цалдæр азы размæ йæ зæрдæйæ амард... Дзæбæх кæстæртæ йын рахъомыл, сæ мады зæрдæхудт нæ, фæлæ хъæубæстæй иуы зæрдæхудты дæр никуыма бацыдысты. Уæвгæ сæ мад фæсауунмæ иуæй-иу хатт рахъаст кæны; уый дæр — лæппутæй, хъуыддаг, дам, нæ кæнынц.

Мад йæхæдæг нырма сæрæн у, фæлæ йæ йæ кæстæрты хорздзинад фенын кæй фæнды, уый тыххæй йæ азымы чи хъуамæ бадара! Æндæр, куы зæгъын, нырма йæ разæй иу хъуыддаджы дæр никæй ауадздзæн. Æрмæст йæ уæздандзинад дæр бирæйы аргъ у. Уый æз мæхиуыл дæр бавзæрстон.

Асæрды иуцалдæр æмбалимæ ардæм нæ фæллад уадзынмæ æрцыдыстæм æмæ нæ суадоны был бадгæ федта, æвæццæгæн, æмæ нæм хуынимæ ссыди. Кæй зæгъын æй хъæуы, мæ хæлæртты

раз мын ахæм æгъдау кæй скодта, уый мын æхсызгон уыд, фæлæ мæ æфсæрмы дæр бафтыдта, мæхицæй мын ницы хорздзинад зыдта, афтæмæй йæхи хæсджыныл кæй банымадта, уымæй...

Суадоны цурмæ ссыдтæн æмæ мæ зæрдæ бамæгуыр. Махмæ хæстæг бæрæзе иу ран йеддæмæ нæ зад. Нæ бакомкоммæ чи цард, уыдоны дæллаг фарс иу чысыл сакъадахгонды. Ныр, суадоны рахиз былгæрæтты уæлæмæ цы ахаста, уый нæ цæхæрадоны чъылдыммæйы онг лæджы бæрзæндæн бæрæзейы бын фæцис. Суадоны былты уæлæмæ ацыдтæн, æмæ-иу хæмпæлты кæм хуыйы хъох-хъох ссыд, кæм къæхты бынæй карчы базыры пæр-пæр райхъуыст, кæм та-иу гогызы æрдиаг ныццарыдта. Мæ кæддæры цъæх быдырмæ йæхи хуызæнæй ницыуал уыд. Æппæты фыццаг æй сæвидыц кодтой бæрæзетæ. Ноджы мæлæты бæрзонд фæцыдысты. Хæстæг бацæуын дæр сæм адæймаджы зæрдæ нæ тардта. Сæ æнахъинон тæфмæ зæрдæ хæццæ кодта. Нæ кæддæры цæхæрадоны кæрон бынтондæр фаджысдон фестад. Цы нæ дзы фенæн уыд, цы нæ: хъæццулы зæрæдтæ æмæ базы пырхæнтæ, сынтæджы сæстытæ æмæ куклайы сæртæ, хъазæны хæйттæ æмæ бандоны къæхтæ...

Кæддæр дон кæцæй хастам, уыцы суадон дæр сæ бынтон сыгъдæджытæй нал уыд, фæлæ уæддæр сызгъæрин цæппузыртæй зæххы бынæй æнхъæвзта. Иу ранæй нæ, фæлæ цалдæр ранæй. Рахизфарс æппæты стырдæр донгуырæн ис. Стырдæр æмæ ирддæр. Сыгъдæг змисы муртæ цыма зæххæй доны цæппузыртимæ лæбурынц, уый хуызæн æнæсцухæй бырсынц æмæ бырсынц. Рæсуг æмæ ихы къæртты хуызæн суадоны сæ гуыбыр фæсонтæй ленчытæ кæнынц уытъырнытæ. Цæмæндæр мæ бафæндыди донгуырæны арæнтæ фæуæрæхдæр кæнын, бындæр æй ныкъкъахын. Уымæн та кусæнгарзы сæр ницæмæн хъуыд, хуымæтæджы къухтæ дæр ын фаг уыдысты.

Мæ дыстæ батылдтон æмæ хуыр суадоны былмæ калын райдыдтон. Иу армы дзаг скалын, дыууæ ахæмы дзы фæстæмæ ныккæлы. Иу дур куы сæппарын, уæд змисæй, лыстæг дурæй йæ бынатмæ згъæлынмæ фæвæййынц. Уæддæр мæ куыст кæнын. Цас фылдæр скалон, уыйбæрц суадон арфдæр æмæ уæрæхдæр кæндзæн. Цы хуыр æмæ змис фæкалдтон, уымæй уæлбыл дзæбæх кæри рауад. Мæ куысты фæстиуджытæ фенын мæ æрфæндыд. Уымæн та рæстæг хъуыд. Цалынмæ змæст æрбадтаид, уæдмæ йын ницы раиртæстаис. Дзæгъæл лæуд кæнын

мæм нæ цыд æмæ мæхи Куыройыдоны цурмæ байстон. Галиуырдыгæй йыл цы чысыл суадон æфты, уый сæрты багæпп кодтон æмæ-иу, нæ сæныччытæ цы къуыбырыл хъазын уарзтой, уырдæм схызтæн. Цыфæндыйæ дæр нæ хъæуы фидауц гæдыбæлæстæ сты. Цалдæр километры дарддæрæй йæм куы кæсай, уæддæр æппæты фыццаг дæ цæст уыдоныл æрхæцдзæн. Уыдон сты йæ мæсгуытæ æмæ йæ тырысатæ дæр. Уæддæр фæстаг рæстæг сæ нымæц дзæвгар фæкъаддæр. Иуты дзы калгæ акодтой, иннæтæ та хуыскъ баисты. Мæ алыварс цы хæмпæлджын быдыр уыдтон, уый бынтон æндæрхуызонæй фенæн бæргæ ис. Куыройыдоны былгæрæтты, фондзыссæдзгай азтæй фылдæр чи цæры, ахæм бæлæстæ иу-дæс æмæ дыууиссæдзы уæддæр ныссадз, уæд адæймаг йæхи ном дæр сæнусон кæнид, æнусты дæргъы та бæлæстæ адæмæн циндзинад хæссиккой. Чи зоны, чысыл хъæды хуызæн дзы рауаид, йæ алыварс цы зæххытæ ис, уыдон та дзæвгар фæбæркадджындæр уаиккой, суанг ма дзы æндæрхуызон зайæгойтæ дæр фæзынид.

Кæннод далæ хиды дæллаг фарс, Куыройыдоны тæккæ былгæрон Сидæны кувæндон бæласы бынаты æндæр бæлас ныссадзынæн бирæ диссæгтæ хъæуы! Нæ хъæуы, фæлæ адæймагæй æрхъуыдыйы фæрцы иу æмæ дыууæ чысыл æмæ стыр хъуыддаджы нæ аирвæзы. Ахъуыды кæнгæйæ нын зивæгæй цыфыддæр знаг нæй. Уый гæрзæхсæнау нæ къæхтыл тыхсы æмæ нæ дугъ кæнын нæ, фæлæ иуæй-иу хатт къахдзæф кæнын дæр нал фæуадзы æмæ нæ мидбынат цоппай кæнын байдайæм...

Фæстæмæ суадоны былмæ куы 'рбаздæхтæн, уæд змæстæн йæ кой дæр нал уыд. Дон цалдæр ранæй цæппузыргай кæцæй æвзæрд, уыдоны нымæцыл цыма бафтыд, афтæ мæм фæкаст. Йæ къуырф куыд фæарфдæр, афтæ фæуæрæхдæр сты йæ арæнтæ дæр. Лыстæг хуыртæ уымæй размæ дæр урс уыдысты, фæлæ ныр тынгдæр сæрттывтой. Ахæм суадоны цур лæугæйæ лæгмæ нуазын æппындæр куы нæ цæуа, уæддæр дзы бануаздзæн. Мæ дыууæ армытъæпæны дзаг дзы сæх-сæхгæнгæ фелвæстон æмæ йæ цалдæр хуыппæн æхсызгонæн аныстон. Афтæ — цалдæр хатты. Уым дæлæмæ-иу æхсызгон сатæг хæсгæ ацыд. Кæддæры амонджын уысмтæ мæ зæрдыл æрбалæууыдысты... Уæд-иу мын армытъæпæн арæхдæр аивта нымæтхуд — стæй канд мæнæн нæ, фæлæ ме 'мцахъхъæнтæй алкæмæн дæр — фæлæ мæм мæнтæджы сыфæй къусгонд акæнгæйæ нуазын бирæ хуыздæр каст. Йæ фылдæр-иу зæххы хай баци, мæ

риуыл-иу фæдгæнгæ ацыд, хæдон-иу лæмарын бахъуыд, уæддæр-иу мæ былтæ мæнтæджы сыфæй нæ фæхицæн уыдаиккой. Лæг-иу йæхицæн йæ дойны басæттынхъом нал уыд. Фырзыд нызтæй-иу дын улæфт нал фаг кодтаид, уæддæр-иу дæ хъуырттытæн банцайæн нал уыдаид...

Фаллаг сыхаг лæппу дукани давды тыххæй ахæстонмæ бахауд. Ноджы иу дукани куы фæкъахтаид! Ахсгæ йæ иу дуканийы тыххæй æркодтой, фæлæ ма дзы æндæртæ дæр разынд. Уыцы хабæрттæ горæтæй — йæ хъуыддаг ын горæты æвзæрстой — хъæумæ куы 'рыхъуыстысты, уæд нæ сыхæгты лæг афтæ загъта: «Ныр тагъд рæстæджы ирон дон нал баназдзæн...»

Хистæр хистæр уымæн вæйиы, æмæ, кæимæ фæцæры, уыдонæй хæтæнты фылдæр ауайы, фылдæр фены æмæ бавзары. Мæ сыхаг зæронд лæг дæр ирон доны кой хуымæтæджы не скодта. Æвæццæгæн-иу æз мæ сабидуджы бон сауизæрмæ æрыскъæфты фæдыл быдырты рацу-бацу кæнынæй бафæллайыны фæстæ зæххы бынæй цæппузыртæ уадзгæ суадонмæ куы бафтыдтæн æмæ-иу залмысыфæй конд къусæй нуазынæй кæмæй нал æфсæстæн, Бимболат дæр-иу уыцы доны кой кодта.

Цæхæрадоны цурмæ та ныццыдтæн. Горæтæй ардæм цæмæн фæфæдис дæн, уый Фузæ куы базонид, уæд мыл худæгæй дæр амæлид, йæ зæрдæ дæр мыл фæхудид. Худæгæй мыл амæлид, мæ сæры ахæм хъуыдытæн бынат кæй разынд æмæ ницæйаг фынтыл кæй бауурæндыдтæн, уый тыххæй. Йæ зæрдæ та мыл фæхудид, мæ зæрдæ йыл кæй нæ дарын æмæ, æз æгас куы дæн, уæд дæ цæхæрадонмæ зулмæ дæр чи хъуамæ бакæса, зæгъгæ.

— Мæ зæрде ма цæугæ акодтай, — Фузæ та уынгмæ рацыди.— Дзагко та дæу агуырдта æмæ йын ацыдтæ, зæгъгæ, нæ загътон, фæлæ, зæгъын, ныртæккæ ам уыди.

Фузæйы, кæй Дзагко, зæгъгæ, куы бафарстон, уæд æм цæмæдæр гæсгæ мæ ныхæстæ диссаг фæкастысты æмæ мын мæхи фæрсынмæ фæци:

— Бирæ Дзагко-агурджытæ дæ вæйиы? — Æмæ йæхæдæг йæхицæн дзуапп дæттынмæ фæци: — Дæ хæрæфырт, мæ хур, дæ хæрæфырт. Уый дæ бирæ уарзы. Мæ рæзты цæугæйæ йæ машинæ ацырдæм кæд нæ 'рбазилы, ахæм заман нæма скодта. Ам нæ уыди, зæгъгæ, мæ æнæмæнг афæрсы.

Суадоны был лæугæйæ, иу заман мæ хъустыл машинæйы уынæр ауад, фæлæ, зæгъын, кæд уæлмæрдты былты цы хæдтулгæтæ згъоры, уыдонæй иуы гуыв-гуыв фæтынгдæр и,

зæгъгæ, афтæ банхъæлдтон. Æнæуи та мæм, Фузæйы дуармæ цы машинæ лæууыдаид, уый суадоны былæй нæ зындаид.

— Ам ма дæ, уый куы зыдтаин, уæд æй фæурæдтаин, — цыма, кæй нæ сæмбæлдыстæм, уым аххосджын уыди, уый хуызæн хатыркурæгау загъта Фузæ, — мæнмæ гæсгæ, къутутырдæм ацыди.

Къутутæ уæлмæрдты уæллаг фарс сты. Кæддæр дзы мус уыди. Мæнæуæй, хъæбæрхорæй, сысджыйæ — быдырты-иу цы хор æрзад, уый иууылдæр уырдæм ластой. Уыдис дзы цалдæр къутуйы дæр, æмæ сыл уыдоны ном сбадти. Къутутæ, мах Фузæимæ кæм ныхас кодтам, уырдæм дæр хорз зындысты. Сæ дуармæ цалдæр машинæйы лæууыди, фæлæ дзы Дзагкойы кæцы уыд, уый ничи раиртæстаид. Фузæйы ныхæстæ мын цыдæр ныфс фесты. Дзагкойыл кæй фембæлдзынæн, уый мæ бауырныдта, уымæн æмæ кæд къутутырдæм ацыд, уæд фæстæмæ йæ фæндаг Куыройдоны сæрты хидыл уыдзæн, æмæ æз дæр мæхи хъæугæрæтты уыцырдæм ныйистон.

Хур арвы астæумæ фæцæйхæццæ кодта, фæлæ мæм уæддæр кæсаг ахсын афон нæма каст, æмæ æртæ лæппуйы — иу-дыуадæс-æртындæсгай азтæ кæуыл цыдаид, ахæмтæ — сæ тæккæ хыз даргæйæ уыдысты. Дыууæйæ хиды дæллаг фарс дыкъухыг хызы хъæдтыл фæйнæрдыгæй хæцыдысты, æртыккаг та хиды уæллаг фарс даргъ хъилæй байбынтæ рæхуыста. Сæ хыз фелвæстой, фæлæ дзы тымбылкъухы йас хъуынайы гæбаз йеддæмæ ницы разынд. Мæн куы ауыдтой, уæд дон-дон дæлæмæ ацыдысты.

Ацы хиды сæрты бахизынмæ куы фæхъавын, уæд æнæмæнг мæ цыд фæсабырдæр вæййы. Цыма искæй куы райхъал кæнон, уымæй фæтæрсын, уый хуызæн фæлмæн къахдзæфтæй цæуын райдайын, хиды бын дон кæм фæмидæг вæййы, уый сæрмæ æрлæууын æмæ уылæнтæм мæ каст скæнын. Искуы-иу хаттæй фæстæмæ дзы æнæмæнг мæ цæст кæсагыл æрхæцы. Доны тæккæ цырены йе ‘ргом уылæнты ныхмæ саразы. Йæ къæдзил нырраст вæййы, йæ базыртæ доны уылæнты æмызмæлд байдайынц. Дæхи йæм куы нæ равдисай, уæд уылæнты ныхмæ йæ базыртæ ныппака кæнгæйæ лæудзæн, фæлæ дæ иугæр ауыдта, кæнæ дæ уынæр райхъуыст, уæд хиды бын фæмидæг вæййы æмæ, дзæвгар рæстæг йæхи нал равдисы.

Цалынмæ хидмæ хæццæ кодтон, уæдмæ лæппутæ, Сидæны кувæндон бæлас кæм уыд, уымæй дæр фæдæлдæр сты. Хиды сæрмæ та уыцы хъавгæйæ бацыдтæн, фæлæ ацы хатт мæ

фæндтæй ницы рауад. Чысыл раздæр дæргъæй-дæргъмæ хъилæй байбынтæ кæм рæхуыстой, уым ма балер кæсаг йæ зæрдæйы дзæбæхæн уылæнтимæ куыд хъуамæ хъаза! Фæлæ уæддæр мæ кæсын нæ ныууагътон. Цæстыл уадысты, ныртæккæ байбыны арфдæр хуынчъыты фыртарстæй йæ улæфт йæ зæрдæйыл кæмæн æмбæлы, уыцы балертæ.

Машинæйы уынæр мын мæ хъуыдытæ фескъуыдта. Дзагко мæ цуры фæурæдта.

— Цыдæр у, уæддæр дæ ивгъуыд бонтæ æрымысыдтæ, — йæ мидбылты худгæ мæм æрбацыд Дзагко.

Ахæм адæймæгтæ ис, æмæ сыл хиндзинадæй нæ фæгуырысхо уыдзынæ, гадзрахатæй рацæуынæй сæ нæ фæтæрсдзынæ, искæмæн сæ зæрдæ æвзæрдзинад зæгъы, уый дæ нæ бауырндзæн. Дзагко уыдоны номхыгъдмæ хауы. Мæнæн бирæ хæрзты бацыд, уый тыххæй нæ зæгъын. Фылдæр хорздзинæдтæ дзы чи зоны, ахæмтæ дæр бирæ ис. Мæ хæрæфырт кæй у, уый тыххæй дæр нæ зæгъын. Дæсгай нæ, фæлæ мын, чи зоны, фондзыссæдзгай хæрæфырттæ дæр ис, фæлæ дзы афтæ бирæтæй нæ загътон. Ноджы ма мæм афтæ дæр кæсы, цыма, Дзагкойы тыххæй, чи йæ зоны, уыдонæй æндæрхуызон ничи зæгъдзæн. Æмæ нæ фæрæдидзæн, уымæн æмæ æндæрхуызон зæгъджытæн фадæттæ ныронг дæр фæуыдаид.

Кæрæдзиуыл куыннæ хъуамæ бацин кодтаиккам, кæд æмæ мын Дзагкойы уынд куыд æхсызгон уыд, мæ уынд уымæн дæр афтæ æхсызгон уыд!

— Æз та сахатæй фылдæр дæу агурын...

Мæ сахатмæ ‘ркастæн, æмæ мæ нымадмæ гæсгæ, куы ‘рцыдтæн, уæдæй нырмæ сахатæй бирæ фылдæр нæма цыд æмæ йын æй бамбарын кодтон.

— Æмæ дæ æз, ардæм куы нæма ‘рхæццæ дæ, уæдæй нырмæ агурын. — Дзæбæх æй кæй не ‘мбарын, уый, æвæццæгæн, мæ цæсгомыл бакаст æмæ мын йæ хъуыды фæбæлвырддæр кодта: — Æрыдойнæгтæ демæ иу автобусы цыдысты æмæ мæм уыдон, сæхимæ дæр нæма бацыдысты, афтæ хæрзæггурæггаг фесты, дæ мадыфсымæры, дам, федтам.

— Æмæ мæ æрыдойнæгтæ цæмæй зонынц? Стæй дæуæн цы бавæййын, уый та сын чи загъта?

— Æрыдойнæгтæ алцыдæр зонынц.

— Фузæ мын загъта, Дзагко, дам, дæ агуры.

— О, раздæр цæхæрадонмæ бауадтæн. Уым куы нæ уыдтæ,

уæд, æвæццæгæн, Темырхъанмæ ис, зæгъгæ, къутутæм ацыдтæн, фæлæ дзы де ‘рдхордæн йæхи дæр нæ баййæфтон...

Темырхъан та йæ халсарты фæстæ рахау-бахауыл уыдзæн, æндæр цы! Ацафон уæлдай æнæвдæлондæр вæййы. Пъæмидортæн се ‘рзайын кæнын иу хъуыддаг вæййы, фæлæ сæ бахъахъхъæнын æмæ бафснайын фылдæр сагъæсты бафтауы адæмы. Фæйнæрдыгæй ныхилджытæ æфсарм нал фæзонынц. Хъæуы фос гæппæввонгæй фæлæууынц. Уæдæ Ирыстоны алы хъæутæ æмæ горæттæй Темырхъанæн канд йæхи хæстæджытæ æмæ зонгæтæ нæ, фæлæ уыдоны хæстæджытæ æмæ зонгæтæ дæр базмæлынц. Иууылдæр ме ‘рдхордмæ фæцæуынц, уымæн æмæ уый бригад йеддæмæ халсарты куыст ничи кæны. Уæлдай тынгдæр фесгуыхынц йæ пъæмидортæ. Сæ кой дардыл дæр уымæн айхъуыст. Иуæй-иу хатт сæм кæд хæлæг нæ бакæнын, нæ хъæуы пъæмидорты хуызæн хъуыстгонд куы уаин, уæд мæ æнæхъæн Ирыстон дæр зониккой, зæгъгæ. Æмæ, куы зæгъын, Темырхъаны та ныртæккæ йæ фындз амæрзынмæ дæр не ‘вдæлдзæн. Мæхи дæр æм уый тыххæй не ‘вдисын. Æнæ мæн дæр йæ хъыгдарджытæ фагæй фылдæр кæй уыдаиккой, уый мæ уырныдта. Дис ма йыл цæуыл фæкæнын — иуы зæрдæхудты дæр никуы бацыд. Цæуынц æмæ йæм цæуынц. Ласынц æмæ ласынц. Иу фæззæг æмæ дыууæ фæззæджы нæ, фæлæ бирæ азты дæргъы. Æрмæст мæхæдæг æм цал хатты æрцыдтæн æмæ йæм цал адæймаджы æрæрвыстон, уал хорзы мæ уæд!

— Суадоны был бафæстиат дæн, — загътон мæхи растгæнæгау.

— Хæрзаг зынаргъ дын сты ацы бынæттæ...

— Тынг зынаргъ...

Машинæйы сбадтыстæм. Фузæйы уæллаг фарс цæхæрадонмæ бацæуæн дуары цур æрурæдтам.

— Мæ зæрды бирæ цыдæртæ ис, фæлæ нырма æххæст цæттæ нæма дæн, — загъта Дзагко æмæ, сæ къалиутæ хус кæнын кæмæн райдыдтой, уыцы ставд æмæ бæрзонд гæдыбæлæстыл йæ цæст ахаста. — Адон дæр калын хъæуы, уæддæр бирæйы фаг нал сты.

Хистæртæй куыд хъуыстон, афтæмæй кæд гæдыбæлæстæ арвыл æнцадысты æмæ сыл æртæ лæджы кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ нæ аххæссыдаиккой, уæддæр сыл бирæ нæма цыд. Хæсты размæ сæ ныссагътой. Иу адæймаджы бæрц дæр нæма фæцардысты æмæ хус кæнын райдыдтой, афтæмæй, цы зæххыл зайынц, уый ницы хъуаг у. Уæдæ суадон дæр сæ рæзты кæлы.

Суадон сæ рæзты кæлы, фæлæ йæ уавæр мæ зæрдæмæ нæ цæуы, алы быронæм бакалдтой æмæ йæ хуыз бынтондæр аивта. Кæддæр лыстæг балер кæсæгтæ кæм цъыллинджытæ кодтой, уым хæфсытæ фæфылдæр сты. Йæ былгæрæтты ма суанг алыхуызон згъæрæй конд дзаумæтты сæстæгтæ дæр фæзынди. Уыдон æрæмбырд кæнынæн бирæ рæстæг дæр нæ хъæуы, стæй дзы зынæй дæр ницы ис. Иугæр мын мæ зæххы хайыл, æхсæвиуат кæм бакæнон, ахæм бынат фæзынди, зæгъгæ, уæд мæ никæй æххуыс бахъæуид. Суадон, йæ гуырæнæй суанг Куыройыдоныл кæм бафты, уыйонгты цæхæртæ скалын кæнин. Сыгъдæгдзинадуарзаг балертæ йæм кæддæрау еугæф калынмæ куыд цæуой. Бæрæзетæн та сæ бынæй рухс суадзин. Иу уидаг дæр дзы нал ныууадзин æмæ та раздæры хуызæн цъæхнæуу йæ бынат бацахсид.

Дзагко дзæвгар рæстæг ницыуал сдзырдта. Цыдæр хъуыдыты ахæсты кæй уыд, уый æмбæрстон æмæ йæ нæ хъыгдардтон. Нæ мæ хъыгдардта уый дæр.

— Ацы суадон дæр афтæ кæлынæн æвгъау у, — загъта æрæджиау Дзагко, цыма йæхинымæры хъуыдытæ дарддæр хæццæ кодта, уыйау.

— Йæ раздæры хуызæнæй йæм ницыуал ис.

— Уый асыгъдæг кæнынæн ницы хъæуы, фæлæ мæнмæ æндæр фæндтæ ис, — æмæ та хъуыдыты аныгъуылд.

Цавæр фæндтæ йæм ис, уый базонынмæ мæхи æрцæттæ кодтон, фæлæ дарддæр ницыуал сдзырдта.

Суадоны гуырæнмæ хъусæй фæцыдыстæм.

— Кæсæгтæ хъомыл кæнынмæ амæй хуыздæр ран зын ссарæн у, — загъта та Дзагко. — Дæлæ хидыл кæм æрбахызтыстæм, уымæй йæ чысыл уæлдæр æрцауаз æмæ, ам дæлæмæ цы къуырфау ацыд, уый байдзаг уыдзæн. Йæ арф ронбастæй фæуæлдæр уаид. Уыцы уазал æмæ сыгъдæг доны балер æппындæр ницы хъуаг æййафид.

Дзагкойы ныхæстæй мæ зæрдæ барухс. Æцæгæйдæр, донвæд йæ былты онг байдзаг, зæгъгæ, уæд дзы диссаджы балердон рауаид. Хæрдзтæ та йыл, зæгъæн ис, æмæ ницы бахъæуид. Дзагко хид кæй схуыдта, уый гæдыбæлæсты бын суадон рахизырдæм кæм азылд, уыцы ран ис. Суадонæй уырдæм та балерæн йæ уæнгтæ айвазынæн дзæвгар фадæттæ уаид...

— Тыхсгæ ма кæн, — зæрдæтæ мын авæрдта Дзагко. — Кæд Хуыцауы фæнда, уæд истытæ саразын нæ къухы бафтдзæн...

Дзагко мæн дæр йæ хъуыддæгты архайæгыл кæй нымадта, уымæй мын мæ зæрдæ балхæнынмæ хъавыд, æндæр ын мæнæй цæй æххуысгæнæг уыд! Фæлæ йын уæддæр йæ ныхæстæм æхсызгонæй хъуыстон. Адæймаг истæмæ куы тырна, исты дæр йæ къухы уæд бафтдзæн. Дзагкойы та, æрмæст тырнгæ чи кæны, ахæмæй нæ зыдтон. Иугæр йæ дзыхæй ныхас ссыд, уæд уымæй размæ дзæвгар ахъуыды кæны.

— Хæдзæрттæ дæр дзы аразын хъæуы, — мæ фæндты тæккæ ахсджиагдæрмæ Дзагко дæр бахæццæ. — Чысыл-ма банхъæлмæ кæс. Кæд мæ фæндтæ мæхи фæндиаг ацæуой, уæд нæ никæй æххуыс бахъæудзæн... — æмæ та ног йæ мидхъуыдыты ацыди.

Дзæвгар ма фæныхæстæ кодтам. Сæхимæ та мæ хуыдта, фæлæ йын сæфсон кодтон, горæтмæ мæ ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл дыууæ сахатмæ цæуын хъæуы, зæгъгæ. Æрыдонмæ мæ йæхи машинæйы баласта.

— Уæд та ам исты комдзаг скæн, — йæ рестораны дуармæ ма мæм иу хатт æрхатыд Дзагко. — Уæдæ æххормагæй куыд цæуыс?

— Ныртæккæ нæхимæ уыдзынæн...

XIII

Хæстæджытæ алы адæймагæн дæр бирæ вæййы, фæлæ дзы алчи зæрдæмæ хæстæг нæ фæлæууы, кæд фæлæууы, уæд та иухуызон хæстæг нæ. Хъулæттæ мады гуыбыны кæм ис, уым дзы хæстæджыты æхсæн куыннæ уыдзæн! Эльбрус мæ хæрзæфсымæр нæу, стæй суанг мæ фыдыфсымæры лæппу дæр, фæлæ мæ фыдыфыдæн йе ‘фымæры лæппу. Уыимæ Эльбрусæн йæ фыд æмæ мæ фыдыфыдæн, кæд сæ фыд иу уыди, уæддæр сæ мадæлтæ хицæн уыдысты. Нæ хæстæгдзинад, чи зоны, искæмæ дæрддзæфгомау фæкæса, фæлæ мæнмæ мæ дардгомау хæстæг мæ бирæ хæстæгдæр хæстæджытæй хæстæгдæр у. Уды сыгъдæгдзинадæй, зæрдæйы парахатæй, æнæхин æмæ æнæуæлдай ми кæй у, уымæй. Сæрмагондæй зæгъын æмбæлы йæ уæздандзинады тыххæй. Йæ алы уæнджы алы æгъдау ис, зæгъгæ, æвæццæгæн, ахæм адæймаджы тыххæй загъта иккой æппæты фыццаг нæ фыдæлтæ. Эльбрусæн йæ мад æмæ йæ фыд дæр адæмæн адджын уыдысты. Чи сæ зыдта æмæ кæй астæу цардысты, уыдоны цур сæ кой куы рацæуы, уæд сæ æхсызгонæн æрымысынц. Æз сæ дыууæйы дæр æрæййæфтон,

фæлæ арæх не ‘мбæлдыстæм æмæ сæ уымæ гæсгæ хорз нæ зыдтон. Мæ чындзæй уæздан ныхæстæ мæ зæрдыл бадардтон.

Иу хатт Мызурыбын — Эльбрусы ныййарджытæ уырдæм Бадыхъæуæй æрлыгъдысты æмæ сæ амæлæты онг уым фæцардысты — фембæлдыстæм, кæд ма исты хъуыды кæнын, уæд — зианы — æмæ мын бирæ ныхæстæ фæкодта. Цæуыл дзырдтам, уыдон мæ иууылдæр ферох сты, æрмæст дзы иу ныхас мæ зæрдыл бадардтон, цалынмæ цæрон, уæдмæ мæ нæ ферох уыдзæн. Сидзæрæй, дам, баззадыстут æмæ уæм нæ къух ницæмæй фæхæццæ. Хатыр мæ куырдта; афтæ кæй рауад, уымæй йæхи къæмдзæстыгыл нымадта. Уæвгæ та йæ хатыр курын дæр нæ хъуыд, къæмдзæстыг дæр ницæмæй уыд. Хохæй быдырмæ кæд исчи хæдзар дардта, уæд — тынг зынтæй. Стæй сæхæдæг махæй бирæ хуыздæр цардаиккой, уый дæр мæ зынæй бауырныдтаид, уымæн æмæ мах æххуысхъуаг куы уыдыстæм, уæд æххуысхъом адæмтæ афтæ стæм уыдысты, æмæ сæ боныгон цырагъы рухсмæ агурын хъуыд. Уыдонæй нæм тугæй хæстæгдæр чи уыд, стæй нæм цæргæ дæр æввахсдæр чи кодта, ахæмтæ суанг нæхи хъæуы дæр уыдис, фæлæ нæ хæдзары къæсæрæй дæр никуы ‘рбакастысты, цы фестут, ме ‘рвады гæбæзтæ, зæгъгæ, дæр дзы никуы ничи загъта æмæ уыдонæй дæр куы никуы рахъаст кодтам, уæд Уæлгæйы — афтæ хуынди Эльбрусы мад — цас æфсæрм уыд, йæхи афтæ цæмæй хордтаид?! Фæлæ та ацы ран дæр фыдæл раст уыд, лæг адæмæй хæс дары, зæгъгæ. Хæстæг хæстæгæй та ноджы фылдæр хæстæ дары, æмæ Уæлгæ дæр уымæн карзæй дзырдта йæхи ныхмæ.

Уæдæй нырмæ бирæ азтæ рацыд, фæлæ мæ Уæлгæйы ныхæстæ абон дæр тавынц, сывæллонау мæ рæвдауынц. Цыма нын æцæгæйдæр исты хорздзинæдтæ куы фæуыдаид, уæд мæ ферох уыдаиккой кæнæ та сæ афтæ æхсызгонæн нæ мысин, афтæ мæм фæкæсы. Суанг ма афтæ дæр ахъуыды кæнын, кæд, зæгъын, фæстæдæр мын йæ лæппу цы хæрзты бацыд, уыдоныл йæ зæрдæ дардта, ома мах уын кæй ницы фестæм, уый Эльбрус баххæст кæндзæн, зæгъгæ. Кæд æцæг афтæ у, уæд халонау йе уæны каст, уыдис æм, кæддæр цы ‘рцæудзæн, уый рагацау зоныны курдиат.

Эльбрус æрдзæй гæрзарм рахаста. Куыд дзурынц, афтæмæй, дам, йæ фыд дæр къухæй рæвдз уыди. Иу ныхасæй, æз мæ фыды фырт куыд разындтæн, Эльбрус та йæ фыды фырт афтæ разынд. Æрмæст æз мæ фыды фырт мæ хъæдын къухæй ра-

зындтæн, уый куыд ницæмæ арæхст, афтæ æз дæр рæстмæ зæгæл ныкъкъуырын дæр нæ базыдтон.

Æмæ мын цы нæ куыст бакодта Эльбрус! Ног фатер-иу куы райстон — мæ фатер ивгæ та мын цалдæр хатты æрцыди — уæд-иу Эльбрус къуыригæйттæ хæдзар нал зыдта. Цалынмæ-иу мын мæ дуæрттæ æмæ рудзгуытæ аивта, хæцæнæй, гуыдырæй-иу сын цыдæриддæр хъуыд, уыдон сæвæрдта, уæдмæ-иу æнцой нал ссардта. Æмæ-иу ын йæ зæрдыл йæ мады ныхæстæ æрлæууын кодтон. Никуы-иу ницы сдзырдта, фæлæ-иу ын, мæнмæ гæсгæ, æхсызгон уыд, йæ ныййарæджы-иу ын кæй æрымысыдтæн, уый дæр, стæй йын йæхи фæллойæн дæр ахæм стыр аргъ кæй скодтон, уый дæр.

Эльбрус Бадыхъæуы схъомыл. Йе ‘рыгон бонтæ уым арвыста, æз та мæ фыдæлты райгуырæн бæстæ, зæгъæн ис, æмæ æрыхъусæггагæй зыдтон. Дыууæ æви дзы æртæ хатты зианы фæдыл уыдтæн, æндæр йæ къуылдымтæм никуы схызтæн, мæ фыд кæм райгуырд, йæ бирæ фыдæлтæ цы зæххыл цардысты, уым никуы ‘рлæууыдтæн, цы донæй нызтой, уымæй дыууæ боны фæд-фæдыл никуы банызтон, сæ фос цы уæлвæзты хызтысты, уымыты никуы æрзылдтæн, фæндгæ та мæ кодта. Мæ цымыдисдзинадыл ма мын не ‘рвадæлты лæг дæр бафтыдта. Архивты, дам, цымыдисаг æрмæг ссардтон. Цы мын радзырдта, уыдонæй мæм æппæты диссагдæр фæкаст мæ фыдæлты райгуырæн хъæуы равзæрд. Ме ‘рвады ныхæстæм гæсгæ Бадыхъæу равзæрд мин æртæсæдæ нæуæдзæм азы! Цыппæрдæсæм æнусы кæрон! Æхсæз æнусы размæ!

Фыццаг мæм бирæ фæкастысты уыцы азтæ, стæй бирæ уæвгæ дæр уыдысты, фæлæ цымæ зæххыл Бадыхъæу куынæма уыд, уæд та кæм цардысты мæ фыдæлтæ? Æхсæз æнусы мæм цæмæдæр гæсгæ бирæ нал кастысты, уымæн æмæ æхсæзфондзыссæдз азы размæйы хабæрттæ арвау æнæкæрон арфы ныгъуылынц, сæрбæрæгау сын къæдзил бæрæг нæ уыд æмæ мын уыцы хъуыды азты бæрц бирæ хонын нал уагъта.

Цыфæндыйæ дæр мæ фæндыди Бадыхъæу хæстæгдæр базонын, йæ уæлдæфæй йын зæрдæйы фаг сулæфын, йæ къæдзæхты сæрыстырдзинад банкъарын, йæ æрдзы рæсугъддзинадæй мæхи иу хатт уæддæр бафсадын. Уыцы хъуыддаджы та мæ зæрдæ Эльбрусыл тынг дардтон. Мæ хъуыды йын куы бамбарын кодтон, уæд ма мыл иуцасдæр дис дæр фæкодта, ныронг, дам, мын цæуыннæ искуы загътай. Куыддæр сæрд йæ тæмæны бацæуа,

афтæ, дам, ацæудзыстæм, зæгъгæ, мын зæрдæ бавæрдта æмæ æз дæр æнхъæлмæ кастæн.

Иуахæмы мæм телефонæй æрбадзырдта. Мæ хъуыды нæ аивтон, уый куы базыдта, уæд мын хæстæгдæр сабаты кой скодта, кæд, дам, æвдæлон дæ, уæд ацæуын æвзæр нæ уаид. Куыд баныхас кодтам, афтæ сабаты ацыдыстæм. Бирæ ногдзинæдтæ базыдтон. Федтон, мæ фыд кæм райгуырд, уыцы... куыд æй схонон, уый дæр нæ зонын, уымæн æмæ мæ фыд кæм райгуырд, уымæн хæдзар схонæн нал уыд.

— Хъæды астæу куыд цардысты? — бафарстон Эльбрусы.

— Уый ныр схъæд. Раздæр æм бæлас æввахс дæр нæ уыди, фæлæ дзы цæрæг куынæуал и — Бадыхъæу, æвæццæгæн, Бад хонын растдæр уыдзæн, уымæн æмæ дзы хъæу нал и — уæдæй фæстæмæ сæгæндæг.

Цæрæг кæм нал ис, уым, чи зоны, æппæты растдæр уыдзæн уæлмæрдтæм бацæуын. Кæйдæрты дзы сæ цыртытыл фыстытæй зыдтон æмæ сыл-иу, кæд нæлгоймагæн мардыл къух æвæрын не ‘мбæлы, уæддæр мæ къух авæрдтон, кæд сæ уазал ингæнтæ сæ байзæддаджы армытъæпæны хъармæй иучысыл уæддæр фæхъармдæр уаиккой, зæгъгæ. Бацыдыстæм Эльбрусы мад æмæ фыды ингæнты цурмæ дæр. Эльбрус сын сæ кæрдæг тонынмæ фæци. Зæгъгæ йын ницы кодтон, фæлæ йæ цыма дзæгъæлы тыдта, афтæ мæм фæкаст. Æрдзон уавæрты ингæнтæ хуыздæр фидыдтой — кæд ингæнтæй афтæ зæгъæн ис, уæд.

— Ам кæмдæр мæ фыдымады ингæн дæр ис, — загътон Эльбрусæн! — Мæ фыдыхо Дзерассæ мын æй куыддæртæ амыдта, фæлæ йæ афтæ амонгæйæ чи ссардзæн?..

Эльбрусы кæд тынг фæндыди мæнæн баххуыс кæнын, уæддæр йæ бон ницы баци, уымæн æмæ йын хъуамæ æз баххуыс кодтаин, æз та ахæм рæтты бынтон æгуыдзæг дæн æмæ дарддæр ацыдыстæм.

— Къуыццелы лæгæты кой рагæй хъуыстон, æрмæст æй уынгæ никуы фæкодтон. Афтæ йæ цæмæн хуыдтой, уый дæр нæ зыдтон æмæ дзы Эльбрусы куы бафарстон, уæд мын загъта:

— Къуыццел не ‘рвадæлты чызг уыди.

— Æмæ исты Къуыццел чызджы ном у?

— Уæдæ йæ нæлгоймаджы ном æнхъæлдтай? Къуыццел уыди мæ фыдыфыды хо.

— Мæнæн та?

— Дæуæн та иу «фыд» дарддæр: дæ фыдыфыдыфыды хо...

— Бæстæ «фыдтæй» байдзаг. Æмæ уыцы лæгæт дард у?

— Хæстæг нæу, фæлæ дæ кæд фæнды, уæд æм бацæудзыстæм.

— Сидæны бынмæ куы цыдыстæм, уыцы хабæрттæ дын нæ дзырдтон?

— Дзырдтай.

— Ахæм дард балцы цæуынмæ зивæг кæнын.

Эльбрус йæ сахатмæ ‘ркаст, йæхимидæг цыдæртæ анымадта æмæ ныфсджын хъæлæсæй загъта:

— Цæуæм, нырма рæстæг ис.

— Хæхтыл æм бæрзонд хизын хъæуы?

— Хизын дзы никуыдæм хъæуы. Фæндагыл ис.

Фæндаг, раст зæгъын хъæуы, хорз уыдис. Æрмæст комы куыд арфдæр цыд, афтæ йæ хæрдыл æфтыд.

Иу сахат æмæ æрдæджы бæрц куы фæцыдыстæм, уæд тæрсын райдыдтон, — нæ фæндагæн йæ кæрон тагъд куы нæ разына, уымæй, фæлæ иуахæмы Эльбрус æрлæууыд æмæ, рахизырдыгæй цы дынджыр къæдзæх-дур уыд, уымæ бацамыдта:

— Уартæ дын Къуыццелы лæгæт.

Мæхинымæр бацин кодтон. Чысыл раздæр цы хъуыдыты ахæсты уыдтæн, уыдон фæйнæрдæм лидзынмæ фесты. Арвмæ скастæн æмæ хуры йæ тæккæ астæу лæугæ куы ауыдтон, уæд мæм фæстæмæ здæхыны кой нал уыд, уымæн æмæ ахъуыды кодтон суанг цъитийы рæбынмæ бацæуыныл дæр.

Кæдæм цæуæм, уый куы базыдтон, уæд дзы мæ цæст нал истон. Къуырфауы бауайгæйæ-иу æй нал уыдтон æмæ-иу мæм цæмæдæр гæсгæ афтæ каст, цыма йын фесæфынæй тас у æмæ та-иу мæм цалынмæ разынд, уæдмæ мæхицæн æнцой нал ардтон. Фæстаг хатт æй дзæвгар рæстæг нал уыдтам, афтæмæй та йæм мæ хъуыдымæ гæсгæ хъуамæ хæццæ дæр-ма бауыдаиккам. Æрæджиау уæлбылмæ схызтыстæм æмæ, мæм дардæй дынджыр дуры æнгæс чи фæкаст, уый нæ цуры уæйыджы хуызæнæй разынд. Дзæбæх æм æркæстытæ кодтон æмæ дзы лæгæты хуызæнæй ницы федтон. Мæхинымæр афтæ дæр ахъуыды кодтон, кæд, зæгъын, Эльбрус фæрæдыди.

— Ай дын Къуыццелы лæгæт.

Уæддæр ма гуырысхо кодтон æмæ Эльбрусы бафарстон:

— Æмæ йæм лæгæты хуызæнæй куы ницы ис...

— Лæгæтмæ бацæуæн ссарын хъæуы.

Эльбрус хæмпæлтæ æмæ къудзиты æхсæн къæдзæхмæ

фæндаг агурыныл фæцис. Иуцалдæр къахдзæфы куы бацыди, уæд æз дæр мæ бынатæй фезмæлыдтæн. Сидæнмæ фæндаг мæ зæрдыл æрлæууыд. Куыддæр фæндагæй иуварс ахызтæн, афтæ дзы къæдзæх-дуры рæдзæгъдтæ йеддæмæ, къах æдæрсгæйæ цæуыл æрæвæрдтаин, ахæмæй ницы уыд. Ноджы хæмпæлтæ цалынмæ дæ къухæй фæйнæрдæм ассыдтаис, уæдмæ размæ иу къахдзæф нæ акодтаис. Эльбрус мæм къæдзæхрæбын дзыхъхъауæй дзуры:

— Мæнæ ам тæссаг æрхизæн у æмæ арæхстгай архай.

Пысырайæ, уагъæлыйæ, мæцкъуыйæ чи кæцы уыд, уый хæйрæг дæр нæ равзæрстаид. Эльбрус къæдзæхы чъылдыммæ бацыд. Æз дæр тыххæй-фыдæй йæ фæдыл цæуыныл архайдтон. Дзыхъхъауæй куы сирвæзтæн, уæд мæм Эльбрус разынд. Уый обаугондыл лæууыд æмæ къæдзæхы бынмæ каст. Йæ фарсмæ æрлæууыдтæн æмæ ауыдтон, йæ бацæуæн цыппар метры фæтæн кæмæн уыд, ахæм лæгæт. Мидæмæ цæйбæрц арф уыд, уый мæм нæ зынд æмæ хæстæгдæр бацыдтæн. Нæ та йын федтон йæ рæбинаг къуым. Йæ бахизæны цур дзуццæджы æрбадтæн æмæ федтон, дыууæ хайæ арæзт кæй уыд, уый. Сæ къуымтæ алайæ сау дардтой. Бынæй дзы цæхгæрмæ æмæ дæргъмæ кæрæдзимæ æнгом æвæрдæй лæууыдысты кауы михтæй чысыл ставддæр хъилтæ. Дзæвгар рæстæг сыл кæй цыд, уый сæ дæрдвæдыл бæрæг уыд.

— Ацы лæгæты цур-иу нæ фыдæлтæ фос дардтой, — дзырдта мын Эльбрус, йæ фыдæй кæй фехъуыста, уыцы хабæрттæ. — Къуыццел та сын хæринаг кодта; сæ дзаумæттæ сын æхсадта, иу ныхасæй, сылгоймаджы куыстытæ иууылдæр уый æккой æвæрд уыдысты. Æхсæвиуат дæр-иу ам кодтой. Къуыццел, дам, чындзы дæр нæ ацыд. Йæ цард фыдæбонджын адæмæн нывондæн æрхаста. Йæ фылдæр рæстæг дæр ам æрвыста, æмæ фæстагмæ лæгæт дæр йæ номæй хонын райдыдтой.

Дзæвгар азтæ рацыд, Къуыццел куы цард, уæдæй нырмæ. Къорд фæлтæры ацыдысты йæ фæдыл се ‘нусон фæндагыл, фæлæ уыдонæй бирæты нæмттæ зонгæ дæр ничиуал кæны, Къуыццелы ном та цæры. Чи зоны, ахæм рæстæг ралæудзæн, ацы лæгæты ном куынæуал зоной. Æмæ уым диссагæй ницы уыдзæн, уымæн æмæ рæстæг йæ фæлмы бын ноджы номдзыддæр лæгты нæмттæ фæкодта, фæлæ мын уæддæр æхсызгон уыд, мæ зæронд хойы кой кæй нæма фесæфт æмæ мæн онг уæддæр кæй æрхæццæ. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ кæсы,

цыма лæгæтыл йæ ном хуымæтæджы нæ сæвæрдтой. Къуыццелы размæ дæр бирæ дæсгай æнустæ лæгæт куы уыди, уæд æй æндæр искæй номæй цæуыннæ рахуыдтой? Æвæдза, рæстæджы чиныджы сыфтæ фæстæмæ фæлдахын райдай æмæ Къуыццелы дугмæ рахæццæ у, уæд бирæ цыдæртæ рахъæр уаид. Ацы лæгæт мæ зæронд хойы — кæд зæронд нæ уыди, уæддæр Хуыцау йæ зонæг — ном кæй хæссы, уый куыд зонæм, афтæ йын базониккам йæ царды хабæрттæ дæр, фæлæ, хъыгагæн, уыдон æрмæст бæллицтæ сты, бæллицтæ æмæ æцæгдзинад та фылдæр хатт кæрæдзимæ арв æмæ зæххау дард вæййынц.

Эльбрусы ма бæргæ фæндыди, лæгæты тыххæй-ма мын исты бæлвырд хабæрттæ куы радзырдтаид, уый, фæлæ уый дæр мæнæй хуыздæр уавæры нæ уыд æмæ фæстæмæ фæндагмæ рахызтыстæм.

— Цъитимæ ма дард у? — бафарстон Эльбрусы.

— Ой, Хъазыбег, раст дын куы зæгъон, уæд бафæлладтæн...

Йæ ныхмæ сдзурын ницыуал бафæрæзтон, уымæн æмæ иугæр Эльбрусы дзыхæй ахæм ныхæстæ схауд, уæд ыл æууæндын хъуыд. Уый хуымæтæджы хъуыддæгтæй йе ‘нæхъаруйыл нæ басастаид.

— Фæндыди мæ, цъити ма дын куы фенын кодтаин, уый, фæлæ мæ зæнгты хъару нал и... Мæхи афтæ лæмæгъ никуы æнкъардтон.

Эльбрус, цыма мæ разы стыр аххосджын уыди, дзырдта ахæм хъæлæсы уагæй. Æз та дзы æфсæрмы кодтон, кæд уыйонгты дæр зынæй ссыди, зæгъгæ.

— Ацы хатт мын хатыræй фæуæд...

— Цы хатыртæ курыс, цыма æнахуыр адæм стæм æмæ кæрæдзийы фыццаг хатт уынæм. Тынг хорз балцы рацыдыстæм. Ныр фæстæмæ здæхын афон дæр у.

— Фæстæмæ нæма здæхæм. Дæумæ гæсгæ бынтон афтæ æрлæмæгъ дæн? Фæлæ дын æргом куы зæгъон, уæд цъитимæ мæ ныфс нал хæссын. Стæй ныл куы банафон уа, уымæй дæр æдас нæ дæн.

— Афтæ дард æнхъæл ын нæ уыдтæн, æндæр дæ фæрсгæ дæр нæ бакодтаин.

— Иучысыл нæ фæллад суадзæм, фæйнæ къæбæры дæр ахæræм, кæд дæ фæнды, уæд, — дзуры мæм Эльбрус.

Комы куы фæуæлæмæ кодтам, уæд Бады дон афтæ сæрбихъуыræйттæгæнгæ тахт, æмæ йæ хъæрмæ хъустæ къуырма кодтой.

Йæ уылæнтæй дæ кæцыфæнды куы ацахстаид, уæддæр дзы аллабиллатæй нал раирвæзтаис. Къуыццелы лæгæты цур та дзæвгар æртæнæг. Раст зæгъын хъæуы, йæ уынæрæй ам дæр комы сабырдзинад халыныл нæ ауæрста, фæлæ йæ хъæлæс æрра хъæрмæ дард уыд. Кæд исты зæрдыл лæууын кодта, уæд — зарæг.

Дон комы дæлæуæз баззад. Йæ фæд ставд æмæ лыстæг дурæй нæ зынд. Иууылдæр — хæрзæхсад, афтæмæй донмæ дард уыдысты. Æвæццæгæн, ивылд куы нæ вæйиы, уæд йæ арæнтыл ахæцы æмæ стыр донæй агæпп ласы. Æнæивылдæй та къада дон зæрдыл тынгдæр лæууын кодта.

Йæ цуры дзуццæджы æрбадтыстæм æмæ нæ къухтæ æхсын райдыдтам. Цъитийæ куы раирвæзт, уæдæй нырмæ дзæвгар фæндæгтыл фæцыд, фæлæ йæ уазал нæ фæкъаддæр, йæ сыгъдæгдзинадæй нæ ахауд. Цыма ахæм доны къухтæ æхсын тæригъæд у, афтæ мæм каст. Уæвгæ цæй æхсад æмæ цæй цыдæр! Доны сатæгмæ нæхи ирхæфстам. Мæ цæсгомыл дæр ма дзы скалдтон. Фаллаг фарс замманай дынджыр дур уыд, æмæ уый ауон баулæфын сфæнд кодтам. Иннæ фарсмæ бахизæн ссардтам æмæ йыл дыууæйæ дæр æнцонæй багæпп кодтам. Хур йæ тæккæ æндавгæйæ уыд, фæлæ дуры ауон иучысыл куы абадтыстæм, уæд нæм сатæг æгæр дæр ма бахъардта. Ноджы доны уылæнтæ дурыл сæхи ахæм тыхцæф кодтой, æмæ-иу йе ‘ртæхтæй иуæй-иутæ суанг махмæ дæр æрбахæццæ сты. Иучысыл-ма ауоны абадтæн, стæй мæм хурмæ лæууын хуыздæр фæкаст, æмæ рухсмæ мæхи райстон.

Сæумæрайсомæй нырмæ кæсынæй кæмæ нæ бафсæстæн, æрдзы уыцы нывтыл та ногæй мæ цæст ахастон. Æвæдза, арв æмæ зæххæн кæрæдзийæ фæхицæнгæнæн куыд нæй, æвæццæгæн, афтæ æнæфæхицæнгæнгæ сты хæхтæ æмæ цæргæстæ дæр. Цыма, уалæ мæ сæрты цы цæргæс фæтæхы, æнæ уымæй Бадыхъæуы бæрзонддæр хох Фæсфидар нал сфидауид, афтæ мæм кæсы. Стæй канд Фæсфидар нæ, фæлæ иннæ хæхтæн дæр цыдæр нал фаг кæнид, нæзыхъæд фæхстæ æмæ кæрдæгæмбæрзт къуылдымтæ цæсты нал ахадиккой, æхсæрдзæнты хъæлæс фæмынæгдæр уаид...

Цал æмæ цал фæлтæры бауазæг кодтой ацы айнæг къæдзæхтæ сæ дæлбазыр! Цал æмæ цал дзæбидыр æмæ сычъийы дзуджы схъомыл кодтой сæ сойджын кæрдæгыл, цæмæй мæ фыдæлты фыдæлтæ æмæ уыдоны бирæ фыдæлтæ ацы æнæзæхх бæстæйы сыдæй ма амардаиккой æмæ сæ байзæддаг мæны онг æрхæццæ уыдаид!

Цыфæндыйæ дæр æрмæст рæсугъддзинадæй цæрæн нæй, цæст цы уына, уый фаг нæу фæлтæр фæлтæры бæттынæн. Сæрыстыр цæргæсы уынд адæймаджы зæрдæйы рæсугъд æнкъарæнтæ æвзæрын кæны, цъитийæ ратæдзæг доны уынæр ын уæнгроггæнæг хос у, арвы цъæх æм бæрзонддæр рындзтæм сиды... Айнæг къæдзæхы алы тигъ дæр лæгæн æхсызгондзинад хæссы. Фæлæ адæймаг æрмæст зæрдæйæ конд нæу. Цæмæй æнæрцæф зæрдæ æмæ уæззау зонд æмгуыст кæной, уый тыххæй бирæ фæрæзтæ хъуыди. Уыдонæй та мæгуырау хай уыди амы цæрæг адæмæн, æмæ сæ фылдæр хатт сæ уæзæджы рæсугъддзинадыл цин кæнынмæ не 'вдæлд. Цы аргъæутты бæстæйы цардысты, уый сын æрвылбоны æцæгдзинад æнкъарын нæ уагъта... Сæрды тæмæны, кæй зæгъын æй хъæуы, ацы æрдзæн æмбал нæй: иуæй, рæсугъд у, иннæмæй — хъæздыг, сырдæй дæр æмæ зайæгойæ дæр. Йæ фæззæгмæ дæр ын бахæлæггæнæн ис: цы йæ бакастмæ, цы йæ бæркадмæ, фæлæ йæ даргъ æмæ уазал зымæг, йæ æрæгмæцæуаг æмæ кадаваркъух уалдзæг! Уыдон уыдысты бирæты фарсыл мæгуыры хызын æфтауджытæ, уыдон-иу фæкодтой адæмы сæхимæ хъусыныл. Уæддæр нæ хæхтæй хъуамæ бузныг уæм, уымæн æмæ уыдон уыдысты нæ ирвæзынгæнджытæ, уыдон басгуыхтысты ирон адæмы мæсгуытæ æмæ дзылаттæ, гæнæхтæ æмæ фидæрттæ. Нæ хæстмондаг фыдæлтæ скæсæнæй ныгуылæнмæ цы тугæйдзаг фæндæгтыл фæцыдысты, уым хæхты хуызæн дæргъвæтин рæстæг сæ къонаты сæрмæ фæздæг никуы бафæстиат, кæцæй цæуынц æмæ кæдæм тырнынц, ууыл асагъæс кæныны фадат сын никуы фæци, уымæн æмæ сæ хъама сæ сины сæр тъыстæй дардтой, цæугæцард кодтой, цæугæйæ та, куыд æмбæлы, ахæм цардæй никуыма ничи фæцард. Æртæфондзыссæдз азы йеддæмæ нæ цæрæм æмæ уый тыххæй хæдзæрттæ цы аразæм, зæгъгæ, нарты адæмы бафæзмыны бæсты лæгæтты чи цард, уыцы гуымирыты хуызæн хъæутæ æмæ сахартæ аразыны мæт никуы бакодтой, разагъды адæмтау зонды тыхæй архайыны бæсты фылдæр архайдтой цонджы тыхæй æмæ иуæй-иумæ дæр уымæн фæцыдысты. Цагъды уæлдæйтты ма хæхтæ бауазæг кодтой, сæ арфдæр кæмтты сæ бамбæхстой, сæ талынг цъассытæ сын æргъæу галуантæ басгуыхтысты. Хъуыддæгтæ аразæг Хуыцау у æмæ, æвæццæгæн, уый бафæндыди йе сфæлдыст адæмы гагадзагъдæй бахизын, сæ равзæрдæй куыд амонджын уыдысты, сæ кæрон сын афтæ æнамонд ма скæнын. Афтæ куы нæ

уыдаид, уæд, хæхбæсты йæ сæр чи бафснайдта, уыдон дæр се ‘ннæ ‘мтуг-æмыстæг адæмау зæххы къорийы алы кæрæтты ныппырх уыдаиккой æмæ сæ фарн, се ‘гъдæуттæ æмæ се ‘взагимæ сæхæдæг дæр фесæфтаиккой. Фæлæ Хуыцау куыдзы коммæ нæ кæсы: нæ бакаст Дунесфæлдисæг æгъатыр рæстæджы коммæ æмæ нæртон адæмы сæрыстыр æмæ хивæнд фæдонты дæлимоны фæндиаг нæ фæкодта: фæндаг сын бацамыдта, сæ быныхъæр кæцæй нæ райхъуыстаид, се ‘взаг æнæвнæлдæй кæм баззадаид, се ‘нæлаз æгъдæутты фæрцы Хуыцаумæ кувæг адæмæй кæм баззадаиккой, ахæм бæстæмæ. Æрмæст уый тыххæй дæр хъуамæ Уæллагæй арфæгонд уæм, æрвылбон ын йæ ном арæм, табу йын кæнæм...

Цымæ нæ фыдæлтæ æндæр фæндагыл куы ацыдаиккой, уæд сæм цавæр хъысмæт æнхъæлмæ кастаид? Афтæ мæм кæсы, цыма мæ фыдæлтæ нæ, фæлæ уыдоны фыдæлты фыдæлты мыггаг дæр раджы сыскъуыдаид, æмæ æз абон Бады доны был сатæджы нæ лæууин æмæ дардыл хъуыдытыл не схæцыдаин, уымæн æмæ фыддымгæ æндæр рæттæм кæй фæхаста, уыдоны хал ахæрыны бæсты не ‘ргом сарæзтам, амонд нæм йæ къух кæцæй тылдта, уыцырдæм. Нæ туг, не стæг дæр сыгъдæгæй уый фæрцы баззадысты. Сыгъдæгæй баззадысты не ‘гъдæуттæ æмæ не ‘взаг, нæ фарн æмæ нæ фæтк...

— Уæд та сихор скæниккам? — мæ хъуыдыты хал мын аскъуыдтой Эльбрусы ныхæстæ.

Цыма мæ мæ адджын фынæй атындæуыд, уый хуызæн фæдæн. Мæ алывæрстæ ахъахъхъæдтон. Эльбрусæн ма дуры фæстæ æнхъæл уыдтæн æмæ уыцырдæм акастæн.

— Мæнæ дæн, — дзуры мæм иннæ фарсырдыгæй.

Нæ хæринæгтæ, æртæхтæ кæдæм нæ хæццæ кодтой, уыцы ран æрæвæрдтам æмæ уайтагъд нæ фынг арæвдз. Эльбрус æнæуи куыд уæздан у, фынджы уæлхъус дæр — афтæ. Йæ гуыххæлæй мæ-иу дисы бафтыдта. Ностимæ дæр лымæн нæу. Лымæн, зæгъгæ, иу, фылдæр-фылдæр æртæ баназы, уый фæстæ лæгъзтæ кæнынмæ фæвæййы, мауал мæм æрхат, зæгъгæ, фæлæ мæ ныр дисы бафтыдта: иу дæр фæстæмæ нæ аздæхта. Уæвгæ нуазгæ дæр цастæ бакодтам: Хуыцау æмæ Уастырджийы ном ссарыны фæстæ бæркад загътам æмæ комы фæуырдыг кодтам.

Цыма æнæуынгæ дымгæ адæймаджы фæсонтыл размæ хæцыд, уый хуызæн даргъ санчъехтæ кæныныл нал ауæрстам. Кæд цыфæнды фæллад уыдыстæм, уæддæр нын иуварсæй кæсæг

нæ фæлмæст нæ раиртæстаид. Иуцасдæр куы рауадыстæм, уæд Эльбрус æрлæууыд æмæ мæ бафарста:

— Фæйнæ лæдзæджы ракæниккам?

— Нæ дæ бауырндзæн, фæлæ мæнмæ дæр ахæм фæнд фæзынд.

— Кæннод уырдыг адæймаджы фæцæйхæссы, — фæразæнгарддæр Эльбрус. — Лæдзæг та уæддæр æмбалы хуызæн у.

Æцæгæйдæр, лæдзæгимæ цæуын дзæвгар фенцондæр. Иу фæз бынатмæ куы ныххæццæ стæм, уæд Эльбрус æрлæууыд.

— Иучысыл аулæфæм? — бафарста мæ Эльбрус. — Æви дæ нæ фæнды?

— Куыннæ мæ фæнды! Стæй ма мын ноджыдæр истытæ радзур, кæд дын æппæт хабæрттæ уæлæмæ цæугæйæ конд нæ фесты, уæд.

— Уыдон бонмæ дæр дзырд нæ фæуыдзысты, — дзуапп радта Эльбрус, стæй раздæр хурмæ скаст, уый фæстæ — йæ сахатмæ, иучысыл хъусæй алæууыд æмæ загъта: — Нырма рæстæг ис. Уæлæмæ цæугæйæ дæр дæ фæрсинаг уыдтæн, фæлæ мæ æрбайрох... Искуы урс мæнæргъы бахордтай?

— Хæргæ нæ, фæлæ йæ уынгæ дæр никуы фæкодтон.

— Уæдæ цом, уæлæ уыцы къуылдыммæ схизæм.

Доны галиуварсты фæхæрд кодтам. Эльбрусæн, урс мæнæргъы кæй никуы федтон, уыцы хабар фехъусын йе уæнгты ног тыхтæ бауагъта æмæ уыцы разæнгардæй мæ разæй цыди. Бынæй кæсгæйæ мæм къуыбыр хæстæг фæкаст, фæлæ æмхæрд къулыл хизын куы райдыдтам, уæд нал æмæ нал хæццæ кодтам. Иуцалдæр хатты нæ æрлæууын бахъуыд.

— Алы аз дæр-иу ардæм цыдыстæм. Урс мæнæргъы æндæр рæтты дæр зайы, фæлæ амæй арæхдæр никуы у, стæй — хæрзаддæр.

— Кæд æм хур тынгдæр кæсы?

— Æвæццæгæн. Стæй, мæнмæ гæсгæ, йæ зæххы хъæд дæр хуыздæр у...

Мæ фæллад дæр мæм нал хъардта, урс мæнæргъы фенынмæ афтæ тырныдтон. Хъæлæрдзыйæ цы зæгъыс, уый зæгъ, фæлæ мæнæргъы иу хуыз йеддæмæ никуы федтон. Чи зоны, сырх мæнæргъыйы фарсмæ сау дзедырæг сфидыдтаид, уымæн æмæ æддаг бакастæй æнгæс сты, фæлæ сырх мæнæргъыйы цур урс мæнæргъы... Ахæм ис, нæй, ууыл ахъуыды кæнын мæ зæрды кæрон дæр никуы ‘рæфтыдаид, фæлæ йæ ныр, æнхъæлдæн, æмæ уынгæ дæр фæкæндзынæн. Уæвгæ мæ уыцы хъуыддаг кæронмæ нæма уырныдта. Тарстæн, исчи йæ не ссыдмæ куы

'ртыдтаид, уымæй. Ме уæнджы мигъ бадт, къуыбырмæ куы схизæм æмæ дзы иу гагайыл дæр куы нæ сæмбæлæм, уымæй. Ахæм уаваræн та æфсæнттæй фылдæр цы ис: йæ зайæн аз нæ уыд, йæ афон аивгъуыдта... Фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй, цæмæй тарстæн, уыдонæй иуæй дæр тæрсын нæ хъуыд. Урс мæнæргъы сæййæфтам йæ тæккæ цæттæйæ. Æддаг бакастæй мæм хохаг сырх мæнæргъыйæ ставддæр фæкаст. Куы дзы фæхъæстæ дæн, уæд мæ уæнгты цыдæр æхсызгондзинад ахъардта. Йæ хæрздæф æмæ ад баиу сты. Цыдæр æнахуыр дунейы мæ балæууын кодтой. Афтæ ма дзедждзыны тæфмæ Дзыццайы уæлибæхтæ æмæ карчы бас æрбаймысын, æваст мæ сабидуг мæ цæстытыл ауайы, æхсызгондæр уæвæн нæй, ахæм æнкъарæнтæ мæ зæрдæйы уидæгтæ базмæлын кæнынц. Ахæм тæф цыма раджы, тынг раджы мæ фындзыл ауад, ахæм хæрзад дыргъæй дæр цыма раджы кæддæр фæхъæстæ дæн, афтæ мæм фæкаст. Къудзитыл зилгæ ацыдтæн. Мæнæргъыйы алы бæласыл дæр дыууæ-æртæ дыргъæй фылдæр нæ уыд. Уыимæ иууылдæр — цæттæ. Урс тута рæгъæдæй цы хуызæн вæййы, раст сын уыд ахæм хуыз.

— Раздæр куы 'рбацыдаиккам, уæд йæ тæккæ арæхæй уыдаид.

Эльбрус та ам дæр йæхи къæмдзæстыгыл банымадта. Нæ балцы размæ йæм цæмæдæр гæсгæ афтæ каст, цыма æхсæр йæ тæккæ арæхæй уыдзæн, фæлæ бæлæстыл иу æхсæр дæр не 'рбайййæфтам. Нæ размæ йæ тонæг кæй фæци, канд уый тыххæй нæ: йæ афон аивгъуыдта. Бæлæстыл ма цы иуæй-иу нæмгуытыл æмбæлдыстæм, уымæй бæрæг уыд, æхсæр кæй фесгуыхт. Иу кæлмхæрд дæр дзы нæ разынд. Уæдæ йæм ставд æмæ дзагаппæй дæр зæрдæ не 'хсайдта. Ныр урс мæнæргъыйыл дæр афоныл куы нæ сæмбæлдыстæм, уæд Эльбрусы æфсæрм бацыди. Ахæм заман фырнымд адæймаджы фарсмæ æрбалæууын удыбæстæ у æмæ йын загътон:

— Мæнæн сæйрагдæр урс мæнæргъы мæхи цæстæй фенын уыди æмæ йæ федтон. Цы тæф æмæ цы ад кæны, уый дæр базыдтон æмæ дын уый тыххæй стыр бузныг зæгъын. Зонджын лæджы загъдау, мыд адджын кæй у, уый базоныны тыххæй та дзы боцкъайы дзаг хæрыны сæр ницæмæн хъæуы. Уымæн уидыг дæр фаг у.

Эльбрусимæ ма иуцасдæр къудзитыл азылдыстæм, стæй фæстæмæ фæндагмæ ныххызтыстæм. Урс мæнæргъы кæд тынг стæм уыди, уæддæр дзы цалдæр армыдзаджы æртыдтон, зал-

мы сыфы сæ батыхтон æмæ сæ арæхстгай мæ дзыппы нывæрдтон. Цыма цыкурайы фæрдыг аныхъуырдтон кæнæ Дзæм-дзæмы донæй фæхъæстæ дæн, мæхи афтæ æнкъардтон. Мæ мæнæргъыйæдзаг къухтæм-иу куы басмыстон, уæд-иу æхсызгон улæфт мæ къæхты бынмæ ныххæццæ, ме уæнгтæ-иу базыртау сæхиуыл схæцыдысты, бумбулийы уæз дæр-иу нал кодтон.

XVI

Æхсæвы Мызурыбын баззадыстæм. Эльбрусы мадырвадæлтæ нæ нал рауагътой. Райсомæй куы сыстадыстæм, уæд æппæты фыццаг мæ зæрдыл æрбалæууыд урс мæнæргъы. Кæцæйдæр мæм цыма йæ тæф æрбакалд, афтæ дæр мæм фæкаст. Мæ къухтæм сысмыстон, фæлæ уымæйразмæ цалдæр æхсады чи фæци, уыдонæй ма цæй мæнæргъыйы тæф хъуамæ ракалдаид! Хуыцау хорз, æмæ мемæ цы мæнæргъытæ рахастон, уыдон мæ дзыппы уыцы æфснайдæй лæууыдысты. Нæхимæ куы 'рцыдтæн, уæд дзы бинонтæй алчидæр фæхъæстæ. Мæнæн та, Бадыхъæуы дзы цы бахордтон, уый дæр фаг уыд, уымæн æмæ мын урс мæнæргъы Фыдыбæстæйы ад скодта, Фыдыбæстæ та мæм урс мæнæргъыйы хуызæн фæкаст.

1997 — 1998 азтæ

ДЖУСОЙТЫ Марат

АРТЫ ФАРСМÆ

* * *

Хох у ныр дæ рахизæн къæсæр,
Нал бæллынц дæ фенынмæ кæмдæр,
Хорз уазæг дæр нал хизы дæ кæртмæ.
Ды кæныс бынтон дзæгъæлы хъыг,
Дым, гормон, дæ къонайы фæнык
Æмæ схъау сындæг арты цæхæртæ.

Иунæгæй кæм-ма кæныс æнкъард,
Ныр дæуæн дæ хуыздæр лымæн — арт,
Æмæ дын дæ зæрдæ дары хъæлдзæг.
Адардтой мæллæг уадултæ сырх.
Калы арт хуылыдз сугтыл йæ пырх,
Уазал ирдгæ — арвыл та йæ фæздæг.

Къæхты бын рыгмит кæны хъыррыст,
Нал дæ уадзы ракæсынтæ хъызт,
Карз у рæстæг, судзгæ дымгæ тъизы.
Арт дын тавы де стджытæ, дæ царм,
Стæй æнкъарын райдайыс, йæ хъарм
Зæрдæмæ дæр цадæггай куыд хизы.

Тав æй уæдæ, фесаф ын йæ рис,
Царды уазал ахастæй йæ хиз,
Басудзæнт дæ цæхæры фыдхинтæ,
Низ æмæ фыдбылызтæ фæсур.
Æхсæвы уынг фестад цыма фурд, —
Дымгæ сисы урс уылæнтæ митæй.

Уым хъызы, дæ пецы арт хуыссы,
Æмæ хъармы хуыссæг дæу бырсы,
Æви кæд фæтых ис цард æвзæрыл.
Зынджытæ нывзалы вæййынц — сау,
Бады цыма цъæх фæнык чырсау
Бонæй-бонмæ арæхдæр дæ сæрыл.

Нал ивæзы артдзæстæй æвзаг...
Фаг фæдæ дзæгъæлдзуйæ дæр, фаг,
Бадыс ныр фæныкгуызæй — æгадæй.
Ма ныххуыссæд уды зынг æрмæст,
Цалынмæ цæст æрттива — дæ цæст,
Домыс иунæг уыцы хорзæх цардæй.

* * *

Салд зæхх æгасæй зыгъар у,
Хуымтыл хырыз мит цæстгай.
Зæрдæ цыренгæнæг хъару,
Чердæм фæлыгътæ тæргай?

Хæристыл урс халас бады,
Ихы цыма сты дæвдæг.
Халон йæ сонт хъæлæс фады,
Бæстæ дзы сваййы уынгæг.

Боны æрхæндæг мыл бафтыд
Сабыр, фыдцъылыс куыдзау.
Уæнгтæ куыд хауд ысты, афтæ
Хъуыдытæ иууыл — уæззау.

Нал зыны тарф бæстæ мигъæй,
Нал кæны зæрдæ æргом,
Æмæ йын афтæ у ихæн,
Уынджы куыд æргъæвст у бон.

Хивæнд, кæцæй кæсы коммæ,
Дары æмбæхстæй цыдæр,
Æхсæв куыд баззайы бонмæ
Фæнычы норстæй цæхæр.

* * *

Фæззæг у, уæдæ цы,
Ихсыд у зæхх, быгъдæг...
Хуыссæг дыл бон хæцы
Арты фарсмæ хæстæг.

Уаты — дзæбæх, дуду.
Бæстæ — хуылыдз, æргъæвст.
Цæй-ма, дæ гæпп куыд у? —
Зоны дæ уд æрмæст.

Тарфы ныгъуылд дæ къуым,
Фæнык хæссы цъæх рыг.
Фараст фæззæджы уым
Зæрдæ æмбæхстæй схъыг.

Нæй дзы æндæр фæрæз,
Афтæ æрзылд хъысмæт.
Нал хæссы хъуыды рæз.
Домы дæ, домы мæт.

Уазал къæвдайы сыг —
Рудзынджы цæсты бын.
Артдзæсты тайы зынг
Æмæ дæ удрæбын.

Нæй дын æмгъуыд æндæр,
Ссарын ма хъæуы тых,
Цалынмæ ма кæмдæр
Зынджытæ дарынц сырх.

* * *

Арв сæуцъæхæй фæхъæстæ.
Сæр ма базыл æруадз.
Хъусты айзæлы: рæстæг
Ныр цæуыл æрцыд хардз?!

Рудзынг чидæр ныххоста,
Аззад хъарм дзыхъхъæй баз.
Сау цæвæгимæ «хосдзау»?
Уды бацыдис тас.

Ныр мæ мурты — мæ исы
Сонтау агурын апп.
Рæстæг ахызт æмбисæй,
Нæй мæм афтæмæй дзуапп.

* * *

Хуссайраг, сайраг къуыдайраг,
Фыдбонтæ æвзарæг, байрай!

Фыдбонæй та цух кæд уыдтæ,
Цы дын нымайон дæ фыдтæ...

Мыд дын ныччынди цæгаты,
Дæхи бæстæ та хъæууат у.

Фæхæссыс дæ сæр сæргойæ,
Уæзæг хæссæн нæй æккойæ.

Дæ рæсугъд бæстæй сæхицæн
Хуытæ куы скæной хизæн...

* * *

Мигъдалынг, дымгæхæццæ сæлфынæг,
Уазал сыг цæнкуыл фæрвы æхсы.
Оххай-гъе, ныддаргъ та ныл нæ зымæг,
Боны хорзмæ уалдзæг дæр кæсы.

Салд сыфтæр хуылыдз мæрыл ныддæвдæг,
Баихсыди фароны фæсал.
Нал цъæх кæны сау къуыбыртыл кæрдæг,
Нал кæны йæ тарфæй бæстæ хъал.

Уазал æмæ талынг у мæ къæсы,
Арты хъармæй нал тæфсы мæ уд.
Зæрдæмæ дæр рухсы цъыртт нæ кæсы,
Ахæстау — уынгæг æмæ æнуд.

Райхъал уыдзæн зæхх, фæлæ кæд уыдзæн?!
Дондыппыр хих рафтаудзæн къуыбар,
Æмæ кæд хъыг зæрдæ дæр йæ хуызæн
Рауадзид фæлмæн рухсы æвзар.

Уыцы ныфсæй — удмидæг — æрмæстдæр,
Ныр мæхи цæуыл дарон æндæр?
Аивгъуыдта хорз афон, дæ рæстæг,
У дзы ныр æцæгæлон дæ сæр.

Барæй цыма базгъалы æртæхтæ
Рудзынгыл æрра дымгæ æваст.
Нал быхсы æнтъыснæг бонтæ зæрдæ,
Æмæ хъуырмæ схæццæ вæййы маст.

ГУЫЦМÆЗТЫ Алеш

ДÆ ЧЪЫЗГÆ УАРЗТ

Куыд рæсугъд у ирон хъæуты, тызмæг мигъты æртхутæг салд пакъуытæй куы фезгъæлы æнхъæлцау зæхмæ, æмæ æргъæвст цъиуты удисæн цъыбар-цъыбурмæ стонг чъырттым бæласы саггомы куы фестъæлфы! Цавæр æнагъæддаджы удылтæфсæг музыкæ вæййы кæмдæр митæвæрд хъæдæй стад бирæгъы ниуынмæ хъæуты æфсæст куыйтæ куы сæйттæйтт кæнынц! Кæнæ та сæрдыгон! Æрæвæр-ма дæ цæстыты раз: къахыр зæххы гæбæзтыл чъызгæ лæдæрсы мæйы мидбылхудт, дымгæ уыгæрдæнты къулвæрстæй хæссы хъарм хосы тæф. Уæле кæмдæр арвы дæлдоны, къæмдзæстыг зæгъинæгтау, стъалы стъалымæ уайсады, сæ рог фæлмæн рыг згъæлы дæ райгæ зæрдæйыл! Науæд райсом хурыскастмæ уæрыччытæ бæгъбæгъгæнгæ сæ мæдты куы фæагурынц, хъуг дымст фæздонимæ фæсус хъæлæсæй куы фæуасы йæ дуцæгмæ, галтæ уæззау сынæр куы фæцæгъдынц. Арвы цъæх æхсыры хъæрмуст фынчы тæф хæссы. Йæ хуры хъарм та бынтон æндæр цыдæр æгъуыстаг тынтæ нывæнды, уæлдæфы батайы дидинджытæ æмæ сыфтæрты тæф, къæвда æмæ арвæрдыны хуызтæ, дон æмæ дурты схъиуды уынæр.

Æппæт уыцы фæлдурæджджын фидауцимæ уарзы Æвдинæ дæр ирон хъæу. Æвдинæ ма уарзы ноджыдæр, изæрырдæм фæлмæн къæвдайы æртæхтæ сабыр гом рудзгуыты æвгтыл куы фæлæдæрсынц, стæй сæумæйы хурыскастыл кæрдæджыты хъæбысы утæппæт æртæхтæ æмхуызон хæрдгæ тынтæ куы фæнывæндынц. Уæд, йæ къæхтыл гомбырынкъ дзабыртæ бакъуыргæйæ, фæтезгъо кæны хъæдабæ нæууыл. Йæ гом къæхтыл æртæхы уазалæй йæ риуы райгуыры æгæрон цин, æмæ фæхъуысы, ирд райсомы сатæг куыд æвæлмонæй сайы цинæфсæст мæргъты цъыбар-цъыбур.

Бонræфтæм ныккæсы хъæхъхъаг хур, æмæ хатæны дæр иттæг зын вæййы улæфынæн. Уæд Æвдинæ, йæ дæларм чиныг æмæ исты уæлæфтау райсгæ, рацæуы стыр сусхъæды бынмæ. Бæласы бын аууоны уæлдæф вæййы сатæг æмæ рог. Æвдинæ уæлæфтау йæ быны бакæны, рафæлдахы чиныг, фæлæ фыстытæй йæ хъуыдыйы ницы баззайы, æмæ та уæд, чиныг иуварс аппаргæйæ, йæ цæстæнгас фæхæссы æнæныннывгонд алæмæттаг нывтыл. Йæ алыварс бæласæй хауæг тымбылзылд аууон хæссы уазал улæфт. Аууоны кæræттæм æртасыдысты сыфтæræхгæд къалиутæ, къалиуты сæрмæ ноджыдæр къалиутæ, ноджыдæр, ноджыдæр... Æнæнымæц мыдыбындзыты гуыв-гуыв æнæфыст симфонийы зæлтæй зæлы чызджы сæры. Аууон æдде та хус уæлдæфы боны тæвд тæлфы мигъвæлмæй.

Æппæт уыцы æгомыг зæлтæй зæлæг фидауц афтæ зынаргъ уыд Æвдинæйæн, æмæ ныр, иунæгæй талынг хатæны хуысгæйæ цин кодта, уæддæр йæхи фæндыл кæй ацыд, йæ моймæ кæй нæ байхъуыста. Уый та йæ курортмæ æрвыста. Йæ мойæн цыдæр йæ удхæссæг у хъæуы. Хæдзар балхæныны тыххæй дæр дæлæуæлæ кодта, нæ йæ фæндыд, фæлæ Æвдинæ хин фæндыл нылæууыд, зæнæг рацæуынæн, дам, хъæууон уæлдæф тынг æххуыс кæны, æмæ уæд уый дæр бар-æнæбары сразы.

Ныр иунæгæй сатæг хатæны хуысгæйæ, зæрдæйы дзæбæхæн хъуыды кодта, куыд адджын сты сабыр æхсæвтæ. Æрымысыд йæ чызгон бæллицтæ, æгъуыссæг æхсæвы йæ тæвд æнкъарæнтæй уæфт хъуыдытæ, æмæ стырзæрдæйæ худт чызджы рог сæнттыл.

Фæндыд æй ноджыдæр исты æрымысын йæ чызгон сæнттæй. Йæ зæрдыл æрлæууыдысты иу кæнæ иннæ læппуйы сæрбæрзонд цæстæнгас, се стъæлфгæ цæстыты хъуызгæ мидбылхудт, мысыд ноджыдæр, ахæм мидбылхудты фæстæ-иу æхсæв йæхицæн цы рæсугъд фæндтæ нывæста...

Æмæ афтæ, сынтæгыл æнцойæ улæфгæйæ, дис кодта, ахæм уарзтмондаг зæрдæимæ иу нæлгоймаджы дæр кæй нæ уарзта. Ныр æм уый каст куыддæр æнахуыр, æнæмбаргæ диссаг. Мисхалы онг та йæ зæрдыл æрлæууыдысты, хаттæй-хатт-иу искæцы рæсугъд дзырдарæхст лæппуйы уындæй куыд утæхсæн кодта, дыууæ-æртæ бонæй фылдæр-иу чи нæ ахаста, æмæ не 'ууæндыд æппæт уыдæттыл. Зонд нæ ахста, иу мæй, уæд та иу-дæс боны æнæфескъуыйгæйæ кæуыл сагъæс кодта, ахæм лæппуйы фæлгонц.

Уарзты карз утæхсæн æцæгæй кæй нæ базыдта, уыцы хъуыды хъыджы ауон æппæрста йæ рухс фæндыйæгтыл, æмæ чызг йæхицæн нывæста, чи не 'рцыд, уыцы уарзт: æхсæв-иу, йæ фынæй мад æмæ фыды цурæй рахъуызгæйæ, искуыдæм доныбылмæ куыд æрцыдаид йæ уарзонмæ, мæйрухсы куыд дзырдтаиккой зæрдæйы æнæзагъд зæгъинæгтыл. Йæ сæнтты ад афтæ хъæрмустæй ивылд йæ риуы, æмæ йæ стыр цинимæ фæндыд ноджыдæр бирæ, тынг бирæ истытæ мысын æмæ, бирæ ахæм цыдæртæ мысгæйæ, йæ зонд цадæггай къул кодта нывæфтыд фынмæ.

Йæ фын дæр уыд сабыр, пырх фæндийæгтæй уæфт, æмæ чызг йæ мидвынмæ æнкъардта, цавæрдæр уазал, лæгъз цыдæр куыд лæдæрст йæ цæсгомыл. Уый цавæрдæр лæппуйы æргъæвст къух уыд, базыдта йæ Æвдинæ. Райсом раджы райхъал дуары къуырцц-къуырцмæ.

«Чи уыдзæн уа раджы?» — фæтарст Æвдинæ, йæ уæлæ халат æрбаппаргæйæ, дуар байгом кодта. Дуары цур лæууыд сыхæгты гыццыл лæппу.

— Дæ райсом хорз, — ас лæджы хъæлæсæй загъта сывæллон, æмæ Æвдинæ бахудт.

— Оу-уа, зæгъын-ма чи у. Фæтæрсын мæ кодтай.

— Æмæ ма нырмæ фынæй кодтай?

— Уæдæ...

— Гыцци та афтæ, ацафонмæ ма, дам, дæу йеддæмæ чи фæхуыссы? Мæнæ дын Æна æхсыр рарвыста.

— Омæ, алыхатт-алыхатт... Æфсæрмы мæ ныппæрстат. Дæ ном та цы хуыйны, æрбайрох мæ.

— Батыр, — загъта лæппу.

— Гъе æмæ, Батыр, мидæмæ рахиз. Æхсыр дæр иумæ бануазæм. Къафеттæ дæр дын ратдзынæн. Нæ уарзыс къафеттæ?

— Уарзын, фæлæ мын Æна бирæ хæрын нæ уадзы.

— Цæмæннæ?

— Мæгъа. Исчи нæм къафеттæ куы ‘рбахæссы, уæд сæ чырыны бамбæхсы, стæй нын сæ иугай фæдæтты. Уæ дæндæгтæ, дам, фæрисдзысты. Сайгæ кæны, æндæра йын иу хатт йæ чырынæй йæ къафеттæ радавтон æмæ сæ иууылдæр бахордтон, уæддæр мæ дæндæгтæ нæ фæрыстысты. Сайгæ кæны.

— Цом уæдæ хæдзармæ.

— Нæ, нæ, — не сразы Батыр.

— Цæмæннæ?

— Хъомты хизынмæ раскъæрдтон. Иннæтæ мæм нæ фæлæууыдысты. Æз се ‘ппæтæй раздæр райхъал вæййын, фæлæ нæм дысон уазæг уыд, æмæ æрæгмæ схуыссыдтæн, æндæра æз раджы райхъал вæййын. Бабейæ дæр раздæр. Афтæмæй уый æхсæзæм къласмæ цæуы. Ацы хатт мæм нæ фæлæууыдысты. Æз мæхæдæг алкæмæ дæр фæлæууын. Нырма сæм ссæуон...

— Уæдæ хъомгæс цæуыс?

— Гъо.

— Æмæ мæн демæ нæ кæныс?

— Дæу? — фæдис læппу.

— Гъо.

— Цом, чи дæ нæ уадзы.

— Рацу уал хæдзармæ, æз мæ дарæс скæнон.

Æвдинæ læппуйы арм къафеттæй æрыдзаг кодта æмæ, йæ дарæс куы скодта, уæд йæ сæрыхъуынтæ иу быд скæнгæйæ, Батыры афарста:

— Уазал уыдзæн?

— Нæ. Кæм и уазал!

— Æхсыр нæ нуазыс?

— Куы цыдтæн, уæд банызтон.

Æвдинæ læппуйы йæ хъæлæсы уагæй бамбæрста, кæй йæ хъæуы æмæ дыууæ агуывзæйы æрыдзаг кодта. Батыр æцæгдæр нæ банызта. Æвдинæ йæхи агуывзæ куы аныз та, уæд рацыдысты.

Æдде уыд райдзаст райсом. Хуры къæйных тынтæ æхсæрдзæнæй ивылдысты чызджы алыварс. Кæйдæр хæдзары разæй хъуыст æфсæйнаджы къуырма къупп-къупп. Кæмдæр чидæр хъæрæй ныхас кодта. Батыры хъомтæй та иу сырх дыгæрдыг зивæггæнгæ æууылдта бæласы хъæбæр сыфтæртæ.

Чысыл læппу йæ хъомтыл стай-тай кодта æмæ се 'ппæт дæр араст сты къуыбырджын хæрдвæндагыл. Фæндаг, æвæццæгæн,

цъыф бонты хъомты æнæнымæц фæдтæй афтæ ныууырынгтæ æмæ Æвдинæ, асинты къæпхæнтыл хизæгау, хъавгæ хызт хус къуыбæртты сæрты. Фæндаг сæ сайдта хъæды 'хсæнты. Хъæд уыд æнахуыр сусубусугæнаг. Бахызтысты æрдузмæ.

— Хъомты Сесейы ахомæ[1] аздæхтам æмæ цом къуылдыммæ сæ размæ. Бабеитæ дæр уым уыдзысты. Рæттæй фæхъазæм. Ды нæ уарзыс рæттæй хъазын? — фæрсы чысыл хъомгæс.

— Уарзын, фæлæ уал ам иу чысыл абадæм.

Нæуу уыд фæлмæн æмæ уазал. Æвдинæ йæ къухæй сæрфта нæууы пыхцыл царм æмæ кæрдæджыты æртæхтæ гæр-гæр кодтой йæ уæларм. Хъомтæ сымсымгæнгæ хызтысты æртæхджын кæрдæгыл: се 'ппæтæн дæр сæ бырынчъытæ уыдысты урс-урсид æмæ сæтамæхст дæрзæг. Уый Æвдинæ фыццаг хатт фæхатыд æмæ йын цыдæр цин фæцагайдта йæ зæрдæ.

Батыр хъомтæ аздæхта хъæдмæ, æмæ ма кæцæйдæр хъуыст сæ зивæггæнаг къæхты сыбар-сыбур. Æрдузы уыд цалдæр дзедыры къутæры, сæ æнæнымæц сындзыты æхсæнæй зынгау æрттывтой сæ гагаты цупæлттæ, кæмдæр бæлæстæй хъуыст цъиуты цъыбар-цъыбур.

Æвдинæйы алыварс ныттынг хъæддаг æрдз æрмахуыр зæлтимæ. Алы сусæг уынæр дæр тæлфыд Æвдинæйы риуы. Æппæт дæр ын уыд ног, фæлæ æмбæрстгонд. Йæ цæстыты раз та авæрдта, йæ чызгон бонты йæ æнувыд уарзонимæ мæнæ ахæм æнæзынгæ диссæгты "хсæн цавæр æгъуыстаджы рæстæг арвыстаид. Йæ зæрдæ тæмæнтæ калдта æнæвнæлд фæндиæгтæй æмæ Æвдинæйы фæндыд зæрдæйы фаг истæуылты дзурын.

Чысыл Батыр йæ лæдзæгæй калдта æртæхы пырх æмæ йæм фæдзырдта, æрбадын æй кодта йæ хъæбысы. Сабийæ калд хиды тæф. Уый дæр цыдæр æхцонæй улæфыд цинзæрдæ сылгоймаг æмæ апъа кодта чысыл хъомгæсæн. Фæндыд æй йæ цин искæимæ адих кæнын æмæ ма æгæр зыд дæр рауадысты йæ пъатæ.

Лæппу къæмдзæстыгæй бадт Æвдинæйы хъарм хъæбысы, стæй фæуæндон:

— Æвдинæ, æдзух дæр ам цæрдзынæ?

— Нæ, тагъд фæстæмæ здæхын.

— Æмæ ам баззай, нæ дæ фæнды?

— Фæнды.

— Кæд æхсæв тæрсыс, уæд Гыццийæн зæгъ, æмæ-иу æхсæв сымахмæ схуыссон. Æз æхсæв иунæгæй фæхуыссын, фæлæ никуы фæтæрсын.

[1] Ахо — æрдузы æнæхæрд зæхх хуымгондæй. (Ред.)

— Æцæг?

— Гъо. Иуæй-иу хатт Гыццийы цур схуыссын, фæлæ иунæгæй дæр бирæ хæттыты схуыссыдтæн. Æцæг, цырагъ куы ахуыссын кæнынц... Уæддæр ницæмæй фæтæрсын. Ды ахуыссын кæныс дæ цырагъ?

— Нæ, — худы Æвдинæ.

— Цом ныр къуылдыммæ. Бабе та хæрæмттæ куы кæна, уæд ма-иу ын зæгъ, о. Хорз?

— Хорз, хорз,— сабийы сыгъдæг æмæ æдылы хъуыдытæй ныррухс Æвдинæйы цæсгом. Ныры хуызæн æй никуы бафæндыд, уымæн дæр уыййас сывæллон куы уаид. Батыры фæстæ сындæггай цæугæйæ хъуыды кодта, чи нæ йын гуыры, уыцы сывæллонылы; уыцы хъуыды йын афтæ зын уыд, æмæ йæ цæстытæ доны разылдта.

Къуылдымыл æцæгæй дæр Батыры æмцахъхъæн иу цалдæр сабийы хъазыдысты рæттæй. Къуылдымæй хорз зынд сæ хъæу. Æвдинæ æвзæрста, кæйдæр къæсы сæрмæ фæздæг ыздыхсгæ арвмæ куыд ивæзы, йæ чысыл къæс та бæлæсты æхсæн хъуызæг гæдыйау нынныгъуылд. Диссаджы æхсызгон ын уыд, йæ къæс кæй суыдта.

Сывæллæттæ нæууыл лæдзæгæй тымбыл хахх æркодтой. Иу къорд дзы уыд зиллаччы, иннæтæ — æдде. Мидæггæгтæ хахгæрон æрæвæрдтой æртæ роны æмæ сæ хъахъхъæдтой æддæгтæй. Æддæгтæ-иу аскъæфтой рæтты æмæ уыцы рæттæй надтой мидæггæгты, цалынмæ-иу уыдонæй исчи зиллаккæй нæ рахизгæйæ, æддæгтæй искæй къахыл нæ фæлæууыд, уæдмæ, стæй къордтæ сæ бынæттæ ивтой. Астæуæй уæлæмæ цæвыны бар нæ уыд.

— Æз дæр хъазын, — ссиллæг чысыл Батыр,— стæй Æвдинæйы дæр фæнды. Æццæй, Æвдинæ?

Æмæ чызджы æцæгæй дæр æрфæндыд ацы сабиты цинæй йæхи фæхъæстæ кæнын. Стæй ацы уысм йæ риуы æнæуи дæр сабийы зæрдæ тæлфы. Батыримæ зиллаччы иу роны сæрыл æрлæууыдысты æмæ йæ хъахъхъæдтой æддагæттæй. Уыдонæй сæ иу рон фæцæйскъæфта. Батыр ын йæ къухыл фæхæст æмæ йæ ласы мидæмæ, зиллакмæ, хъуамæ йын йæ къахыл фæлæууа. Æддæгтæ фæлæбурдтой се 'мбалы ратонынмæ. Æвдинæ та æрцахста Батыры астæу, æмæ зиллакмæ ивазынц æддæгты. Æвдинæ архайы зæрдæбынæй. Ферох æй, иннæтæ сабитæ кæй сты, ферох æй æппæт дæр æмæ фыræхсызгонæй хъæрæй худт. Æддæгтæ атыдтой се 'мбалы, фæлæ рон сæ къухты нæ баф-

тыд. Ныр уыцы рон тымбылæй æрæппæрстой зиллаччы астæу æмæ йæ хъахъхъæдтой се 'ппæт дæр — иннæ рæтты уый размæ аскъæфтой. Æддæгтæн сæ къухты цы рæттæ бафтыд, уыдонæй надтой ронхъахъхъæнджыты зæнгтæ. Архайдтой иннæ рон байсыныл дæр. Мидæггæгтæ та гæппæввонгæй лæууыдысты æддæгтæй искæй къахыл фæлæууынмæ.

Æвдинæ хъуыста рæтты æхситт æмæ сæртæг къæрцц. Роны цæфтæй тæрсгæйæ уырыхсны кодта йæ мидбынаты. Цæфтæ æмбæлдысты йе 'мбæлтты зæнгтыл, æмæ-иу алы цæфы фæстæ дæр фестъæлфыд, йæхи зæнгтыл-иу банкъардта гæрз роны карз рис, стæй фæхатыд, уый барæй кæй нæ цæвынц. Æвдинæйы та тынг фæндыд, ууыл дæр куы æрнымдзæвид уыцы æхситтæнаг цæфтæй, цыдæр цины рæвдауæн æм æнхъæлмæ каст æмæ загъта:

— Афтæ раст нæу. Иннæты цæвут, мæн нæ.

Цыдæр тæргайгæнæджы хъыг райхъуыст йæ хъæлæсæй æмæ бахудт. Ныр зыдта, роны цæф ууыл дæр кæй ауайдзæн, æмæ йæ уыцы тас скъæрцхъус кодта. Уæддæр нæ аирвæзт. Йæ гом зæнгтыл тыфылтæ акалдта кæйдæр роны кæрон. Цæф уыд ахъаззаг риссаг, æнæуромгæ дудаг, æмæ Æвдинæйы цæстытæ донвæлмæй сасæстой. Уый æрмæстдæр цæфы рис уыд, йæ зæрдæйæн та — æхсызгон, æмæ ма йыл ноджыдæр цалдæр цæфы куы сæмбæлд, уæд дзы бынтондæр байрох, кæм ис, цы аразы. Йæ гом зæнгтæ фыррыстæй цъæхарт уагътой æмæ гæппытæ кодта йæ мидбынаты, æмбæхст йе 'мбæлтты фæстæ.

Сæухизыл фыййæуттимæ хæдзармæ æрцыд, афтид агуывзæтæй иу æхсырæй æрыдзаг кодта æмæ йæ анызта. Иннæ агуывзæ дæр уыд афтид. Батыр райсом йе 'хсыры хай нæ банызта, уый хорз лæууыд йæ зæрдыл, фæлæ роны цæфтæ дудыдтой æмæ сынтæгыл йæхи æруагъта. Йæ зæнджы цъæхтæ бирæ фæсæрфта уазал одеколонæй. Уыдон ноджы тынгдæр дудыдтой, афтæмæй хъуыды кодта йæ абоны сабион циныл, мысыд Батыры ныхæстæ, мысыд ын йæ хиды тæф æмæ йын уыдоныл хъуыды кæнын уыд æхсызгон, стæй, йæ зæнгтæ хъæццулæй ныттухгæйæ, хъуыды кодта ноджыдæр бирæ цæуылдæртыл.

Фæссихор куы райхъал, уæд хатæнмæ рудзынгæй комкоммæ каст хуры цæст. Уæлдæф уыд тæвд, æгæр хъарм уыдысты хуыссæнтæ дæр, фæлæ сыстынмæ зивæг кодта. Ницæуыл хъуыдыгæнгæйæ каст, хуры тынты æхсæрдзæны æнæнымæц рыджы тæппытæ куыд зилахар кæнынц, уымæ, стæй йæ къух цавæрдæр æхцон уазалыл сныдзæвд, æмæ, йæ базы цурмæ æркæсгæйæ

фæцъæхахст кодта: йæ нывæрзæн тымбылтæй хуыссыд калм. Æвæццæгæн уый дæр фынæй кодта æмæ чызджы фæцагайдмæ райхъал. Зивæггæнгæ хуыссæнтыл йæхи араст кодта, стæй æрхылд астæрдмæ, астæрдæй къуыммæ æмæ ныллæст, мыстытæ кæй фегом кодтой уыцы хуынчъы.

Куыддæр тæссаг æмæ æнахуыр фæкаст Æвдинæмæ йæ уарзон къуым, æппæты дæр банкъардта цавæрдæр тасæфтауæг уазал æмæ ныхъхъуыды кодта, цы ми бакæна, ууыл.

Нæма йæ фæндыд горæтмæ ацæуын, ам та афтæмæй кæй нæ цæрдзæн, уый йын йе 'нæнхъæлæджы мастыл цæхх зæрста æмæ æлгъыста калмы, йæ адджын цин ын чи фенад кодта, æлгъыста йæ мойы. Йæ мой ам цы аххосджын уыд, ууыл æй хъуыды кæнын дæр нæ фæндыд, стæй йæ зæрдыл æрлæууыд: Батыр кæнæ æндæр искæмæн зæгъдзæн æмæ калмы амардзысты. Уыцы фæнд æм диссаджы хорз фæкаст, æмæ йæ зæрдæ бахъæлдзæг.

Калм æхсыры тæфмæ кæй рабыры, уый кæддæр кæмæйдæр фехъуыста, æмæ къус æхсырæй æрыдзаг кодта, æрæвæрдта йæ хуынчъы раз, йæхæдæг тагъд-тагъд рацыд æддæмæ — искæмæ фæдзурынмæ. Æдде та æрбаймысыд, абон Батыр йе 'хсыр кæй нæ баныз та, йе 'рыздæхынмæ та агуывзæ афтид кæй уыд.

«Ау, фæхъæстæ дæн», — фæтарст Æвдинæ æмæ йæхимæ ныхъхъуыста. Йæ буар рызт тæфсæджы рызтæй. Калмы марг цалдæр уысмы фæстæ кæй ахæлиу вæйиы, буар уайтагъд кæй райдайы рæсийын, уый хорз зыдта Æвдинæ. Уæдæ ма æндæр цы зоны, дохтыр куы у. Уый та, æхсыр куы баныз та, уый фæстæ æнæхъæн дыууæ сахаты бæрц бафынæй кодта.

Афтæтæ хъуыдыгæнгæ Æвдинæ комкоммæ бараст Батыртæм. Батыры фыд, цыбырдыс хæдоны, фæрæтæй цыдæр амадта æмæ йæ нæ бафиппайдта.

— Дæ бон хорз, — къуызгæ салам радта Æвдинæ.

— А-а, Æвдинæ, æгас цу, — йæ мидбылты бахудгæ йын йæ къух райста Илушæ.

— Гыцци, Æвдинæ нæм æрбацыд,—йæ размæ разгъордта Батыр æмæ йын йæ къухыл ацауындзæг.

— Уый хæлæрттæ куы стут, хæлæрттæ, — худы Илушæ.

— Æз абон Мураты абырстон, — раппæлыд Батыр.

— Æцæг? — йæ хъæбысмæ йæ систа Æвдинæ.

— Гъо-о. Уый та афтæ, хуыбырст, дам, уыд.

— Æмæ дыккаг хатт нал рахæцыдтæ?

— Нал бауæндыд. Æз æй иу къухæй дæр абырсдзынæн.

— Уæдæ уæйыг куы дæ, уæйыг. Æз дын уый тыххæй бирæ къафеттæ ратдзынæн. Хорз?

— Хорз.

— Æрхиз дæлæмæ, ма йæ чъизи кæн,— Батырыл фæтчыгъæдæн схъæр кодта фыд.

— Дæ бон хорз, хъæбул, — фехъуыста зæронд усы узæлгæ хъæлæс.

— Бузныг, Æна,— йе 'рбацыд ын нæ бафиппайдта Æвдинæ æмæ фефсæрмы.

— Куыд сæрхызт дæ, мæ чызг. Абадынмæ нæм цæмæннæ æрбауайыс?— йæ раздарæны счъилæй йын систа цалдæр кæрдойы.

— Стыр бузныг. Æнæуи дæр мæ æфсармы ныппæрстат: куы æхсыр, куы дыргътæ...

— Сыхæгтæ хъуамæ кæрæдзи уарзой. Ды та æгæр æфсæрмытæ кæныс, — дзуры Илушæ, æмæ Æвдинæ банкъардта, лæджы цæстæнгас йæ буарыл куыд уæззаугай лæсы.

— Æмæ мæнæн абон къафеттæ дæр куы радта,— æппæлыд Батыр.

— Ацу, къулбадæг, чызджы иу ран æруадз, — схъæр ыл кодта зæронд ус æмæ Æвдинæйырдæм разылд.— Куыдзæй хъауджы нæу. Кæуыл фæцахуыр уа, уымæн æнцой нал фæдæтты.

— Батыр замманай лæппу у,— хуыздæр дзуапп не ссардта Æвдинæ.

Уыдон ма ноджыдæр цæуылдæрты дзырдтой æмæ-иу Æвдинæ сусæгæй бакаст Илушæйы хидамæст цæсгоммæ. Лæгæн уыд стыр æрттиваг цæстытæ æмæ стыр хъустæ. Йæ хъустæ йæ цыма рæсугъддæр кодтой, афтæ каст Æвдинæмæ, æмæ цæмæндæр йæ мидзæрдæйы батæхуды кодта Илушæйы усмæ; йæ хъуыды куыддæр йæхи æвæндонæй рауад æмæ фефсæрмы.

— Хъуыддаджы фæдыл дæм æрбауадтæн,— æппынæрæджиау фергом Æвдинæ.

— Исты дæ хъæуы, дæ сæрыбæсты фæцæуон?— диссаджы уæздан рæвдыд хъуысы зæронд усы дзырдтæй.

— Нæ хæдзармæ цавæрдæр калм фæцайдагъ æмæ уырдæм бацæуын нал уæндын. Зæгъын æй амарын хъæуы, æмæ...

— Калм, зæгъыс?— бадис кодта Илушæ.

— Гъо, стыр калм.

— Хæдзары калм марын нæ фæтчы,—зæгъы зæрондя ус.

— Маргджын калм у? — фæрсы Илушæ.

— Мæгъа, ницы йын зонын.

— Кæд маргджын калм нæу, уæд уый хорзы нысан у, уæд бынат амонджын вæйиы, æмæ йæ ма бахъыгдар, дæ низтæ бахæрон, — фæдзæхсы йæ зæронд ус.

— Æмæ кæд маргджын у? — не сразы Илушæ.

— Уæд та сондон ссудзын хъæуы хæдзары æмæ йæхæдæг алидздзæн.

— Цом-ма, фенæм æй,— йæ фæрæт къуыдыры æрсагъта лæг.

— Батыр, марадз, æхсыр рахæсс.

— Æхсыр дзы ис, райсом мын мæнæ Æна сæрвыста.

— Мæнæ ацы кæрдотæ демæ ахæсс,— йæ раздарæн райхæлдта зæронд ус.

— Оу-уа...

— Ахæсс, хъæбул, ахæсс.

— Æри, æз ын сæ ахæссон, — йæхи сыл ныццавта Батыр,

— Стæй-иу дæхæдæг æрцу дыргъдонмæ æмæ-иу ахæсс, цæмæй æфсæрмы кæныс, гормон.

— Стыр бузныг, Æна.

Хæдзармæ ныр бахызт ныфсджынæй, фæлæ къæрцхъусæй лæмбынæг каст йæ къæхты бынмæ. Ноджы Батыр æмæ йæ фыды къахдзæфты уынæр дæр ныфсы æнкъарæнтæй зæлыд йæ сæры.

Калм тымбылтæй хуыссыд къусы фарсмæ, æхсырмæ не 'внæлдта. Æрбахизджыты фенгæйæ йæхи фыццагау зивæггæнгæ аивæзта. Ныр æм Æвдинæ лыстæггай ныккаст. Уымæн йæ хæрв хурмæ сæтамæхстау æрттывта.

— Ай бурхъускалм у, цæмæй дзы тæрсыс, — загъта Илушæ.

— Тæрсын,— барызт Æвдинæ.

— Ницы дзы ис тæссагæй. Кæс-ма, — æмæ лæг калмы æрцахста.

Уый, гуыбыннизæй рынчынау, скъæдзтæ, хъуыст, йæ мæсты сыф-сыф. Илушæ йын йе 'нгуылдзтæ йæ дзыхмæ бахаста, фæлæ йыл нæ фæхæцыд.

— Æтт, — Æвдинæйы русыл авæрдта калмы уазал буар. Уый сонтæй йæхи нуварс асхуыста æмæ лæг бæзджын хъæлæсæй ныххудт.

— Мацæмæй дзы тæрс, адон æрмахуыр тынг кæнынц. Уæлдайдæр рæсугъд сылгоймæгтыл.

— Æмæ цæмæй тæрсыс, æз дæр ахсæв дæ цуры схуысдзынæн. Æз æппындæр калмæй нæ тæрсын, — дзуры чысыл лæппу.

Алешы фыдыфыд Дадо (Дзамболат).



Алешы фыд Алекси.

Алешы мад Маруса.

Алешы бинойнаг Кокойты Эльзæ.

Алешы чызджытæ Зæринæ æмæ Рохсанæ.

Æфсатийы хорзæх!

Иу ма баназ кæстæрты тыххæй…

— Æхсæв-иу æцæгдæр Батыр ам куы уаид, — хъазгæйæ бакодта Æвдинæ.

— Суæндон æй кодтай дæхимæ...

— Нæ, нæ! Уæддæр иунæгæй тæрсгæ фæкæнын.

— Ацыдысты фыд æмæ фырт. Ахылд калм дæр. Æвдинæ ма уæддæр лæууыд хатæны астæу æмæ æнкъардта, цавæрдæр тасы уазал кæй баззад йæ уæнгты. Уыцы тасы рыг ныббадт йæ алыварс. Уат сафтид. Цадæггай раафтид йæ буар дæр тæссаг æнкъарæнтæй. Йæ риуы тæлфыдысты ног зæгъинæгтæ, фæлæ уыдон уыдысты æбæлвырд, ныгъуылдысты кæмдæр фæлмы. Фæндыд æй ныхæстæ кæнын, фæлæ, кæимæ аныхас кæна, уый нæ уыд æмæ, сынтæгыл уæлгоммæ хуысгæйæ, æрхæндæг фæсмонимæ хъуыды кодта, куыд хорз у уарзон лæгимæ цæрын. Йæ сæры кæмдæр стæлфыд йæ мойы кой, фæлæ Æвдинæйы ууыл хъуыды кæнын нæ фæндыд. Йæ сагъæстæ æххæссыдысты бирæ цæуылдæртыл. Иунæгæй аззайгæйæ-иу æнæсцухæй нывæста фæндонхæрзтæй цард. Йæ царды фылдæр та иунæгæй аивгъуыдта.

Уæлдай къæмдзæстыджы аххосæй йæ царды бирæ цыдæртæ кæй фесæфта, уый тыххæй тынгдæр хæрам кодта йæхимæ. Ныр, йæ ивгъуыд бонтæ мысгæйæ, æрлæууыд йæ зæрдыл, чызгæй йæ куыд тынг фæндыд искæй уарзын, фæлæ искæй læппуйы цæстытæм комкоммæ бакæсын дæр йæ ныфс куыд нæ хаста, йæхи куыд хызта læппуты дзырдæппарæнтæй. Æрмæст-иу сусæгæй, йæ цæстæнгас ын куыд ничи фена, афтæ арæх лæдæрст йæ æнæвнæлд уарзты хъарм искæцы læппуйы рæсугъд уæнгты кондыл. Уыдæттыл хъуыды кæнын ын уыд æрвылхатт дæр хи удмæ хæрамы хос. Æппынæдзух æй йæ сагъæстæ уыцы бынатмæ сайдтой. Æмæ уæд Æвдинæ дæр фæнывæнды фæндонхæрзтæ. Чи не 'рцыд, фæлæ йæхицæн кæй æрымысыд, уыцы уарзтыл хъуыды кæнын æм каст æхсызгон, йæ сагъæстæ дæр-иу уæд уыдысты адджын æмæ зæрдæрайæн.

Изæрырдæм рапырх кодта, æмæ уæлдæф диссаджы сатæг æмæ фæлмæн æрци, зæхх не сцъыф, рыджы зилдухгæнæг къуыбылæйттæ йыл удæстæй æрбадтысты æмæ цæппузыртæй хъарм тæф хастой дыууæизæрастæу. Сыфтæртыл лæдæрстысты чъизи доны æртæхтæ. Хъæууынгтæй хъуыст изæры змæлдтыты уынæр, æмæ Æвдинæ, рудзгуытæ байтындзгæйæ, æхсызгонæй улæфыд сыхæгты кæртæй кæлæг хъарм торнейы тæф. Кæмдæр лыстæг хъæлæсæй уасыд сæгъ. «Шæх-шæх-шæх», — сидтис æм нæлгоймаджы хъæлæс.

Бирæ уарзы дыууæизæрастæуы уынæр Æвдинæ. Алы хатт дæр уыцы иугъуызон хъæлæстæ, иугъуызон æмбу, фæлæ музыкæйы зæлтау æндæр æмæ æндæр зæлтæ.

Чысыл Батыр ысцæйдугъ кодта Æвдинæтырдæм. Æмæ сылгоймаджы зæрдæ ныррухс.

— Æз дæллагхъæуæй ардæм æнæрлæугæйæ фæлыгътæн, — æппæлыд саби.

— Æмæ нæ бафæлладтæ? — йæ лæнк-лæнкмæ йын банкъардта йæ чысыл зæрдæйы гуыпп-гуыпп.

— Нæ, — нæ басаст.

Æхсæвæрыл Æвдинæ зыдæй каст, сывæллон адджынæй куыд ныррус кæны сыхæгты æрвыст уæливыхæй. Фынгыл ноджы дæр уыд æхсыст æхсыр æмæ кæрдотæ. Къафетты кулек æвæрд уыд Батыры раз. Лæппуйæн йæ къухтæ æмæ йæ цæсгом — хæрзæхсад. Йæ бæрзæй æмæ та йе 'ннæ буарæй калд уыцы зонгæ хиды тæф.

Фæсхæрд сынтæгыл Батыр ныттымбылтæ Æвдинæйы дæллагхъуыр, йæ æнæхин улæфт ын æхсызгонæй хъыдзы кодта йæ риуы фæлмæнтæ, æмæ Æвдинæйы риуы фыццаг хатт фестъæлфыд — куыд адджын у мадæн сывæллоны тæлфт. Йе уæнгты æрыхъал сты мады æнкъарæнтæ. Фæндыд æй саби йæхи хъæбулау куы хилид йæ уæлæ, куы йæ цæвид, куы йын тонид йæ сæры хилтæ, йæ чысыл гуккытæ йын куы ивазид йæ риутæм...

Сывæллон ницы зыдта чызджы хъуыдытæн æмæ дзырдта цыдæртæ.

— Батыр, дæ мады бирæ уарзыс?

— Гыццийы дæр уарзын, дæу дæр уарзын, Æнайы дæр уарзын...

Чызг ын мидбылхудгæйæ апъа кодта йæ сæрæн, йæ ныхæн æмæ йæ æрбалхъывта йæ риумæ. Батыр дæр апъа кодта чызджы русæн æмæ рæдзæмæдзæгæнгæ цыдæртæ хъуыр-хъуыр кодта, стæй бафынæй.

Райсомæй Батыр сæхимæ фос уадзынмæ ацыд æмæ Æвдинæйæн хатæн федзæрæгхуыз. Хæдзары йæхицæй дарддæр змæлæг нæ уыд — нæ гæды, нæ куыдз...

Йæ зæрдыл æрлæууыд зноны калм æмæ хуынчъы цы къæрмæг нытътъыста, уый сæппæрста.

«Цæмæй дзы тæрсын, Илушæ йæ йæ къухмæ куы систа»,— загъта йæхицæн.

Къус та æхсырæй æрыдзаг кодта æмæ йæ калмы слæсæны раз æрæвæрдта.

Æнхъæлмæ касти калмы слæсынмæ. Калм зынæг нæ уыд. Æвдинæйы та æддæмæ нæма фæндыд, сынтæгыл йæхи фæстæмæ æруадзгæйæ цыдæр чиныг каст æмæ цавæрдæр æвæлмон цин æвзæрд йæ риуы.

Чи зоны, цас ма фæкастаид Æвдинæ чиныг, фæлæ айдæнмæ федта, хатæны иунæг кæй нæ у. Йæ нывæрзæн батымбылтæ калм æмæ йæм хъилсæрæй каст. Уазалгомау улæфт анхъæвзта Æвдинæйы уæнгты, фæлæ тæрсгæ нал фæкодта, калмæй дарддæр абадт æмæ йæ мидбылхудгæ афарста:

— Цæй куыд, дæ зæрдæмæ цæуын?— æмæ зæрдæбынæй ныххудт.

Калм дисгæнæгау йæ сæр дыууæрдæм радав-бадав кодта.

«...Æрмахуыр кæнынц. Уæлдайдæр, рæсугъд сылгоймæгтыл»,— æрлæууыд Æвдинæйы зæрдыл æмæ рахызт сынтæгæй.

— Цом, æмæ дын æхсыр радтон.

Калм дæр зивæггæнгæ йæхи айвæзта æмæ æрхылд сынтæгыл.

* * *

Зæххыл ивылд изæры рухс.

Кæмдæрты ма фæдисы хъиу-хъиу кодтой тарст хъазтæ, кæмдæр ма хъуыст фæстиат хъомгæсты тай-тай.

Нырма дондзаутæ ведраты хастой дон, нырма нæ зынд былкъахыр мæйы цалх.

Фæлæ хæдзæртты къуырфыты иугай-дыгай ссыгъдысты мынæг рухсытæ, æрттивгæ тæппытæй дзыгъуыр кодтой æхсæвасæсты.

Æхсæв хъуызыд æдзæстуынгæ, сусæггаг зæлтимæ. Боны уынæр сабыргай мард хъæууонты изæры змæлдтыты. Æрвгъуыз ирдгæ тыдта йæ радон цæссыгты уымæл.

Хъæуы фæсивæд бадтысты мусы чъилыл. Се 'ппæт дæр кæрæдзийæн — хотæ æмæ æфсымæртæ, иу артæй байуаргæ фыды — фырты байзæддаг, æмæ сæ сæ мидхъуыдытæ кæдæмдæр сайдтой, чидæртæ сæ мысыд кæйдæрты фæлгонцтæ.

Бадти се 'хсæн Æвдинæ дæр. Се 'ппæтæн дæр — æддагон, æцæгæлон туг æмæ стæгæй.

Æвдинæ та æнкъардта, алкæмæн дæр сæ куыд уарзон у йæ фенд. Хатыд Æвдинæ, алкæй дæр кæй фæндыди йемæ аныхас кæнын, йæ зæрдæ ссарын æмæ йын æхсызгон уыд семæ бадын. Хъуыста йæ цурыбадджыты æхцон улæфт. Уæлдæф уыд хъæрмуст, сойæвдылд. Уымæн æмæ дзы батадысты фæсивæды

хъуыдытæ. Фæсивæды сагъæсы та тæлфыд Æвдинæйы кой дæр. Æвдинæ та дзырдта Бусикыл. Бусик — афтæ рахуыдта йæ дзыгъуыр калмы.

— Уайтагъд мын базоны мæ къахдзæфты уынæр. Искæимæ куы бацæуын, уæд йæ хуыгтомы бамбæхсы. Æнæуи та сывæллонау рахилы мæ размæ. Айразмæ та йын æхсыр радтон. Уый сдæрдта, æз æм кастæн æмæ мæхинымæры хъуыды кодтон, зæгъын, зæгъæм, маргджын калм у æмæ мыл æвиппайды фæхæцыд. Уыцы рæстæджы калм мæ къухыл стыхст, фæтарстæн, мæ къух æрриуыгътон. Калм астæрдыл сæмбæлд, акъæдзтæ, стæй фæтæргай, æхсыр дæр нал банызта, афтæмæй йæ хуыгтоммæ ныллæст. Дыккаг бон куы сбырыд, уæд мын æхсыр нал нозта, цалынмæ йемæ дзæбæх нæ фæхъазыдтæн, уæдмæ.

— Нæ дзы тæрсыс? — бафарста йæ иу æрыгон чызг.

— Цæмæй дзы тæрсын. Райсом куы райхъал вæййын, уæд алы хатт дæр мæ хъуыры бын фæхуыссы.

— Æз калмæй тынг тæрсын.

— Æз дæр, фæлæ уымæй нæ тæрсын.

Æвдинæйæн æхсызгон уыди Бусикыл дзурын. Чызджытæй та чидæр балалайкæйæ æрцагъта, стæй базарыд:

Калачы идон балхæдтон,
Фæлæ мын Гуры баззади.
Мæхицæн уарзон бакодтон,
Уый та мын хицон разынди...

Чызджы хъæлæс уыд цъæхснаг æмæ æхсæвы сæртæг æнцой згъæлæнтæ кодта йæ зарынмæ.

Цы карк йæ цъиуты ныууадзы,
Уый, дам, мын хъахъа фæкæна,
Цы чызг лæппуйы нæ уарзы,
Уый та йæ фæхъхъау æрбауа...

Уый та Æвдинæйы фарсмæбадæг лæппу базарыд. Зарыд Æвдинæ дæр, фæлæ сабыргай, йæ хъæлæс иннæты уынæрæй куыннæ райхъуыстаид, йæ зæрдæйы парахат цин та зæлыд хъæрæй, хъæлæсыдзагæй.

— Цæйут, æввахсдæр æрбабадут, — дзырдта уыцы лæппу æмæ йæ цæнгтæ йæ фарсмæбадджыты уæхсчытыл æртыхта.— Сыхаг хъæуты куыйтæ нæ зарынмæ куыд схъырной.

Æвдинæйæн хъыг нæ уыд, лæппу йыл хионау кæй æрæвæрдта йæ къух æмæ, лæппуйы зæбул къухы æнгуылдзтæ йæ армы-

дзыхъхъы бакæнгæйæ, зарыдысты. Ныр Æвдинæ хъуыста йæхи хъæлæс дæр æмæ цин кодта. Йæ гом зæнгтыл сæ сæртæ 'руадзгæйæ хуыссыдысты цалдæр сывæллоны æмæ йын сæ хъарм комы тæф æхсызгон хъыдзы кодта йæ буар.

Сыкъаджын мæй цадæггай йæ сæр сдардта рагъсæрæй, æмæ зæххы цъар амæхст мæйы æвзистæй.

— Зæли! — сидтис зæронд усы хъæлæс. — Зæли!!!

— Оу! — дзуапп радта чызджытæй иу.

— Рацу, дæ сæрыл хаст фæуон, дæ уæлæ исты скæн.

— Уазал мын нæу, Æна.

— Суазал уыдзынæ. Кæйдæр тæлтæг æнгуылдзтæ скафыдысты долийыл. Æхсæвы сабыргай лæдæрсæг ритм фехæлд, уæнгтæ сæхигъæдæй тæлфыдысты, знæт кодтой, долийы цагъд сæ сайдта сæхи айвазынмæ.

— Фæндыр дæр æрбахæссут, фæндыр! — домдта Æвдинæйы фарсмæбадæг læппу.

— Ам ис фæндыр дæр, — хъуыст чызджы хъæлæс.

— Уæдæ ма йæ айвазут æмæ фæйнæ кафты æркæнæм.

— Алы цагъдæн дæр туман, — худт уыцы хъæлæс.

Æмæ анхъæвзта мусы былгæрæттæй фæндыры ивазгæ уынæр. Фæндыры цагъд æнæуи дæр мæйрухсы сусæггаг зæлты уыд: доли та стъæлфгæ хъуыдытау рæмыгъта æрвдалынгты æндзыджы.

Кафыдысты дыууæ къайæ. Кафын та фæндыд бирæ кæйдæрты. Фæндыд Æвдинæйы дæр. Æмæ се 'ппæт дæр уырдыг слæугæйæ æмдзæгъд кодтой кафджытæн.

— Æмæ ды цæмæннæ кафыс? — бафарста чысыл чызджытæй чидæр Æвдинæйы.

— Æз дæр акафдзынæн, — йæ сæр ын ахъæбыс кодта Æвдинæ.

Чысыл чызгæн йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, Æвдинæйы цахъхъæн кафын ма зона, уый. Йæ чысыл зæрдæйæ Æвдинæйæн алцы зонын æнхъæл дæр уыд. Æмбæрста сабийы хъуыдытæ Æвдинæ æмæ йæ иттæг зæрдиагæй фæндыд ракафын, иууылдæр ын йæ аив кафтыл сæ цæст куыд æрæвæрой. Бæргæ ракафыдаид европæйаг кæфтытæ, æрмæст ирон кафты охыл йæ къах дæр никуыма айста æмæ маст кодта йæхицæн. Сусæг æрхæндæг ыл æфтыд. Фæлæ йын иннæты кафт, мыййаг, хъыг куы нæ уыд. Нæ, йæ зæрдæмæ цыд сæ кафт æмæ йæхимæ дæр уымæн мæсты кодта.

Чидæртæ йæ хуыдтой кафынмæ, æмæ алы хуынды фæстæ йæ цæстыты сæлыд йæ уды æрхæндæг. Чи зоны йæм исчи бирæ куы фæхатыдаид, тыххæй йæ куы раппæрстаид кафæн фæзмæ, уæд иу-дыууæ зылды æркодтаид. Афтæ зын дæр æм нæ каст фæсивæды рог къахайст, фæлæ тарст, куы нæ сарæхса.

Уæдмæ ацæргæтæй чидæртæ сæхи æристой фæсивæды цурмæ.

— Хистæрты кафт!— зæлыд долицæгъдæджы хъæлæс.

Батыры фыдымад йæ къæдз лæдзæгимæ гуыбыр-гуыбыр æрзылд мусы кæрæтты, стæй, йæ лæдзæг ныхъхъилгæнгæйæ, цæрдæггомау айста йæ къæхтæ. Зæронд лæгтæй дæр иу нал фæлæууыд. Йæ иу цонг йæ фæсонтыл авæрдта, иннæ — йе уæхсчы æмвæз айвæзта æмæ, гъай-дæ-гъа, æрсимдтой. Зæронд ус йæ чызджы бонтæ æрымысыд — цалдæр хатты фæсайдта лæджы.

Кафт фесты,æмæ зæронд лæг, йæ къах æрхойгæйæ, йæ нымæт худ зæххыл ныццавта.

— Гъе цард уын фестон, мæн чи бахъæлдзæг кодта!

— Цæй куыд у, зæронд? Дæ ныфс ма хæссыс кафынмæ? — йæ кæлмæрзæны кæронæй йæ хид ныссæрфгæйæ худт зæронд ус.

— Демæ нал. Ныр та мæнæ æвзæнгтимæ.

— Æ быны усæй баззайай,— худынц иннæ зæрæдтæ.

— Басаста дæ, Быдзег,— æхсызгон у кæстæртæн дæр хистæрты цин.

— Гъе мæ хуртæ, сылгоймаг кæй нæ басæтдзæн?! Фæлæ уæддæр мæ къух не 'ркъæдз кодтон.

— Æмæ дæ къух цы давы, дæхæдæг куы ныкъкъæдз дæ.

— Гъе, æнæсмудæнтæ. Уый мæ чи ныкъкъæдз кодта, куыд æнхъæл стут?

— Чи, чи, æмæ Пъетрейы чызг,— йæ зæронд къаймæ талынджы йæ цæст фæцъынд кодта Быдзег.

— Дæ хист дын бахæрæнт, чи дæм хъусы, уыдон,— худт, афтæмæй хъуыр -хъуыр кодта йæ къай.

Фæсивæд бацыдысты зæрæдтæм æмæ сæ чидæр фæсусгомау хъæлæсæй ныццæлхъ кодта:

Хъобаны хид, Хъобаны, лæппутæ!
Ой, зæгæлæнго-о-ом,
Зæгæ-æл-æнгом, гъей!
Абоны бон, абоны, Хазби,
Ой, дæ мæлæн бон,
Дæ мæлæн бон, гъей!

Зарыд зæронд лæг, хъырныдтой йын цалдæрæй. Æмæ адæмон зарæджы æгъуыстаг зæлтæ зилдух кодтой арвы тыгъдады...

Уыд диссаджы æхсæв.

Æвдинæ уыцы æхсызгон уынæр рахаста йемæ æмæ йыл ныр йæ хатæны ивылдысты хъæрмустæй.

Бусик кæд калмæй дарддæр ницы уыд, уæддæр ыл Æвдинæ афтæ фæцахуыр, æмæ бон-изæрмæ йемæ хъазынæй никуы сфæлмæцыдаид. Калм йæхæдæг дæр бирæ уарзта хъазын. Æнæхъæн æрдæг метры бæрц сивазы йæхи уæлдæфы, йæ сæр фæрадав-бадав кæны, стæй, йæхи уыциу зыввытт ныккæнгæйæ, атыхсы чызджы къæхтыл. Æгæрыстæмæй кæртмæ дæр ралæсы йæ фæстæ.

Чысыл Батыр дæр фæцайдагъ Бусикыл. Калм лæппуйыл уый бæрц иузæрдыг нæ уыд. Æвдинæйы хъæбысæй-иу æй куы райста, уæд-иу калм мæсты сыфсыфгæнгæ йæхи тыдта лæппуйы къухтæй. Æвдинæ-иу сæм каст æмæ-иу худæгæй бакъæцæл. Калмыл афтæ тынг кæй фæцахуыр, уый Æвдинæмæ диссаг каст, стæй йын æхсызгон хиирхæфсæн уыд. Æппæт йæ ивгъуыд æм каст афтид, ницы цымыдисаг хабар лæууыд чызджы зæрдыл, æцæг институтмæ кæй бахауд, стæй фæтчыгъæды мой кæй скодта, уыдон куы нæ нымайа, уæд. Æниу, уыдон дæр ницы уабæрæг фæдтæ ныууагътой йæ мысинæгты. Йæ чызджы бонты тынг хæлæг кодта къæйных æмæ дзырдарæхст чызджытæм. Йемæ райгуырд уæлдай æфсæрмдзæстыг æмæ хъизæмарæй мардта чызджы, рæхысæфтыдæй йын дардта йæ зæрдиаг фæндиæгтæ.

Йæ зонгæтæ йæ зыдтой æгъдауджын æмæ хæдæфсарм чызгæй. Æвдинæйы та-иу фæндыд галиу митæ кæнын дæр. Фæлæ къæйных чызгæн йæ гауыр митæ куырм цæстырдыгæй бахауынц. Æвдинæйы хуызæттæн та сæ иу уæлдай ныхас дæр сæдæгай хъустæ æрыхъусынц.

Æнæмой сылгоймаг, дам, адæмы цæсты æгад у, фæзæгъынц. Æмæ Æвдинæ дæр чындзы фæцыд фыццаг сдзурæджы фæстæ. Уыцы бонты чызг уыд амонджынты амонджындæртæй. Йæ мойы цур йæ чызгæмбæлтты астæу уыд тæхудиаджы сæр.

Ныр бынтон æндæр адæймаг сси Æвдинæ. Уæддæр бузныг у йæ мойæ — уый фæрцы æрыхъал йæ уды сылгоймаджы сæрыстырдзинад, базыдта йæхицæн аргъ кæнын. Йæ моимæ — абон уа, сом уа, уæддæр кæй ахицæн уыдзысты, уый дæр зыдта, фæлæ ууыл иттæг нæ мæт кодта. Æрмæст æй хурхæй мардта

иу хъуыды — искуы мад суæвын... Уый фæндыд хъæбулы мад куы уаид, æмæ æнæхъæбул кæй уыд, уый йæ æнæтугæргæвст кодта, фæлæ Æвдинæ рæстæгæй тынг æнхъæлцау уыд. Царды йæм ахæм амонд кæй æнхъæлмæ кæсы, уый йе уæны кæсæгау уыдта Æвдинæ. Фæлæ, æцæг уарзт æгæр кæй фæстиат кæны, кæд æрцæудзæн, уый бæрæг кæй нæма у, уыдæттыл сагъæсгæнгæйæ, хуыссыд сынтæгыл æмæ йæ хъуыдытæй йæхи ирхæфста. Йæ улæфты бонтæ кæй фесты æмæ йæ иннæбон фæстæмæ горæтмæ здæхын кæй хъæуы, уымæй хъæстæ кодтой йæ рухс минуттæ. Æмбудыдта хосты тæф, калд æм йæ мойы арахъхъудæст комытæф...

Йæ мой йæм иу хатт дæр кæй нæ фæзынд, уый дæр ын хъыг уыд. Йæхæдæг дæр æм фыддæрадæн нал ныццыд. Кæрæдзийыл афтæ тынг кæй суæлæхох сты, уый ныры хуызæн никуы бамбæрста Æвдинæ.

«Æмæ ма цы пайда у ахæм цард? — мæсты кæны йæ моймæ. Лæг æмæ ус сæ кæрæдзийы уындмæ куы нæ тагъд кæной, уæд сæ ахицæн бирæ хуыздæр у. Уадз æмæ нæ алчи дæр йе 'цæг амонд ссара. Æниу уый искæй бауарза, уый мæ ничердыгонау уырны. Уарзынæн зæрдæ хъæуы, уымæн та йæ зæрдæ йæ зæвæты ис, йæ зæвæты нæ, йæ уæцъæфы, йæ хæзгултæй искæй бакæндзæн. Чи зоны сæ афонмæ дæр искæй бакодта».

Йæ мой йын æнæуынонæй-æнæуынондæр кодта. Йæ цæстытыл уад йæ зæбул бохъхъыр, йæ рæсыд гуыбын, æмæ йыл æлгъгæнгæ худт. Ныр дис кодта йæ чызгон зæрдæйыл, ахæм гуымиры æнæхсæст зæрондмæ чындзы фæцæуыныл чи сразы...

Йæ дæллагхъуыр фæхатыд Бусичы уазал буар, æмæ йæ мидхъуырдухæн царвы удæстау æрфæлмæн, армытъæпæнæй йын адаудта йæ тæлфаг сæр, стæй йæ систа йæ къухмæ. Бусикæн здыхст уæрдæхау йæ къæдзил кафыд Æвдинæйы риуыл æмæ уый дæр кæл-кæл кодта.

Ацы хатт æм Бусичы буар уæлдай лæгъз фæзынд æмæ йæм дисгæнгæйæ дзæбæхдæр æркаст, стæй ныцъцъæхахст кодта, æмæ, калмы иуварс фехсгæйæ, расхъиудта сынтæгæй.

Цы хабар у, уымæн ницы йæ сæрæн зыдта Æвдинæ.

«Мæ хæдзар калмдон сси. Фæлæ Бусик кæм ис? Кæд æй ацы калм амардта?» — уыцы хъуыды афтæ сæлвæста чызджы зæрдæ, æмæ йæ цæссыгтæ фемæхстысты. Къуымы калмы слæсæны ауыдта Бусичы дæргъæй-дæргъмæ æмæ йæ фелвæста йæ къухмæ. Афтид царм йæ къухы скъыбар-къыбур кодта.

Ницы та бамбарста Æвдинæ. Сæтдзæйæ бирæ фæлæууыд æмæ тарстæй каст куы калммæ, куы афтид хус царммæ.

Йæ зæрдыл æрлæууыд, калм йæ хæрв кæй феппары. Хæрв Бусичы хæрв уыд. Ууыл нæ гуырысхо кодта. Фæлæ калммæ нал уæндыд.

Зыдта йæ, Бусик у, уæддæр тарст. Тæрсгæ-ризгæ йæ систа йæ къухмæ. Калм мæсты сыф-сыфыл схæцыд, æмæ йæ чызг пъолыл куы æрæвæрдта, уæд калм йæ хуыггомы ныллæст.

Æвдинæ горæтмæ цы бон хъуамæ ацыдаид, уый размæ изæр æм фæзынд йæ мой. Æрбацæудзæн æви нæ, уымæн бæлвырдæй ницы зыдта æмæ йын ныр йе 'рбацыдæй барæвдыдта йæ зæрдæ:

— Куыд хорз у, кæй æрбацыдтæ. Ралас дæ пинджак. Дæ галстук дæр райхал. Цæмæн дæ хъуыд ацы тæвды? Æз дын æхсыр рахсидон,— ссиллæг хатæны Æвдинæ.

Уыцы рæстæджы Бусик та бамбæхст сынтæджы бын. Лæг сынтæгыл йæхи æруагъта, æмæ Бусик Æвдинæйæ дарддæр хатæны куы никæйуал уыдта, уæд рабырыд, ахылд чызджы фæстæ. Чызг æй фелвæста æмæ йæ моймæ базгъордта.

— Виль, ракæс-ма мæ хæлармæ,— худтис чызг æмæ йæ хъуырыл Бусичы æртыхта.

Æвдинæ куыд æнхъæл уыд, ахæм дисы нæ бахауд йæ мой. Фемæхстысты йæ тызмæг ныхæстæ:

— Æнаккаг!.. Сæрхъæн!.. Ныртæккæ йæ мæ цæсты разæй фесаф!..

Æвдинæ дæр бар-æнæбары Бусичы йæ хуыггомы ауагъта æмæ хуынчъы сæр йæ мой фанеры гæппæлæй ныххуыдта.

Фехæлд Æвдинæйы дзæбæх зæрдæйы уаг. Æхсæвæры фæстæ ма уазал ныхæстæ акодтой æмæ ныххуыссыдысты. Йæ мойы уæззæу буар йæ фарсмæ къуыдыры тæф хаста æмæ йæ къахæгау бафарста:

— Виль, зæгъ-ма, нæ-иу мæ æрымысыдтæ?

— Гъо.

— Уæдæ мæ цæмæннæ искуы абæрæг кодтай? Æви...

— Цы? — йæ сæр æм разылдта лæг.

— Ницы.

— Сæрхъæн дæ, бынтон сæрхъæн.

— Виль, цæмæн цæрæм ахæм цардæй?.. Куы йæ зонын, кæрæдзийыл нæ фембæлдыстæм.

Лæг ницы загъта.

— Абон уа, сом, уæддæр ус кæй æрхæсдзынæ, уый дæр зо-

нын. Æмæ цас раздæр ахицæн уæм, уыйас нын хуыздæр уыдзæн...

— Æвæццæгæн, исчи дæ зæрдæмæ фæцыд?

— Виль!..

— Ам хъæуты рæсугъд лæппутæ бирæ ис. Уæддæр хъæууон цард уарзыс.

— Æнаккаг дæ, — скуыдта Æвдинæ æмæ иннæрдæм азылд.

Хъуыды кодта цæуылдæрты. Хъуыст Вилены улæфт æмæ хатыд, уый дæр кæй нæ фынæй кæны, уый дæр цæуылдæр кæй сагъæс кæны.

Йæ баз йæ русы хъармæй сзынг, Æвдинæйы та базмæлын нæ фæндыд.

«Чи зоны, афтæ фенхъæла, мæ ныхæстыл фæсмон кæнын, зын мын у уымæй ахицæн»,— йæ хъуыдытæ йæ сæ фæстæ афтæ сайдтой, æмæ йæ мойы хуыррытт дæр æрæгмæ 'рыхъуыста.

Йæ бон нал уыд йæ мойы цур хуыссын æмæ сыстад. Тухгæ сынтæгыл цыдæр пъалто æрæппæрста. Ам ын æнцондæр уыд æгъуыссæг æхсæв цыбыр кæнынæн.

Æхсæвы талынг уыд бæзджын æмæ мæстаг. Мæй кæнæ зынгæ нæма скодта, кæнæ аныгуылд æмæ цæст ницы æвзæрста: нæ зындысты хæдзары къултæ, нæ зынд рудзынджы æдде æхсæвы хъæбыс. Æппæт дæр амæхст уыд тары. Æвæццæгæн, арв мигътæй сасæста. Æддæмæ ракæсынмæ та зивæг кодта Æвдинæ. Ницы æвзæрста йæ цæст. Афтæ йæм каст, цыма кæмдæр къуыбырыл улæфы, йæ алыварс та бады мигъ æмæ иунæг, иу сыбыртхъом нал у дуне.

Вилен дæр йæ фарсыл æрзылд.

Таривылды Æвдинæйы хъустыл æруад зонгæ уынæр æмæ сусæггаг зæлтæй хызт йæ зæрдæмæ, йемыдзаг ын кодта йæ афтид риу, æмæ йæм уый дæр хъуыста æмæ куыдта æнæсымæй, Бусик та, мæгуыр, æхситгæнгæ зилахар кодта астæрды бын æмæ агуырдта схизыны амал.

ТÆЛМАЦТÆ

Борис КАГЕРМАЗОВ

ЗÆРДÆТÆ АВÆРЫН МÆХИЦÆН

ЦАРДЫ АРТ

Мæн цард æдзух цырен арты фæлвæрдта,
Мæн тардта цард йæ тæрæнты лæдзæгæй.
Мæ бæрзæйыл уæззау æфсондз æвæрдта,
Æмæ куыстон дæллаг галау уæзæгæй.

Ныр дæр æмпъухын, нæй æнцой мæ удæн.
«Дæ хæс нырма у фидинаг», — фæзæгъын.
Тыхсын, хæссын æргъом-уæргътæ. Нæ цудын,
Тыхджын, уæндон — мæ къахдзæфтæ нæ зæххыл.

Куыд дурзæрдæ у а дуне, йæ бындар!
Сæдæ азы куы батонай, уæддæр дæ
Æвзондзæни, хатыр æм нæй æппындæр.
Кæдæм хæссæм, кæдæм сафæм нæ сæртæ?

Æхсидын æз дæ цæхæры, йæ арты,
Йæ тымыгътæ, йæ тыхмитæй нæ лидзын.
Куы ссæуы хур — нæуæг тыхтæ мын ратты,
Æмæ зæрдæтæ аваæрын мæхицæн.

Мæ куыстæн та тæрхонгæнæг мæ уд у
Æмæ Хуыцау. — Сæ дыууæйыл æууæндын,
Фыссын æрмæст, цы мын фæдзурынц уыдон,
Æнæ уыдон æз къахдзæф дæр нæ уæндын.

ДОНЫ ДЗУАПП

— Ысхойыс, хойыс дуртæ,
Тæркуадæй уайыс фурдмæ.
Зæгъ-ма мын æй, хæххон дон,
Цæмæн æм кæныс тагъд,
Æви нæ зоныс, сомбон
Уым фестдзынæ æртах?

— Тæркуадæй уайын комæй.
Зæгъын уын æй æргомæй:
Мæ рагон бæллиц — фурд,
Йæ фæхъхъау уа мæ уд.
Æз фурды 'ртах куы фестин, —
Мæхи уæларвмæ фехсин!

ХÆРАМ ÆМÆ РАСТ

У царды фæтк ахæм: хæрам æмæ раст
æрæнцой нæ зонынц æвирхъау фыдхæсты.
Иу иннæуыл калы йæ пырх æмæ маст,
Иу иннæмæн сафы йæ уидаг, йæ хъæстæ.

Хæрам тых фæлывдæй æркæны бæхбадт
Рæстдзинады рагъыл, кæны йын фыдмитæ.
Рæстдзинад дæр сисы йæ хотых — йæ фат:
Йæ «барæджы» зæрдæ фæвæййы кæрдихтæ.

Иу иннæмæн — йе знаг, кæндзæн æй тыхсын,
Кæрæдзийы ивдзысты: «фистæг» — «бæхджын».

ФЫЦЦÆГÆМ АПРЕЛЬ. САЙÆН БОН

Æрттивы хур. Куыд æхцон у йæ тавиц!
Ысрухс и дуне. Урс цырæгътæ — балыл.
Лæг иу сайдæн бæргæ фæразид афæдз,
Фæлæ мæ сайынц алы бон дæр, алы!

КАРЬЕРÆДЗАУ

Йæ сæр, дам дзаг у зондæй, —
Уæлиаумæ йæ систой.
Дзырдта сæм-иу бæрзондæй:
«Хæххон дзиглотæ, чи с тут?»

Ныр асасти йæ бадæн,
Йæ «бæх» æваст æрлæууыд.
Æмæ дзы дзурынц адæм:
«Йæ гоппайы дымгæ уыд»

ЗОРЫХЪОТЫ А. тæлмацтæ

БАЙРОН

ДЗУТТАГ МЕЛОДИ

Мæ уд мæ хъуырмæ ссыд. О, зарæггæнæг, тагъд
Æрцу, æрис-ма хъисфæндыр дæ сæнтты!
Уадз де 'нгуылдзтæ йæ уæлæ сирой, уадз
Дзæнæты мыртæ айзæлой йæ тæнтыл, —

Сæ судзгæ рис ыстондзæни мæ риуæй, —
Кæд рын нæ айсы царды ныфс æнустæм.
Мæ цæстыты мæ хъыг, æргъæвстау, джиуы,
Нызгъæлдзæни та ног, тæрккъæвдайау, мæ рустыл.

Уадз уæд дæ зарæг сонт... Мæ ингæны кæрдæгау,
Æхсызгон мырты хъæр мæ уæнгæл у, фыдохау...
Æмæ дæм хатын æз, цæссыгтæ хъæуы мæн,
О, зарæггæнæг, риу йæ рыстæй тоны.

Æхсæры аппау уый уыд сау сагъæстæй дзаг,
Цыди йыл дард балцы фæразонæй йæ рæстæг:
Æрцыд фæстаг сахат — нæ кæны иу цард фаг,
Мæлæты нуазæнау, у маргæйдзаг йæ хъæстæ.

Шандор ПЕТЕФИ

ВЕНГЕРАГ ДÆН...

Венгераг дæн! Зæххыл нæй ахæм къæс
Мæ бæстæимæ абарæн кæмæн уа...
Æрдзы кондæй — хъæздыг, æмæ йæм кæс, —
Алæмæттаг, рæсугъд æмæ кæлæн у.
Ис алцы ам: нæ цъитиджын хæхтæ
Фæкæсынц хъалæй фæзты сæрты Каспмæ;
Нæ тыгъд быдыртæ дымгæтæн — уæрæх,
Нæ сын кæрон, нæ райдайæн и, уастæн!

Венгераг дæн! Нæ фæндырæн йæ зæлтау,
Мæ уд — тызмæг, нæ дзуры уый йæ зынтыл,
Æхсызгон уысм мæнæн кæнынц æвгъау,
Æстæм уазæг у мидбылхудт мæ былтыл.
Фæрныджы бон мæ цæстысыг кæлы,
Ныр нал æууæндын амондыл уа, хорзыл:
Зынвадаты ныххуд, кæй фæнды, кæ, мæлын,
Тæригъæд мын кæнай, — æз уый нæ уарзын.

Венгераг дæн! Нæ ивгъуыды фæстæ
Сæрыстыр — æз, уынын мæ къæс, мæ къона,
Æмæ, мæ кадджын райгуырæн бæстæ,
Дæ кæддæры ысгуыхтытæ, мæ бонын!
Нæ уаз хъæлæс Европæйыл нæрыд
Æмæ нын хъуамæ ма уыдаид рафтæн...
Нæ карды комæй тарстысты, мæгуыр,
Æрвæрттывдæй куыд тæрсы саби, афтæ.

Венгераг дæн! Нæ бæстæмæ кæсын
Мæнæн зын у... Нæргæ ивгъуыдæй — иппæрд,
Æргомæй рухсмæ ракæса — тæрсы,
Фæзыны æмæ айсæфы æвиппайд.
Ныр а зæххыл нæ сæр ныллæг хæссæм
Æгад æмæ дæлдзинæджы къæсæрыл,
Æмæ кæйдæр цæстæнгасæй тæрсæм,
Кæй ма цы хъæуы судзаджы æвзæртæй!?

Венгераг дæн! Мæ ном зæгъын кæсы
Æгад мæнмæ. Мæ удæгас — мæ зын у:
Нæ дунетыл цæхæрцæст хур кæсы,
Уæд махмæ та сæуæхсид дæр нæ зыны.
Фæлæ мæнæн æгас дуне дæуыл
Куы ивиккой дæ хъыджы бон, о, Венгри,
Уæддæр зæгъин: «Мæн ницæмæн хъæуы,
Мæ удæн ды сæдæ хатты зынаргъдæр»!..

Назым ХИКМЕТ

* * *

Цард уæйыг лæг æрвхуыз цæстæнгасимæ,
Æмæ уарзта асæй къаннæг чи уыд,
Ахæм сылгоймаджы.
Уымæн та алкæддæр уади йæ цæстытыл
Иу чысыл хæдзар,
йæ рудзынджы бынмæ
Кæм рæза
Дидинæфтауæг сæгъысыф.
Уæйыг та уарзта, уæйыг лæг куыд фæуарзы, афтæ.
Уый ыстыр куыстмæ ивæзтой
дурбыд хæцъæфтæ,
Æмæ нæ уыди йæ бон
чысыл хæдзар саразын,
Кæй рудзынджы бынмæ рæза
Дидинæфтауæг сæгъысыф.
Цард уæйыг лæг æрвхуыз цæстæнгасимæ,
Æмæ уарзта асæй къаннæг чи уыд,
Ахæм сылгоймаджы.
Уый та ысфæлмæцыд йемæ цæуынæй
Уæйгуыты фæндæгтыл, —
уый фæндыди
Æрулæфын сабыр хæдзары
Дыргъ кæм зайы, ахæм
Æфснайд æмæ хибар кæрты.
Хорзæй баззай! — уый загъта æрвхуыз цæстæнгасæн.
Æмæ гъеуæд фæцыди чындзы

Дæлæмæдзыд чи уыди, фæлæ хъæздыг,
Гъе ахæм лæппумæ,
Къаннæг хæдзармæ,
кæй рудзгуыты бынмæ
сæрыстырæй рæзыд
Дидинæфтауæг сæгъысыф.
Æмæ гъеныр æрæмбæрста уæйыг, —
Уæйыг лæджы уарзтæн
Кæй нæ ис æмбæхсæн
тъæпæнсæр хæдзары,
Кæй рудзгуыты бынмæ
рæзы
Рæудидинæфтауæг
СÆГЪЫСЫФ!

Гийом АПОЛЛИНЕР

* * *

Мæ удварн! Æз базыдтон абон
Æрхæндæг æхсызгондзинад:
Къух систай мæныл,
Фæлæ уарзты монц риуы нæ цæуы...
Æз паддзах дæн — зонын: цæй, феккуырс сæрыстыры рад! —
У хъодыгонд паддзах, фæлæ та хæтæны фæцæуы...
Рæсугъд чызг нæ зоны мæ хъизæмар, зæрдæйы уаг,
Уадз ма уарзæд мæн, къæдзæхау æз фидар,
Æвронг дæн.
Цыфæнды амонд дæр нæ кæны мæ зæрдæйæн фаг
Æмæ уазал изæрты æрæнцайын ихкъæйыл комы.
Æз — паддзах, нæ зонын: къæбæрæй æфсæст дæн, йе цух,
Æдзæссыгæй кастæн, куыд лыгъди мæ бæллиц фыртæссæй, —
Йæ саби æнгасæй æрттывта сæуæхсиды рухс.
Æмæ дымгæ, хæрзиуæггæнæгау мæ къæсыл
Фæлгъуыдта: «Цæй, раст-ма!» —
Дæ фæндаг дын амонынц мæнæ
Цæрмыстыгъд бæлæстæ, ыстæгдарау, чи кæсы
Гомгæрццæй, уыдон!

Гарсиа ЛОРКА

ГИТАРÆ

...Æмæ райдыдта
Хъарæг гитарæ,
Кæс, нызгъæлæн и
Бонæн йæ урс кæхц.
Æмæ райдыдта
Хъарæг гитарæ,
Уый нæ бамыр уыдзæни
Никæд!
Уый æнæнцой
Кæуы гитарæ,
Дон йæ цæуæнтыл куыд кæуа, афтæ,
Дымгæ митрагъыл куыд кæуа, афтæ,
Æмæ ма дом,
Нæ бамыр уыдзæни!
Афтæ рухс мæй фæкæуы хурыл,
Афтæ ниуы тæхгæ фат дзæгъæлæй,
Афтæ судзгæ ызмис фæкæуы
Сырхмæтæджы ризгæ сыфтыл.
Афтæ цардæй фæкæны хицæн
Урс, рæсугъд бæлон
Сау калмы маргæй...
О, гитарæ,
Сæ цагъар дæ абон
Фондз кæлæйнаг хъамайæн.

ИС АХÆМ ЗÆРДÆТÆ

Ис ахæм зæрдæтæ, цы ран
Сты æмбæхст
Цъæх-цъæхид ыстъалытæ
Æмæ рæстæджы сыфтæртæ:
Ис ахæм зæрдæтæ, цы ран
Æмбæхсынц
Сæ рагбоны аууæттæ, —
Сæ ивгъуыды хъизæмар

Æмæ фыдфынтæ.
Ис æндæр удтæ, уыдоны
Æндæр монц, æндæр марг
Цæры,
Сау-сауид уаллонау,
Æмæ фыд-заманы
Ныййазæлы уым
Сæ судзгæ хъæрахст.
Нæ хъуыды кæнынц
Сæ хъæрзынтæ
Æмæ сæ пъатыл.
Мæ уды зæронд та
Уый рагæй дæр зоны,
Кæй сæтты ныфсы рухс
Цыдæр сусæг зæххыл.
Æвзонгады дуртæ
Фыдтæй ихсыд фесты,
Мæ хъуыдыты коммæ
Нызгъæлынц сæхæдæг
«Ды дард дæ Хуыцауæй» —
Фæзæгъы сæ алчи.

ХАДЖЕТЫ Таймуразы тæлмацтæ

СФЕЛДЫСТАДОН БЫНТЕ

АГЪНИАН

Агънианы сурæт.
Цæрукъаты Алыксандры конд.

УÆ, МÆ ДЫУУÆ ÆДЗАРД ХУРЫ...

(Агънианы хъарæг йæ чызджытыл)

Уæ, мæ дыууæ гыццыл æдзард хуры,
Кæсгæ дæр нæма скодтат, афтæ мын иумæ цæмæн аныгуылдыстут?
Уæ, цæмæй мын райстат Алардыйы зæрдæхудт,
Цæмæн уæм фезнæт и?
Сырххъулон Аларды уæ кæдæм адавта?
Уæ, Ладинка, æртæ азы йеддæмæ дыл нæма цыди,
Афтæмæй мын дон дæттынхъом куы фæдæ!..
Дæ сау дзыкку-иу дын æлвынынмæ æвгъау кодтон —
Ныр сау сыджыты бын куы балæзæрди...
Уæ, мæ Лубæ, дæуыл мын дæс мæйы дæр нæма сæххæст,
Къахæй нæма ауадтæ, дзурын нæма зыдтай...
Уæ, Ладинка, дæ номæвæрæг Хъараты Огка дыл йæ рустæ ныттыдта,
Уæ, Лубæ, Хъараты Сæна дыл йæ уæрджытæ фæхойы,
Уæ, мæ хо Рацдæ та уыл йæ дадалитæ ныррæдывта!..
Мæнæ уын Дзбойты Хадзыгуа фæрдгуыты хал скодта,
Мæнæ уын Фардзинон-Гзæти дзæнæты цъиутæ хæрдгæйæ хуыйы...
Мæнæ уын Дзугиан-Госæгъа чысыл гуылтæ сфыхта, —
Ма-иу сыл фæхыл ут, уæ, мæ фæрстæ уын фехæлой.
Уæ, Ладинка, дæ уд исгæйæ дæр ма
Дæ дзыккуты лент агуырдтай, —

Ныр дын дæ фыд мæнæ цас лентытæ æрбахаста!..
Уæ, Лубæ, мæ бон,
Дæ уд исгæйæ, «гага-гага» кодтай, —
Ныр дын мæнæ цас гагатæ æртыдтон!..
Ауайут, ауайут, мæ бон ныккæла,
Æнæ къухыл хæцæгæй,
Ауайут, ауайут, мæ зынг ахуысса...
Ма-иу фæдзæгъæл ут!
Уæ, Ладинка, Лубæ цæуынхъом нæу — дæ хъæбысмæ йæ сис,
Афонмæ уæ размæ рацæуы нæхи Нана.
Ауайут, ауайут, мæ уды къалиутæ,
Афонмæ уæ размæ рацæуы нæхи Баба дæр...
Загъд уæм куы кæной, ме 'дзард къонатæ:
«Афтæ раджы цæмæн рафтыдыстут ардæм,
Ныр уæхи дæр куы нæма ныхсадтат ,
Ныр уæ сæртæ дæр куы нæма ныффастат,
Ныр уæ хуыссæнтæ дæр куы нæма систат,
Ныр доныбылæй доны бедратæ дæр куы нæма схастат,
Ныр чиныджы кæсын дæр куы нæма базыдтат,
Ныр кърандасыл хæцын дæр куы нæма арæхсут,
Ныр уæ хæрдгæбыдтæ дæр куы нæма скодтат,
Ныр уæ фæндыræй дæр куы нæма ацагътат...»
Фæстæмæ уæ здахдзысты, — сымах нæ комдзыстут,
Гъестæй уæ сæ хъæбысы ныттухдзысты...

Уæ, мæ фæрстæ фехæлой, цы ма уын кæнон,
Мæ бон куы ницы у, кæуын-дзыназын йеддæмæ...

О, УЫЦЫ САУ БОН...

(Агънианы хъарæг Цæрукъаты Темырболатыл)

Æз ацы хæдзары ног чындз уыдтæн...
Абон дæр ма мæ цæстыл уайы, мæ цæстыл:
Йæ сау чырыны йе 'рфгуытæ нылхынцъ кодта,
Йæхи ныттар кодта, —
Йæ мæрдон фæлысты афтæмæй хуыссыди.
Разæй нæ — фæстæрдыгæй йæ фæсонтæ топдзæф,
Йæ къухтæ — дæндагдзæфтæ,
Йæ фырмæстæй — йæхи тынд...
Йæ цæсгом ныттар и йæ сау чырынау,

Арв дæр талынг уыд, талынг,
Хур нæ касти.
Ахæм барæг никуы уыд ацы Иры дзыхъхъы, —
Арв дзы нæрын нæ уæндыд,
Зæхх дзы æнкъуысын нæ уæндыди,
Маргъ атæхын нæ уæндыди.
Кæсæджы — йæ бирæ хæлæрттæ,
Цæцæн æмæ Мæхъхъæлы бæстæйы дæр...
Се 'взæгтæй дæр дзурын зыдта.
Иу ын домбайы зæрдæ уыд,
Иннæ — сывæллоны.
Бадилаты æлхæд адæм ын
Йæ сывæллоны зæрдæ фæсайдтой...
Ууыл адæм куыд фесты!..
Ингæнмæ ауадзын æй сæ бон нал уыд...
Уæдæ адæймаджы уд цытæ ныффæразы!
Мæ бон йæ кой кæнын нал у...

МÆ ЦÆГАТ

(Нæ мад ацы ныхæстæ ракодта абон,
1966 азы 10 мартъийы. — Ц.А.).

Мæ нана Уасиа,
Мæ баба, мæ Увæдз,
Мæ дзыцца Хадзыгуа, —
Зæллангдзых уыдыстут,
Бæмбæгау, уæзæгкъух.
Мæ хистæр — мæ Чабæ,
Йæ дæле — мæ Кæди —
Мæ хурдзæсгом хотæ,
Мæ саудзыкку хотæ.
Æз та уын — æртыккаг,
Нæ мыл бацин кодтой...
Мæ кæстæр — мæ Надо,
Йæ фæстæ — Тотырбег —
Мæ фыццаг æфсымæр,
Йæ фæстæ — мæ Раццæ,
Йæ дæле — мæ фаззон
Дыууæ æфсымæры...
Уæ дыккаг къуырийыл
Ахуыссыд уæ артдзæст

Æнæ номæвæрдæй...
Цыппæрæм æфсымæр —
Мæ гыццыл — мæ Хату,
Де 'вдæймаг азыл
Де стъалы æрхауди...
Нæ дæсæймаг кæстæр —
Мæ гыццыл Дунетхан,
Цыппар азы дæр дыл
Æххæстæй нæ рацыд...
Æмæ æхсæз хойæ,
Цыппар æфсымæрæй
Æрызадтæн иунæг æз
Сæйгæйæ уæ быныл...
Æз раджы — кæуинаг,
Кæуинаг — гъеныр дæр...
Дунерафæлдисæг,
Рæстытæ нæ кæныс:
Иуы ма мын дзы уæддæр,
Уæддæр куы ныууагътаис,—
Иууылдæр сæ куы айст ай!..
Гъендæр ма цы зæгъон?..

Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодтой
Цæрукъаты Алыксандр æмæ Валодя.



Хестанты Елмæрза.
Цæрукъаты Алыксандры конд ныв.

ЦАГЪАЙРАГ

Уæлладжыры коммæ раджы иу бæлццон æрбафтыд. Уæд йæ размæ цалдæр лæджы фесты, æрцахстой йæ, сбастой æмæ йæ сæхимæ ахастой. Скодтой дзы цагъайраг.

Уыдон — фондз æфсымæры. Лæбурдтой, стыгътой, мардтой... Иубон та æддæ уыдысты. Хæдзары суг саст нæ уыд, æмæ цагъайрагæн суг сæттын кодтой, мидæг цы сылгоймæгтæ æмæ зæрæдтæ баззад, уыдон.

Цагъайраг загъта:

— Фæрæт нæй... Фæрæт рахæссут!
Чындз æм фæрæт рахаста. Цагъайраг суг ныссаста, фæлæ фæрæт фæстæмæ нал радта, бамбæхста йæ. Уыдонæй дæр ферох.

Фондз æфсымæры сæ балцæй æрцыдысты, æхсæв ныффынæйтæ сты мæрдтау. Цагъайраг сыстад æмæ сын сæ сæртæ фæрæтæй акъуырдта, йæхæдæг сæ разы сбадти.

Боныцъæхтыл сæ фыд мидæмæ хъæр кæны:

— Уæлæмæ сыстут, сбон и!

Фæлæ ма кæцæй сыстадаиккой? Ныр та цагъайрагмæ дзуры зæронд лæг:

— Дæ хорзæхæй, райхъал ма сæ кæн.

Уый афтæ:

— Дæхæдæг сæ райхъал кæн.

Фыд хæдзармæ æрбакъахдзæф кодта, цагъайраг ын йæ сæр фæрæтæй æрхафт ласта æмæ уый дæр уым йæ фыртты цур æрфæлдæхт...

Афтæ йæ маст райста æвирхъауæй кæцæйдæр æрæфтæг — цагъайраг.

ХЕСТАНТЫ Елмæрзайы ныхæстæй йæ ныффыста
ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр 1974 азы 9 июлы.

АДІМОН СФІЛДЫСТАД

ХЪАЗИТЫ Мелитон

ИРОН ХІЗНА[1]

АРФІТІ

Дж

Джауыртæй хызт у.
Джебогъ хæссынхъом у.
Джебогъджынтæ уын фæгуырæнт.
Джебогъджынтæ фæхъомыл кæнут.
Джидзæггагмæ дæ Хуыцау макуы ‘руадзæд.
Джидзæггагмæ макуы ‘рхау.
Джиппыуагъдау цæуæнт дæ хъуыддæгтæ.
Джеоргуыбатæ дыл амондджынæй цæуæнт.
Джеоргуыбатæ дын амондхæссæг фæуæнт.
Джеоргуыбайы зæдтæ дын арфæ ракæнæнт.
Джеоргуыбайы зæдтæй фæдзæхст у.
Джеры дзуар амонддæттæг у, æмæ дын амæндты хуыздæр дæ разæй фæкæнæд.
Джеры дзуар дæ лæппухъæбыс бакæнæд.
Джеры дзуар дæ лæппухъæбыс цы бакæна, Хуыцауæй дæм ахæм амонд ракæсæд.
Джеры дзуар дын амонддæттæг фæуæд.
Джеры дзуар дын арфæ ракæнæд.
Джеры дзуар дын арфæгæнæг уæд.
Джеры дзуар, комкоммæ нæм кæсыс, æмæ нын комкоммæ цы ‘ххуыс кæнай, ахæм амонд нæ уæд.
Джеры дзуар рынсурæг у, æмæ дын дæ рынтæ фæсурæд.
Джеры дзуар рынсурæг у, æмæ дæм рын, сон æмгæрон цы никуы ‘руадза, ахæм арфæ дын ракæнæд.
Джеры дзуары бæрæгбонтæ дыл дзæбæхæй цæуæнт.
Джеры дзуары хорзæх дæ уæд.

---

[1] Дарддæр. Райдайæн кæс: «Мах дуджы» 2000 азы №№ 7, 8, 9, 10, 11 — 12; 2001 азы №№ 3 — 8.

Дз

Дзаг хæдзар ссар.
Дзаг хæдзар æрæййаф.
Дзагарм у.
Дзагармæй арвит дæ цард.
Дзагармæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дзагармæй-дзагармдæр цы кæнай, амондскæнæг дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дзаджджын бæстыл цыд фæу.
Дзаджджын фысымтыл æмбæл.
Дзаджджын цард фæкæн.
Дзаджджынæй арвит дæ бонтæ.
Дзаджджынæй фæцæр.
Дзæбæх у.
Дзæбæх амонд — дæ хай.
Дзæбæх амонд дын цы радта Стыр Хуыцау, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Дзæбæх амондæй дæ Хуыцау хайджын фæкæнæд.
Дзæбæх бонтæ дыл ныккæнæнт.
Дзæбæх зæгъынæн у.
Дзæбæх зæгъынхъом у.
Дзæбæх зæгъынхъом дæ Дунескæнæг уадзæд.
Дзæбæх рæстæг арвит.
Дзæбæхæй дыл æмбæлæд дæ бæлццон.
Дзæбæхæй цæр.
Дзæбæхæй цы 'рхæцай царды рохтыл, Дунескæнæг Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дзæбидырау сæрыстырæй фæцу.
Дзæбидырау сыкъатæ цы суадзай дæ кæстæрты цинæй, ахæм амонд дæ уæд.
Дзæгъæл макуы баззай.
Дзæгъæл макуы фæцу.
Дзæгъæлы ном дыл макуы сбадæд.
Дзæгъæйлаг ма фæу.
Дзæгъæйлаг дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Дзæгъæйладжы бон дыл макуы акæнæд.
Дзæгъæлгаст ма фæу.
Дзæгъæлдзых кæстæрæй хызт у.
Дзæгъæлдзых адæм дæ тæфтыл дæр куыд никуы ацæуой, ахæм амонд дæ уæд.

Дзæгъæлмард макуы акæн.
Дзæгъæлы цыд дæ Уастырджи макуы фæкæнæд.
Дзæм-дзæмы суадон дын фестæд.
Дзæм-дзæмы суадонау, дæ разы абузæд.
Дзæм-дзæмы суадонау дын æвдадзы хос фæуæд.
Дзæнæт — дæ хай.
Дзæнæтæй æнæхай ма фæу.
Дзæнæты бадай.
Дзæнæты фæбад.
Дзæнæты цард фæкæн.
Дзæнæты цард цы фæкæнай уæлион зæххыл, амондыскæнæджы цæст дын ахæм арфæ бауарзæд.
Дзæнæтон цард — дæ хай.
Дзæнæтон цард фæкæн.
Дзæнæтон цардæй дын хай уæд.
Дзæнæтон царды ныххау.
Дзæнæты цъæх нæуу — дæ фæлладуадзæн.
Дзæнæты цъæх нæууыл дын цæппузырау абузæд.
Дзæнæты цъæх нæууыл дын цæппузырау абузæд ацы дон, æмæ-иу ын йæ сатæгæй дæ дойны суадз.
Дзой-дзой макуы фæкæн.
Дзой-дзойаг — де знæгтæ.
Дзуапп дæттæг дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Дзуапп дæттынæй хызт у.
Дзуар дæм йæ дзæбæх цæстæй ракæсæд.
Дзуар дын арфæ ракæнæд.
Дзуар дын æххуыс кæнæд.
Дзуар дын æххуысгæнæг уæд.
Дзуары арфæ дыл æрцæуæд.
Дзуары арфæ дыл цы 'рцæуа, ахæм амонд дæ уæд.
Дзуарылæг дæ Хуыцау скæнæд.
Дзуарылæг су.
Дзуарылæгæй фæцæр.
Дзуарылæджы амонд дæ уæд.
Дзуарылæджы дзырд Хуыцаумæ хъуысы, æмæ дын цы фæкуывта, уыдон дын хæларзæрдæйæ раттæд.
Дзуарылæджы куывд дыл Хуыцау æруадзæд.
Дзуарылæджы фарн дæ уæд.
Дзуарылæджы фарнæй фæцæр.
Дзуарæфтыд у.

Дзуарæфтыдæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дзуарæфтыдæй фæцæр.
Дзул æмæ мыд иумæ куыд фидауынц, ахæм цард фæкæнут.
Дзул æмæ мыды ад фæкæнут адæмæн.
Дзул мыды фæтул.
Дзул мыды цы тулай, уыцы амонд дын раттæд бæрзондылбадæг.
Дзуллаг хыссæйæ дын фæлмæндæр разынæд.
Дзураг усæй хызт у.
Дзурын дын амонын цы нæ хъæуа, ахæм амонд дæ уæд.
Дзыккакъах дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дзыккакъах фæу.
Дзыккакъах фæуæд дæ чызг.
Дзыккуджын чызг су.
Дзылаты хуызæн чызг — дæ хай.
Дзыллæ дыл сæ цæст æрæвæрæнт.
Дзылæйæ арфæгонд у.
Дзыллæйæн цæстæвæрæн фæу.
Дзыллæйæн ныфсæн бабæзз.
Дзыллæйы арфæ дыл æрцæуæд.
Дзыллæйы лæг су.
Дзыллæйы лæг фæхуыйн.
Дзыллæйы лæг цы суай, æмæ дæ дзыллæйы дæхи амондыл цы никуы ныууæй кæнай, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Дзыназыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Дзынга уæ къуымæлы дæр макуы бахауæд æнафоны.
Дзырд ахæссынæн у.
Дзырд дæттынæн у.
Дзырд дæттынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Дзырд фæсайын дæ макуы бахъæуæд.
Дзырды бæрц зон.
Дзырды фарн дæ уæд.
Дзырдарæхст лæг рацу.
Дзырдарæхстæй фæцæр.
Дзырддаг макуы фæу.
Дзырддаг хъуыддæгтæм цы никуы 'рхауай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дзырддагæй дæ Хуыцау бахизæд.
Дзырддзæугæ лæг су.
Дзырддзæугæ лæгæй фæцæр.
Дзырдхæссæгæй дæ Хуыцау бахизæд.

Дзыхбар у.
Дзыхбар цы рацæуай, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Дзыхъмард дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Дзыхъмард макуы фæу.
Дзыхъхъылæуд макуы фæу.
Дзыхъхъылæудæй дæхи хизынæн у.
Дзыцца дæ йæ комдзæгтæй фæхаста æмæ дын Дунескæнæг Хуыцауæй хæлар уæнт.
Дзыцца дæ рынтæ бахæрæд.
Дзыцца дæ фæхъхъау фæуæд.
Дзыцца дын цард фестæд.
Дзыццайы уд ахæр.
Дзыццайы цæст ахæр.

Е

Емынæ дæ гуыбыны макуы фæзынæд.
Емынæ дæ ма ахæссæд.
Емынæйæ хызт у.
Емынæйы амæддаг ма фæу.
Ердокалд дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Ерысы раздзог дæ Хуыцау фæкæнæд.
Ерысы фæсте цы никуы баззайай, Хуыцау дæ ахæм амондæй æххæст уадзæд.
Есойы Чырысти дæм дзæбæх цæстæй ракæсæд.
Есойы Чырысти дын йæ хорзæх раттæд.
Есойы Чырысти дын раарфæ кæнæд.
Есойы Чырыстийæ арфæгонд у.
Есойы Чырыстийы арфæ дыл æрцæуæд.
Есойы Чырыстийы хорзæх дæ уæд.
Еууаг дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Еууаг макуы фæу.

З

Загъд кæнынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Загъдæй исын кæй хъæуа, уый — де знаджы.
Загъды сæр дæ макуы бахъæуæд.
Загъды онг дæ Дунескæнæг Хуыцау цы никуы 'руадза, ахæм амонд дын йæ цæст бауарзæд.
Загъта-багътайæ хызт у.

Зад — дæу, дон — де знæгты.
Зад курыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Задæй æфсæст у.
Зады кадæн фæцæр.
Зады кадæн цы суа дæ кад, ахæм амонд дæ уæд.
Задыны хæлд макуы фæкæн.
Задыны хæлд фæкæнынæй дæ Хуыцау бахизæд.
Залиаг калм макуы фест.
Зараг лæппу басгуых.
Зараг лæппу цы рацæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Зарæджы аккаг дæ амондыскæнæг басгуыхын кæнæд.
Зарæджы сæр дæ Хуыцау скæнæд.
Зардамонд дæ уæд.
Зардамонд фæхæсс.
Зауат макуы фæу.
Зауатмæ макуы 'рхау.
Зачъеджын лæг рацу.
Зæдтæй арфæгонд фæу.
Зæдты арфæ дыл æрцæуæд.
Зæдты хорзæх дæ уæд.
Зæддоны абад.
Зæддон уæд дæ бадæн.
Зæдтæ дыл атæхæнт.
Зæдтæ дын æххуысгæнæг уæнт.
Зæдтæй фæдзæхст фæу.
Зæдтæй фæдзæхст цы уай, уыцы арфæ дын ракæнæд дæ амонд раттæг.
Зæйæ хызт у.
Зæй дæ макуы фæласæд.
Зæйласт макуы фæу.
Зæйласт дæ Хуыцау цы никуы фæкæна, уыцы амонд дæ уæд.
Зæйуат макуы фæу.
Зæйуатæй макуы баззай.
Зæлдæгты дæ фæтыхтæуæд.
Зæлдæгтæй сæ раив.
Зæлдæгты фæцу.
Зæнæгджын дæ Хуыцау скæнæд.
Зæнæгджын у.
Зæнæджы зиан ма бавзар.
Зæнæджы маст макуы фен.

Зæнæджы маст дын Дунескæнæг цы никуы фенын кæна, ахæм амонд дæ уæд.
Зæнæджы цинтæй дидинæг фефтау.
Зæнæджы цинтæм фæкæс.
Зæнгдых у.
Зæрватыкк фест.
Зæрватыккау адæмæн цинхæссæг фæу.
Зæрдæ дæ буц уæд.
Зæрдæ дæ райæд.
Зæрдæ дæм макуы фæхъæбæр уæд.
Зæрдæ дæм макуы мацæмæ фехсайæд.
Зæрдæргъæвд дæ Хуыцау скæнæд.
Зæрдæргъæвдæй фæцæр.
Зæрдæргъæвд кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Зæрдæджын у.
Зæрдæджын дæ Дунескæнæг Хуыцау скæнæд.
Зæрдæджын цы уай, æмæ зæрдæджын хъуыддæгтæ цы аразай дæхи тыххæй дæр æмæ дæ адæмы тыххæй дæр, уыцы амонд дæ уæд.
Зæрдæдзæф дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Зæрдæдзæф макуы фæу.
Зæрдæдзургæ макуы фæу.
Зæрдæдзургæйæ макуы æрвит дæ царды бонтæ.
Зæрдæдзургæйæ макуы фæцæр.
Зæрдæдзургæйæ цы никуы цæрай, фæлæ-иу дын царды æппæт дæр бæлвырдбæрæг цы уа, уыцы амонд дæ уæд.
Зæрдæйы фæндиаг хъуыддæгтæ фæараз.
Зæрдæйы фæндиаг цард фæкæн.
Зæрдæзæгъгæ амонд дæ уæд.
Зæрдæзæгъгæ амонд цы ссарай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Зæрдæзæгъгæ бæрæгбонтæ кæн.
Зæрдæзæгъгæ лæппу — дæ хай.
Зæрдæзæгъгæ лæппу ссар.
Зæрдæзæгъгæ лæппуйыл цы сæмбæлай, уыцы амонд дæм ракæсæд Хуыцауæй.
Зæрдæзæгъгæ чызг — дæ хай.
Зæрдæзæгъгæ чындз æрбахизæд дæ къæсæрæй.
Зæрдæзæгъгæ чындз — дæ хай.
Зæрдæзæгъгæ сиахс — дæ хай.

Зæрдæзæгъгæ сиахс æрлæууæд дæ фæскъæсæр.
Зæрдæзæгъгæ цард фæкæн.
Зæрдæзæгъгæ хъуыддæгтæ дыл фæцæуæнт.
Зæрдæмæдзæугæйæ фæцæр.
Зæрдæмæдзæугæйæ базæронд у.
Зæрдæниз макуы райс.
Зæрдæнцойæ фæцæр.
Зæрдæсастæй дæ Хуыцау бахизæд.
Зæрдæрухс у.
Зæрдæхæлд ма фæу.
Зæрдæхсайд макуы фæу.
Зæрдæхудтæй дæхи бахиз.
Зæрдæхудтæй хызт у.
Зæрдæхъæрмттæ макуы фæкæн.
Зæрдæхъæрмттæ цы нæ кæнай, фæлæ дæ кæстæрты сæргъы ныфсджынæй цы 'рлæууай, уыцы амонд дæ уæд.
Зæрдæхъæлдзæгæй фæцу.
Зæрдæхъæлдзæгæй фæцæр.
Зæрдиаг бонтæ фервит.
Зæрдиаг цинтæ дыл фæцæуæнт.
Зæрдиагæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Зæрдиаджы маст ма фен.
Зæрдиаджы цинæй фæрай.
Зæрдылдаринаг бонтæ фæтон.
Зæрдылдаринаг бонтæ цы фервитай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Зæрдылдаринаг фæу.
Зæрдæцъæх макуы у.
Зæрин талатæ суадз уымы бæстæй.
Зæрин коцора læппу дын райгуырæд.
Зæриндзыкку чызг дын райгуырæд.
Зæронды бонмæ фæцæр.
Зæронды бонмæ мастæй хызт у.
Зæрыбон æвзæр ма фен.
Зæрыбонмæ дæ Хуыцау дæхи фæндиаг цы фæцæрын кæнæ, уыцы амонд дæ уæд.
Зæрыбонмæ дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Зæрыбонмæ маст ма фен.
Зæххæй æфсæст у.
Зæххæй дын хай уæд.

Зæххæй рæвдыд у.
Зæххæй æнæхай макуы фæу.
Зæхджын у.
Зæхджын, фосджын у.
Зæххы сой дæ къусмæ тæдзæд.
Зæххы сойæ æфсæст у.
Зæххы фарн дæ уæд.
Зæххы хъыг макуы райс.
Зæххы бардуаг дын æххуысгæнæг уæд.
Зæххы бардуагæй фæдзæхст у.
Згъудеры дзуар дын раарфæ кæнæд.
Згъудеры дзуар нæм комкоммæ кæсы, æмæ дын комкоммæ амонд раттæд.
Згъудеры дзуар дæ фыдбылызæй бахизæд.
Згъудеры дзуар дын дæ кувинæгтæ сыгъдæгæй айсæд.
Згъудеры дзуар нæ, куыйдзыхтæ нæм куы 'рбабырстой, уæд фыдбылызæй бахызта, æмæ йыл нæ кувинæгтæ сыгъдæгæй æмбæлæнт.
Згъудеры дзуарæй арфæгонд у.
Згъудеры дзуарæй фæдзæхст фæу.
Зивæг дæ макуы абырсæд.
Зивæг дыл макуы фæтых уæд.
Зивæгæй хызт у.
Зинæй хызт у.
Знаг дын ма уæд.
Знаг дын бирæ хæссæд.
Зонгæ-зонын лæджы макуы бафхæр.
Зонгæ-зонын мæлдзыгыл дæр макуы фæлæуу.
Зондамонæгмæ хъусын фæраз.
Зондæргъæвдæй фæцæр.
Зыд макуы фæкæн.
Зыд ма фен.
Зын макуы фен дæ цæрынæй, дæ хæрынмæ.
Зынаргъ лæг су.
Зынггур цæуын дæ макуы бахъæуæд.
Зынг зæгъынæй дæ ком ма судзæд.
Зынгхуыст макуы фæу.
Зындзард сыхагæй хызт у.
Зындзинад макуы фен.
Зындзинад дыл макуы 'рцæуæл.

Зындзинадæй хызт у.
Зынтæй дæ Хуыцау бахизæд.
Зынтæй хызт у.
Зынтæй хызт цы уай, æмæ дыл хорздзинæдтæ та къæвдауарæгау цы кæной, ахæм амонд дæ уæд.

И

Иблисы сайд макуы фæу.
Иварæй хызт у.
Ивармæ макуы 'рхау.
Ивгъуыд бонтæм бæллын дæ макуы бахъæуæд.
Ивгъуыд дын зонды хос фæуæд.
Ивгъуыдæй хатдзæгтæ аразынæн у.
Ивгъуыды бонтæй дæ Хуыцау макуы фæцæрын кæнæд.
Ивддзаг мард макуы 'рцу.
Ивддзаг сæфт макуы фæкæн.
Ивддзагæй де знаджы амардæуæд.
Ивддзагæй де знаджы амардæуæд, ды Хуыцауы фæдзæхст у.
Игæрхæлд дæ Хуыцау цы никуы фæкæна, уыцы амонд дæ уæд.
Игæрхæлд макуы фæу.
Игæрнизæй хызт у.
Идæдз усы æлгъыст дыл макуы 'рцæуæд.
Идæдз усы 'лгъыстæй хызт у.
Идæдзæй дæ Хуыцау бахизæд.
Идæдзæй макуы баззай.
Идæдзæй цæрыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Инæлар су.
Инæлар уазджытæ дæм фæцæуæнт.
Инæлары цин цы райсай, ахæм амонд дæ уæд.
Инæлæрттæ фæхъомыл кæн.
Ингæн æвæрд макуы фæу.
Иратаманы дæ кады ном айхъуысæд.
Иратаманы дæ кады ном ноджыдæр нæрæд.
Иратаманы цæрынæй бафсæд.
Ир дæ сæхиуыл банымайæнт.
Иры ныфс макуы фесаф.
Ирæн фæдисонæн басгуых.
Ирбæсты аккаг кæстæр у.

Ирбæсты бирæ номдзыд хъæбултæ схъомыл, æмæ дæ номæй цы фæфылдæр уой, ахæм амонд дæ уæд.
Ирбæсты дæ кад макуы ‘рхауæд.
Ирбæсты дæ кад фылдæрæй-фылдæр кæнæд.
Ирвæзт у фыдбылызæй.
Ирдæй судзæд дæ амонды стъалы.
Ирон арм дыл макуы æруайæд.
Ирон æгъдауæй фæцæр.
Ирон æгъдауæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ирон æгъдауæй рæди.
Ирон æгъдау кæнынæн у.
Ирон æгъдауыл дæ къух макуы сис.
Ирон æгъдауыл макуы суæлæхох у.
Ирон æфсарм дæм уæд.
Ирон æфсарм кæрæй-кæронмæ сæрыстырæй цы фæхъахъхъæнай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирон æфсармæй фæцæр.
Ирон æфсармæй макуы фæцух у.
Ирон билцъ акæн.
Ирон бинойнаг дæ фæуæд.
Ирон бинонтæ цы скæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон богал дæ Хуыцау скæнæд.
Ирон бындары мад фæу.
Ирон бындартæ фæхъомыл кæн.
Ирон гакк макуы фесаф.
Ирон гаккимæ фæцæр.
Ирон гаккыл дæ къух макуы сис.
Ирон гæнахы дзуар дын раарфæ кæнæд.
Ирон гæнахы хорзæх дæ уæд.
Ирон гæрзтæ макуы фæхудинаг кæн.
Ирон гæрзтæ хæссынхъом су.
Ирон гæрзтæ хæссынхъом уæ Хуыцау скæнæд.
Ирон дзуæрттæ дын арфæ ракæнæнт.
Ирон дзуæртты арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон дзуарыбонтæ аразынæн у.
Ирон дзуарыбонтæ аразынхъом у.
Ирон дзых дæ номæй макуы бамыр уæд.
Ирон дзыхæй фæрнæй фæдзур.
Ирон дзырд дæ макуы ферох уæд.
Ирон дзырд дæ номæй макуы скæуæд.
Ирон дзырды ад дын Хуыцау банкъарын кæнæд.

Ирон дзырды кад амондимæ фæхæсс.
Ирон дзырды фарн дæ уæд.
Ирон дзырды фарнæй фæрнджын у.
Ирон зарæг макуы бамыр уæд.
Ирон зарæг цы никуы бамыр уа, Хуыцау нын ахæм амонд раттæд.
Ирон зарæджы аккаг у.
Ирон зарæджы аккаг су.
Ирон зарæджы фарнæй фæцæр.
Ирон зæдтæ дыл атæхæнт.
Ирон зæдты арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон зæдты хорзæх дæ уæд.
Ирон зæдты хорзæхæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ирон зæрдæйæ фæцæр.
Ирон зæрдæйы арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон зæрдæйы парахатæн фæцæр.
Ирон зæрдæйы хорзæх дæ уæд.
Ирон зонд ма аппар.
Ирон зондæй фæцæр.
Ирон зондæй цæр, фæлæ дæ алыварс кæсынæн дæр цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон кадæй цæр.
Ирон лæг дæ рацæуæд.
Ирон лæджы авд хохы фæстæмæ дæр цы уынай, уыцы хорзæх дæ уæд.
Ирон лæджы æфсæрмæй хайджын у.
Ирон лæджы кад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон лæджы фарнæй цæр.
Ирон лæджы фарн дæ уæд.
Ирон лæджы фарнæй хайджын у.
Ирон лæджы хъæр дæм хъуысæд.
Ирон лæппу рацу.
Ирон мад уæлахиз уæд.
Ирон мад рацу.
Ирон мады амондæй хайджын у.
Ирон мады арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон мады æхсыры хъуыртт дын тайæн уæд.
Ирон мады зæрдæ макуы скъах.
Ирон маст дыл макуы сæмбæлæд.
Ирон масты фæдыл макуы ацу.

Ирон мæгуыргур никуыма уыдис, æмæ нæ дзы Хуыцау бахизæд.
Ирон мыггаг æнустæм билцъ цы уадза, уыцы амонд нæ уæд.
Ирон намыс макуы фесаф.
Ирон намысæй æххæст у.
Ирон нæмттæ кæуыл феварай, уыдон дын фæгуырæнт.
Ирон нуазæн амондимæ фæдар.
Ирон нуазæн дæттынæн у.
Ирон нуазæн дугъон бæхæй уæлдай нæу, æмæ-иу дæ къух кæдæм фæдарай, уым дын ныфсы мæсгуытæ цы уой, Хуыцау дын ахæм фарн раттæд.
Ирон нуазæн исынæн у.
Ирон нуазæн-иу кæмæн радтай, уый йæ йæхицæн кадыл цы нымайа, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон нуазæны кад бæрзонд фæхæсс.
Ирон нуазæны хорзæх æрцæуæд.
Ирон ныхас уæ хъуысæд.
Ирон сæрыстырдзинад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон сæрыстырдзинад хæссынæн у.
Ирон сидтмæ фæстæ макуы фæлæуу.
Ирон сидтæн дзуапп кæнынхъом у.
Ирон сыкъа хæссынхъом у.
Ирон сыкъайы кад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон тугæн æмбийæн нæй, æмæ йын кадкæнынхъом у.
Ирон тугыл макуы суæлæхох у.
Ирон тырыса дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон тырыса хæссынхъом у.
Ирон тырысайы бын цы 'рбамбырд уат, ахæм амонд нæ уæд.
Ирон тырысайы уаг æмæ 'гъдау макуы фесаф.
Ирон тырысайы уагыл дæ Хуыцау уадзæд.
Ирон уазæгыл йæ былтæ никуы акъуырдзæн æмæ дзы æххæст уæд дæ хæдзар.
Ирон уарзондзинадыл дæ Дунескæнæг Хуыцау фидар хæцын кæнæд.
Ирон фарн бирæ уæд.
Ирон фарн дæ кæстæртæн Хуыцауæй лæвæрд фæуæд.
Ирон фарн æмæ æгъдау хæссынæн у.
Ирон фарнæй æххæст цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон фарнæй макуы фæцуд.
Ирон фарнæй фæрнджын фæу.
Ирон фынг академи у, æмæ дзы зонд-зонынхъом у.

Ирон дзырды кад амондимæ фæхæсс.
Ирон дзырды фарн дæ уæд.
Ирон дзырды фарнæй фæрнджын у.
Ирон зарæг макуы бамыр уæд.
Ирон зарæг цы никуы бамыр уа, Хуыцау нын ахæм амонд раттæд.
Ирон зарæджы аккаг у.
Ирон зарæджы аккаг су.
Ирон зарæджы фарнæй фæцæр.
Ирон зæдтæ дыл атæхæнт.
Ирон зæдты арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон зæдты хорзæх дæ уæд.
Ирон зæдты хорзæхæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ирон зæрдæйæ фæцæр.
Ирон зæрдæйы арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон зæрдæйы парахатæн фæцæр.
Ирон зæрдæйы хорзæх дæ уæд.
Ирон зонд ма аппар.
Ирон зондæй фæцæр.
Ирон зондæй цæр, фæлæ дæ алыварс кæсынæн дæр цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон кадæй цæр.
Ирон лæг дæ рацæуæд.
Ирон лæджы авд хохы фæстæмæ дæр цы уынай, уыцы хорзæх дæ уæд.
Ирон лæджы æфсæрмæй хайджын у.
Ирон лæджы кад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон лæджы фарнæй цæр.
Ирон лæджы фарн дæ уæд.
Ирон лæджы фарнæй хайджын у.
Ирон лæджы хъæр дæм хъуысæд.
Ирон лæппу рацу.
Ирон мад уæлахиз уæд.
Ирон мад рацу.
Ирон мады амондæй хайджын у.
Ирон мады арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон мады æхсыры хъуыртт дын тайæн уæд.
Ирон мады зæрдæ макуы скъах.
Ирон маст дыл макуы сæмбæлæд.
Ирон масты фæдыл макуы ацу.

Ирон мæгуыргур никуыма уыдис, æмæ нæ дзы Хуыцау бахизæд.
Ирон мыггаг æнустæм билцъ цы уадза, уыцы амонд нæ уæд.
Ирон намыс макуы фесаф.
Ирон намысæй æххæст у.
Ирон нæмттæ кæуыл феварай, уыдон дын фæгуырæнт.
Ирон нуазæн амондимæ фæдар.
Ирон нуазæн дæттынæн у.
Ирон нуазæн дугъон бæхæй уæлдай нæу, æмæ-иу дæ къух кæдæм фæдарай, уым дын ныфсы мæсгуытæ цы уой, Хуыцау дын ахæм фарн раттæд.
Ирон нуазæн исынæн у.
Ирон нуазæн-иу кæмæн радтай, уый йæ йæхицæн кадыл цы нымайа, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон нуазæны кад бæрзонд фæхæсс.
Ирон нуазæны хорзæх æрцæуæд.
Ирон ныхас уæ хъуысæд.
Ирон сæрыстырдзинад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон сæрыстырдзинад хæссынæн у.
Ирон сидтмæ фæстæ макуы фæлæуу.
Ирон сидтæн дзуапп кæнынхъом у.
Ирон сыкъа хæссынхъом у.
Ирон сыкъайы кад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон тугæн æмбийæн нæй, æмæ йын кадкæнынхъом у.
Ирон тугыл макуы суæлæхох у.
Ирон тырыса дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон тырыса хæссынхъом у.
Ирон тырысайы бын цы 'рбамбырд уат, ахæм амонд нæ уæд.
Ирон тырысайы уаг æмæ 'гъдау макуы фесаф.
Ирон тырысайы уагыл дæ Хуыцау уадзæд.
Ирон уазæгыл йæ былтæ никуы акъуырдзæн æмæ дзы æххæст уæд дæ хæдзар.
Ирон уарзондзинадыл дæ Дунескæнæг Хуыцау фидар хæцын кæнæд.
Ирон фарн бирæ уæд.
Ирон фарн дæ кæстæртæн Хуыцауæй лæвæрд фæуæд.
Ирон фарн æмæ æгъдау хæссынæн у.
Ирон фарнæй æххæст цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон фарнæй макуы фæцуд.
Ирон фарнæй фæрнджын фæу.
Ирон фынг академи у, æмæ дзы зонд-зонынхъом у.

Ирон фынг академи у, æмæ дзы уды фарн цы исай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирон фынг æвæрынхъом у.
Ирон фынгыл нуазæн райсынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Ирон фынджы бæркад — дæ хæдзары.
Ирон фынджы 'гъдау макуы фесаф, уæлейæ-иу дзы цы рабадай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирон фынджы хистæрæн бабæзз.
Ирон хæдзар скæнынхъом у.
Ирон хæдзары фарн уæ уæд.
Ирон хæдзары фарнæй уæ Хуыцау фæрнджын уадзæд.
Ирон хæдзарыл æмбæлд фæу.
Ирон хæсæй хызт у.
Ирон хæсмæ дæ Хуыцау макуы бабæллын кæнæд.
Ирон хæстоны кад дæ уæд.
Ирон хæстоны кад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон хæцæнгарз хæссынхъом у.
Ирон хæцæнгарзы кад дæуыл макуы асæттæд.
Ирон хæцæнгарзы кад макуы æрдæлæмæ кæн.
Ирон хид дæ быны макуы ныххауæд.
Ирон хистæр дæ Хуыцау скæнæд.
Ирон хистæрæй цы батонай дæ царды бонтæ, Хуыцауæй дыл ахæм арфæ æрцæуæд.
Ирон хистæрты зондæй-иу рæди.
Ирон хистæрты кадæй дæ Хуыцау цæрын кæнæд.
Ирон худ дарынæн у.
Ирон худ фæрнæй фæдар.
Ирон худы кад дæлæмæ макуы 'руадз.
Ирон худы кад цъыфы цы никуы стулай, уыцы амонд дын раттæд Хуыцау.
Ирон хур дыл дæхи зæрдæйы фæндиаг кæсæд.
Ирон хур дыл æнафоны макуы аныгуылæд.
Ирон хуры цæст дыл æрттивæд.
Ирон Хуыцау адæмæн арфæгæнæг у, æмæ дыл Йæ арфæ цы 'рцæуа, ахæм амонд дæ уæд.
Ирон Хуыцау æххуысгæнæг у, æмæ дыл Йе 'ххуыс æмбæлæд.
Ирон Хуыцау дын раарфæ кæнæд.
Ирон Хуыцауæй фæдзæхст фæу.
Ирон Хуыцауы арфæ дыл æрцæуæд.
Ирон Хуыцауы арфæ дæ хæдзарыл цы 'рцæуа, æмæ фыдæйфыртмæ хуыздæргæнгæ цы фæцæуат, уыцы амонд уæ уæд.

Ирон Хуыцауыфыдæх макуы райс.
Ирон Хуыцауы фыдæхæй хызт у.
Ирон хъæбултæ ауз дæ авдæны.
Ирон хъæбултæ дын фæгуырæд.
Ирон хъæбултæ фæхъомыл кæн.
Ирон хъæбултæ цы схъомыл кæнай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд йæ дзæбæх зæрдæйæ.
Ирон хъæбултæн фæцæттæ кæн хуыссæнтæ.
Ирон хъæбултæн фæрæтау авдæнгæрзтæ.
Ирон хъæбулты авдæн дын фæуæд.
Ирон хъæбулты авдæнгæрзтæ дын цы фæуой, уыцы амондæй дæ хайджын уадзæд нæ Дунескæнæг Хуыцау.
Ирон хъæбулты мад фæхуыйн.
Ирон цæхх æмæ кæрдзын дæттын фæраз.
Ирон цæхх æмæ кæрдзын дын Хуыцау макуы бамбæхсын кæнæд.
Ирон цæхх æмæ кæрдзын раттынæн у.
Ирон цæхх æмæ кæрдзынæй дæ хæдзар алы хатт дæр æххæст уæд.
Ирон цæхх æмæ кæрдзынæй дæ хæдзар макуы рафидиуæд.
Ирон цæхх æмæ кæрдзыны ад фæкæнут адæмæн.
Ирон цæхх æмæ кæрдзыны бæркадæй бæркадджын уæд дæ хæдзар.
Ирон цæхх æмæ кæрдзыны кадæй уæ фæцæрын кæнæд Дунескæнæг.
Ирон цæхх æмæ кæрдзыны бæркадæн у.
Ирон цæхх æмæ кæрдзыны фарнæй фæрнджын у.
Ирон цæхх æмæ кæрдзыныл дæ Хуыцау дуæрттæ макуы сæхгæнын кæнæд.
Ирон цæхх æмæ кæрдзыныл дуæрттæ цы никуы сæхгæнай, Дунескæнæг Хуыцау дын йæ рæдау зæрдæйæ ахæм арфæ ракæнæд.
Иронвæндаг кæныны сæр дæ макуы бахъæуæд..
Иронвæндаг макуы фæкæн.
Иронвæндагæй хызт у.
Иры дзыхъхъ арфæйаг фæуæд.
Иры дзыхъхъ арфæйаг цы фæуа, Хуыцау нын ахæм амонд раттæд.
Иры дзыхъхъ арфæгонд уæд.
Иры дзыхъхъ арфæгондæй фæцæрæд.
Иры дзыхъхъ дæ зæрдæйæ макуы сæфтæд.
Иры дзыхъхъ дæ зæрдæйы цæрæнбонты цы ‘рбынат кæна, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.

Иры дзыхъхъæй акъахдзæф кæнын бауæд дæ бон.
Иры дзыхъхъæй дарддæр цы ацæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Иры дзыхъхъæй дардмæ кæсынхъом бау.
Иры дзыхъхъæй схизынхъом су.
Иры дзыхъхъæй хæтæнхуаг макуы фæу.
Иры дзыхъхъæй хъодыгонд макуы фæу.
Иры дзыхъхъæй хъодыгонд цы никуы фæуай, уыцы амонд дын Хуыцау раттæд.
Иры дзыхъхъы амонджын у.
Иры дзыхъхъы дæ Хуыцау кад æмæ æгъдауыл фæцæрын кæнæд.
Иры дзыхъхъы дæ Хуыцау кад æмæ 'гъдауыл амарæд.
Иры дзыхъхъы кад æмæ радæй батон дæ царды бонтæ.
Иры дзыхъхъы кадджынæй фæцæр.
Ирыстон амонджын уæд.
Ирыстон амонды бæстæ фæхуыйнæд.
Ирыстон амонды бæстæ цы суа, Дунескæнæг Хуыцауæй йыл ахæм арфæ æрцæуæд.
Ирыстон æнустæм дидинæг æфтауæд.
Ирыстон æрдзæ-æрдзæ æнусты хуыздæртæй-хуыздæр, рæсугъдæй-рæсугъддæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстон дæ номæй æфхæрд макуы райсæд.
Ирыстон дæ номæй йæ сины сæртыл фæхæцæд.
Ирыстон дæ номæй фæкадджындæр уæд.
Ирыстон дæ сæрыстыр уæд.
Ирыстон дæ цардæй бафсæдæд.
Ирыстон дæ царды фæндагыл цы бафтауа, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Ирыстон куывдтæ кæнæд.
Ирыстон куывдтæ кæнæд йæ кæстæрты цинæй.
Ирыстон йæ кортосæр лæппуты фæндиаг фæуæд.
Ирыстон кæд Хуыцауæй æлгъыст у, уæд нын мад-фыды удæст ныккæнæд нæ рæдыдтытæ, æмæ нæм дзаг цæстæй цы ракæса, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстон адæмæй Ирыстон у, æмæ йæ адæм фылдæрæй-фылдæр цы кæной, уыцы амонд æй уæд.
Ирыстон ирон адæмæй макуы сцух уæд.
Ирыстон ирон адæмæн Хъарсы фидарæй фидардæр у, æмæ йын басæттæн ма уæд.
Ирыстон уæзæгуат макуы фæуæд.
Ирыстонæй амонджын зарджытæ хъуысæнт.
Ирыстонæй ноггуырдты кæуын фæхъуысæд.
Ирыстонæн аккаг хъæбул рацу.

Ирыстонæн амонды гуырд фæу.
Ирыстонæн арфæгонд кæстæр цы фæуай, æмæ дæ Уастырджи йæ рахиз базыры бын цы дара, уыцы амонд дæ уæд.
Ирыстонæн дардмæуынаг лæппу басгуых.
Ирыстонæн дæ сæр Хуыцау ма байсæд.
Ирыстонæн дондзауæн уæддæр бабæзз.
Ирыстонæн дунемæ фæндагамонæг цы фæуай, ахæм амонд дæ уæд.
Ирыстонæн дыккаг Къоста басгуых.
Ирыстонæн дыккаг Иссæ басгуых.
Ирыстонæн джидзæггаг макуы су.
Ирыстонæн дзагармæй фæцу.
Ирыстонæн дзагарм æфсин цы разынай, уыцы амонд дæу дæр уæд æмæ мах дæр.
Ирыстонæн дзагарм фысым фæу.
Ирыстонæн дзæбæхæй цы фæцæрай, нæ Иры дауджытæ дын ахæм арфæ ракæнæнт.
Ирыстонæн дзæбидырау сæрыстырæй фæцу.
Ирыстонæн дзæгъæлмард макуы акæн.
Ирыстонæн дзуарылæг басгуых.
Ирыстонæн дзырддаг цы никуы фæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирыстонæн дзырддагæй дæ Хуыцау бахизæд.
Ирыстонæн дзырддзæугæ лæг рацу.
Ирыстонæн дзыхъхъылæуд кæстæр цы никуы уай, фæлæ адæмы рæгъы цы цæуай, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Ирыстонæн зондджын хистæр фæу.
Ирыстонæн иузæрдион хистæр цы суай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирыстонæн кад кæнын базон.
Ирыстонæн кадджын кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Ирыстонæн кадджын хистæр дæ, æмæ дæ кадджынæй Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ирыстонæн кæстæриуæг кæнынхъом су.
Ирыстонæн лæггад кæнын базон.
Ирыстонæн лæггадгæнæгæн бабæзз.
Ирыстонæн лæггадхъом су.
Ирыстонæн лæппугуырдтæ фæхъомыл кæн.
Ирыстонæн лæппугуырдтæ цы аузай авдæны, уыцы амонд дæ уæд.
Ирыстонæн фæдисонæн цы бабæззай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирыстонæн фыртæн бабæзз.

Ирыстоны амондæй амондджын у.
Ирыстоны амондæй æнæхай макуы фæу.
Ирыстоны амондæй хайджын цы уай, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Ирыстоны ахсджиаг хъæбул фæхуыйн.
Ирыстоны ахсджиаг хъæбулты фæндиаг фæу.
Ирыстоны амонд ссар.
Ирыстоны амондджынæй фæцæр.
Ирыстоны амондджынæй цы фæцæрай, ахæм арфæ дын Дунескæнæджы цæст бауарзæд.
Ирыстоны ахстон цы скæнай, уыцы фарн дæ уæд.
Ирыстоны бæркад æнæфæцудгæ уæд.
Ирыстоны бæркад бирæ уæд.
Ирыстоны бæркад уæлеисгæ, бынæйахадгæ уæд.
Ирыстоны бæркадæй бæркадджын фæу.
Ирыстоны бæхрæгъæуттæ зæххæн уæз цы кæной, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстоны бæхрæгъæуттæй сæрвæттæ талынг кæнæнт.
Ирыстоны бон бирæ уæд.
Ирыстоны бон бирæ цы уа, Хуыцауы цæст нын ахæм амонд бауарзæд.
Ирыстон бонæй-бонхуыздæр кæнæд.
Ирыстоны бындур макуы ныззилæд.
Ирыстоны бындур макуы фæцудæд.
Ирыстоны бындур фидар уæд.
Ирыстоны бындур фидар уæд, æмæ нын дидинæг цы рафтауа, ахæм амонд нæм æрцæуæд.
Ирыстоны бындур фидарæй-фидардæр цы кæна, ахæм арфæ ныл æрцæуæд.
Ирыстоны бынсæфтæй Хуыцау бахизæд.
Ирыстоны зæдтæ дыл атæхæнт.
Ирыстоны зæдтæ дыл хæрзмæ аудæнт.
Ирыстоны зæдтæ дын æххуысгæнæг цы уой, уыцы амонд дæ уæд.
Ирыстоны зæдтæй фæдзæхст фæу.
Ирыстоны зæнæг фыдбылызæй фæдзæхст фæуæд.
Ирыстоны зæнæг фыдбылызæй хызт уæнт, хæрзæбонæй — æххæст.
Ирыстоны зæнæг хурæфсæстæй цæрæнт.
Ирыстоны зæрдæ макуал фæриссæд.
Ирыстоны зæрдæ рухс уæд.
Ирыстоны зæрдæ рухс уæд йæ кæстæрты цинтæй.

Ирыстоны зæрдæ хурварс цы бада йæ кæстæрты ‘нтыстытæй, Хуыцау ын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирыстоны зæрыбонмæ дæ кад макуы ‘рмынæг уæд.
Ирыстоны зæрыбонмæ дзæбæхæй цæр.
Ирыстоны ирон læг алæмæттаг цард цы кæна, уыцы амонд ын Хуыцау раттæд.
Ирыстоны ирон læг алкæмæй хуыздæр цы цæра, уыцы амонд æй уæд.
Ирыстоны ирон læг адæмы ‘хсæн æмбар цы уа, ахæм амонд æй уæд.
Ирыстоны ирон læг йæ бартыл дзурынхъом цы уа, уыцы амонд ын Хуыцау раттæд.
Ирыстоны ирон læг йæ базыртæ йæ зæрдæйы фæндиаг цы айтындза, уыцы амонд æй уæд.
Ирыстоны ирон læг бонæддæдæр цард цынæуал кæна, уыцы амонд æй уæд.
Ирыстоны ирон læг бонхуыздæр кæнæд.
Ирыстоны ирон læг сæрыстырæй цы фæцæра, ахæм бонтæ йыл ныккæнæд.
Ирыстоны ирон læг сæрныллæгæй цы никуыуал цæуа, ахæм бонтæ ныл ныккæнæд.
Ирыстоны ирон læг сæрыстырæй цы райса йæ бартæ, уыцы амонд æй уæд.
Ирыстоны ирон læг, хъаны дардæй дарын кæй хъæуы, уыдон цы базона, ахæм амонд нæ уæд.
Ирыстоны ирон læгæн Хуыцау йæ зæрдæйы фæндиаг цард раттæд.
Ирыстоны ирон læджы кад дæлæмæ макуы ‘рхауæд.
Ирыстоны ирон læджы фарн макуы бонты амæлæд.
Ирыстоны ирон læджы фарн фылдæрæй-фылдæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстоны ирон фарн макуы фесæфæд.
Ирыстоны ирондзинад макуы фесæфæд.
Ирыстоны ирондзинад фылдæрæй-фылдæр кæнæд.
Ирыстоны ирондзинадæн табукæнынхъом уæнт.
Ирыстоны ирондзинадæн табукæнынхъом цы уой, уыцы амонд сæ уæд.
Ирыстоны кад адæмыл хъуысæд.
Ирыстоны кад æнустæм макуы æрмынæг уæд.
Ирыстоны кад æнустæм уæлдæрæй-уæлдæр цы кæна, уыцы амонд нæ уæд.

Ирыстоны кад æмæ радæй фæцæр.
Ирыстоны кад æмæ радæй цы базæронд уай, ахæм амонд дæ уæд.
Ирыстоны кад дæлæмæ макуы ‘руадз.
Ирыстоны кадæй хайджын у.
Ирыстоны кадæй хайджын цы уай алы хатт дæр, уыцы амонд дын Дунескæнæг Хуыцау раттæд.
Ирыстоны кадмæ кадæфтауынхъом у.
Ирыстоны кадмæ кад æфтауынхъом дæ Стыр Хуыцау скæнæд.
Ирыстоны кады ном дунейыл айхъуысæд.
Ирыстоны кады ном дунейыл цы айхъуыса, ирон Хуыцау нын ахæм амонд раттæд.
Ирыстоны кады нуазæн ныл æмбæлæд.
Ирыстоны кады худ макуы фесæфæд.
Ирыстоны кады худ цъыфмæ макуы ахауæд.
Ирыстоны кæстæртæ амондджын уæнт.
Ирыстоны кæстæртæ амæндты хуыздæрты ссарæнт.
Ирыстоны кæстæртæ æмзондæй цæрынæн уæнт.
Ирыстоны кæстæртæ æмзондæй цы цæрой, Дунескæнæг Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирыстоны кæстæртæ æмзондæй-æмзонддæр кæнæнт.
Ирыстоны кæстæртæ æмцæдисонтæй цух макуы фæуæнт.
Ирыстоны кæстæртæ бонхуыздæр кæнæнт.
Ирыстоны кæстæртæ дардмæ зынæнт.
Ирыстоны кæстæртæ дунемæ фæндаг цы ссарой, уыцы амонд сæ уæд.
Ирыстоны кæстæртæ дуры гуыбынæй дæр сæ тонайы хай цы кæной, амондыскæнæг сын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирыстоны кæстæртæ Ирыстонæн кад кæнынхъом уæнт.
Ирыстоны кæстæртæ Ирыстоны кад дæлæмæ макуы ‘руадзæнт.
Ирыстоны кæстæртæ Ирыстоны кад уæлдæрæй-уæлдæр цы исой, уыцы амонд сæ уæд.
Ирыстоны кæстæртæ Ирыстоны кад хæссынхъом уæнт.
Ирыстоны кæстæртæ Ирыстоны кад цы никуы бон фесафой, ахæм арфæ сыл æрцæуæд.
Ирыстоны кой дунейыл йæ хорз хъуыддæгтæй айхъуысæд.
Ирыстоны кой макуы бамынæг уæд.
Ирыстоны кой макуы фесæфæд.
Ирыстоны кувæндæттæ дын æххуысгæнæг уæнт.
Ирыстоны кувæндæттæй фæдзæхст фæу.
Ирыстоны кувæндæттæм цæуынхъом у.

Ирыстоны кувæндæттæм сыгъдæгæй цæуынхъом дæ Дунескæнæг Хуыцау скæнæд.
Ирыстоны адæм царды дзæбæхæй цы фæцæрой, уыцы амонд сæ уæд.
Ирыстоны кувинæгтæ Хуыцауыл сыгъдæгæй æмбæлæнт.
Ирыстоны куырой зыгъуымырдæм макуы азилæд.
Ирыстоны куырой макуы фезгъалæд.
Ирыстоны куыройы дон макуы басур уæд.
Ирыстоны къабæзтæ дардыл ивæзæнт.
Ирыстоны къах цы никуы фæцуда, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстоны лæппутæ амæй-айхуыздæр кæнæнт.
Ирыстоны лæппутæ амондджынæй цы цæрой, Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирыстоны лæппутæ се 'нтыстытæй сагау сыкъатæ уадзæнт.
Ирыстоны лæппутæн тыхгæнæг тых цы нæ ара, ахæм амонд сæ уæд.
Ирыстоны лæппуты тох кæныны сæр мауал бахъæуæд.
Ирыстоны лæппуты тох кæныны сæр мауал бахъæуæд, куы сæ бахъæуа, уæд та-иу Ирыстоны кад дæлæмæ цы никуы 'руадзой, уыцы амонд сын Стыр Хуыцау раттæд.
Ирыстоны лæппутыл Хуыцау йæхæдæг цы ауда, ахæм амонд сæ уæд.
Ирыстоны мæгуырæй Хуыцау бахизæд.
Ирыстоны ном арвы нæрдау фæнæрæд.
Ирыстоны нуазæн кадджын у, æмæ нуазæны кадæн фæцæр.
Ирыстоны нуазæнтæ бирæ уæнт.
Ирыстоны ныфс — бирæ.
Ирыстоны ныфс дын Хуыцау макуы байсæд.
Ирыстоны ныфсæй ныфсджындæр цы кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Ирыстоны ныфсы мæсыг макуы фæцудæд.
Ирыстоны ныфсы мæсыг макуы рафæлдæхæд.
Ирыстоны ныфсы мæсыг фидарæй-фидардæр цы кæна, Дунескæнæг Хуыцауæй нæ ахæм амонд уæд.
Ирыстоны ныхмæлæуджытæ Ирыстонæн йæ хъуын дæр цы нæ фæтасын кæной, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстоны ныхмæлæуджытæ — Ирыстоны къæхты бын.
Ирыстоны ныхмæлæуджытæй мыггаг дæр цы нæуал баззайа, Ирыстон та дидинæг цы 'фтауа, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстоны ралгъитæгæн йе 'лгъыстытæ — йæхи, Ирыстон та уæлахиз уæд.
Ирыстоны риуы хъæдгæмттæ йæ хъæбулты цинæй байгас уæнт.
Ирыстоны рынтæ мæ уд бахæрæд.

Ирыстоны рынтæ мæ хъуыры ацæуæнт.
Ирыстоны сабитæ хурæфсæст уæнт.
Ирыстоны сабиты хурæфсæстæй Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Ирыстоны суадæттæ цæппузыртау абузæнт.
Ирыстоны сыгъдæг дауджыты хорзæх уæд.
Ирыстоны тых бирæ уæд.
Ирыстоны тых фылдæрæй-фылдæр кæнæд.
Ирыстоны тыхæн басæттæн ма уæд.
Ирыстоны тыхæн басæттæн цы нæ уа, фæлæ тыхджынæй-тыхджынæр цы кæна, уыцы амонд ын Дунескæнæджы цæст бауарзæд.
Ирыстоны уазæг кадджын у æмæ кадджынæй цæр.
Ирыстоны уазæг æмæ бирæгъы хай Хуыцау макуы байсæд.
Ирыстоны уæзгуытæ уæлахиз уæнт.
Ирыстоны уæзгуытæ уæзæгуат макуы фæуæнт.
Ирыстоны уæзгуытæй цины хъæлæба фæхъуысæд.
Ирыстоны уæзгуытæй æвзæр макуы рацæуæд.
Ирыстоны уæзгуытæн сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд.
Ирыстоны уæзгуытыл сау туг мауал ныууарæд.
Ирыстоны уæзгуытыл туг мауал ныккæлæд.
Ирыстоны уæзгуытыл туг цы никуыуал ныккæла, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирыстоны уæзгуытыл цатыр аразæн кæм ис, уым галуантæ арæзт цы уой, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстоны уæзгуытыл цатыр аразæн кæм ис, уым галуантæ арæзт цы уой, æмæ фæскуыст уыцы галуантæй ирон чызджытæ æмæ лæппуты цæлхъ-зардмæ арв дæр цы къæс-къæс кæна, уыцы амонд нæ уæд.
Ирыстоны уæзгуытыл хæрæгсындз макуы ‘рзайæд.
Ирыстоны уæлмæрдтæ сыгъдæг уæнт.
Ирыстоны уæлмæрдтыл не знæгты чъизи къах макуы аныдзæвæд.
Ирыстоны уæлмæрдтæй сызгъæрин талатæ сзайæд.
Ирыстоны фарн — бирæ.
Ирыстоны фарн уæм æрцæуæд.
Ирыстоны фарнæй æфсæст ут.
Ирыстоны фарнæй уæ Хуыцау фæрнджын цы уадза, уыцы амонд уæ уæд.
Ирыстоны фарнæй фæрнджын ут.
Ирыстоны фарнæн амæлæн макуы уæд.
Ирыстоны фарны кой дардыл цы хъуыса, уыцы амонд æй уæд.
Ирыстоны фарныл фарн æфтæд.
Ирыстоны фидæн рæсугъддæр уæд.

Ирыстоны фидæнæй нын Хуыцау нæ зæрдæтæ цы барухс кæна, уыцы амонд нын йæ цæст бауарзæд, табу — йæхицæн.
Ирыстоны хæстонтæ æгас хæдзæрттæ арæнт.
Ирыстоны хæстонтæ нæм уæлахизæй здæхæнт.
Ирыстоны хæцæнгарз райсыны сæр макуыуал бахъæуæд.
Ирыстоны хæцæнгарз райсыны сæр макуыуал бахъæуæд, куы йæ бахъæуа, уæд та сæрибардзинады тыххæй цы уа, æмæ дзы уæлахизæй цы раздæхæм Дунескæнæг Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Ирыстоны хидтæ макуы ныккæлæнт.
Ирыстоны хидтæ макуы фæтасæнт.
Ирыстоны хортæ тугыл скъуыйæнт.
Ирыстоны хортæ куывдтæ æмæ чындзæхсæвтæн цы хъæуой, уыцы амонд нын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Ирыстоны хорздзинæдтæм цæут æрвылхатт дæр.
Ирыстоны хур макуы аныгуылæд.
Ирыстоны хур уыл ракæсæд уæ зæрдæты фæндиаг.
Ирыстоны хурæй æфсæст ут.
Ирыстоны хъæбултæ даргъ, уæрæх цæуæнт.
Ирыстоны хъæбултæ хурæфсæст уæнт.
Ирыстоны хъæбултыл хур ракæсæд.
Ирыстоны хъуыддæгтæ рæстмæйаг уæнт.
Ирыстоныл амонды хур атулæд.
Ирыстоныл дæ гадзрахатæй рацæуын макуы бахъæуæд.
Ирыстоныл дæ зæрдæ макуы сив.
Ирыстоныл гадзрахатæй рацæуыны бæсты кады мæлæт æвзарынхъом цы уай, ахæм амонд дæ уæд.
Ирыстоныл макуы суæлæхох у.
Ирыстоныл сæрæгасæй сæмбæл.
Исбон дыл æрхæцæд.
Исбоны хицау дæ Хуыцау бакæнæд.
Исджын су.
Исджынæй фæцæр.
Итувæрдæй фæцæр.
Итувæрдæй фæцу.
Итувæрдæй цæуыны бонтæ дыл ныккæнæнт.
Иу азы фæллой дын мин азы фаг кæнæд.
Иуæй-иуты ‘взагæй хызт у.
Иубонон цардæй дæ Хуыцау бахизæд.
Иузæрдион хæлæрттыл æмбæлд у.

Иузæрдионæй дæ Хуыцау цæрын кæнæд.
Иумæ æмцард, æмзæронд баут.
Иумæйаг амондæй хызт у.
Иумæйаг дзыккайы къусы бæсты дын Хуыцауы цæст хицæн сиры къус бауарзæд.
Иунæг Хуыцау дын раарфæ кæнæд.
Иунæг Хуыцау дыл йæ хорздзинæдтæ ныккалæд.
Иунæг Хуыцауæй арфæгонд у.
Иунæг Хуыцауæй фæдзæхст фæу.
Иунæг Хуыцауы цæст дын, йæ фыртæн йæ амæлæты фæстæ цы арфæ ракодта, уыцы арфæ ракæнын бауарзæд.
Иунæг Хуыцауы цæхæрæй хызт у.
Иунæгæй макуы 'рцæуæд дæ мæлæт.
Ичъына дæм йæ дзаг цæстæй ракæсæд.
Ичъына дыл дзæбæхæй цæуæд.
Ичъынайы арфæ дыл æрцæуæд.
Ичъынайы арфæйæ уæлвæндаг цы фæуай, уыцы амонд дæ уæд.
Ичъынайы бонты цыдæриддæр зæдты нæмттæ ссардæуыд, уыдон дын æххуысгæнæг уæнт.
Ичъынайы дауджытæй фæдзæхст фæу.
Ичъынайы хорзæх дæ уæд.
Ичъынайы хорзæх уæд, кæм дын цы ис, уыдон.

Й

«Йа» æмæ «о» фæкæнут.
Йæхи зонд чи тардта, уыдон амондæй хызт ут.
Йæхи зонд чи тардта, уыдонæн сæ амонд — сæхи, ды дзæбæхæй цæр.
Йæхи чи хæры, уый амондæй хызт у.
Йæхиимæ чи хыл кæны, уыимæ дæ Хуыцау макуы слымæн кæнæд
Йæхимæ чи кувы, уый æмбисонд дыл Хуыцау макуы 'руадзæд

Уыдзæн ма.

УИДÆГТÆ

ДЗИДЗОЙТЫ Валери

ИРЫСТОНЫ ГЕРБЫ ТЫХХÆЙ

Ирон адæмæн рагæй фæстæмæ уыди сæхи герб. Йæ ныв — къухæй конд «Ибериаг паддзахад кæнæ æнæхъæн Гуырдзыйы картæ»-йыл. Сарæзта йæ Вахушти Багратиони 1735 азы. Вахушти уыди номдзыд ахуыргонд, Гуырдзыйы истори æмæ географи иртасæг. Йæ хъуыдытæ, йæ хатдзæгтæм ын сæ хъус æрдардтой зындгонд ахуыргæндтæ.

Цы картæйы кой кæнæм, ууыл нывгонд сты гуырдзиаг паддзахады æмæ йæ хицæн хæйтты — Картли, Къахет æмæ Имереты — гербтæ. Ис дзы Ирыстон, Абхаз æмæ Дагестаны гербтæ дæр. Ирæтты национ символы сæйраг сюжет у, хæхты рæзты хъуызгæ чи цæуы, ахæм фæранк.

Нырыккон историографийы ирæтты паддзахадон æмæ национ символы тыхххæй фыццаг хатт фыста зындгонд ахуыргонд-кавказиртасæг, историон наукæты доктор, профессор Тогъойты Георги. (Г. Д. Тогошвили). Зын у не сразы уæвын, ирон адæмы гербы мидис ацы ахуыргонд куыд æмбарын кæны, уыимæ. Уый зæгъы: хæхтæ нæ гербыл амонынц, ирæттæ, стæй сæ фыдæлтæ — алантæ, Кавказы кæй цардысты, уый. Ууыл гуырысхо ничи кæны. Фæлæ Ирыстоны гербы «лыстæг» хицæндзинæдтæм хъæуы

уæлдай лæмбынæгдæр æркæсын. Герб ис расткъуымон хъуымацы гæбазыл, уый фидаргонд у йæ уæллаг кæрæттæй. Хъуымацы бинаг хай — фæлдæхт, йæ хуызмæ гæсгæ та у уарты æнгæс.

Ирыстоны гербыл фæранк цæуы рахизырдыгæй галиуырдæм. Йæ бакаст (хъустæ хæрдмæ хъил, йæ рахиз къах — уæлдæфы) дзурæг у, йæ амæддагыл йæхи андзарынмæ кæй хъавы, ууыл.

Гербтыл сæ символон нысаниуæгмæ гæсгæ æппæты арæхдæр æмбæлынц домбай æмæ фæранк. Фыццаг у тых, лæгдзинад æмæ зæрдæхæлары символ, дыккаг та — ныфс æмæ æхсары. Мах фылдæр цымыдис кæны фæранк. Гербыл æй уынæм цæугæйæ, ома лæууы æртæ къахыл, иннæ та у размæ ист.

Алыхуызон гербтыл ис фæранкæнгæс домбæйттæ æмæ домбайæнгæс фæранкты нывтæ. Геральдикæйы домæнтæм гæсгæ зæхх æвдыст æрцæуы хæхты, обæутты кæнæ къæдзæхты хуызы. Арæхдæр снывчындæуы къæдзæхæн æрмæст йæ цъупп. Фидарæй зæгъæн ис, Ирыстоны гербыл цы къæдзæх уынæм, уый æрмæст хæххон бынат кæй нæ амоны иумæйагæй зæхх, ирæтты æмæ сæ фыдæлты (аланты) историон цæрæнбынат. Ацы ран ма мæ зæгъын фæнды иу «лыстæг» хицæндзинады тыххæй: Ирыстоны гербыл фæранчы æвзистхуыз урс цармыл ис сау стъæлфытæ (риу æмæ гуыбынæй фæстæмæ). Астæуккаг æнусты нывгæнæг æрмæст сау тæппытæ не сныв кодта, фæлæ ма тынг хорз равдыста мыстулæджы цармы геральдикон символизм.

Ирыстоны герб у ирон адæмы национ æмæ паддзахадон символ, национ химбарынады рæзты нысан. Химбарынады равзæрд баст у хицæн адæмыхатты хъуыдыйы антитезæйы рæзтимæ. Зæгъæм, «мах» (ирæттæ) æмæ «уыдон» (иннæ адæмтæ). Антитезæ «мах» æмæ «уыдоны» бындуры ис, мах иннæтæй цæмæй хицæн кæнæм, ахæм æууæлтæ æмæ миниуджытæ. Уыцы æууæлтæ алы адæмтæм, уыдонимæ ирæттæм дæр, æвдыст цыдысты тырысаты, гербты æмæ æндæр национ символты. Бирæ гербтыл фенæн уыди цыппæркъахыг цæрæгойтæ: бæх, гæды, бирæгъ, арс, гал æмæ æндæртæ. Бæх æвдисы домбайы æхсар, цæргæсы цыргъ цæст, галы тых, саджы рæувад, рувасы арæхст. Гæды у хæдбардзинады нысан, æмæ геральдикæйы закъæттæм гæсгæ нывгонд вæййы кæнæ размæ кæсгæйæ, кæнæ фæрсырдыгæй. Бирæгъ у фыдæх, хъæбатырдзинад, зыд æмæ æнæфсисы символ. Арс та, куыд зонæм, афтæмæй æмбары, боныхъæд кæй аивдзæн, уый, æмæ рагацау бамбæхсы йæ хуыккомы. Уыцы

курдиаты тыххæй йæ хонынц рагхынцæг цæрæгой. Искæцы адæмыхатт йæ гербыл арсы куы сныв кæны, уæд уый дзурæг у, уыцы адæмыхатт йæхи рагхынцæгыл, сæрхызтыл кæй нымайы, ууыл.

Гал у хъæздыг тыллæджы нысан.

Цæвиттон, ис хатдзæг скæнæн: герб фæндаг амоны нацийы историйы сусæгтæм.

Ирыстоны гербыл цы фæранк ис, уый æвдисы ныфс æмæ æхсар. Гуырысхойаг нæу, ирæттæ æмæ сæ фыдæлтæ æхсарджын уыдысты, уый. «Нæй ахæм ирон, йæ сæр бæрзæндты чи нæ хæссы йæ фыдæлты сгуыхтытæй, — фыста зындгонд историк-кавказиртасæг Г. Д. Тогошвили. — Уымæ гæсгæ диссаг нæу, сæ фыдæлтæ цавæр герб æмæ тырыса хастой, тугкалæн хæстыты-иу сæ размæ цавæр символтæ хуыдтой, уыдæттæ базонын сæ кæй фæнды, уый».

Тырыса рагзамантæй фæстæмæ ахста ахсджиаг бынат адæмты царды. Æрмæст хæстыты нæ, фæлæ дипломатон фембæлдтыты дæр алы адæмæн дæр йæ тырыса уыд æнæмæнгхъæугæ атрибут.

Аланты раздзог Сароси-Сароди(VI æнус) уыцы æгъдауæй иуварс нæ ахызти, византийаг æмæ туркаг дипломатты куы суазæг кодта, уæд. XII æнусы кæрон та Гуырдзыйы паддзах Тамар æмæ йæ сæрыхицау Дауыт-Сослан Калачы сарæзтой æфсæддон парад. Разæй цыд ирон æфсæддонты къорд. Ахæм парадтæн фидауцы хос уыдысты тырысатæ æмæ æндæр сыгъдæг символтæ. Ирон æфсæддон къорды разæй фæйлыдта нæ национ тырыса.

Тырыса, герб æмæ æндæр национ символтæ ахъаз уыдысты ирон адæмы химбарынады рæстæн.

Ацы ныхæстæ ахæссæн ис нæ абоны цардмæ дæр, уымæн æмæ антитезæ «мах» æмæ «уыдон» рæзы æнусты дæргъы, ис ын фидар стереотиптæ.

Ирон адæмы национ хъуыдыйы ис бæлвырд ахаст ивгъуыд æмæ абоны хæзнатæм. Уый (национ хъуыды) æвдисы историон рæзты вазыгджын процесс, ивгъуыд национ-паддзахадон, хæстон æмæ культурон æнтыстытæ, стæй нæ химбарынад.

Алы адæм дæр хъуамæ хъахъхъæна йæ монон æмæ æрмгуысты хæзнатæ, æфтуан кæна йæ фыдæлты фарнмæ, тырна иудзинадмæ. Уымæ гæсгæ иттæг ахсджиаг у ирон гербы нысаниуæг.

ДЗИЦЦОЙТЫ Юри

СКИФАГ-СÆРМÆТТАГ-ИРОН ЭТНОГРАФИОН ÆМÆ ФОЛЬКЛОРОН ПАРАЛЛЕЛЬТÆ

I

XIX æнусы сбæрæг ирон адæмы этногенетикон бастдзинад скифаг æмæ сæрмæттаг знæмтимæ. Ацы хъуыддаджы æппæты ахсджиагдæр уыдысты æвзаджы æвдисæнтæ, фæлæ стыр нысаниуæг уыд этнографион æмæ фольклорон параллельтæн дæр. Æппæты фыццаг сæ сбæрæг кодта В. Ф. Миллер. Фæстæдæр ын йæ куыст адарддæр кодтой Ж Дюмезиль, Абайты Васо, Уанеты Захар, Д. С. Раевский, Гаглойты Юри, Мæхæмæтты Æхсарбег æмæ æндæртæ. Фæлæ скифаг-сæрмæттаг-ирон этнографион æмæ фольклорон æнгæсдзинæдтæ нырма кæронмæ ахуыргонд не сты. Зонадон литературæйы цы параллельтæ ис амынд, уыдонæй та бирæтæн ис ног факттæй бафидаргæнæн. Ацы параллельтæй хорз зыны, ирон адæмы фыдæлтæ Кавказмæ канд сæ æвзагимæ не 'рцыдысты, фæлæ ма сæхи культурæимæ дæр.

1. Антикон зынгæ философ Аристотель *(нæ эрæйы агъоммæ IV — III æнустæ)* йæ чиныг «Истории о животных» *(IX, 36)* фыссы: «У Меотийского озера волки, говорят, приручены рыболовами; но когда последние не дадут им части добычи, портят их сети,

растянутые для просушки на земле». Меоты цады номæй незаманты Азовы денджыз хуыдтой. Йæ былтыл цардысты скифаг, сæрмæттаг æмæ æндæр знæмтæ, æмæ бæрæг нæу, Аристотель цавæр адæмы кой кæны, уый.

Æнгæс информаци баззад антикон автортæ Плиний *(Естественная история, X, 24)* æмæ Клавдий Элианмæ *(О природе животных, VI, 65)*, фæлæ уыдон информацийæ дæр нæ зыны, цавæр адæммæ уыд ацы æгъдау, уый.

Мæ хъуыдымæ гæсгæ, ам дзырд цæуы бирæгъы хайыл: ирон адæм кусарт куы акæнынц, уæд бæрзæйы стджытæй иу хай ралыг кæнынц æмæ йæ дард фехсынц — уый, дам, бирæгъы хай у; стæй бирæгъмæ фæсидынц: «Бирæгъ, уый йеддæмæ бар мацæмæ дар!», зæгъгæ. *(Кочиев К.К. Тутыр — владыка волков // ИЮОНИИ, вып. XXXI, 60 фарс).* Ахæм æгъдау уыд суантæм æмæ хохы цæрæг гуырдзымæ дæр. Нырыккон ирон фыссæгмæ та кæсæм: «Ныронг мæ хæдзары бирæгъæн дæр хай уыдис, ныр дзы мæхæдæг дæр къæбæр адджынæн нал хæрын». *(Мах дуг, 1988, № 2, 16 фарс).*

Антикон автортæ йæ номæй кæй не схуыдтой, уыцы меотаг знæм уыд ирон адæмы фыдæлтæй, æмæ уыдонмæ дæр, æвæццæгæн, уыд ахæм æгъдау.

2. Никейаг Исигон *(нæ эрæйы I æнус)* сæрмæтты (*савроматты)* тыххæй афтæ зæгъы: «Если кто из врагов прибегнет к огню, лицо угольями, то уже не обежают его, как домочадца». *(Невероятные сказания, 1.)* Ирон адæммæ дæр уыд æнгæс æгъдау: «Убегающий от преследования преступник считает себя безопасным только тогда, когда ему удалось обвить вокруг шеи домашнюю цепь того двора, в котором он ищет убежища». *(Ковалевский М.М. Современный обычай и древний закон. М., 1886, т. 1. 79 фарс, т. 11, 52 фарс).*

3. Уæлдæр цы Плинийы кой скодтон, уый иу ран афтæ фыссы: «Скифы рассекают голову змеи между ушей, чтобы вынуть камешек, который, как говорят она глотает в испуге». *(Естественная история. XXIX, 69).* Ам æнæмæнгæй дæр дзырд цæуы цыкурайы фæрдыгыл. Бæрæг куыд у, афтæмæй ацы фæрдыг вæййы калмы дзыхы, æмæ йæ чи ссары, науæд та йæ калмы дзыхæй чи байсы, уый стыр амонды хицау свæййы: фæрдыгæй цыдæриддæр ракуры, уый йын радты. *(Калоев Б.А. Осетины. М., 1971, 239 фарс; ИАС, 1, 136 фарс; ИАС 11, 89 фарс).* Иу аргъауы та иу лæг уыцы фæрдыг йæ дæлæвзаг бакодта æмæ,

«зæххыл цыдæриддæр змæлæг ис, уыдон æвзаг» базыдта, стæй йæ цард рæстмæ ацыд. *(ИАА, 1, 537 фарс).*

4. Æндæр ран та Плиний афтæ фыссы: «Исигон пишет, что люди такого рода есть у трибалов и иллирийцев, они могут сглазить и губят тех, на кого долго посмотрят особенно гневным взором, потому что взрослые люди таким образом легче от них воспринимают зло. Замечательно, что они в одном глазу имеют двойной зрачок. Аполлонид сообщает о женщинах такого рода в Скифии, которые называются битиями. Филарх передает, что и в Понте племя тибии и многие обладают тем же качеством, их отличительный признак — двойной зрачок в одном глазу, а в другом — изображение коня». *(Естественная история, VII, 16 — 17).* Куыд уынæм, афтæмæй скифтæм æмæ сæ сыхæгтæм цæстдзыдгæнджытæн сæ иу цæсты уыд дыууæ гагуыйы. Кæй зæгъын æй хъæуы, царды ахæм адæм не ‘мбæлди æмæ ацы информаци баст уыд рагон мифтимæ. Нарты кадджыты та Сосланæй зæгъынц, зæгъгæ, йæ иу цæсты уыди дыууæ гагуыйы. *(ИАС, 1, 302 фарс),* фæлæ уыйхыгъд йæ бæхæн та уыд æрмæстдæр иу цæст. *(ИАС, 1, 116 фарс).* Рагон ирайнаг мифологийы хуры бардуаг Митрæйæн уыд дæс мин цæсты, рагон индиаг мифологийы та арты бардуаг Агнийæн — цыппар цæсты.

5. Йæ размæ цæрæг фысджытæ Ктесифонт æмæ Аристобулы информацийыл æнцой кæнгæйæ, Псевдо-Плутарх цæугæдон Танаисы (ныры Дон) тыххæй иу ран афтæ фыссы: «В ней находят также камень, похожий на хрусталь и увенчанный короной наподобие человека. Когда умрет царь, туземцы производят выбор нового у реки; кто найдет такой камень, тот сейчас же избирается в цари и получает скипетр покойного». *(О названиях рек и гор и об их произведениях, XIV, 3).* Ам бынæттон цæрджытæ, «туземцы», зæгъгæ, скифтæ хъуамæ уой, уымæн æмæ чысыл раздæр Псевдо-Плутарх фыссы: «Танаис — река в Скифии». *(Уый дæр уым, XIV, 1).* Фæлæ цымæ скифтæ доны былыл цæмæн æвзæрстой сæ паддзахы æмæ сын цы æххуыс уыд уыцы хъуыддаджы æнахуыр дур?

Нæ фарстæн дзуапп раттыны сæраппонд нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, скифтæн сæ паддзæхтæ сæ мификон рагфыдæл Таргитайы кæстæр фырт Колаксайы цотыл нымад кæй уыдысты, уый. *(Геродот, IV, 5 — 6).* Таргитайæн та йæ ныйиарджытæ уыдысты уæларвон бардуаг æмæ доны чызг. *(Уый дæр уым, IV, 5).* Ацы

таурæгъы вариант æмбæлы æндæр антикон фыссæг Флакк Валеримæ дæр, фæлæ ам бардуæгты фырт у Колаксай *(Колакс)* йæхæдæг, æмæ уый райгуырд доны былыл *(Аргонавтика, VI, 48 — 64).* Нæртон Сосланы фæлгонц йæ равзæрдæй баст у Колаксайы *(Колаксы)* фæлгонцимæ (Бессонова С.С. Религиозные представления скифов. Киев, 1983, 17, 19, 34 фæрстæ; Яценко С.А. О сармато-аланском сюжете росписи в пантикапейском «Склепе Анфестерия» // ВДИ, 1995, № 3, 191 фарс; Иванеско А. Е. Образ мирового древа осетинских нартовских сказаний // Донская археология, 1999, №№ 3 — 4, 66 фарс). Сослан дæр доны былыл райгуырд, фæлæ йæ мад доны чызг нæу, — дур у *(Мах дуг, 1999, № 6, 133 — 137 фæрстæ).* Уыцы дур та ассоциаци кодта нæртон Сатанаимæ (вариантты — Дзерассæимæ) *(Мах дуг, 2000, № 9, 133 — 137 фæрстæ).*

Адæттæ хынцгæйæ, скифаг æгъдауæн дыууæ хуызы ис бамбарæн: паддзахы бынатмæ хъавæг доны былыл нывджын дзæнхъадур ссаргæйæ, кæнæ къайад кодта, уыцы дуры хуызы цы сылгоймаг-бардуаг бацыд, уыимæ, кæнæ та йæхи магион æгъдауæй баста, дуры гуыбынæй чи райгуырд, сæ паддзæхты уыцы мифон рагфыдæл Колаксаимæ. Фыццаг хатдзæг мæм растдæр кæсы.

Цæвиттон, скифтæм паддзахдзинады æууæлтæ сахуыр кæнгæйæ, Д. С. Раевский фыссы: «Происхождение от богов, принадлежность к сословию, божественным указанием поставленному во главе общества, и бракосочетание с верховной богиней — вот три опоры, на которых покоится представление о скифских царях как о богоизбранных, высшей волею вознесенных над остальным обществом личностях». *(Очерки идеологии скифо-сакских племен. М., 1977, 162 фарс).* Сæ пантеоны сæйраг Хуыцау та уыд сылгоймаг-бардуаг Табити, æмæ-иу скифаг паддзах йемæ цалынмæ къайад нæ бакодта, уæдмæ-иу йæ паддзахдзинадæн «легитимон» хуыз нæ уыди. *(Уый дæр уым, 87 — 109 фæрстæ).* Скифтæн сæ сæйраг бæрæгбоны рæстæджы ацы «чындзæхсæв» æрвылаз дæр фæлхатгонд цыд, фæлæ дзы паддзахы бæсты архайдта «рæстæгмæ паддзах», Табити та-иу æвдыст уыд фыдæлтыккон сыгъзæрин хæзнаты хуызы. Рæстæгмæ паддзах-иу уыцы хæзнатимæ иу æхсæв арвыста, стæй-иу æй амардтой. *(Уый дæр уым, 108 — 109 фæрстæ).*

Æмæ уæдæ уæлдæр цы скифаг æгъдауы кой скодтон, уый дæр ахæм «чындзæхсæвы» элемент хъуамæ уа. Фæлæ ам Таби-

ти сызгъæрин дзаумæтты хуызы нæ бацыди, фæлæ дуры хуызы. Табити кæнæ скифаг пантеоны иннæ сылгоймаг-бардуæгтæй исчи дуримæ ассоциаци кодта, зæгъгæ, уый тыххæй антикон автортæй информаци никæмæ баззади. Фæлæ скифтæм иннæ рæтты паддзах равзарыны æгъдауы Табити кæй архайы, уый нын дæтты афтæ хъуыды кæныны фадат, зæгъгæ, Псевдо-Плутарх цы æгъдауы кой кæны, уым дуры хуызы Табити бацыди. Кæд афтæ у, уæд Табити æмæ Сатанайы 'хсæн ис генетикон хæстæгдзинад. Цымыдисаг у, Нартæн дæр сæ паддзæхтæ кæнæ Сатанайы мæйттæ кæй вæййынц, кæнæ та — Сатанайы халдих — Ацырухсы. Уымæй дæр, Уырызмæг цалынмæ ус не'рхаста, уæдмæ нарты «паддзах» не сси, æмæ ускурыны барыл та (нымай йæ куыд паддзах суæвыны бар, афтæ) йе 'фсымæримæ карз тохы бацыди. Цымыдисаг у уый дæр æмæ иу кадæджы Сатана «Æртæ мыдамæсты ракодта, доны былмæ ныццыд æмæ, Сослан цы дурæй райгуырдис, уыцы дурыл сбадти» æмæ афтæмæй скуывта Хуыцаумæ. *(НК, 1946, 107 фарс).*

6. Псевдо-Плутархмæ ма ис ноджы ахæм информаци: Фасисы доны былыл цы адæм царди, уыдонмæ, дам, уыд ахæм æгъдау: искæй усмæ чи бахъуызыд, ахæм лæджы-иу куы 'рцахстой, уæд-иу æй «зашивают в кожу и бросают в так называемые «Уста нечестивых»: это — отверстие круглой формы, похожее на колодезь; спустя 30 дней оно выбрасывает брошенное в него тело, полное червей, в Меотийское озеро; тут вдруг налетают во множестве коршуны и растерзывают лежащий труп». *(О названиях рек... V, 2).*

Фасис, зæгъгæ, у ныры Рионы доны ном *(Ныгуылæн Гуырдзыстоны)*, фæлæ Псевдо-Плутарх скифаг дон *(æмæ скифаг æгъдæутты)* кой кæй кæны, уый зыны мæнæ ахæм факттæй. Цы информацийы кой кæнын, уый, Псевдо-Плутархæн йæхи ныхæстæм гæсгæ, фыццаг хатт ныффыста Ктесипп ахæм чиныджы: «Описание Скифии» (ацы чиныг абоны онг не 'рхæццæ ис). Дыккаг уый, æмæ Рион Азовы денджызмæ *(Меоты цадмæ)* нæ кæлы. Æртыккаг уый, æмæ Псевдо-Плутарх йæхæдæг комкоммæ зæгъы, зæгъгæ, «Фасис — река в Скифии». *(Уый дæр уым, V, 1).* Фасисы тыххæй æнгæс информаци æмбæлы æндæр антикон фысджытæм дæр. Зæгъæм, Помпей Трог афтæ фыссы: «Скифия, расстилаясь по восточному направлению, с одной стороны ограничивается Понтом *(ома Сау денджызæй)*, с другой — Рифейскими горами *(ома Уралы хæхтæй)*, с тылу — Азией и рекой Фасисом». *(История, 11, 2).* Флакк Валерий та

фыссы: «Мы поем моря, впервые пройденные великими сынами богов, и вещий корабль, который осмелился проследовать к берегам скифского Фасиса». *(Аргонавтика, 1, 1 — 4).* Ацы авторымæ ма кæсæм: «Так ты прибудешь, наконец, к быстрой реке Фасису. Там уже скифский стан». *(Уый дæр уым, IV,615 — 619).* Ома, Псевдо-Плутарх цы æгъдауы кой ракодта, уый æнæмæнгæй уыд скифаг. Фæлæ цы амоны ацы æгъдау?

Скифтæ фыдгæнджыты цармы батухгæйæ æмæ сæ цъайы ныппаргæйæ уыдон мæрдтæм кæй æрвыстой, ууыл дызæрдыг кæнын нæ хъæуы. Æнгæс амалæй Нартæ та мæрдтæм барвыстой Уырызмæджы: цармы йæ бахуыдтой, доны йæ баппæрстой æмæ йæ дон денджызмæ ахаста, Кæфтысæр Хуыйæндон Æлдары зæххытæм[1] . Ацы æлдар ирон мифологийы мæрдты бæсты хицауимæ кæй ассоциаци кодта, уый тыххæй æз фыстон æндæр уацы. *(Осетинская филология, вып. 3, 1999, 327 фарс).* Кæй зæгъын æй хъæуы, Уырызмæг искæй усмæ нæ бахъуызыди, фæлæ, мæрдты бæстæм цы фæндагыл бацыд (цæугæдон — стæй денджыз), уый бынтон иу у, скифты фыдгæнджытæ цармы тыхтæй цы фæндагыл цыдысты (цъайы дон — стæй денджыз), уыимæ. Æвæццæгæн, Псевдо-Плутархы информаци бынтон æххæст нæу, æмæ скифтæ канд сæ устыты хæзгулты нæ мардтой ахæм хуызы, фæлæ иннæ фыдгæнджыты дæр. Уырызмæджы «фыдгæнд» та афтæ æмбарын хъæуы, æмæ, æхсæнады разамонæг уæвгæйæ, уый йæ зæронды аххосæй йæ хæстæ, куыд æмбæлы, афтæ нал æххæст кодта. Уырызмæг уыди рагон скифаг æмæ сæрмæттаг паддзæхты халдих æмæ йæ мæлæт уыди «рæстæгмæйы мæлæт», йæ зæронд тыхтæ магион æгъдауæй сног кæныны охыл. Йæ тыхтæ Кæфтысæрмæ ныккæнды бадгæйæ кæй сног сты, уым диссагæй ницы ис, архаикон традициты «пребывание под землей или в темноте или на башне способствовало накоплению магических сил». *(Пропп В.Я. Исторические корни волшебной сказки. Л., 1986, 44 фарс).* Абаргæ этнографион æрмæгæй куыд зыны, афтæмæй «смерть и воскресение властителя представлялись единственным средством сохранить во всей полноте его священную жизнь, необходимую для спасения народа и всего мира». *(Фрэзер Дж. Золотая ветвь. М., 1983, 269 фарс).* Ома Уырызмæг «амард» фæткмæ гæсгæ, стæй магион тыхтæ æрæмбырд кодта æмæ «райгас».

[1] Ахæм сюжет æмбæлы ирон аргъауы. (ИАА, 1, 209 фарс). Æндæр аргъауы та рувас афтæ зæгъы: «Стæй куы амæлон, уæд мæ лалымы мидæг нывæр». (ИАА, 1, 483 фарс).

Цымыдисаг у иу ирон аргъауы сюжет дæр. Ам æвзонг лæппу йæ кæнгæ фыды *(уæйыджы)* амындæй араст ис мæрдты бæстæм цырагъдарæн рахæссыны тыххæй. Фæстæмæ цы фæндагыл раздæхт, уый у Уырызмæджы фæндаджы халдих: иу ран цæугæдæттæ баиу сты æмæ зæххы скъуыды зæххы бынмæ ацыдысты. Лæппу къамбецы цармы йæхи батухын кодта, доны йæхи баппарын кодта æмæ зæххы скъуыды аирвæзти. Фондз боны дæргъы хохы бын фæцыди, стæй йæ дон иу быдырмæ рахаста æмæ уым лæппу рахызт ацы дунемæ. *(ИАА, 1, 574 — 578 фæрстæ).*

Цыбыр дзырдæй, ирон мифологийы дон мæрдты бæстæм куыд хаста, афтæ иннæрдæм дæр — мæрдты бæстæй ацы дунемæ. Ацы мифологемæ йæ равзæрдæй баст у бацамынд скифаг мифимæ, фæлæ æнгæс уырнындзинад æмбæлы дунейы бирæ адæмтæм.

Ирон эпосы ма ацы фæд зыны иу сюжеты. Нарты Сослан цæмæй, фидары чи бамбæхст, йæ уыцы знаджы æддæмæ расайдтаид, уый тыххæй цармы мидæг йæхи стыхта, суадоны цур схуыссыд æмæ марды ‘фсон скодта. Ам дæр та стуры царм æмæ дон баст сты мард адæймагимæ. Сосланы митæ адæмæн æмбæрстгонд куынæ уыдаиккой, уæд йе знаджы расайынæн æндæр фæрæз ссардтаид. Фæлæ, æвæццæгæн, Нартæм дæр иуæй-иу адæймæгты цармы тыхтæй ныгæдтой.

Ацы фарсты фæдыл сæ хъуыдытæ загътой Абайты Васо æмæ Ж. Дюмезиль. Нарты Батырадз Хызы фидар цармы тыхтæй басаста æмæ, ацы хабар Сослан æмæ Уырызмæджы сюжеттимæ абаргæйæ, Васо зæгъы, зæгъгæ, ам дзырд цæуы шаманты практикæйыл: шамантæ-иу сырддзæрмтты тыхтæй хæцыдысты кæрæдзиимæ мæнæ талынджы тыхтимæ. *(Абаев В. И. Избранные труды, 1, 326 — 368, 438 — 447, 480 — 487 фæрстæ).* Ацы хъуыдыйы ныхмæ дзуры Ж. Дюмезиль. Уый фидарæй зæгъы, зæгъгæ, Сослан æмæ Батырадз цы сюжетты архайынц, уым дзырд цæуы æрмæстдæр мард æвæрыны æгъдауыл. Йæ ныхас бафидар кæныны охыл уый æрхаста куыд Псевдо-Плутархы информаци, афтæ ма Родосаг Аполлонийы информаци рагон колхæгты тыххæй: колхæгтæ сæ мард нæлгоймæгты цармы тыхтæй ауыгътой бæласы цонгыл. *(Дюмезиль Ж. Скифы и нарты. М., 1990, ф. 205 — 212 фæрстæ).*

Ж. Дюмезиль раст у иу хъуыддагæй: Сослан йæхи стуры цармы кæй батыхта, уый у æрмæстдæр мæлæты нысан, шаман-

ты тохтимæ йын иумæйагæй ницы ис. Ацы æгъдау скифтæ сæ ариаг фыдæлтæй кæй рахастой, уый бæрæг у рагон индиæгты æгъдауæй: рагон индиаг мифтæй куыд зыны, афтæмæй-иу марды хъугдзармы батыхтой, стæй-иу æй басыгътой. *(Пропп В.Я. Бацамынд куыст, 206 фарс).* Ахæм æгъдау уыд дунейы бирæ адæмтæм. *(Уый дæр уым, 203 — 207 фæрстæ).*

Фæлæ Ж. Дюмезиль райдайы, Батырадзы сюжет дæр ацы æгъдауимæ кæй бæтты, уымæй. Ам растдæр у Васойы хъуыды. Абар ноджыдæр: Сослан Тотрадзимæ тохы фæхæрд и, стæй йæ уæлæ бирæгъдзарм скодта æмæ йыл фæуæлахиз. Æндæр ран та Нарты Батырадзæн амындæуы: «Ды-иу бирæгъы лалымыстыгъд акæн æмæ йæ ныддым, стæй йæ фехс, æмæ барæгыл куы сæмбæла, уæд рахаудзæн æмæ ды баразæй уыдзынæ». *(ХИФ, 1940, 99 фарс).* Ома Сосланы æмæ Батырадзы бирæгъдзарм у знагыл фæуæлахизы хос. Цымыдисаг у, нарты Уырызмæг бирæгъдзарм кæй дардта, уый дæр. Нæ фыдæлтæм дæр хæстон адæм сæхи сырддзармы кæй тыхтой, уый хорз зыны Флаккы ныхæстæй: «Не обойду молчанием тирсагета, опоясанного за спиной развевающимися шкурами». *(Аргонавтика, VI, 135 — 140).* Тирсагеттæ уыдысты скифаг-сæрмæттаг адæм.

Уæдæ раст ахæм нысаниуæг уыди Батырадзы, Рустемы, Тъариелы, Гераклы æмæ æндæрты цармæй уæлæфтаутæн дæр: йæ уæлæ-иу æй чи скодта, уый уæнгтæм-иу бацыди, цы цæрæгойы царм ыл уыд, уый тых.

Фæлæ нæ фыдæлтæм цармæн уыди цавæрдæр æндæр нысаниуæг дæр. Абар Сосланы кæрц сæрдзæрмттæ æмæ боцъодзæрмттæй. Ацы кæрц В.Ф. Миллер æмæ Ж. Дюмезиль раджы абарстой Геродот *(IУ, 64)* æмæ Аммиан Марцеллины *(XXXI, 2, 22)* информациимæ скифтæ æмæ аланты тыххæй.

Фæлæ хъуыддаг æрмæст ууыл нæ хицæн кæны. Ахæм фæтк уыди скифты иу хай гелонтæм дæр, «которые снимают кожу с убитых врагов и делают из нее одежды себе и боевые попоны для своих коней». *(Ам. Марцеллин, XXXI, 2, 44).* Гелонты тыххæй æнгæс информаци ис Помпоний Меламæ дæр (11, 14). Скифтæм ма иу знæмы бердзентæ хуыдтой антропофагты номæй, æмæ уыдон тыххæй Плиний фыссы: «Согласно сведениям Исигона Никейского, они пьют из человечеких черепов и носят на груди в виде полотенец кожи с волосами» *(VII, 12).* Мæнæ Исигонæн йæхи ныхас дæр: «Из числа скифов так называемые андрофаги пьют из человеческих черепов, а кожу с

головы врагов обрабатывают и делают из нее полотенца. С остального туловища сдирают кожу вместе с ногтями и набрасывают на лошадей». *(Невероятные сказания, XLIX.)*

Ахæм æгъдау уыди персæгтæм дæр: «Они снимают кожу с живых людей целиком или по частям». *(Ам. Марцеллин, XXIII, 6, 80).* Геродот та зæгъы, зæгъгæ-иу персæгтæ йæ царм растыгътой, раст тæрхон чи нæ рахаста, уыцы лæгæн æмæ-иу æй байтыдтой иннæ тæрхоны лæгты бын, цæмæй тæрхонгæнгæйæ рæдыд ма 'руадзой (У, 25). Нартæ дæр истой удæгас адæймаджы царм: се знæгты рагъæй-иу гæрзытæ слыг кодтой.

Æмæ уæдæ ацы æгъдæуттæ скифтæ сæ ирайнаг фыдæлтæй рахастой æмæ Нартæм дæр уырдыгæй æрбафтыдысты.

7. Геродот (IV, 101) куыд зæгъы, афтæмæй, скифтæ цы зæххыл цардысты, уый цыппæрдигъон уыд[2]. Ацы информацийæн йæ равзæрд у сыгъдæг мифологон — рагон адæмы уырныдта: цæрынæн бæзгæ зæхх (космос) хъуамæ хицæн уыдаид иннæ дунейæ (хаосæй). Зæгъæм, рагон ирайнæгты дины чиныг «Авестæмæ» гæсгæ, фыццагон адæмы зæхх талынг дунейæ хицæн уыди цыппæрдигъон быруйæ. *(Вара чатрагауша).* Æнгæс миф уыди рагон индиæгтæм *(Ригведа, 1X, III, 7 — 8)* æмæ рагон ромæгтæм. Ромул бындур цы сахарæн æрæвæрдта, уый цыппæрдигъон уыд, æмæ йæ хуыдтой «Рома квадрата» *(Лелеков Л. А. Ранние формы иранского эпоса, 1979, 181 фарс; Бессонова С. С. Бацамынд куыст, 18 фарс).* Ардæм бафтауын хъæуы мидиæгты тыххæй информаци: сæ бæстæйы кой кæнгæйæ, Ам. Марцеллин *(XIII, 6,28)* фыссы: «(Их) страна имеет вид четырехугольника». Уырыссаг мифологимæ гæсгæ та «четырехугольная земля плавает в воде, которой нет конца». *(Успенский Б.А. Филологические разыскания в области славянских древностей. М., 1982, ф. 56).* Ома, цы скифаг мифологемæйы кой кæнын, уымæн ис индоирайнаг æмæ суанг индоевропæйаг уидæгтæ.

Ацы мифологемæ дæр йæ фæд ныууагъта Нарты кадджыты. Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, Сосланæн йæ ирæды ныхмæ уæйгуытæ денджызы былыл æфсæйнаг галуан кæй саразын кодтой, æмæ йын йæ цыппар фисыны та Азайы сыфтæ кæй ныссадзын кодтой, уый.

Лæцы хъæуы тыххæй та ис ахæм таурæгъ. Раздæр, дам, дзы

---

[2] Цыппæрдигъон уыд, скифтæ цъыхырыйæ кæй арæзтой, уыцы сæйраг кувæндон дæр. (Геродот, IV, 62).

Нартæ цардысты, æмæ уыдон уæйгуытæн хъæуы алыварс цыппар цырты ныссадзын кодтой, æмæ Нартæн уыцы цыртытæй æддæмæ ахизæн нæ уыди *(науæд æй уæйгуытæ ахастаиккой),* уæйгуытæн та — мидæмæ æрбахизæн. Ома дыууæ нæртон сюжеты дæр ис иу хъуыды: хаосы минæвæрттæ (уæйгуытæ) æмæ космосы минæвæрттæ (нартæ) дуне адих кодтой (хаосæй космос рахицæн кодтой) æмæ сæ алкæмæн дæр йæ бар цыд æрмæстдæр йæхи дунейыл. Уыимæ хаосы дунейæн формæ нæ уыд, нæртон дуне та уыд цыппæрдигъон[3].

Уыдзæн ма.

[3] Ацы нæртон сюжеттæ скифаг æмæ авестæйаг æрмæгимæ фыццаг хатт абарстой Дзиццойты Юри æмæ Коцты Къоста, кæс сæ уац: «Новые этнографические материалы к осетинской космологии». (Вопросы иранистики и алановедения. Владикавказ, 1990, 51 фарс). Фæстæдæр, сæ куысты кой не скæнгæйæ, ахæм хатдзæгтæм æрцыд А. Е. Иванеско. (Бацамынд куыст, 66 фарс).

МЫСИНÆГТÆ

СЕЧЪИНАТЫ Нинæ

ЗÆРДÆЙЫ ХЪÆДГÆМТТÆ

Мæ кары адæймаг йæ ивгъуыд бонтæм куы акæсы, уæд ирддæрæй разынынц йæ кæддæры хъуыддæгтæ, царды фæзилæнтæ, лæгъз æмæ гуыргъахъхъ фæндæгтæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст арæх æрлæууы мæ зæрдыл...

Зæгъæн ис æмæ æз мæскуыйаг дæн, уымæн æмæ дзы ныр цыппар æмæ æртиссæдз азы цæрын. Хæсты рæстæджы мæ, æнахъом сабитæ мын кæй уыди, уымæ гæсгæ иннæ ме ‘мхуызон мадæлтимæ аластой æдас ранмæ. Ссыдтæн мæ райгуырæн Ирыстонмæ. Фæлæ мæ хъуыддаг тæдзынæгæй цыхцырæгмæ бахауæгау рауад. Æнæниздзинады адæмон коммисарады мын лæвæрдтой уæлдæр бынæттæ, фæлæ æз равзæрстон мæ фыдыуæзæг — Алагир.

Дохтыр кæй уыдтæн, уымæ гæсгæ рынчындоны куы куыстаин, уымæ бæллыдтæн, фæлæ партийы фæндонмæ гæсгæ кусын райдыдтон районы æнæниздзинады хайады сæргълæууæгæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, æнцон нæ уыди мæ куыст, уымæн æмæ ма уый уæлæмхасæн уыдтæн эпидемиолог, ВТЭК-ы сæрдар, æфсæддон комиссарады медицинон къамисы уæнг, фронты чи уыд, уыцы хæстонты бинонтæн æххуысы къамисы уæнг

æмæ а. д. Уæд мыл цыди дыууын фараст азы æмæ хæстæн суанг йæ кæронмæ удуæлдай фæллой фæкодтон. Бирæ зынтæ, бирæ удхæрттæ ныууагътой сæ фæд мæ зæрдæйы.

Уыцы заман Алагиры дзæвгар уыди зондджын, ахуыргонд, дзырддзæугæ сылгоймæгтæ. Мæнæ сæ нæмттæ: Баситы Терезæ — юрист, Битарты Леля — агроном, Толпарты Катя — æхсæнадон кусæг, Хацъæты Венерæ æмæ Троицкая Варя — ахуыргæнджытæ, Демыраты Тамарæ — финансист, Дзасохты Рая, Датиты Чабæхан, Тахохты дыууæ хойы Зинæ æмæ Зоя — дохтыртæ, æмæ æнд. Фæлæ уæд Алагиры нæлгоймæгты дуг уыди. Сылгоймæгтæм алы хъуыддаджы дæр уазал цæстæй кастысты. Зæгъæм, иухатт Бтемыраты И. Х. фæрынчын, дохтырмæ йын æрвыстой, æмæ чидæр афтæ бакодта: «Фæдзурут дохтырмæ, æрмæст сылгоймагмæ нæ!» Бтемыраты И. Х. та уæд райкомы секретарь уыд. Æвзæр лæг æй нæ рахуыдтаис, фæлæ йæхицæн кадртæ агургæйæ искæй уынафæтыл æгæр æууæндыд. Æмæ алымыггаг адæмæй байдзаг йæ алыварс: айуантæ, козбаулæгтæ, фæлитойтæ, гуырымыхътæ.

Хъуыды ма йæ кæнын, Алагир куы ссæрибар, уымæн йæ дыккаг бон райкомы инструктор йæхи æфсæддон хъалагъурмæ куыд батардта æмæ йын йæ цырыхъхъы фындзæй йæ мæхстæттæ куыд ысцавта, уый. Æмæ уæд цæй фæдыл? Хъалагъур ын йæ гæххæттытæм æркæсыны охыл йæ хæдтулгæ кæй баурæдта, уый фæдыл. Ома, куыд бауæндыди! Лæппу ма тыххæйты аирвæзт. Йæ фыццаг дохтыр æз уыдтæн, уымæн æмæ уыцы рæстæг Алагиры мæн йеддæмæ æндæр дохтыр нæ разынд. Йæ мæхстæтты дадзинтæй, мæгуыр, иу атыдта æмæ йæ туг цыхцырæг ныллæууыд. Мæ бон куыд уыди, афтæ йын баххуыс кодтон, стæй йæ æфсæддон рынчындонмæ аласын кодтон. Йемæ йын арвыстон, уыцы æвирхъау хабары тыххæй цы акт ныффыстон, уый дæр. Гъемæ уымæй дыууæ боны фæстæдæр мæлæты дзæмбытæм фæцæйхаудтон мæхæдæг дæр. Æвæстиатæй мæм оргæнтæм фæдзырдтой. Уым мыл Мидхъуыддæгты адкомы хæдивæг æмæ милицæйы кусджытæ сæхи ныццавтой æмæ мæ баййардтой: «Цæмæн ныффыстай уыцы акт? Тагъд æй аив ныртæккæ, фæфæлмæндæр æй кæн! Ау, нæ йæ ‘мбарыс, лæджы хæстон трибуналы артмæ кæй æппарыс, уый?!» Наркомы хæдивæг йæ хæрзæфсымæры сæрыл дзырдта, йæ дыууæ хъузоны та сæ хицауæн цæстмæмитæгæнгæ стырындз ысты æмæ сæ удæй арт цагътой, уæдæ йын нæ иузæрдыгдзинад куыд хуыздæр равдисæм, зæгъгæ. Дамбацайæ дæр ма мæм æвзыста сæ иу. Афтæмæй

сæхæдæг хæстæн йæ райдайанæй суанг йæ тæккæ фæуынмæ æмризæджы рызтысты, мæлæтæй тæрсгæйæ. Уыимæ, адркомы æппæтхъомысджын хæдивæгæн йæ фондз æфсымæры дæр, уымæн йæ базыры бын бухъцард чи кодта, уыдон.

Иухатт та сапæттæ сæфын байдыдтой, æмæ уый аххосæй санитарон уавæртæ зауyатмæ æрцыдысты, сбирæ и сыст, адæмыл йæхи ныццавта фадгæ тиф, æмæ уæд фæлæбурдтой сæ сæртæм нæ хицæуттæ. Æцæг нын тифы ныхмæ тохы ахсджиаг æххуыс бакодта Алагиры горæххæсткомы сæрдар Ачеты Уырысби.

Иннæ хатт та сбæрæг и, дохтыртæн се спъиртт донимæ хæццæгонд кæй у, уый. Æмæ-иу уый аххосæй, дохтыры судзин буары кæм бацыд, уыцы ран хæф кæнын байдыдта. Сыгъдæг спъирттæй та И. йæхæдæг дæр нызта, стæй дзы «стыр» хицæутты дæр рæвдыдта. Æмæ уæд куыннæ хъуамæ сдзырдтаиккой карзæй йæ сæрыл нæ уæлдæр хицæуттæ? Абон уый схуыдтаиккой коррупци.

Кæй зæгъын æй хъæуы, тыхст заман уыди, хъаймæты заман. Нæлгоймæгты нæ фæндыд æнæниз уæвын, сылгоймæгтæ аргæ нал кодтой, сабитæн та фæзæрондхуыз се 'нгас.

Алагиры зæххы бикъ æмæ комы дæгъæлтæй иу уыди Н., зæрдæйы уагæй — тугдзых бирæгъы хуызæн. Уый-иу дохтыртæм дæр нæ байхъуыста, афтæмæй-иу хæсты цæхæрмæ арвыста суанг уæззау низæй рынчынты дæр. Иухатт фронтæй цы уæззау психикон рынчыны рауагътой, уый ацы лæг фæстæмæ фронтмæ арвыста, æмæ бецау læппу цалдæр боны фæстæ Сталинграды бынмæ фæмард и. Н.-иу ныббогъ ласта: «Уæдæ цы бакæнон! Пълан мæ æххæст кæнын хъæуы! Мæнæй дæр домгæ кæнынц!.. Æндæр кæй арвитон, æнæниз лæгтæ хицæуттæ сты, æмæ!..»

Тынг арæх нæм уыд æхсинты низ дæр — сифилис. Бирæ зиан æрхаста адæмæн æмæ йæ ныхмæ чысыл тохтæ не 'рцыди. Суанг ма нæ уæлдæр хицæуттæй дæр йæ уацары бирæтæ бахаудтой. Афтæ гъе!

Æцæг нын æнæниздзинады хъуыддаджы иттæг ахсджиаг æхуыс бакодта партийы райкомы секретарь Бтемыраты И. Х. Уый куырыхон лæг уыд, хиуылхæцгæ, æмбаргæ. Хуыдтой йæ «алагираг Сталин». Райкомы кусджытæ йæм дзуармæ кувæгау куывтой, уымæн æмæ йæ цæстæнгасæй цыди цыдæр æнахуыр тых.

Йе 'ххуысы хай нын не 'вгъау кодта райæххæсткомы сæрдар Хъантеты Гаги дæр. Йæ бæрнон секретарь Маккайы-фыртимæ нын бирæ хæрзты бацыдысты. Фæстæдæр Гагийы сæвæрдтой республикæйы Министрты Советы сæрдары хæдивæгæй, æмæ адæмæн

зын уыди, сæ уарзон хицау æндæр ранмæ кæй ацыд, уый.

Адæм Гагийы хуызæн кæмæн аргъ кодтой, уыдонæй иу уыд Æгъуызарты Æхсарбег дæр. Уыцы заман уый куыста Алагиры районы радиойы хицауæй æмæ иунæг хъуыддагмæ дæр уæлæнгай цæстæй никуы ракасти. Ноджы ма уыди зæрдæргъæвд, æмбаргæ, бирæ уарзта йæ куыст. Радиомæ цы бирæ æрмæг цыд, уыдонæй æвзæрста нывылдæртæ, ахсджиагдæртæ. Адæмæн алкæддæр æхсызгон уыд йæ зæрдæбын ныхас, йæ фæлмæн хъæлæс. Тифы ныхмæ тохы дæр йе 'ххуысы хай ницæмæй бавгъау кодта. Тынг парахатæй адæмæн хъусын кодта санитарон зонындзинæдтæ. Радиойы дуæрттæ æппынæдзух гом уыдысты дохтыртæн, æмæ цалынмæ уыцы тифæй фæстаг рынчын не сдзæбæх, уæдмæ райсомæй суанг фæсахсæвæртæм не 'нцади сæ хъæлæс. Мах-иу тынг бадис кодтам, ацы рæсугъд тæнтъихæг лæппу цымæ фынæй та кæд фæкæны, зæгъгæ, æхсæв-бон куы нæ зоны, уæд?..

Алагиры ма уыди ахæм хабар дæр. Уый бирæты зæрдæты арф хъæдгæмттæ ныууагъта. Партийы райком нын рагæй зæрдæтæ æвæрдта, немыц Алагиры онг не 'рбахæццæ уыдзысты, зæгъгæ. Цы бон æрбабырстой, уый агъоммæ дæр ма Бтемырайы-фырт партийы активы æмбырды афтæ дæр загъта: «Мацæмæй тæрсут!», «Алагир немыцæн нæ ратдзыстæм!» Йæхæдæг та тæккæ уыцы æхсæв æвæстиатæй алыгъди йæ хионтæ æмæ йе 'мбæлттимæ. Хæхтæм байстой сæхи æмæ, рагацау сæхицæн æнæмæтæй цæрынæн æвæрæнтæ кæм фæкодтой, уыцы рæтты бавæрдтой сæ сæртæ. Мах та ма æрæджиау базмæлыдыстæм, немыцы æфсæн танкты уæззау хъыррыст нæ хъустыл уайын куы байдыдта, уæд. Удаистæй лыгъдыстæм алырдæм, нæ сæр нæ кой сси...

Немыц Алагирæй сырд куы æрцыдысты, уæд Мызурæй æрбаздæхтæн. Фæндаг — минæтæй æхгæд, æмæ адæм цыдысты тæрсгæ-ризгæйæ. Иунæг «æхсарджын партизаныл» дæр не 'рхæцыди мæ цæст нæдæр фæндагыл, нæдæр Алагиры. Авддæлдзæх цыма фесты. Хицауад адæмы кæй нæ бахъахъхъæдтой, уый аххосæй немыц бирæ æвирхъау митæ фæкодтой, бирæты амардтой хъизæмары мардæй. Милицæйы кæрты, стæй горæты кæрон дæр, Цырауырдæм фæндагыл, уыди арф къахт траншейтæ æмæ мæрдтæй се 'мыдзаг уыдысты. Уыдæттæ канд мæ цæстæй нæ федтон. Уыцы рæстæг æз уыдтæн немыцы фыдракæндтæ сбæлвырд кæныны къамисы уæнг. Уыцы сау траншейты калд æрцыдысты æнæхъæн бинонты мæрдтæ дæр: Беслехъоты, Габысаты, Бутаты, Абайты, Бакуновичты æмæ æнд. Немыц

æвирхъау мæлæтæй амардтой Лазарты Газаккы, Хъараты Разиаты, Мадзаты Сафеткайы æмæ бирæ æндæрты. Æрмæст нæ хицæутты бинонтæй иу æрду дæр никæй сæрæй фæхъуыд. Уыдонæй æрфæсмон кæнын суанг йæ хъуыдыйы дæр никæмæн уыд. Уый нæ, фæлæ ма хæхтæй «уæлахиздзаутау» дæр æрыздæхтысты, цыма адæмæн сæ хæрзгæнджытæ уыдысты, уыйау. Афтæмæй та Алагир сау дардта уыцы бонты, адæмы хъыгæн бауромæн нæ уыди, сæ хъарæгæй дунæ ризгæ кодта, сæ цæссыгæй — судзгæ.

Уыцы рæстæг райкомы кусджытæ та сæ «сур хид» калдтой, хорзæхтæ æмæ хойраджы талонтæ кæмæнты раттын хъæуы, ууыл «сагъæсгæнгæйæ», «Рыны заман — цæл», зæгъгæ, хуымæтæджы нæ акæнынц. Адæмæн сæ фылдæрæн сау дзулы къæбæр дæр тынг зынтæй æфтыди сæ къухы. Хъуамæ йæ раздæр сæ судзаг цæссыгæй цæхсадтаиккой, цалынмæ йæ сæ дзыхмæ схæссой, уæдмæ.

Мæнгхъæбатыртæ æмæ мæнгномхæсджытæ дæр бирæ уыди уыцы заман, фæлæ æз æцæг æхсарджынæй кæй зыдтон, уыдон уыдысты дыууæ: Дзугкойты Нинæ æмæ Хацъæты Ксеня. Ксеня иухатт знаджы чъылдыммæ куыд бацыд, афтæмæй йæ æрцахстой немыц æмæ йæ фехстой. Рухсаг уæнт, Фыдыбæстæйы сæрыл чидæриддæр фæмард, уыдон!

ФÆСНЫХАС

Уый ма мæ зæгъын фæнды, æмæ æз ацы уацæй мæ маст никæмæй исынмæ хъавын. Адæмы хъыджы дæр æмæ мæ хъыджы дæр чи бацыд, уыдонæн се 'ппæтæн дæр ныббарстон. Зæгъын мæ фæнды уый дæр, æмæ мын паддзахад мæхи ницæмæй бафхæрдта. Хæсты заман истон уæлдæр мызд «раззагдæр куысты» тыххæй. Алагиры цы бафæллой кодтон, уый тыххæй мын радтой «Æнæниздзинады иттæг хорз кусæджы» ном, схæрзиуæгджын мæ кодтой майдантæй: «Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы хъазуатон фæллойы тыххæй», «Кавказ бахъахъхъæныны тыххæй» æмæ аф. д.

Ацы уац уый тыххæй ныффыстон, æмæ уыцы æвирхъау заманæн иуæй ферохгæнæн нæй, иннæмæй та йæ ферох кæнын раст нæ уаид.

ПУБЛИЦИСТИКÆ

ТАУТИАТЫ Индирæ

ÆНÆНИЗДЗИНАД — ÆППÆТÆН СÆРÆВÆРÆН

Лæг æнæниз куы уа, уæд дзы, æвæдза, уымæй тæхудиагдæр ницы ис царды. Адæмы æнæниздзинад та кæддæриддæр уыд æхсæнадон æфсармæн йæ фидарыл дзурæг, уымæн æмæ фидар æфсарм у цивилизацийы бындур.

Æхсæнад цас размæцыд у, цас прогрессивон у, уымæн æвдисæн вæййынц цалдæр хъуыддаджы: медицинæ цы уавæры ис, уый; æнахъом фæсивæды æнæниздзинадмæ цы цæстæй кастæуы; фæллойхъом адæмы ‘хсæн куыд арæх æрцæуы зиантæ, цас дзы вæййы рынчынтæ; рæстæмбис нымадæй чи цас цæры, уыдæттæ иууылдæр.

Ирыстоны цы уавæр сæвзæрд, уымæн йæ аххосæгтæ баст сты социалон æмæ политикон реформæтимæ Уæрæсейы Федерацийы. Иннæрдыгæй та, цы бæстæйы цæрæм, ома цы хæхбæсты, уый геополитикон хицæндзинæдтæ, нæ алыварс цы ‘хсæнадон царды уавæр ис, уый æуæлтæ.

Ивгъуыд ссæдзæм æнусы нæуæдзæм азты райдайæнæй фæстæмæ адæмы нымæц куынæгдæргæнгæ цæуы, сысы. Уымæн дæр ис йæхи бындур, йæхи фадæттæ. Иуæй фæстаг азты сабитæ къаддæр гуыры, иннæмæй та мæлгæ дæр

фылдæр кæны, ома уый дæр та раздæры азтимæ абаргæйæ. Алы уæззау хабæрттæ, нæ алыварс хæстытæ, нæхи бæллæхтæ адæмы зæрдæтæ фехæлдтой, бафхæрдтой сæ. Уый адыл низтæ дæр тыхджындæр кæнынц, рæзы сахъат адæмы нымæц, сарæхдæр сты алы зиантæ, низты хуызтæ дæр ивынц.

1999 азмæ алы сæдæ мин адæймагæй дæр-иу туджы зилдухы низты аххосæй йæ рухс дунейæ ахицæн 739 адæймаджы; къуыдилыты азарæй — 155; улæфæнтæ хъыгдард кæй баййафынц, уый адыл 45,7; ахсæны низтæй 71; хæцгæ низтæ æмæ чъизийы фæстиуджытæм гæсгæ — 25,6. Уæлдай фæдисондæр уавæр сæвзæрд стыр фæндæгтыл, бирæтæ свæййынц фыдбылызы амæддаг, æвзæр хæринæгты аххосæй дæр æрцæуы зиантæ. Фæстаг дæс азы, цы бæллæхтæ ранымадтон, уыдон ахастой, — ноджы куыстхъом адæмæй — 8 мин уды. Уый у, æдæппæтæй чи амард, уыдоны дæсæм хай. Уыимæ фæндæгтыл æрцæугæ фыдбылызтæ иннæ бæллæхты 'сæн ахсынц 21 проценты, лæгмæрдтæ та 15,7. Стыр хъыгагæн, фылдæрæй фылдæр кæнынц тæккæ цардбарæг адæмы 'хсæн мардæрцыдтæ — 20 — 40 азы кæуыл цæуы, уыдонæй æмгъуыдæй бирæ раздæр дзæвгар фæзиан вæйййы. Ноджы ма уыцы кары нæлгоймæгтæ арæхдæр мæлынц се 'мгар сылгоймæгтæй. Уыимæ баст у, чындзæхсæвты нымæц къаддæрмæ кæй цæуы, уый дæр — кæд-иу 1990 азы алы 1000 адæймагæй дæр 8,3 проценты сæ амонд ссардтой, уæд 1999 азы та иу минæй бинонты хъуыддаг бакодтой æрмæстдæр 5,7 проценты. Уый дæр ма нæм фаг бæллæх нæ кæсы: 100 сабийы райгуырд, зæгъæм, 1998 азы, фæлæ уыдоны хыгъдмæ та 69 гуыринаджы аборты амæддаг баисты!

Æнхъæлцау чи у, стæй сабитæ чи ныййардта, фæлæ фæстинонæй чи сад, уыцы сылгоймæгтæй дæр бирæтæ фæхъуыд. Фæфылдæр, ноггуырдтæй чи амæлы алы рынты азымæй, ахæмты нымæц дæр — кæд 1990 азы алы 10 000 дæр амард 15,5, уæд 1999 азы та 41,2.

Уыцы æбуалгъы уавæрæн бирæ аххосæгтæ ис, фæлæ сæ сæйрагдæртæ сты ахæмтæ:

— адæмы цæрæн бынæтты экономикон уавæр æвзæрæй-æвзæрдæр кæй кæны;

— адæмы царды уавæртæ зынгæ кæй фæуæззаудæр сты, сæ царды фæрæзтæ кæй фæкъуындæгдæр сты, ног заманы бирæтæ рохстæй кæй аззадысты, сæхицæн бынат кæй нæ арынц æхсæнадон царды, сæ мидуавæр иудадзыгдæр катайаг кæй у;

— куыстуæттæ зæрæстонмæ кæй æрцыдысты, кæй фехæлдысты, æмæ уый адыл æнæхъæн дзыллæтæ æгуыстæй кæй аззадысты;

— хæринаджы хæрзхъæддзинад кæй фæныллæг, фæсарæнтæй, уым, сæхи чи нæ хъæуы, сæхимæ хæрынмæ чи нал бæззы, ахæм хойраг бирæ кæй ластæуы, нæхи хæрзад хойраг та фæсарæнтæм кæй ивылы;

— адæмы æнæниздзинадмæ медицинон цæстдард нывыл кæй нал у;

— социалон фарстатæм фаг æргом здæхт кæй нал цæуы, бирæтæн сæ фæллад суадзын сæ фадæттæ кæй нал амонынц, фатертæ исын ахæм бæллæхы хабар кæй сси, бирæтæ сæ сомбонæй тæрсын кæй райдыдтой, сæ зæры бонтæ сæм æнæрай кæй кæсынц;

— нырмæ куыд никуыма уыд, фæсивæдæн афтæ фæстæзад кæй у сæ иумæйаг культурæ, сæхи æмбæлгæ хуызы дарын кæй нæ зонынц, æхсæндзарды домæнты бындурыл хъомылгонд кæй не сты, сæ цардыуаг æнæниз, æнæсахъат цардыуаг кæй нæу, æппæт уыдæттæ.

Раууатмæ ‘рцыд медицинæйы куыстуæтты архайд дæр. Лæг рынчындонæй куы рацæуы, уæд æм фæстинонæй поликлиникæ йæ цæст нæ дары, нæ йæ хизы ногæй карз хуызы æрсæйынæй. Низæфхæрд адæмы йæхи хæдзары, кæнæ та æнæпаддзахадон рынчындæтты чи дзæбæх кæны, уыдон профилактикон куыстмæ не ‘вдæлы, уый мæт сæ уæвгæ дæр нæй — низ куы стыхджын вæйыы, æрмæстдæр уæд райдайынц йæ ныхмæ мадзæлттæ агурын.

Уый фæдыл мæнæ куыд фыссы Харченко В. И. йæ уацы — «Динамика уровня и структуры смертности населения России по основным классам причин смерти за период с 1985 года по 1995 год» (Терапевтический архив, т. 70, № 12, 1998, с.59): «Одним из наиважнейших факторов увеличения заболеваемости к смертности населения сегодня является недоступность многих медицинских услуг ввиду перехода их на платную форму обслуживания и дороговизны. Дорогостоящие лекарственные препараты стали недоступными для многих слоев населения, а те группы граждан, которые имеют право на бесплатное получение лекарств, в последнее время ограничены специальным списком препаратов, в которые входят далеко не самые дорогие и не самые эффективные лекарства».

Æгуыст адæм кæй сарæх сты, уымæ гæсгæ бирæтæ сæхиуыл

нал ауæрдынц æмæ цыппæргай рæтты кусынц, кæйдæр къухты цы куыстуæттæ ис, уымыты фæйнæ 9 — 15 сахаты фæллой кæнынц. Ахæм рæтты та арæх куысты уавæртæм фаг æргом здæхт нæ цæуы, уый адыл дзы адæм арæх рынчын кæнынц, фæсахъат вæййынц, зиантæ дæр дзы æрцæуы, уæлдайдæр зæрдæйы низтæй. Йе стырдæр бæллæх уый у, æмæ низты амæддаг куыстхъом адæм, йæ тæккæ тыхы чи бацыд, уыдон кæй фæвæййынц.

Царды уавæртæ алы хуызы дæр кæй фæцауддæр сты, ууыл æппæтæй æргомдæр дзурæг у, адæм рæуджыты низæй арæхдæр мæлын кæй райдыдтой, уый. Уымæн дæр ис йæхи аххосæгтæ: æрлидзæгтæ, æгуыст æмæ чысыл мыздисæг адæм, мамæлайы къæбæрæй цæрджытæ бирæцотджын бинонтæ, инвалидтæ, пенсиисджытæм фаг нæ хауы урсаг, ноджы ма царды санитаронгигиенæйы уавæртæ дæр тынг æдзæллаг сты. Иннæрдыгæй та уый, æмæ медицинон кусæндæттæ дæр мæгуырау сты ацы низ профилактикæ кæныны фæрæзтæй. Гъемæ 1999 азы 100 мин цæрæгæй 120,1 садысты рæуджыты æгъатыр низæй — туберкулезæй. Уый чи сбæлвырд æмæ нымад чи ‘рцыд, уыдон. Фæлæ сусæг рынчын чи у, уыдон та цалдæр хатты фылдæр уыдзысты.

Куыд æппæт Уæрæсейы Федерацийы, афтæ Ирыстоны дæр раст хъаймæт у, хъаймæт наркомани æмæ алкоголизм. Фæлæ уыцы æбуалгъы хабарæн йæ ратæдзæнтæ царды социалон æуæлты агуринаг сты, медицинæйы азым дзы фæрссаг у. Уавæр æцæг фæдисон сси, афтæмæй нæм официалон æгъдауæй та 2000 азы наркоманты номхыгъдмæ бахастой æрмæстдæр 56 адæймаджы æнæхъæн республикæйы! Кæд Дзæуджыхъæуы иу хицæн уынджы наркоманты базыдтой, мыййаг?..

Педагогтæ, дохтыртæ, социалон структурæты кусджыты архайд у уæлæнгай, арсæн йæхи куы уынай, фæлæ ма йын уæддæр йæ фæдтыл куы дистæ кæнай, адон чи ныууагъта, зæгъгæ, уыйау. Наркомани æмæ алкоголизмы аххосæгтæн сæ сæйрагдæртæ сты психо-социалон фактортæ. Æгас паддзахад, æгас æхсæнад дæр йæ гаччы кæй нæма сбадт, адæм сæргой кæй фесты, сæ фидæн куыд уыдзæн æмæ цы уыдзæн, сæ абон кæцытæй у, æппæт уыдæттæн бæлвырд бæрæг кæй нæй, уый адыл иудадзыг дæр бирæтæ стрессы уавæры сты, æмæ æнцой циу, уый нал зонынц, тыхст æмæ уырыдæй, катай æмæ марийгæнгæ ‘рвитынц сæ бонтæ. Æмæ уæд чи йæ пырх ностыл калы, чи царды æцæгдзинадæй хъылмайы фæздæг æмæ алы

сæрзилæнгæнæн хостæм фæсиды æххуысмæ. Ныййарджытæн дæр сæ бон нæ вæййы фылдæр хатт сæ хъæбултæн хъуыддагæй баххуыс кæнын. О, фæлæ дзы ахæмтæ дæр ис, æмæ йæ фырхъæздыгæй, сойæвдылдæй чи ныллæууыд сæфты къахыл — йæ дзыпп дзаг у, йæ рæзгæ уд та гаффутт.

Æппæт бæллæхтæ, нæ царды æппæт аиппытæ, хъуæгтæ нымад ничи фæуыдзæн. Фæлæ дзы уæддæр, нæ рæзинæгтæ кæй сæфынц, æппæты фыццаг алы низты-рынчынты амæддаг уыдон кæй фæвæййынц, уымæй æбуалгъдæр хабар нæй. Абон уæлдай сарæхдæр сты ныййарджытæ — гаккуччытæ, ома йæ хъæбулыл йæхи чи атигъ кæны, ахæмтæ. Дзæвгар сты нæ сидзæртæ дæр, æвæгæсæг сывæллæттæ. 2000 азы январы нæ республикæйы уыд: сывæллæтты социалон цæрæнуæтты чи цард, ахæм сидзæртæ 720 сабийы; æвæгæсæгæй чи баззад, уыдон — 97; сæ ныййарджытæй чи фæлыгъд, ахæмтæ — 166; 1985 бинонтæн та сæ сабитæ уыдысты æрдзæй сахъат инвалидтæ. Нæ чысыл хæхбæстæн кæд уый нæу трагеди, уæд ма йын цы у?..

Уавæр снывыл кæнын кæсы нæхимæ дæр, ома æхсæнадмæ, æмæ паддзахадмæ дæр. Фæлæ уал нын фыццаджы фыццагдæр нæ рыст сдудæд, нæ тæссаг уавæр нæм бахъарæд.

ИУ БЫНДУР, ИУ РАТÆДЗÆН

Хъуыддаг æцæг афтæ кæй у, ома хъобайнаг æмæ скифаг культурæйæн иу бындур, иу ратæдзæн кæй ис, уый фыццаг бакастæй дæр бæрæг у. Се ‘рмдзæф афтæ хæрзæнгæсæн, æвæццæгæн æмæ, æрмæстдæр æмтуг, æмыстæг адæмæн рауадаид.

Дунайæ Енисейы онг æнæкæрон быдырты цардысты цæугæцардгæнæг тугхæстæг знæмтæ. Кæд се ‘ппæтæн дæр иу адæмы ном уыд — скифтæ,— уæддæр цæмæйдæрты кæрæдзийæ хицæн кодтой. Сæйрагдæр сæ царды æууæлтæ æмæ фадæттæм гæсгæ.

Сыгъдæг скифтæ кæй хуыдтой сæ заманы, уыдон ахстой Дунай æмæ Доны æхсæн зæххытæ, Цæгат Кавказы æмæ Волгæйы былгæрон быдырты та цардысты сæрмæттæ, Астæуккаг Ази та уыд сакты бæстæ. Скифаг знæмтæй æппæты хурыскæсæйнагдæр уыдысты юечжитæ — сæ хæтæнтæ æмæ цæрæнбынæттæм хаудтой Кулундины тъæпæнтæ æмæ Алтайы хæхтæ, Джунгары æмæ Ныгуылæн Манголы тыгъдадтæ.

Ацы адæмтæ иууылдæр дзырдтой ирайнаг æвзæгтыл, кæрæдзи æмбæрстой, хæстæгиуæг кодтой рагон Ираны арийаг цæрджытимæ. Уæдæ сæ сæ культурæ дæр иу кодта, кæрæдзийæн хион.

Скифаг культурæ æмтгæй ууыл дзурæг у, æмæ скифтæн сæ рæстæджы дунейы адæмтимæ алыхуызон ахастдзинæдтæ кæй

уыд — политикон, хæстон, базарадон, культурон... Зæгъæм, скифты аивады сырдон стиль кæй хонæм, уыцы æрмдзæфыл бæрæг дары ассирийаг æмæ вавилойнаг аивады тæваг. Хæцæнгæрзтыл цы сызгъæрин нывæфтыдтæ ис, уыдон тынг æнгæсæн сты рагон месопотами, ассири æмæ урартатуйаг ахæм аивадимæ. Фæлæ уæддæр скифты культурæ никæимæ ивддзаг кæны — ис ын йæхи æрмдзæф, йæхи авналæнтæ, мотивтæ, йæхи уд.

Куыд æмбисонды дæсны зæрингуырдтæ уыдысты, куыд иттæг хорз арæхстысты хъæд, стæг æмæ згъæримæ кусгæйæ, уыдæттыл бирæ сæрмагонд иртасæн куыстытæ фыст ис. Скифты культурон бынтæй абон адæмы размæ цы чысыл хай хæссæм, уый дæр фаг у афтæ зæгъынæн:

— Ахæм аивад сфæлдисæг адæмы байзæддаг уæвын иуæй сæрыстыры хос у, иннæмæй бæрнаг хъуыддаг.

Бронзæйæ æгънæг.

Сызгъæрин æгънæг.

Сызгъæрин къустæ.

Хъуырылдарæн.

Цирхъ йæ сызгъæрин кæрддзæмимæ.

Сызгъæрин сæрвасæн дыууæрдыгæй.

Нуазæн кæхцы хæцæн Медузæ Горгонæ æмæ калмимæ. Бронзæ.

Сæрджын сагтæ. Бафидар сæ-иу кодтой бæхы ныхыл. Бронзæ.

Бронзæйæ аг æд суанцъæт.

Цонгдарæн.

Барæг.

Æргъæвæг. Базырджын гиппокамп.

Хæрдоджытæ.

Ритон-сыкъа.

Дурын.

Лæдзæджы сæр.

Къахкъухтыл кафæг чызджытæ.

Лæдзæджы сæр æд дзæнгæрджытæ.

Цирхъы æвзист фистоны сæр.

ДЖЫККАЙТЫ Зæринæ

РЕМАРКÆТЫ АИВАДОН НЫСАН ЕЛБЫЗДЫХЪОЙЫ ДРАМÆТЫ

Драмæты поэтикæйы ахадгæ фæрæз у ремаркæ. Уæлæнгай æркæсгæйæ гæзæмæ зыны йæ ахадындзинад, æмæ йæм рæстмæ йæ хъус ничи дары. Фæлæ, йæ нысаниуæг ахъаззаг кæй у, уый гуырысхойаг нæу. Иугæр ис, уæд, æвæццæгæн, хъæуы æмæ у иртасинаг.

Ремаркæ у францаг дзырд, йæ мидис у «фиппаинаг», «амынд». Драмон уацмысы уымæн ис бирæ функцитæ. Автор уый фæрцы «фæбæрæг кæны архайды бынат, архайджытæн сæ æддаг хуыз *(сæ бакаст)* æмæ сæ уаг: сæ ацыд, се ‘рбацыд, сæ азмæлæнтæ æмæ сæ митæ, сæ уæнгты змæлд, сæ ныхасы суагъд *(интонацитæ).* Хатгай ремаркæтæ бæлвырд кæнынц персонажты æууæлтæ: сæ кар, сæ характеры миниуджытæ, сæ царды цаутæ» *(Краткая литературная энциклопедия, т.6. — М., 1971, 250 ф.).*

Алы фæзындæн дæр ис истори. Йæхи истори ис ремаркæйæн дæр. Уый сæвзæрд драмæимæ, фæлæ æдзух иугъæдон æмæ иу уаваæры нæ уыд. Ивта, драмон аивад куыд ивгæ цыд, афтæ. Антикон драмæйы ремаркæтæ уыдысты кадавар, стæм, сæ функцитæ — хуымæтæг æмæ чысыл. Бердзенаг драмæйы архайд цæуы иу ран, иу бынаты. Уацмысы сюжет адæмæн (театрдзаутæн) вæййы зындгонд. Уымæ гæсгæ ремаркæтæ уыдысты цыбыр æмæ

хуымæтæг. Зæгъæм, Эсхилы «Баст Прометей»-ы: «Æдзард къæдзæхтæ денджызы был». Софоклы трагедиты ахæм фиппаинæгтæ дæр нæй. Еврипид нысан кæны: «Архайд цæуы Коринфы, Медеяйы хæдзары раз» *(«Медея»).* Уымæй уæлдай стыр трагиктæ бæрæг кæнынц, чи фæзынд кæнæ чи ацыд, уый.

Антикон драмæйы традицитыл рæзт 17 æнусы классицизмы драмæ дæр. Ацы драмæйæн дæр фидар фæтк уыд архайд иу бынаты æвдисын. Йæ фæткæвæрæг теоретик Буало фæдзæхста: «Одно событие, вместившееся в сутки, В едином месте пусть на сцене протечет...» *(«Поэтическое искусство». Песнь 3).* Уый адыл Корнель йæ номдзыд трагеди «Сид»-мæ дæтты æрмæст ахæм фиппаинаг: «Архайд цæуы Севилы».

Драмæ ног хуызы хъомысджынæй райрæзт Ренессансы заманы. Йæ бæрзонддæр æнтыстытæ уыдысты Шекспиры уацмыстæ, Лопе де Вегайы комедитæ. Уыдон бæрзонд систой реалистон аивад, сюжеты рæзтмæ гæсгæ барджынæй ивтой архайды бынат. Шекспиры «Отелло»-йы ис ахæм ремаркæ: «Фыццаг архайд цæуы Венецийы. Æрбацæуынц Родриго æмæ Яго». Уымæй уæлдай, персонажтæ цы архайынц, куыд дзурынц, цы кары сты, сæ фæлыст куыд у, уыдæттæ амынд ницы хуызы цæуынц.

Хъуыддаг афтæ уымæн уыд, — фыссы Г. Б. Бен, — «æмæ драматургтæ арæх сæхæдæг уыдысты актертæ æмæ режиссертæ æмæ сын фадат уыд, артисттæн, цы кæнын хъæуы, уыдæттæ амонынæн» *(Краткая литературная энциклопедия).* Кæй зæгъын æй хъæуы, хъуыддаг афтæ хуымæтæг нæу. Фыццаджыдæр, Шекспиры заманы декорацитæ кæнæ æппындæр нæ уыди, кæнæ-иу уыдысты бынтон хуымæтæг. Архайды бынат-иу сценæйыл фæзынди фæйнæгыл фыстæй. Театрдзаутæ сахуыр сты ахæм театралон фæрæзыл æмæ æмбæрстой уаваер. Сæйрагдæр та уый у, æмæ уæд драмæ уыди поэтикон, геройты ныхас — уæлмонц, нывæфтыд, парахат, æмæ йын нæ хъуыд уæлдай фæрæзтæ, уæлдай «дарæс» — декорацитæ, дзырдивæнтæ æмæ æндæр фæзилæнтæ. Отелло мæстыйæ дзуры æви уарзон фæлмæн ныхас кæны, уый афтæ бæлвырд вæййы, æмæ дзы ремаркæты æххуыс ницæмæн хъæуы. Уымæй хъауджыдæр Шекспир актерæн фадат дæтты сæрибар сфæлдыстадæн, хи ахорæнтæ агурынæн. Уый фæрцы йын курдиатджын актертæ йæ геройты фæлгонцтæ æвдисынц хицæн хуызты, сæ сæйраг характер сын нæ ивынц, афтæмæй.

Фæстаг дыууæ æнусы ремаркæ драмæйы мидæг уæрæхдæр кæны йæ бынат. Бирæ пьесæты фиппаинæгтæ ахсынц тексты

æртыццаг хай: пьесæ рахизы прозæмæ *(беллетризованные ремарки).* Зæгъæм, Бернард Шоу «Пигмалион»-ы персонажты тыххæй ремаркæты дзуры сæ раздæры историтæ, бæстон сын æвдисы сæ сурæттæ, сæ дарæс, сæ кар, сæ дзыккуты фаст. Суанг сæ дæндæгты уавæр дæр. Дæргъвæтин ремаркæтæн парахат бынат ис нырыккон драмæйы дæр.

Цæуыл дзуры фиппаинæгты бæрц? «Кадавар фиппаинæгтæ æмткæй кæддæриддæр сты хорзы нысан, — фыссы хъуыддаг иртасæг. — Шекспиры ремаркæтæ сты цъус, уыйхыгъд вазыгджын ремаркæтæй дзаджджын сты æвæлтæрд драматургты пьесæтæ, уыдон драмон архайд ивынц цардыуагон æмæ психологон æрфыстытæй» *(Волькенштейн В. Драматургия. — М., 1969, 91 ф.).* Ацы хатдзæг цас раст у, уый у сæрмагонд иртасинаг проблемæ. Раст зæгъы А.Богуславский: «Ремаркæйы характер æмæ формæ хъуамæ уой драмон уацмысы жанр æмæ стильмæ гæсгæ» *(«Словарь литературоведческих терминов», 1974, 320 ф.).*

Бæлвырд идейон-аивадон ахадындзинад ис ремаркæтæн Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæты. Уыдонмæ нырма сæрмагондæй ничи æркаст. Елбыздыхъойæн хуызæг уыдис уырыссаг классикæ, Гоголь æмæ Островскийы аивад. Фиппаинæгтæ дæтты бæрцæй, æвдисы, æнæмæнг цы хъæуы, архайды рæзт æмæ персонажы удыхъæд иртасынæн ахъаз цы у, æрмæст ахæм бæрæггæнæнтæ.

Ремаркæтæн сæ сæйрагдæр у, архайды бынат чи æвдисы, уый. Бынат у реалон уавæр. Æцæгдзинадæн æвдисæн ис æрмæст бæлвырд уавæры. Ис ын канд географион нæ, фæлæ историон æмæ цардыуагон нысаниуæг. Адæймаг цæры æмæ архайы бæлвырд ран, уымæ гæсгæ йын бынат æргом кæны йæ цард æмæ йæ архайды уавæртæ, бынаты фæрцы йын хатæм йæ ахаст, йæ алыварс цы ис, уыдонмæ.

Елбыздыхъо уыди реалист, сыгъдæг национ нывгæнæг, уый «Амыран»-ы басгуыхт ныфсджын новатор: «Нæ разы — æцæг Кавказ, бæлвырд хæххон адæм» *(Семенов Л.П. Избранное. Орджоникидзе, 1964, 334 ф.)* Йæ трагедийы архайд Ирыстоны хæхты кæй цæуы, уымæй æвзæры уацмысы национ хуыз æмæ бынæттон колорит, — æнæ уыдон нæй реалистон аивад. Драматург архайды бынат æвдисы цыбыр ремаркæтæй: «Хæхбæстæ. Сценæйы, разæй, чысыл лæгъз, йе ‘ннæ суанг уæлæмæ хæхтæ. Галиу фарс æхгæд у зулаив айнæгæй». Уыдон сты иумæйаг нывтæ, фæлæ фаг сты ирон театрдзауæн. Фæстæдæр сæ хуыз-

тæ бæстон разындзысты хъайтарты ныхæстæй. Бесæ йæ фыццаг монологы зæгъы: «Диссаджы ран, талынг ран... Куыд æхгæд у алырдыгæй! Зæрдæ дзы мæгуыр кæны. Ноджы арвмæ хæстæг...» Ацы ныхæстæ æвдисынц бæлвырд нывтæ, фæлæ сæ ис символон æмæ философон мидис. Диссаджы ран уымæн у, æмæ уым лæгæты ис Амыран — адæмы амонд æмæ сæрибарыл тохгæнæг. Талынг æмæ æхгæд уымæн у, æмæ дзы бæстыхицæуттæ æмбæхсынц адæмы бæллиц — титан Амыраны. Цъасс æмæ арв кæрæдзимæ хæстæг сты, уым дæр ис символон хъуыды. Бесæйы бахъæудзæни тох кæнын уыцы *талынджы* ныхмæ, æмæ уый мидæг ис йæ трагедийы аххосаг, йæ тохы уыдзæн йæ царды философон мидис.

Трагеди «Хазби»-йы фыццаг нывы у Хъобаны ныхас. Уыцы нывы стыр ахъаз фæци адæмы цард æмæ уаг бæстон равдисынæн. Дыккаг нывы у Хазбийы уазæгдон. Ам архайды бынат бæлвырддæр кæны æмбарынад *интерьер*. Адæймаг цы уавæры цæры, йæ алыварс цы дзаумæттæ ис, уыдонæй зыны йæ цард, йæ исбон, йæ культурæ, йæ уаг. Пушкин Онегины *туалет* бæстон хуымæтæджы нæ нывы кæны: уымæй зыны, æрмæст хиирхæфсын йæ нысан кæмæн у, уый цард. Елбыздыхъо йæ ремаркæйы æвдисы: уазæгдоны «галиуырдыгæй комкоммæ къулыл сагдзарм. Йæ уæлæ ауыгъд топп, топпы агъуд, дамбаца, хъама, кард. Сагдзармы бын сынтæг, йæ уæлæ арсдзарм, базы бæсты саргъ æвæрд, рудзынджы комкоммæ къулыл пылыстæг рагъæн, йæ уæлæ ауыгъд цухъхъатæ, куырæттæ, нымæт, цыдæртæ. Къулыл сæгуытдзæрмттæ, сычъидзæрмттæ». Ахæм фæлыст уат æвдисы Хазбийы историон заман, хъайтары социалон цард, хæстон лæджы æууæлтæ. Уым зыны адæмы армæйкæнгæ культурæ, сæ цардыуаг.

Æндæр нывы нын æвдисы драмæ «Дыууæ хойы». Драматург йæ ремаркæты амоны: «Чызджыты уат. Комкоммæ къулы дыууæ рудзынджы. Рахиз къулы дуар... Уат дзæбæх æфснайд. Къултыл гауызтæ, рудзгуытыл æмбæрзæнтæ. Галиу къулы цур сынтæг. Уаты цыппæртигъон стъол, фынг, бандæттæ, къултыл сурæттæ...» Бæгуыдæр, чызджыты уат хъуамæ хицæн кæна тызмæг хæстон лæджы уатæй. Фæлæ хицæндзинад канд уый мидæг нæй. Хазбийы заманæй рацыд 75 азы бæрц. Аивта цард. Адæмы культурæйы фæзынди ногдзинæдтæ. Ирæн сæ иу хай æрцарди быдырты. Уаты бæрæг дарынц ног культурæйы æууæлтæ: гауызтæ, рудзгуытæ æмæ рудзынгæмбæрзæнтæ, стъол, сурæттæ *(къамтæ)*. Афтæмæй хуымæтæг ремаркæтæ æргом

кænынц ахъаззаг фæзындтæ. Хоты Хъамболат сæхимæ акæны, æмæ уæд «дзæбæх æфснайд» уат фесты «афтид, чъизи. Тъæпæнджытæ дзы». Афтæ йæ скодтой Тæтæрхъаны бинонтæ, æмæ уыцы уавæр у сæ культурæйы æвдисæн, сæ удыхъæды аллегорион ныв.

Ремаркæйы дыккаг нысан у персонажты архайды хуыз æвдисын. Аивады уæлдай ницы ис, алы дзырд, алы хылычъыйæн дæр ис сæрмагонд нысаниуæг. Адæймаджы характер æвдисынц канд йæ хъуыддæгтæ æмæ йæ ныхас нæ, фæлæ йæ алы змæлд дæр. «Уæрæседзау»-ы архайды бынат у «ирон мæгуыр уат».

Уыйхыгъд удыхъæдæй хъæздыг сты хуымæтæг адæм. Фæлæ æркæсæм персонажты архайдмæ. Ремаркæтæ сты цыбыр, рæстдзæвин, ахадгæ. Хатæхцыхъо фæзмы Муссæйы æмæ «къухæй фыдамынд кæны» — æвдисы уæрæседзауы змæлдтытæ. Тæтæрхъан нымайы ирон лæджы æппæлинаг миниуджытæ: «Лæгæн йæ хорзы нысан йæ бакаст у. Лæг раныхас куы зона, æгъдауыл бацæуын, æгъдауыл рацæуын, дзæгъæл ныхасæй йæхи куы хъахъхъæна, уæд лæгæй æндæр ницы агурын хъæуы фыццаг бакастæн». Афтæ домдтой ирон этикæ æмæ этикет. Муссæ куыд æрбацыд, уый драматург нысан кæны иу дзырдæй — «æрбасирдта». Уый лæджы цыд нæу. Фæрсынц æй йæ цардæй, уый йæхицæй æппæлы, æнхъæлы, йæ ныхæстæ сæ уырнынц, зæгъгæ, æмæ йын цыбыр ремаркæтæ æвдисынц йæ уаг: «фæхъалдæр», «фæрæвдз», «амоны цæф». Муссæ бацыд йæ ролы, стауы «уырыссаг везливæст», æмæ йын ремаркæтæ æргом кæнынц йæ худæджы уавæр: «йæхи алырдæм къæлæсытæ кæны». Афтæмæй сюжет æмæ диалогы æмрæнхъ ремаркæтæ ахъаз кæнынц комедион ситуаци æвзарынæн.

Бынтон æндæр аивадон нысан ис Микъитты худæджы митæн. Елбыздыхъо йæ персонажтæй комкоммæ характеристикæ дæтты æрмæстдæр уымæн. Æвдисджыты номхыгъды ремаркæ амоны — «уарзаг, хъазаг уырыссаг». Хуымæтæджы нæу ацы фиппаинаг. Микъитт у хохæгты хæлар. Расыг нæу, — æфсон кæны. Чи зоны, йæ хæлæртты фæндонæй. Йæ нысан — Муссæйы ракъахын, Уырысы цы кусы, уый базонын. Ацы хъуыддаг у зæрдылдаринаг æмæ хынцинаг персонажæн аргъ кæнгæйæ. Уый æрбацыди заргæ, «рахау-бахаугæнгæ», фæлæ йæ зонд ис йæхимæ, йæ хъуыды у бæлвырд æмæ æвронг — «къух ныхмæ сарæзта, цыма тарф хъуыды кæны». Ахæм митæй фæсайдта сæнтдзæф лакейы, раргом ын кодта йæ куысты æууæлтæ. Къуыдипп у

Биайы-фырт æмæ хъобайнæгтæм *«Уæлæуæзты кæсы»*; — уый у йæ хъалы нысан.

Ремаркæйы æртыккаг хуыз æвдисы персонажы психологон уаваер. Уый баст вæййы ныхасы суагъдимæ, бæрæггонд фæцæуы хъæлæсы интонацийæ. Ахадгæ у ацы фæрæз. Фæлæ у «тæссаг», хъæуы дзы пайда кæнын хъавгæ æмæ арæхстджынæй. Адæймаджы удыхъæд вазыгджын дуне у, вæййы дзы талынг къуымтæ, æддаг фæлмы рæстмæ нæ зынынц, æцæг æмæ дзы мæнгæй цы ис, уыдон. Ис худгæ хæрам, ис тызмæг уарзондзинад. «Худинаджы бæсты — мæлæт»-ы кæсæм ахæм цауд ремаркæтæ: «Саркастикон мæсты худт», «æнæууæнк ыл кæны». Дарддæр — хуыздæр. Абырæг Хъырым йæ рагон хæлар Ахмæтæй домы, йæ намыс ын чи къахыр кæны, ахæм хъуыддаг. Уæд Ахмæт «тынг фæмæсты» æмæ загъта хъæр ныхас. Фæстæдæр йæхиуыл фæхæцыди, Хъырым ис йæ хæдзары, æмæ уæд дзуры «мæстæй, сындæг»: «Æнцад! Æнцад, куыдзы тугæй æхсад: Дада дæ фехъусдзæн!..» Рæстдзæвин ремаркæты фæрцы зыны Ахмæты фидар характер, зынæй йæхиуыл куыд хæцы, уыцы мидархайд.

«Дыууæ хойы» конфликт у æлхъывд æмæ карз. Тæтæрхъан быцæу кæны хотимæ, сæ фарсхæцджытимæ. Нæ быхсы искæй фæндон, искæй хъуыды æмæ та «фæмæсты», дзуры «мæстыйæ». Куы бахъæуы, уæд «йæхи фæурæдта», сдзуры «сабырæй». Хоты сайы æмæ сæ здахы йæ хæдзармæ. Тæтæрхъан хинæйдзаг у, зоны йæ фæнд æмбæхсын, цæстмæмитæ кæнын, рувасы æвзаг суадзын. Фæлæ йын йæ хъуыддаг къуылымпы кæнынц йæ сæнтдзæф ус æмæ гæмхетт фырт. Бахауд зын уаваеры. Иу монологы ис цалдæр ремаркæйы: 1) фæмæсты, 2) аджих, ныззæмбыдта, 3) мæтгæнгæйæ, сабырæй, 4) йæ къух ауыгъта, аджих. Уыдон æвдисынц, змæст æнкъарæнтæ кæрæдзи куыд ивынц, уыцы мидархайд. Хансиат у æнæрцæф, сæрыстыр адæймаг, йæ бон у йæхиуыл хæцын, йæ тарст æмбæхсын. Касалы-фыртимæ æхгæд уаты куы аззад, уæд дзуры «æдæрсгæ, хъæлдзæгæй».

Фæлæ иугæндзон æнаипп не сты ацы ремаркæтæ. Арæх сты ахæмтæ: тынг фæмæсты, аджих, æнкъардæй, фестъæлфыд, фæхъус æмæ а.д. Уыдон иугъæдон æмæ хуымæтæг кæнынц персонажты архайд, сæ психологон уаваер æмæ æнкъарæнты ивæнтæ.

Ахъаззаг сты архайдæвдисæг ремаркæтæ. Персонажæн хорз драмæйы йæ ацыдæн дæр æмæ йе ‘рбацыдæн дæр вæййы æфсон æмæ нысан. Уыцы хъуыддагæй рæзынц быцæу æмæ сюжет. Уымæ гæсгæ пьесæты æппæты арæхдæр вæййынц ремаркæтæ —

æрбацыд, ацыд. Фæлæ архайдæн ис бирæ хуызтæ, уыдонæй рæзы сюжеты драматизм. Йæ тæмæны бацыд Биайы-фырт æмæ Хазбийы быцæу Хъобаны ныхасы. Ацы сценæйы монологтæ æмæ репликæтæ фаг нал сты, æмæ сæ барты бацыдысты ремаркæтæ. Биайы-фырт «кардмæ фæлæбурдта», кæстæртæй иу «Биайы-фырты риуыл дамбаца аварта». Архайд стынг и, æмæ драматург фыссы фиппаинæгтæ: «Бæстæ хъæр æмæ ахст сси, лæбурд, ныхас фæдыууæдихы ис. Ислам, Хазби, Астархан хионты иргъæвынц. Хъуысынц хъæртæ...» Драмæйы сæйраг архайæг Хазби у, уый хъуамæ иннæтæй рахицæн уа, хъуамæ разына бæлвырддæр, хъуамæ рацæуа нывы раззаг пъланмæ, авансценæмæ. Æмæ афтæ рауад. Хазби «дурмæ фæгæпп ласта» æмæ дзуры адæммæ: «Æнцад!..»

Дæсны нывæст у «Дыууæ хойы» Касалы-фырт æмæ Хансиаты быцæу. Дзырдтæй тох расайдта армæй тох. Касалы-фырт хъæр кæны: «Марын дæ хъæуы. У, джауыр!» *(Дамбаца йæм фæдардта.) Хансиат: «Бауæндис цымæ?» (Хæстæгдæр æм балæууыд. Касалы-фырт фехсынмæ куыд хъавыд, афтæ йын Хъылцыхъо йæ къух ацахста.)* Дарддæр диалог æмæ ремаркæтæ æмдыхæй карз кæнынц драмон архайд.

Драмон архайд рæзы канд, сценæйы цы цаутæ цæуы, уыдонæй нæ, фæлæ фæрсаг цаутæй дæр, фæссценæ цы хъуыддæгтæ цæуы, уыдонæй. Фæрсаг цауты ахадындзинад æвдыст цæуы ремаркæтæй. Ацы аивадон мадзалæн ирд æвдисæн у «Хазби»-йы финал. Хазби стыр хъазуаты «æрхауд, амард». Фæлæ архайд кæронмæ нæма ахæццæ. Хъайтартæ кæм фæмард сты, уый фæстæ ис Хъобан, Ирыстон. Знаг баирвæзт уырдæм, кæны йæ халæн фыдракæнд. Исламы монолог æрдæгыл аскъуыди. Ремаркæтæ дзурынц: «Тыхджын гуыппытæ. Адæм фæхъус сты. Устыты къорд æрбазынд...» Уалынмæ Нана «æрбазынд, йæ къухы лæдзæг, йæ рæхыс йæ астæуыл. Устыты æхсæн Ханиффæ. Куы 'рбахæстæг сты, уæд хъæуæй гуыпп фæцыд. Сыгъды рухс Нанайы 'рдæм ныццавта». Æфсад рæмудзынц æмæ судзынц хъæу. Сыгъды тугхуыз рухсы *иронвæндаг* зыны, цы у, уымæй трагикондæр. Сырх рухсы фоныл стырдæр зыны саударæг мады фæлгонц. Рæмыгъды гуыппытæ контраст сты мады хъарæгæн, уыдонæй тыхджындæр кæны хъарæджы трагикон зæлынад. Æмткæй та уацмысы аивадон хъомыс.

Ахæм ælвæст драмон кæрон ис «Амыран»-æн дæр. Бесæмæ разынд лæмæгъдзинад, йæ тохы кульминацимæ бахæццæ, фæлæ

фæстæмæ *«фæкаст, арв нынæрыд æмæ ныццавта, лæгæты дуар ахгæдта. Бесæ лæгæты цур æрхауд».* Йæ трагедийы фæстаг аккорд уыди знæгты цины хъæр — «Фæкаст!!!»

Брытъиаты Елбыздыхъо уыди дæсны драматург, йæ ныхас — «æхсæст мæнæуы хуызæн». Йæ дзырдтæй алкæмæн дæр — йæхи нысан æмæ йæхи бынат. Уый архайд æвдисынæн æмæ фæлгонцтæ аразынæн арæхстджынæй пайда кæны драмон аивады æппæт мадзæлттæй, уыдонимæ ремаркæтæй дæр. Нигер фыста: «Драматург хъуамæ уынгæ кæна фысгæ-фыссын, йæ персонажтæ сценæйы куыд хъаздзысты, уый. Диалог хъуамæ хъазтимæ баст уа. Дзырдтæ хъуамæ персонажты змæлдæй æвзæрой. Уæд ахæм ремаркæтæ «æнкъардæй», «хъæлдзæгæй» æ.а.д. нæ фæхъæуынц. Дзырдæй бæрæг вæйиы, куыд хъæуы, уый» *(Нигер. Уацмысты æххæст æмбырдгонд. 3-аг том, 153 ф.)* Дзырд æмæ архайд æмбаст вæйиынц драмæйы. Ремаркæтæ хъуамæ уой стæм, фæлæ, æнæмæнг чи хъæуы, ахæм. Уыцы аивадон «сусæгдзинад» Елбыздыхъо æмбæрста арф æмæ дзы пайда кодта ныхасы зæрингуырдау. Йæ уацмысты ремаркæтæ æмткæй сты æрдзон, сты хъæугæ ран æмæ æххæст кæнынц бæлвырд аивадон хæстæ.

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

ЦЫ ФÆЦИС НÆ ЦÆДИС?

Ацы аз 26 июны Дзæуджыхъæуы уыди нæ республикæйы фысджыты æстæм съезд. Иуæндæс азы бæрц нал рабадтысты афтæ цæлхæмбырдæй нæ аив дзырды дæснытæ. Уымæ гæсгæ сæ алчи дæр æнхъæлмæ касти ног ахсджиаг хабæрттæ фехъусынмæ, йæ зæрдæ дардта, нæ литературæйы нырыккон уавæрыл биноныг æмæ цæстуарзон ныхас кæй рауайдзæн, ууыл. Советон Цæдис куы бабын, уæдæй абонмæ нæ фысджытæ цы гæнæг уыдысты, змæст уавæрты сæ куыст куыд цыди, цы сын бантысти, стæй сæ къухы цы нæ бафтыди, цæвиттон, ацал-ауал азы сфæлдыстадон процесс цытæ байæфта, уыдæттæ хъуамæ суыдаиккой сæ дзуринæгты сæр æмбырды. Фæлæ йæ æргом зæгъæм: съезд съезды хуызæн нæ рауад, литературæйыл дзы ныхас не ‘рцыд. Уыйхыгъд дзы сæйраг бынат æрцахстой, æппындæр хъуыддагмæ чи ницы бар дардта, ахæм дамдумтæ, æдзæлгъæд радзур-бадзуртæ, хъæлæбатæ. Æмæ изæрæй алчи йæ хæдзар ссардта зыбыты фыдæнхъæлæй, рыстзæрдæйæ. Ноджыдæр ма иу хатт адæмы цæсты æфтыд æрцыдысты ирон фысджытæ. Цыма сын, ацы съездæй чысыл раздæр Ирон театры цы худинаджы юбилей сарæзтæуыд, уый фаг нæ уыд.

Æппæт ацы æнæсæрфат митæн, æргом дзургæйæ, сæрæвæрæн скодта Цæдисы правленийы сæрдар Ходы Камал. Уый фехæлдта, ахæм ахсджиаг форумтæ аразынæн бирæ азты дæргъы цы фидар æгъдæуттæ, цы бæлвырд фæтк уыдис, уыдон. Съезд йæ тæккæ райдайæны иуварс ахызт Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Уагæвæрды арæнтæй, æмæ хъуыддæгтæ бынтондæр ныззыгъуыммæтæ сты. Фыццаджы-фыццаг æмбæлди секретариат равзарын, æмæ уыцы кусæг къорд хъуамæ йæ хъус дардтаид æппæт критикон фиппаинæгтæм дæр, стæй бацæттæ кодтаид резолюци — фидæны правлени йæ куыст цæмæ гæсгæ хъуамæ араза, ахæм документ, стæй æндæр гæххæттытæ. Уый конд не 'рцыди. Амæй размæйы съездтæм-иу æдзухдæр æрбахуыдтой стенографисткæ. Уый дæр нæ Цæдисы разамонджытæй «ферох», æмæ суагъæ фыссынмæ æрæвнæлдта сæрдары хæдивæг Хæблиаты Сафар. Делегаттæ хъуамæ байхъуыстаиккой Цæдисы ревизион къамисы докладмæ дæр. Фæлæ нæ Цæдисы ахæм къамис, æнхъæлдæн, уæвгæ дæр нæй. Уый дæр æнæгуырысхойæ у Уагæвæрды ныхмæ. Уæлдай диссагдæр хабæрттæ та фæстæдæр æрцыдысты — æвзæрстыты рæстæг. Æмбырды баныхас кодтой, сæрдары бынат, дам, бацахсдзæни, фылдæр хъæлæстæ чи райса, уый, уыцы хъæлæстæ дыууæйæ фылдæр куынæ уой, уæд дæр. (Худæг та куыннæ у!). Афтæмæй та Уагæвæрд амоны: сæрдар суæвын йæ бон у, делегаттæн сæ 50 процентæй фылдæр кæуыл схъæлæс кæной, уымæн. Нæ съезды, сæрдары бынатмæ кæй бавдыстæуыд, уыдонæй иу дæр 50 проценты дæр нæ райста, æрмæст Камалы фарс хъæлæсгæнджыты нымæц иннæтæй фылдæр уыд, æмæ уый адыл лæг ныффæрск, æз, дам, хъуамæ уон фысджыты разамонæг. Уагæвæрдмæ гæсгæ раздæр правлени равзарын æмбæлди, стæй та сæрдар — правленийы æмбырды, йæ уæнгтæй искæй. Махмæ та правлени дæр æмæ сæрдар дæр съезд æвзæрста — хицæнтæй. Бынтон худæг та нымайæн къамисы митæ уыдысты: 39 бюллетены йеддæмæ нæ байуæрстой, афтæмæй, сæрдары бынатмæ кандидаттыл чи хъæлæс кодта, уыдоны иумæйаг нымæц та 42 рауад, ома æртæ делегаты хъæлæс кодтой дыгай хæттыты. Афтæ гъе, фысджыты съезды бæсты сарæзтам гæлæмытæй хъазт (уырыссагау — чехарда). Не 'мбырды цытæ æрцыд, уыдон телеканал «Ир» равдыста цалдæр хатты, æмæ, ногæй та йæ зæгъын, ирон фысджытæ адæмы цæсты æфтыд æрцыдысты. Æмæ ныр республикæйы алы къуымты нæ кой йеддæмæ ницыуал ис.

Рагæй-æрæгмæ фысджытæм дæр æмæ иннæ организацитæм дæр ахæм æгъдау ис: дзуаппон доклад фæчындæуы сæрдарæн йæхи номæй нæ, фæлæ правленийы номæй. Уый тыххæй съезды агъоммæ правленийы уæнгтæ æрæмбырд вæййынц æмæ æрдзурынц доклад æмæ æмдокладтыл. Камал уыцы фæткы сæрты ахызт: йæ доклад правленийы уæнгтæй басусæг кодта. Цымæ цæмæн?

Кæддæрты-иу фысджытæн сæ съездтæ бæрæгбæтты бæркад тардтой, 6 — 8 мæйы раздæр-иу газетты фæзынди сæрмагонд рубрикæтæ, радио æмæ-иу телеуынæны ныхас цыди литературæйы уавæрыл, не 'нтыстытæ æмæ къуыхцыты тыххæй дзырдтой канд фысджытæ нæ, фæлæ чиныгкæсджытæ дæр. Ныр та? Съезд кæд уыдзæн, уый йæ райдайæны онг рæстмæ зонгæ дæр ничи кодта, фысджытæ иудадзыг кæрæдзи фарстой. Йæ саразыны æмгъуыдтæ хаст цыдысты иу хаттæй иннæ хатмæ — сæрдар æнхъæлмæ касти, хицæуттæ йын кæд цы зæгъдзысты, уымæ. Правленийы æмбырдты-иу бæлвырд бон снысан кодтам, стæй та-иу уыцы уынаффæ ивд æрцыди. Зæгъæм, съезд хъуамæ уыдаид 15 июны, фæлæ нын уалынджы фехъусынчынд, уыцы бон, дам, Камалæн Цхинвалы юбилей аразынц æмæ йæ уырдæм цæуын хъæуы. Гъемæ мæнæ чидæр цæмæдæр куыд æнхъæлмæ каст, афтæ та рауади нæ хъуыддаг. Цæвиттон, æгас Цæдисы иунæг сæрдары уæз нæй, цасфæнды йæ куы рабар-бабар кæнай, уæд дæр.

Иуæндæс азы дæргъы дзæвгар чингуытæ рауагътой нæ фысджытæ, журналты дæр бирæ ног уацмыстæ фæзынди, чи дзы зæрдæмæдзæугæдæр у, чи — цауддæр, чи та йæ койы аккаг дæр нæу. Нæ литературæ фæстаг 10 — 12 азы ирвæзын райдыдта социалистон реализмы къуындæг фæлгæттæй, фæзынди дзы ног темæтæ, хъуыдытæ, фæлгонцтæ. Фысджыты цæдис базæронд, æрыгон зæлланггæнаг хъæлæстæй сфидауид, фæлæ кæм ысты. Рæзгæ фæлтæр нæ уынæм не 'хсæн. Хъуамæ уыцы фарстатыл цыдаид ныхас. Фæлæ уыдæттæ иуварс æвæрд æрцыдысты. Доклад æмæ, æмдокладтæ кæй рахуыдтой (прозæ æмæ поэзийы тыххæй), уыдонмæ сфæлдыстады уддзæф нæ бахæццæ, уыдысты уæлæнгай, тутт ныхæстæ, афтæ æнæбары цыдæртæ. Сæрдар йæ доклады фылдæр хай (æнæхъæнæй мыхуыргонд æрцыди «Рæстдзинад»-ы ацы азы 3 июлы) самадта дам-думты, фыдгойты бындурыл. Журналты сæйраг редактортæ, дам, нæ ныхмæ сты, зæгъгæ, йæм уый размæ иу чидæр ныхас бахаста (чи уыд, уый дæр бæрæг у), сардыдта йæ, йæ гуцъа йын алы

хъылматæй байдзаг кодта, æмæ сæ уый дæр съезды бонмæ фæцауæрста, фæцауæзта. Йæ маст кæй иста, ууыл Камал йæхæдæг фæстæдæр басасти редактортæн. Йæ доклады иу гæбаз та уырыссагау ныффыста. Афтæ æнхъæлут, уый дæр хуымæтæджы у? Йæ нысан: журналты тыххæй иронау цы загъта, уый, ирон æвзаг рæстмæ чи нæ зоны, уыцы хицæуттæм мыййаг куынæ бахæццæ уа, куынæ йæ бамбарой, уæд сæм æй, цы 'взаг зонынц, уыцы 'взагыл бавдиса. Ахæм нысан цæйбæрц аив у, йæ сæвæрæгæн цас ном кæны, ууыл нал дзурын. Фæлæ æркæсæм доклады сæйрагдæр хатдзæгтæм. Мæнæ сæ иу: «...ныртæккæ журналтæ сты æнæхицауы хуызæн, сæ аивадон фæлгонцæн, сæ мидисæн дзуапп чи дæтты, уый бæрæг нæй. Æмæ уадзынц, цыдæриддæр сæ фæнды, уый». Фыццаджыдæр, Ирыстоны цы журналтæ цæуы, уыдонæй иу дæр æнæхицау нæу, алкæмæн дæр дзы ис редакци, 10 — 20 азы размæ куыд уыд, афтæ, ис дзы, паддзахад кæй сфидар кодта, ахæм штаттæ. «Мах дуджы» фæстаг номыртæй цалдæры, Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы оргæн, зæгъгæ, фыст кæй нал ис, уый фæдыл цымæ цъиувæдис цæмæн хъæуы — аивтам æй Чиныгуадзæнты æмæ мыхуыры хъуыддæгты комитеты амындæй. Уый тыххæй Цæдисы правленийы æмбырдтæй иуы (кæнæ та иумæйаг æмбырды, бæлвырд æй нал хъуыды кæнын) дзырдта Комитеты сæрдар Дзантиаты Анатоли. Камал йæхææг дæр уыцы æмбырды сæрдар куы уыд, уæд æй цымæ ныр цы сдиссаг кодта? Журналтæ исчердæм мыйаг куынæ лидзынц нæдæр нæ фысджытæй, нæдæр Иры дзыхъхъæй! «Речь скорее всего идет об отсутствии возможности реального контроля над деятельностью журналов», — фæдисы дзæнгæрджытæ цæгъды нæ сæрдар. Фæлæ цымæ цы хуызы контрольгæнинаг у журналты куыст? Æви нын, 70 азы дæргъы нæ уд чи ласта, уыцы цензурæ ногæй не 'ккой æвæрын кæны? Æви Камал йæхæдæг чердæм симы, мах дæр хъуамæ уыцырдæм симæм. Тæрсын, куынæ сарæхсæм ахæм симдтытæм... Фысджыты цæдисæн йæ бон у, цы æрмæг уадзæм, ууыл иумæйаг æмбырдты, стæй сфæлдыстадон секциты ныхас кæнын. Æмæ, гормон Камал, дæхи зæрдæ — де 'вдисæн, æз иу æмæ дыууæ хатты куынæ куырдтон, цæмæй журналты номыртæм иудадзыг кастæуа фысджыты æмбырдты, дзырдæуа сæ аиппытыл, бакæнинаг хъуыддæгтыл. Æндæр ма чердыгон контрольгæнинаг дæ? Журналты гриф «Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы оргæн» фыст кæй нал и, уый дын у къуылымпыйы хос? Æмæ уыцы

фыст нырма æрæджы куы систам! Кæм уыдтæ уый размæ, цы дæ нæ уагъта «контроль» кæнын? Комкоммæ дæу аххосæй сæ хал, сæ бæндæн нæ фæхауди Цæдисы сфæлдыстадон секцитæн? Раздæр-иу «Мах дуджы» æртыгай кæнæ æхсæзгай номыртæ дæр æвзæрстой секциты, афæдзы литературон фæллæйттыл дæр-иу рауади бинонык ныхас. Ныр та? Съезды нæ иу юморист цæйау загъта: фысджытæ, фембæлгæйæ, кæрæдзи тыхтæ-фыдтæй базонынц, уымæн æмæ афæдзгæйттæ нал уынынц канд чиныгкæсджыты нæ, фæлæ сæ кæрæдзи дæр. Цы фæцис аив литературæ пропагандæгæнæг Бюро, цы иблис æй фæхаста йæхимæ? Къуыри-иу æртыгай-цыппæргай хæттыты дæр ацыдысты нæ фысджытæ хъæутæм (арæхдæр артисттæ æмæ музыканттимæ), дзырдтой адæмимæ ирон æвзаг, ирон аивад, ирон фарны тыххæй. Фысджыты цæдисы ноджы уыди консультанттæ, æрыгон автортимæ чи куыста, ахæмтæ. Ды куы ссæрдар дæ, уæд уыдон дæр Таппызарты хай баисты. Афтæмæй абонæй тынгдæр никуы хъæуы ахæм консультантты сæр — æнæræзгæ талатæй нæ литературæйы зæронд къох бындзарæй бахуыскъ уыдзæни. Ныридæгæн уал цалдæр фæлтæры фæиппæрд ысты сæ ирон мæрæй.

О, хæдæгай цы фæци, цы, фарон æви æндæраз «Рæстдзинад»-имæ цы литкъорд ацарæзтат (кæдæй-уæдæй!), уый? Йæ кой йын æнæхъæн республикæйыл куы ныццциц-циц кодтат, уæд куыд тагъд «ыссыд йæ фу»? Йæ царды бонтæ нымадæй цалдæр мæйы йеддæмæ куынæ ахастой!

Секцитæй, Бюройæ, консультанттæй, æмæ æндæр цæмæйдæрты кæй фæцух нæ Фысджыты цæдис, уымæн Камал ссардта алыхуызон æфсæнттæ. Кæм æй «демократийы дуджы» аххос скодта, кæм та йæм мæнæ ахæм аргумент разынди: «...фыссын чи нæ зоны, уый секци нæ сахуыр кæндзæни, чи зоны, уый та секциты бадынмæ не 'вдæлы». Фысджытæ, дамиу, кæрæдзийы зæрдæтæ скъахтой. Цыбыр дзырдæй, цæмæй фысджытæ кæрæдзийы зæрдæтæ ма къахой, æнæмаст, æнæмæтæй цæрой, дуне сын сабыр уа, ууыл уыди Камалæн йе 'рвылбоны сагъæс, æмæ, секци зæгъай, бюро зæгъай — иууылдæр æхгæд æрцыдысты, фысджытæй алчи йæ хъузджы абырыд, адæмы хъæр нал æмбары, нæ Цæдисæй рауад Елбыздыхъойы цад: «...цад æрæнцад. Фынк кæрæтты йæ бынат æрцахста, хæмпæл схъæл лæууы... Æддæдæр, змæнтæг! Ам æнусмæ бафынæй цад». Æмбал Сталин цæйау загъта: «Нет человека — нет проблем». Мах Цæдисæн дæр йæ хъуыддаг

афтæ: «Нет секций — нет проблем, нет бюро — нет проблем».

Ныр фæрсын: кæд секцитæ, бюротæ, консультанттæ-йедтæ нæ хъæуынц, уæд ма нæ сæрдар дæр цæмæн хъæуы? Кæд фысджытæ кæрæдзийæн масты хос йеддæмæ ницы сты, кæд «кæрæдзийы зæрдæтæ къахынц», уæд цы гал сæ уæлфадыл лæууы, æнæ цæдис аразгæ сын нæй!

Исчи та тауыс ауадздзæн, Æхсар халæн куыст кæны, змæнты, фысджытæн иу организаци уа, уый йæ нæ фæнды. Фæлæ уый æппындæр афтæ нæу. Æз дзурын: хъуамæ нæм уа Цæдис, куыстхъом чи уа, адæмы цæсты чи ахада, кад кæмæн уа, æхсæны царды хъуыддæгты йæхи чи «тъысса», фысджытæй чи цы аккаг у, кæмæн цы ран ис йæ бынат, уый чи бæрæг кæна, национ литературон процессæн хуызæн разамынд чи дæтта, ахæм. «Паддзахæдтæ бабын вæййынц, хæрзты æвзæртæй куы нал фæиртасынц, уæд». Ацы ныхæстæ загъта фыдæлтыккон грекъаг философ Антисфен. Фæлæ канд паддзахæдтæм нæ хауынц. Царды алы къабазы дæр афтæ у. Къостайы номыл преми кæй схынджылæггаг, адæмон фыссæджы, поэты нæмттæ æмæ æндæр ахæмтæ уаргæйæ, арæх бæстон кæй нæ ахъуыдычындæуы, хорз хорз кæй нæ рахонæм, æвзæр та æвзæр, уыдæттыл дзурынæй бафæлладтæн. Цæдисы разамонджытæ та фылдæр хатт уыцы хъуыддæгтæм æддиауæй фæкæсынц, хатгай бæрæг дæр нæ вæййы, искæцы поэтикон кæнæ прозаикон чиныг премимæ чи бавдыста, уый. Нæ фысджытæй аккаг чи у, уыдоны нæмттæ сæнусон кæныныл дæр нæй тыхсæг. Арæх-иу сæрдар æмæ йæ хæдивæджы бæсты республикæйы æмæ горæты разамонджытæм фыстæджытæ æрвитын мæхи бахъуыд. Афтæ рауади, зæгъæм, Токаты Алиханы 100 азы юбилейы рæстæг — 1993 азы. Сæрмагонд фыстæг ныффыстон нæ президентмæ 1998 азы дæр, цæмæй Мамсыраты Темырболаты, Гуырдзыбеты Бласкайы, Багъæраты Созыры, Илас Æрнигоны, Токаты Алиханы, Калоты Хазбийы, Гæздæнты Гайтойы, Цæлыккаты Ахмæты æмæ Жорж Дюмезилы нæмттæ сæвæрой нæ горæты уынгтыл.

Æппæт ацы хъуыддæгтыл дзурын, æвæццæгæн, аив дæр нæу, фæлæ мæ дзурын кæнынц æмæ цы чындæуа?

Журналты техникон къуыхцытæ, орфографион, пунктуацион рæдыдтæ кæй вæййы, Камалы уыцы уайдзæф раст у, нæхæдæг дæр æй æмбарæм,— «Мах дуджы» редакцийы нæм тынг арæх карз ныхæстæ дæр рауайы, архайæм æмæ архайдзыстæм нæ аиппытæй фервæзыныл. Фæлæ ма ам иу ахæм хъуыддаг дæр ис:

иуварсæй кæсын æмæ фаутæ æвæрын бирæ æнцондæр у æрвылбон сау куыст кæнынæй.

Мах, цалдæр сфæлдыстадон кусæджы, иуæндæс азы дæргъы 120 чиныгæй фылдæр рауагътам. Æнусы фæстæ дæр, табуафси, æркæс æмæ раиртасдзынæ, нæ куыст цæйбæрц хæрзхъæд уыди, цы рæдыдтæ уагътам, уый. Фæлæ цы сарæзта нæ сæрдар та уыцы азты, цы фæд ныууагъта Фысджыты цæдисы историйы, цы дзы æрымысдзысты фæстагæттæ? Æргом ныхасы къæм нæй, ахæм зæрдылдаринаг цаутæ уыдис æрмæстдæр цалдæр: хуыздæр зæгъæн нæй, афтæ разæнгардæй, зæрдæргъæвдæй, уæрæх æмæ буцæй сбæрæг кодта йæхи 50 æмæ 60 азы юбилейтæ (1991, 2001), райста Къостайы преми, РЦИ-Аланийы адæмон поэты ном æмæ «Хæлардзинады орден». Нæ классикты юбилейтæ бæрæг кæнынмæ дæр-иу афтæ гæрзармæй куы бавнæлдтаид, уæд æй, бæгуыдæр, сæрдарæн дарын фæразид зæрдæ, фæлæ, уæу-уæй, ахæмæй ницы федта нæ цæст, фылдæр хатт-иу рохуаты баззадысты, кæнæ та сын-иу цыдæр æнæбары изæртæ ацъапчынди. Токаты Алиханы райгуырды 100 азы фæдыл Аивæдты хæдзары ахæм æбæркад, æнæахадгæ изæр куы сарæзтам, уæд Камалы не 'мбæлттæй иу бафарста, дæхицæн цы дзаджджын юбилей скодтай, Алиханæн уый хуызæн цæуылнæ скодтай, зæгъгæ. Æмæ цы дзуапп радта, уый зонут? — «Токаты Алиханы ничи зоны, мæн та зонынц!» Фыссæгæн йæ ном — йæ уæлæ: йæ сæйрагдæр куыст фыссын у. Зонынц мæ æви мæ нæ зонынц, зæгъгæ, ууыл цы фыссæг хъуыды кæны, уый мæ стыр гуырысхоты æфтауы. Камал йæхæдæг дæр Пастернакы мæнæ ацы рæнхъытæ бирæ уарзы æмæ йын сæ ногæй æрымысон:

Цель творчества — самоотдача,
А не шумиха, не успех.
Позорно, ничего не знача,
Быть притчей на устах у всех.

Чи нал ис, уыцы зындгонд фысджытæм Цæдис йæ хъус кæй нæ дары, уый тыххæй ма иу «læппын» факт. Ацы аз 16 апрелы 70 азы сæххæст поэт Дзаболаты Хазбийы райгуырдыл. Йе сфæлдыстад нæ дитературæйы ахъаззаг бынат ахсы, æнæкъæм сæууон арвау сыгъдæг уыд йæ зæрдæ, галиу митæ нæ барста, рæстдзинады сæрвæлтау йæ уд дæр нæ бавгъау кодтаид, æппынфæстаг, Камалæн дæр йæ хуыздæр æмгæрттæй иу уыди. Фæлæ йæ,бецау, Цæдисырдыгæй иу æрхъуыдыгæнæг нæ фæци. Гъемæ ма исдугмæ нæ цæстытыл ауайын кæнæм ахæм ныв: Хазби абон у цардæгас, разамынд дæтты нæ Фысджыты цæдисæн, афтæмæй йæ æрæййæфта

йæ юбилей. Уæд цымæ уый дæр Камалау мæрдты сæрты ахызтаид æмæ йæхи тыххæй æгас дыууæ Иры бæстæ банкъуысын кодтаид? Цæмæндæр цæстытыл нæ уайы ахæм хъуыддаг.

Иугæр Дзаболаты поэты ном æрымысыдтæн, уæд ма иу хабар. 1992 азы чиныгуадзæн «Ир»-ы рацыд йæ уацмысты чиныг «Уацамонгæ». Сарæзта йæ Ходы Камал. Фæлæ йæ куыд сарæзта? Æмдзæвгæ «Таурæгъ»-æн (231 фарс) йæ фæстаг цыппар рæнхъы ратыдта æмæ сæ бавдыста хицæн уацмысы хуызы. Æрдæгфыст поэмæ «Царды къæсæрыл»-ы (291 фарс) фæстаг æртæ строфайы хицæн æмдзæвгæйы хуызы мыхуыргонд ысты 99 фарсыл дæр, «Хæххон лæппуйы зарæг», зæгъгæ, ахæм номимæ. Раст ахæм метаморфозæтæ баййæфта æмдзæвгæ «Æнæном хæстонты ингæны уæлхъус» дæр (290 фарс): йæ фæстаг строфа йын кæсæм 243 фарсыл — уый дæр уыцы номимæ. Æмбырдгондмæ цæмæндæр нæ бахауди, поэт Лермонтовæй цы чысыл æмдзæвгæ раивта, «Гетейæ», зæгъгæ, уый. Æмдзæвгæ «Сæрд æрцыд, сæрд æрцыд», — зары цъиу»-ы фæндзæм рæнхъæй иу дзырд аппæрстæуыд, йе та ахауд, æмæ ритмикæ ныссуйтæ. Чиныджы æрдæгфыст уацмыстæ хъуыди рахицæн кæнын æмæ сæ хибар, уæлæмхасæн хаймæ, бахæссын. Орфографион, пунктуацион рæдыдтæ æмæ техникон къуыхцыты тыххæй нал дзурын. Мæ хатдзæг: Камал иуæндæс азы дæргъы иунæг чиныг куы сарæзта æмæ йын йæ аиппытæ хæрæг уаргъæн куынæ фæразы, мах та афæдз 12 чиныджы куы рауадзæм æмæ дзы къаддæр рæдыдтæ куы вæййы, уæд фидисмæ цæмæн фæразæй? Æви дзы ферох ысты фыдæлты æмбисæндтæ — æрду æмæ къала бæласы, стæй фидисты тыххæй? Сæрдар йæхи сæвæрдта тæрхонылæджы, прокуроры бынаты, æмæ йæм мах та иттæг зылынджынтæ кæсæм. Фæлæ йæхæдæг кусынмæ куыд арæхсы, уымæн æппæтæй хуыздæр æвдисæнтæ — нæ Фысджыты цæдисы дыууæ юбилейы. Иу дзы ацы аз уыд, иннæ та — фондз азы размæ. Фыццаг юбилейы Камал цы доклад скодта, уый йæхæдæг нæ ныффыста, фæлæ йæ, цыма афтæ æмбæлы, уыйау рауагъта «Северная Осетия»-йы дæр æмæ йын йæ быны йæхи ном бафыста. Рацæй-рабон, æмæ та уыцы кæйдæр фыст доклад Цæдисы дыккаг юбилейы дæр (ацы аз) куы бакæсид. Хæдæгай, фысджыты ахæм юбилей дæр нæ Цæдисы разамонджыты æрымысгæ хабар у. Цæдис 1926 азы арæзт не ‘рцыд, фæлæ 1934 азы: æппæт Советон бæстæйы цæдистæ дæр официалон æгъдауæй уæд фæзындысты. 1996 азы уый фæдыл æз ныхас кодтон Камал æмæ Сафа-

римæ, Мæскуыйы уагъд чиныг дæр сæм равдыстон, «Союз писателей СССР. Пять десятилетий: 1934 — 1984», зæгъгæ, фæлæ мæм нæ байхъуыстой, республикæйы хицауадмæ, дам, гæххæттытæ арвыстам æмæ нын сыдзмыдзы цæуæн нал ис, аив нæу. Гъемæ та бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ, фысджытæн сæ кад уæлæмæ сисыны бæсты сæ фыддзæсгом чи кæны, ахæм юбилейтæ кæй хъæуынц?

Йæ доклады дзæвгар хайы Камал фæкодта йæхи койтæ: йæ 60 азы юбилей афтæ хорз, дзадджын цæй тыххæй рауади, Цæгат Иры дæр æмæ Хуссары дæр æй бирæ кæй уарзынц, стыр аргъ ын кæй ис адæмы цæсты, йе 'мдзæвгæтæ дзурынмæ дæсны кæй у, «Хæлардзинады орден» ын хъуамæ «Путин йæхæдæг» кæй радтаид æмæ а.д. Гъе, фæлæ уыцы кæйттæ сфæлдыстадæн цы бавæййынц, уый нæ рабæрæг. Хорз фæуæд, «адæм се 'ппæт кæй уарзынц», ахæм фест, Хуыцау дæ бауарзæд, фæлæ Цæдисы хъуыддæгтæ та чи хъуамæ кæна? (Плиты Грис дзæнæты бадæд, афтæ-иу загъта: «Цæдисæй хуыдон сарæзтой, хуыдон»).

Йæхи кæйтты бæсты журналы номыртæй иу, кæнæ искæй чиныг куы райстаид æмæ йын йæ хорз дæр, йе 'взæр дæр куы раиртæстаид, уæд цымæ пайдадæр нæ уыдаид? Ныр та, цы йæ 'мбæхсæм, йæ ныхас рауад æргом хахуыры, цъыфкалæны хуызæн. Цъыфкалæн у, уæдæ циу мæнæ ацы ныхас: «А дело в том, что такая «свобода» журналов создала идеальные условия для их редакций выходить на художественно-эстетическом уровне каменного века, регулярно печатать свои собственные нескончаемо-бесконечные циклы стихов и романы, допускать десятки и сотни орфографических и иных ошибок...» Кæцы журналты, кæй циклтæ æмæ романтыл цæуы ныхас, нæмттæ сын нæй? Ау, уæд та дзы иу уацмысы тыххæй нæ уыди бæстондæр зæгъæн? Æнæадрис критикæ критикæ нæу, фæлæ — хуымæтæджы дам-дум, тауыс, æргом хахуыр. Æмæ афтæ куы зæгъы Камал, секциты-иу фысджытæ кæрæдзи зæрдæтæ скъахтой, уæд афтæ æнхъæлы, æмæ редакциты кусджыты зæрдæтæн болатæй агъудтæ ис æмæ сын йæ маргхъæстæ фæттæ ницыхъом ысты? Ноджы ма цалдæр фарсты. Кæм хъуамæ мыхуыр кæной журналты кусджытæ сæ уацмыстæ, стæй, кæд джиппы уадзыны аккаг сты, уæд сын цæуылнæ уа хъуамæ бынат журналты? Кæй хæрзхъæд уацмыс аздæхта «Мах дуг», чи баззади хъæстагæй? Æниу цымæ цавæр «каменный век»-ы кой кæны сæрдар? Нæ цæст ма ахæссæм «Мах дуджы» 20 — 25 азы размæйы номыртыл æмæ сæ абарæм абоны «Мах дуг»-имæ, цымæ цавæр хатдзæгмæ æрцæуид æнæхæрам, рæстзæрдæ адæймаг.

Æрмæстдæр чи ницы уыны, кæнæ йæхи уды къоппайæ дарддæр æппындæр уынын кæй ницы фæнды, уый нæ бафиппайдзæни, журналы хорзырдæм цы ивддзинæдтæ æрцыд, уыдон.

Кæддæр Камал йæхæдæг дæр акуыста редакторæй альманах «Литературная Осетия»-йæн. Тæккæ райдайæны нын, куыд хорз кусдзæни, цы уынаффæтæ йæм ис, уый дзургæ дæр фæкодта иу æмбырды. Фæлæ уыцы уынаффæтæй иу дæр царды нæ рауагъта — альманах куыд æдзæллагæй цыд, афтæмæй цыди Камалы редакцигондæй дæр.

Йæхи юбилейы тыххæй сæрдары æнахъинон доклады ахæм ныхæстæ дæр ис: «Бæрæгбон уыди, залы цы 600 адæймаджы бадти, уыдонæн се 'ппæтæн дæр, фæлæ нæ уыди бæрæгбон мæ тæккæ хæстæгдæр хæлæрттæй кæмæндæрты. Уæвгæ уый философон проблемæ у, æмæ йыл ам нал дзурдзынæн».

Уынут, кæуылты æххæссынц йæ хатдзæгтæ! Мæнмæ гæсгæ та, ам философон проблемæйæн йæ дымгæ дæр нæй. Адон ысты хуымæтæджы хæдыстыд æмæ, йæхицæй иттæг буц чи у, ахæм læджы æнæчетар ныхæстæ, æндæр ницы. Сæ апп: æз куырыхон læг дæн, мæ хæстæгдæр хæлæрттæ та — хæлæгæй гуырдтæ, сæ цæст мын нæ уарзы, иннæ адæмæн та сæ уд, сæ дзæцц дæн. Цы зæгъæн ис ам? Æз æцæгæй дæр Камалмæ хæлæг кæнын дыууæ хъуыддагæй: анекдоттæ дзурынмæ дæсны кæй у, уый тыххæй, стæй йе 'мдзæвгæтæ хорз кæй кæсы, уый тыххæй. Фæлæ йын мæ фыдгул бахæлæг кæнæд йæ фæлгъаугæ, аслам кадмæ! 600 адæймаджы тыххæй та афтæ зæгъын: цымæ дзы алкæй дзыхмæ дæр микрофон бахæсс, Камалы æмдзæвгæтæй ма иу радзур, зæгъгæ, ахæм курдиатимæ, уæд дзы цымæ цал радзырдтаид? Стæй ма иу хатт фæрсын: цы бар дарынц уыдæттæ фыссæджы куыстмæ? Англисаг актер æмæ режиссер Алек Гиннес афтæ загъта: «Когда народ уже не хочет читать своих поэтов, он воздает им почести».

Кæронбæттæны ма уый зæгъинаг дæн. Нæ мæ фæндыд æппындæр ацы уац фыссын, бирæ азты дæргъы мын хæстæг хæлар чи уыд, уыимæ ахæм дæрзæг æвзагæй дзурон, уый мын зын уыди. Фæлæ загъд йæхæдæг ракъахта, ахæм дæрзæг æвзаг дæр йæхæдæг равзæрста. Ноджы йын фыццаг хатт нæу. Æмæ галы куы барæхойынц, уæд ма уый дæр куы ныббогъ ласы.

Сæйрагдæр та: Платон мæ хæлар у, фæлæ мын рæстдзинад зынаргъдæр у.

2001. 05.09

СЪЕЗД ДОЛЖЕН БЫТЬ ПРОДОЛЖЕН

VIII съезд писателей Северной Осетии-Алании, состоявшийся 26 июня 2001 г., создал беспрецедентную ситуацию. Прежний председатель правления СП сложил, как и положено, свои полномочия, а при избрании нового председателя были допущены такие грубые нарушения, что выборы не могут считаться состоявшимися.

На пост председателя правления СП были выдвинуты три кандидатуры — Ходов К. Х., Марзоев С. Т. и Кодзати А. М. Голоса, согласно протоколу Счетной комиссии, распределились следующим образом: Ходов К. Х. — 18-за, 21-против; Марзоев С. Т. —16-за, 23-против; Кодзати А. М. — 8-за, 31-против.

За утверждение итогов голосования, зафиксированных в Протоколе №2 Счетной комиссии, было подано всего 13 голосов. Тем не менее председательствующий объявил избранным на пост председателя СП Ходова К. Х., как набравшего большее, по сравнению с другими, число голосов. При этом был проигнорирован тот факт, что большинство делегатов съезда (21 чел.) проголосовало против.

Однако такое решение противоречит Уставу СП РФ о том, что председатель правления СП может быть избран только «большинством голосов присутствующих на собрании» (положение 4.5). То же самое говорится в разъяснении, полученном из КРК Правления СП РФ 28 июня 2001 г.

Согласно Уставу СП РФ съезд должен провести второй тур голосования, включив в бюллетени Ходова К. Х. и Марзоева С. Т. Но и это невозможно сделать теперь, поскольку первый тур был проведен с грубейшими нарушениями. Достаточно сложить числа голосов, поданных за каждого кандидата (18,16 и 8), чтобы убедиться — общее их количество составляет 42, тогда как бюллетеней было роздано 39. То есть путем простого арифметического действия 42-39 обнаруживается, что зафиксированных протоколом Счетной комиссии голосов оказалось на 3 больше, чем голосовавших.

Таким образом, выборы председателя СП РСО-А не могут считаться состоявшимися, а единственным легитимным органом, избранным на Съезде, является

правление Союза писателей. Однако правление не может функционировать без председателя, следовательно VIII съезд СП РСО-А должен продолжить работу до избрания председателя правления.

1. Цаголов В.М. – Цголов
2. Тедеев Г.А – Тедеев
3. Тотров Р.Х. – Р.Тотров
4. Цомартов И.Р. –
5. Ситохов С.С.
6. Мамиев В.Г. – В.Мамиев
7. Кодзаев А.М. –
8. Агаев К.А. –
9. Темирев Д.И. – Дзомартов –
10. Дзомартов Н.А.
11. Тедеев Е.В.
12. Комти Виталий
13. Сидакаев Эльбрус
14. Кайтуков
15. Хохоев Эльвер
16. Касаев Борис
17. Дзебисова – Дзебисова
18. Кайтуков Г.
19. Т.Тамиев.
20. Дзусоев Марат
21. Марзоев С.Т.
22. Бабошин Р.О.
23. Хамицаев Ч.Х.
24. Бритаев А.Б.
25. Бизоев Т.Х.
26 Абаев Э.А
27. Х. Олобергъ Х-Оло.

СОЮЗ ПИСАТЕЛЕЙ РОССИИ

Общероссийская общественная организация

правление

119992, МОСКВА, Комсомольский проспект, 13

тел. 246-7565
факс 245-2902

№ б/н "28" июня 2001 г.

ФАКС 8-867-2-50-00-50
ДЛЯ ЖУРНАЛА "ДАРЬЯЛ"

Согласно положению 4.5. Устава СП России "Решения по вопросам, относящимся к исключительной компетенции съезда, считаются принятыми, если за них проголосовало не менее 2/3 делегатов, присутствующих на собрании. Остальные вопросы принимаются простым большинством голосов присутствующих на нем делегатов". Согласно положению 4.4. Устава к исключительной компетенции съезда относится определение основных направлений, долгосрочных программ и проектов деятельности Союза. Таким образом, по Уставу выборы председателя правления не попадают под определение "исключительной компетенции съезда", а попадают под определение "остальные вопросы принимаются простым большинством голосов присутствующих на собрании".

Исходя из уставных требований, К.Х. Ходов и С.Т. Марзоев, как не набравшие большинства голосов присутствовавших на собрании, но набравшие большинство голосов, выходят во второй тур голосования.

ПРЕДСЕДАТЕЛЬ КРК СПР М. ЧИСЛОВ

Республикæ
Цæгат Ирыстоны - Аланийы
ПАРЛАМЕНТ

362038, г. Дзæуджыхъæу, Сæрибары фæз, 1
тел. 33-34-22

Республика
Северная Осетия - Алания
ПАРЛАМЕНТ

362038, г. Владикавказ, пл. Свободы, 1
тел. 33-34-22

№ 847 15 августа 2006г.

Правление СП РСО-Алания

Агнаеву Г.А.
Тедееву Г.А.

Ваше письмо рассмотрено в Парламенте Республики Северная Осетия-Алания.

На основании имеющихся документов сообщаем Вам следующее:

1. То, что председатель правления СП РСО-Алания был избран съездом, как высшим органом управления, не противоречит Федеральному закону «Об общественных объединениях» от 19.05.95г. (ред.19.07.98г.)

2. При объявлении избранным на пост Председателя правления СП РСО-Алания был проигнорирован тот факт, что Ходов К.Х. не набрал простого большинства голосов (не менее 20), присутствовавших на съезде делегатов.

3. Общее число голосов, поданных за троих кандидатов, составляет – 42, тогда как бюллетеней роздано – 39, т.е. трое делегатов голосовали неоднократно.

На основании вышеизложенного считаем, что выборы Председателя правления СП РСО-Алания следует признать недействительными, в связи с чем рекомендуем обратиться в соответствующую судебную инстанцию.

Заместитель Председателя Парламента
Республики Северная Осетия-Алания С. Кесаев

ФЫСТÆГ РЕДАКЦИМÆ

Зынаргъ редактор!

Стыр бузныг уын зæгъын, журналы ацы азы цыппæрæм номыры Бекмæрзты Афоны уац кæй рауагътат, уый тыххæй. Уацы алы ныхас дæр у рæстдзинад. Нæ Ирыстоны бæлвырд-бæрæг тыхтæ сæ удæй бацыдысты, архайынц, цæмæй уыцы рæстдзинад æппæрст æрцæуа æхсæны цардæй фæсвæдмæ, цæмæй йæ койгæнæг ма уа, дзырды бар æм ма хауа.

Æрæджы Уæрæсейы Федерацийы президент, Центрон телеуынынæй дзургæйæ, ирд æмæ бæлвырдæй раргом кодта уыцы рæстдзинады мидис: «Ужасы сталинских репрессий...» Афон, йæ хъарутæ æмæ йæ авналæнтæ куыд амыдтой, афтæ равдыста президенты ныхæсты хъуыды, æмæ уый тыххæй уе'ппæтæн дæр мæ сæрæй ныллæг кувын.

Аргъ уын чи кæны, уыцы

Цæлыккаты Бечмырзæйы
фырт Хаирбег, пенсиисæг

Цъары фыццаг фарсыл:
Скифаг айдæн. Бронзæ.

Цъары дыккаг фарсыл:
Гуыцмæзты Алеш.

Цъары æртыккаг фарсыл:
Пегас. Сызгъæрин сыф. Базырджын фыранк. Сызгъæрин æгънæг.

Цъары цыппæрæм фарсыл:
Цырагъдарæны сæр.

* * *

Технический редактор	*Виктория БОРАЕВА*
Корректор	*Заира КАРАЦЕВА*
Компьютерный набор	*Соня ДЕГОЕВА*
Компьютерная верстка	*Ирида КОДЗАТИ*
Дизайн	*Залина ГУРИЕВА*

Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.
Регистрационный номер Ш-0132

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дугæй» ист кæй у, уый.

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, коллектив редакции

Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 25.
Телефоны: 33-69-66; 33-31-58; 33-69-62; 33-31-24.

Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г.Владикавказ, ул. Тельмана, 16.

Индекс 73247